

pawòl ki bay LAVIA



[PWOFESE]

ane
3



Liv edikasyon kretyèn pou pwofesè preadolesan ki nan laj (9 a 11 zan).

PWOFESÈ Ane 3

Leson sa yo te tradwi epi adapte pa materyèl orijinal li an anglè pa mwayen travay piblikasyon Word Action.



[PWOFESÈ]

ane

3



Tout a sitasyon sa a yo soti nan Bib, Vèsyon Jerizalèm.

Cette édition est publiée par les Ministères de la Formation de Disciples - Région Mésoamérique, Eglise du Nazaréen

© 2018 Dwa rezève respè ak la lwa.

ISBN: 978-1-63580-111-8

Pèsonn pa gen dwa fè kopi liv sa a, sou kèlkeswa fòm nan, san otorizasyon editè yo.

Dezama Jeudi
Tradiktè

Monte Cyr
Redaktè

www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org

discipleship@mesoamericaregion.org

Enprime nan Etazini yo



TAB MATYÈ

ÈD POU PWOSESÈ A	5
RESOUS DIDAKTIK	10
SÉTIFIKA PWOMOSYON	12
<i>Inite I: PI BON LIV NAN MOND LAN</i>	13
Leson 1: Jezi aprann obeyi	14
Leson 2: Pi bon liv la ede nou konnen Bondye	16
Leson 3: Pi bon liv la pale nou de Jezi	19
Leson 4: Pi bon liv la oryante nou	22
<i>Inite II: MESAJE BONDYE YO</i>	24
Leson 5: Ezayi	25
Leson 6: Jeremi	27
Leson 7: Ezekyèl	29
Leson 8: Amòs	31
<i>Inite III: JEZI SAN PARÈY</i>	34
Leson 9: Jezi: Bondye epi moun	35
Leson 10: Yon sakrifikatè ki konprann nou	37
Leson 11: Jezi: Operatè mirak	40
Leson 12: Jezi, otorite nou an	43
<i>Inite IV: JEZI, WA NOU AN</i>	46
Leson 13: Jezi, wa nou a	47
Leson 14: Jezi te resisite!	49
Leson 15: Jezi vivan!	52
Leson 16: Jezi pwomèt ke l'ap retounen	54
<i>Inite V: KONTRA LANMOU</i>	57
Leson 17: Kontra avèk Noye	58
Leson 18: Kontra avèk Abraram	60
Leson 19: Kontra avèk Moyiz la	62
Leson 20: Kontra avèk David la	65
Leson 21: Yon kontra pou tout moun	68
<i>Inite VI: JEZI MONTRE NOU LAPRIYÈ</i>	71
Leson 22: Pou kisa nou dwe la priyè?	72
Leson 23: Jezi la priyè pou tèt li	75
Leson 24: Jezi priye pou disip li yo	77
Leson 25: Jezi priye pou tout kwayan yo	79

<i>Inite VII: SAKRIFIS POU PECHE A</i>	82
Leson 26: Peche a se yon bagay ki serye	83
Leson 27: Kisa yon sakrifis ye?	85
Leson 28: Chèche lanmou	88
Leson 29: Jezi, sakrifis ki pafè a	91
Leson 30: Jezi, sakrifikatè pafè a	93
<i>Inite VIII: LAVI KE JEZI TRANSFÒME YO</i>	96
Leson 31: Bon nouvèl pou yon etyopyen	97
Leson 32: Yon nonm ki avèg depi lè li fèt	100
Leson 33: Yon viktim mechanste	102
Leson 34: Yon antrenè ki bezwen konnen	105
<i>Inite IX: NESANS LEGLIZ LA</i>	108
Leson 35: Legliz la : Nesans ekstraòdinè a	109
Leson 36: Legliz la : aprann mache	112
Leson 37: Legliz la : kominote lanmou	114
Leson 38: Legliz : fas ak defi yo	117
<i>Inite X: ABIYE W AVÈK ZAM BONDYE YO</i>	120
Leson 39: Itilize sentiwon an avèk plak pwotèj la	121
Leson 40: Itilize sandal yo avèk pwotèj kont flèch yo	124
Leson 41: Itilize kaskèt la avèk epe a	127
Leson 42: Ame epi pare pou aksyon an!	129
<i>Inite XI: CHEMEN POU JWENN KÈ KONTAN</i>	132
Leson 43: Chemen imilite ak jenewozite	133
Leson 44: Chemen pou jwenn jistis la	135
Leson 45: Chemen mizèrikòd ak kè poze	138
Leson 46: Chemen yon kè ki pwòp	140
Leson 47: Chemen pèsekisyon an	143
<i>Inite XII: VRÈ SELEBRASYON AN</i>	146
Leson 48: Ann selebre plan Bondye a	147
Leson 49: Ann selebre rejenerasyon an	150
Leson 50: Ann selebre Nesans Sovè a	153
Leson 51: Ann selebre fidelite Bondye	156

Èd pou pwofesè a

I. ASPÈ JENERAL LESON AN INTWODIKSYON INITE A

Se nan li w'ap jwenn baz bibliik inite a, pasaj bibliik yo, objektif la ak pou kisa timoun primè yo bezwen ansèyman sou inite a.

BAZ BIBLIK

Sinyale pasaj bibliik kote leson an soti a. ou kapab fè referans ak plizyè liv oswa pasaj bibliik. Ou dwe li pasaj la epi pou abitwe ak li.

OBJEKTIF LESON AN

Bay esplikasyon sou ki kote ou vle mennen elèv ou yo epi kisa w vle fè pa mwayen pwosesis ansèyman aprantisaj sa a.

PASAJ INITE A POU MEMORIZE

Li rekoumande pou itilize yon sèl vèsè bibliik pou inite a avèk objektif pou konsantre sou verite santral inite a.

II. PREPARE W POU ANSEYE EPI KÒMANTÈ BIBLIK

Sa pral ede w konnen pi byen fason timoun ki nan primè yo panse epi sa pral ba ou ide sou kijan w kapab adapte w nan bay timoun ansèyman.

Dezyèm seksyon sa a prezante yon èd sou pasaj etid bibliik inite a, epi pral elaji konesans ou sou tèm nan. Li gen ladan l kòmantè bibliik tou ak kouman yo aprann timoun nan laj sa a. Pou yon pi bon travay, ou dwe rann ou kont de tout bagay sa a yo:

- **Priye** epi mande Bondye direksyon
- **Li** pasaj bibliik la plizyè fwa epi ekri ide santral ou rankontre yo nan yon kaye.
- **Konsilte** lòt vèsyon bibliik, kòmantè bibliik, diksyonè bibliik.
- **Konpare** ide ou yo ak sa ki prezante nan liv sa a.
- **Medite** sou yo chak epi fè refleksyon kijan w'ap ka aplike pasaj la nan pwòp lavi pa w ak lavi elèv ou yo.

III. DEVLOPMAN LESON AN

La a yo idantifye tan devlopman leson an pou yo ka jwenn pi bon rannman nan ansèyman an. Pa mwayen plizyè aktivite, jwèt, kesyon ak repons, sa pral bay timoun yo premye ide sou pwen ki pral trete nan leson an.

ISTWA BIBLIK

Istwa bibliik la dwe devlope pandan timoun yo pral gen yon bon patisipasyon ladan l. Ou dwe asire w ke pwen kle yo parèt klè pou timoun yo. Ou kapab fè pratik prezantasyon tèm nan lakay ou pou w ka santi w pi alèz lè w devan elèv yo. Ankouraje, travay la se pou Seyè a epi oumenm ou se yon estriman nan men li !

Sa a se moman pou elèv la reflechi sou lavi li chak jou, se moman pou ede l poze tèt li kesyon sou kijan lavi l ye pa rapò ak sa Bib la anseye. An jeneral, w'ap jwenn aktivite pou w ka jwenn repons pèsònèl yo. Dirije timoun nan pou l reflechi epi pa ede l nan repons li yo, sa a yo dwe pèsònèl epi sensè.

IV. AKTIVITE YO

Nan seksyon sa a ou pral jwenn lòt aktivite pou ranfòsman leson an, devwa nan liv ou yo, jwèt yo.

- a) Memorizasyon pasaj ak aktivite diferan yo konfòm ak chak laj.
- b) Pou fini : moman lapriyè ak refleksyon yo.

Konsèy pou ou pwofesè: Se pou w veve anpil pou leson an pa limite, se pou w prepare w pandan tout semèn nan.

- Priye epi kominike ak elèv yo pa mwayen lèt, apèl telefòn, envitasyon oswa vizite yo si yo sispann al patisipe nan klas la.
- Voye yon nòt bay elèv la menm ak / oswa paran yo epi mansyone evènman espesyal nan lavi elèv la tankou anivèsè nesans, jou espesyal, elatriye.
- Ankouraje elèv ou nan konpetisyon pou w' motive yo patisipe, aprann; memorize tèks, envite zanmi yo, elatriye.
- Rive bonè pou w' asirew ke sal kote w' pral bay klas la li pwòp.
- Pou prepare leson yo, sonje timoun ki prèske rive nan laj adolesan yo, bezwen ak pwoblèm yo.

SIJESYON POU MEMORIZE PAWÒL LA

1. KI SA VESE A DI?

Sa elèv ou yo wè ak eksprime sans yo.

Zye a

Nan Bib la.

Nan kat yo, moso katon, klenkan, èd vizyèl yo oubyen sou tablo.

Zòrèy la

Li li byen fò.

Se pou elèv yo li li.

Vwa a

Repete apre w' fin koute li. Li li ak lòt moun epi endividyèlman. Koral oswa yo nan gwoup.

Chante li.

Men yo

Ekri vèsè a sou tablo a, kat yo, bwat katon yo, ti moso papye oswa papye koulè. Ranpli espas vid yo. Devinèt.

2. KISA SA SA VLE DI?

Al chache definisyon yo

Se pou timoun ki prèske rive nan laj adolesan yo eksprime sa yo konprann sou vèsè Biblik la. Eksplike mo sa yo ke elèv yo pa konnen.

Diskite sou kontèks la

Ou ka ede ak komantè biblik, diksyonè oswa mande lòt moun. Fè rechèch sou vèsè biblik ki vin anvan yo.

Ki moun ki pale a oswa ak ki moun sa yo li pale?

Diskite sou reyalite yo oswa faktè ki te devlope yo.

Transfòme vèsè an blag

Montre desen oswa desen anime.

Trase foto.

Sèvi ak langaj siy oswa teyat.

3. KOUMAN POU MWEN APLIKE LI NAN LAVI M'?

Diskite sou bagay sa yo:

Aplikasyon ki gen vèsè bibliik nan lavi chak jou.

Nan ki sikonstans sa pral ede li, ak ki konsekans sa ap pote nan lavi ou ak lavi lòt moun yo.

Sonje yon vèsè

Lè ou anba tantasyon.

Lè ou nan pwoblèm.

Lè w'ap ankouraje lòt yo.

TIMOUN PRIMÈ A, KONPÒTMAN LI AVÈK PWOSESÈ A

- 1) Chèche konprann elèv ou yo epi pèmèt yo genyen yon kondwit ki nòmal.
 - Timoun yo sou sa epi kirye.
 - Se pa kòm si se ti granmoun yo ye. Se pou nou toujou fè la diferans ant move konpòtman ak lòt moun nan pa gen matirite.
- 2) Bat pou gen yon bon atmosfè nan klas la ki va bay repons a yon bon konpòtman.
 - Bat pou timoun yo konnen ke w' renmen yo ak apresye yo.
 - Demontre ke w sousye de yo menm nan sa ki pase yo lè yo pa nan klas la.
 - Se pou w' byen organize sa w'ap fè epi nan fason w'ap aji ak elèv ou yo.
 - Fè yon gid byen klè, ki gen ladan li sa kew' ta renmen ke yo fè nan lavi yo.
 - Se pou w' evite genyen elèv ki pi zanmi w nan klas la.
- 3) Jwe wòl pwofesè.
 - Pran responsablite w' nan klas la.
 - Se pou elèv ou yo wè nan ou figi yon otorite yo dwe respekte.
 - Fè zanmi ak elèv ou yo.
 - Mansyone yon bon egzanp de moun ou vle yo fè tankou li.
- 4) Itilize metòd ki gen elèv yo ladan l' epi ki kapte lespri yo.
 - Se pou w' toujou byen prepare epi rive nan klas la anvan elèv ou yo.
 - Founi yon bann aktivite ki kapab apwopriye pou yo.
 - Itilize aktivite ki kapte lespri yo ak entèlijans yo.
 - Kite jenn timoun yo chwazi kèk nan aktivite yo.
- 5) Afiche yon konpòtman ki pozitif.
 - Met limit nan nimewo règ yo.
 - Lè ou korije yon elèv, pale sa ak paran li yo, gadò li oswa responsab li yo.
 - Mande asistan ki pou ede w'.
 - Kite pòt oswa fenèt klas la ouvri.
 - Pwoteje timoun yo ke yo te konfyè w, respekte yo, pa rete ak timoun yo sèlman.

KISA KI DWE FÈ LÈ YON TIMOUN FÈ DEZÒD?

- 1) Chèche koz pwoblèm nan.
 - a) Eske elèv la gen pwoblèm aprantisaj oswa maladi ki anpeche li patisipe kòrèkteman nan klas la ?
 - b) Eske l'ap bat pou l' kontwole klas la poukont li ?

- c) Eske li gen talan espesyal oswa nivo ki pi wo pase lòt yo, ki pèmèt li dekouraje nan klas la?
 - d) Lè w' fin konn koz pwoblèm nan, petèt ou ka pote yon solisyon lèw' pale ak paran timoun sa.
- 2) Pran kontwòl sitiyaasyon an.
- a) Pa bay konpòtman ki ka bay klas la pwoblèm valè.
 - b) Foure elèv la nan aktivite klas la.
 - c) Fè li konprann ke w' gen kontwòl vye konpòtman li yo.
 - d) Apwoche bò kote li.
 - e) Di li konsa, ak vwa w' byen ba, sa ou vle pou li fè a.
 - f) Esplike elèv la kisa ki ka rive li si li kontinye fè dezòd.
- 3) Pale ak paran yo oswa moun ki responsab yo.
- a) Si ou fè sa davans, pou w' pale ak paran li yo oswa moun ki responsab li yo, mennen li avèk ou.
 - b) Koumanse pou w' di paran yo kisa w renmen nan timoun sa a.
 - c) Mete pwoblèm nan sou tab epi pouze kesyon pou w' jwenn solisyon li.

NOU DWE KONNEN TIMOUN PRIMÈ A

- Li byen aktif, epi kowòdinasyon janm li yo vin pi nòmal.
- Li gen matirite pou l konte, pentire, kole, rekoupe epi double pi byen de tanzantan.
- Fason li panse baze nan eksperyans de sa l te wè avan oswa enteraksyon ak objè ke yo kapab wè.
- Aprann plis lè l'ap fè ke lè l wè.
- Chèche api sou granmoun ak kamarad yo.
- Bay lajistis valè epi pa konprann lè lwa yo chanje.
- Li gen matirite baz yo (li, ekri, òganize, klasifye) devlope oswa kont pou atenn objektif yo.
- Yo konprann konsèp tan an pi byen, espas ak distans.
- Akonpayman enpòtan anpil. Nan laj sa a, li plis enpòtan pou yo koute konsèy zanmi yo ke pa granmoun yo.
- L'ap aprann konnen objektif lòt moun epi konnen ke yon pwoblèm kapab genyen plizyè solisyon.
- Lè ou konsidere karakteristik sa yo nan etap nan devlopman elèv yo, nou mete kèk konsèy pou nou amelyore dinamik yo:
- Itilize èd moun kapab wè tankou videyo, ilustrasyon ak plizyè egzanp pou ede yo konprann ide ki kache yo.
- Mete règ ki fèm sou pye.
- Gide l vè deba k'ap ede l konprann konsèp yo, epi itilize egzanp ilustrasyon yo.
- Planifye aktivite pou travay an gwoup.
- Mande elèv yo pou yo bay ide pou planifye yon pwojè èd pou manm legliz yo ak kominote a, epi patisipe ladan yo. Fè remak sou enpòtans travay misyonè a genyen.
- Kreye okazyon pou yo debat epi panse osijè de tèm moral. Prezante istwa san fen pou yo ka fini yo epi pran desizyon yo.

Materyèl edikasyon kretyèn pou timoun yo

Kay Piblikasyon Nazareyen yo prezante ak anpil koleksyon konplèt edikasyon kretyèn l lan ak anpil konpliman.

Yo te fèt pou pwofesè timoun ak pou elèv ki gen laj soti nan 4 a 11 lane.

Timoun yo pral aprann leson yo ki nan Bib la selon laj yo. Epi pandan l'ap fini lekòl primè li, yo pral rekouri defi istwa bibliik yo, tankou divès tèm apwopriye tou pou chak etap anfans ak preadolesans li.

Materyèl sa a te fèt kòm diferan etap pou rive atenn yon lavi ki san peche. Li gen ladan l etap ki klè epi posib.

Liv pwofesè a pral ede ekipe moun sa a yo ki gen bèl devwa pou kondwi timoun yo pou yo konekte yo ak mesaj ki pra l chanje lavi yo pou toujou.

Pandan w'ap ede timoun nan nan menm ane a---konfòm ak laj li---li pral gen pou l etidye chak liv yo. Lè l gen 15 lane---si li te koumanse ak premye liv la---li pral gen pou l etidye 8 liv koleksyon sa a.

Yo te fè liv yo pou yo itilize nan lekòl di dimanch, moman lajwa, lekòl bibliik jou samdi yo, klèb pou timoun, ansèyman disip ak lekòl an jeneral.

Seri sa a santre sou:

- a) Efòse timoun yo aprann pawòl Bondye.
- b) Pèmèt yo grandi nan eksperyans yo kòm pitit Bondye.
- c) Agrandisman la fwa yo.
- d) Dirije yo pou y'aksepte Jezi kòm Seyè ak Sovè yo.
- e) Rive fè pati kominote kretyèn nan, legliz la.

Tablo sa a pral ede w idantifye liv ki koresponn konfòm ak laj elèv yo:

Preskolè yo---4 ak 5 lane (Ane/liv 1 ak 2).

Debutan---6 a 8 lane (Ane/liv 1, 2 ak 3).

Pawòl ki bay lavi a (preadolesan yo)---9 a 11 lane (Ane/liv 1,2 ak 3).

Resous Didaktik

Chè pwofesè:

Nou prepare seri resous didaktik sa a yo pou ede w anrichi dinamik klas ou a.

Nan kèk leson, nan pati aktivite yo, yo mande pou w itilize materyèl sa a yo pou ankouraje timoun nan egzès kapasite l yo epi mache vè yon aprantisaj ki pi efikas.

RESÈT PLASTILIN OSWA MAS POU FÈ MODÈL

FARIN PAT AK SÈL

Engredyan yo:

- 2 oubyen 3 tas farin.
- 3/4 tas sèl.
- 1/2 tas dlo kèd.
- Dlo vejetal koulè

Enstriksyon yo:

Melanje farin frans la ak sèl, epi vide dlo kèd la pandan w' ap brase li. Men si ou vle ou kapab ajoute dlo vejetal koulè a, veye pou w' toujou vide kèk ti gout vejetal koulè pandan l'ap ranmase. Mas la gen pou l' fèt depandaman de kantite dlo ou mete. Lè mas la fin fèt, konsève li nan vèsò anndan frijidè a.

MAS KI KWIT LA

Engredyan yo:

- 2 tas farin frans.
- 1 tas sèl.
- 1 gwo kiyè lwil doliv.
- 2 ti kiyè krèmòl.
- 1/2 tas dlo.
- Dlo vejetal koulè

Enstriksyon yo:

Melanje engredyan sèk yo. Lè sa a, ajoute dlo ak lwil doliv la. Mete melanj lan sou dife a joukaske preparasyon an vin près, epi kontinye brase l' toutan.

Retire li sou dife a epi kite l' frèt. Pou rive jwenn koulè w' bezwen an, ajoute kèk gout dlo nan vejetal koulè a, pandan mas la ap ranmase. Li pral rete nan konsèp plis ke yon mwa si ou mete li nan yon vèsò ki fèmen.

MAS LABOU

Engredyan yo:

- 2 tas tè.
- 2 tas sab.
- 1/2 tas sèl.
- Dlo

Enstriksyon yo:

Melanje tè a, sab la ak sèl la. Apre sa ajoute dlo a, ti kras pa ti kras, jiskaske w' rive jwenn li janw vle li a pou fè modèl la.

PENTI DAKTILE OSWA DAKTILIK

Engredyan yo:

- 1 ak 1/4 tas lanmidon.
- 1/2 tas savon an poud.
- 3 tas dlo bouyi.
- 1 gwo kiyè gliserin.
- Dlo vejetal koulè oswa tanpè

Enstriksyon yo:

Fonn lanmidon an nan dlo frèt. Apre sa vide li tou dousman nan dlo bouyi a, pandan w' ap kontinye brase li pou w' anpeche l' fè boul. Ajoute savon, epi finalman ajoute gliserin nan. Pou w' ba l' koulè, ajoute dlo vejetal koulè a oswa tanpè a. Konsa, w'ap vin genyen yon preparasyon jelatin kipa yon pwazon. Si w' mete penti sa a nan boutèy plastik, li pral kenbe pandan plizyè jou.

LAKÒL BLAN

Engredyan yo:

- 4 tas dlo.
- 1 tas farin ble.
- 1/2 tas sik.
- 1/2 tas vinèg

Enstriksyon yo:

Bouyi twa tas dlo. Pandan se tan, nan yon bòl melanje yon tas dlo, farin frans, sik ak vinèg. Lè dlo a bouyi, ajoute melanj lan, epi brase l' dousman sou dife a jiskaske li lage premye bouyon an. Si rete boul, ou ka blennde melanj la. Si li twò epè, ajoute dlo. Si l' vin dlo, mete li bouyi pou plis tan. Konsève lakòl la nan yon bokal ak kouvèti.

PAPYE POU KAT AK ATIZANA

- 1) Tranpe 6 fèy papye blan nan dlo cho oswa papye jounal, koupe an ti moso.
- 2) Moulen papye a nan blennde avèk mwatye tas avwan, oswa flè, oswa fwi bagas oswa legim, tankou kawòt, seleri, elatriye.
- 3) Koule melanj lan epi ajoute kat gwo kiyè gliserin ak 6 gwo kiyè lakòl blan.
- 4) Ouvè pat la sou yon plastik, ak yon woulo oswa yon planch ki fèt pou sa jouskaske li vin mens epi menm jan.
- 5) Kite l' nan solèy pou de jou.
- 6) Avèk papye a ou ka fè kat yo, sinyale oswa papye ki pou separe fèy liv, lèt, elatriye.

Lètifika Swamosyon

(Non elèv la)

Pwomèt pou klas siperyè

(*Legliz*)

Dat

“Pitit mwen, tande pawòl mwen...” Pwovèb 4:20^a

Lidè lekòl dominikal la

Pwofesè

Ane 3

Entwodiksyon-Inite I

PI BON LIV NAN MOND LAN

Baz biblik: Jeremi 1:1-9; 25:1-14; 39:1-10; Esdras 1:1-5; Neyemi 8:1-9:3; 9:38-10:39; Lik 4:14-32; Jan 3:16; 1 Jan 4:9-10; Travay 17:1-12; Jak 1:22.

Verite biblik: Bib la fè nou konnen kimoun Bondye ye epi montre nou kijan pou nou viv pou Li.

Vèsè Inite a: “Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y’ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k’ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye” (2 Timote 3 :16).

Objektif inite a

Inite sa pral ede timoun primè yo:

- ✘ Dekouvri ke Bib la diferan pase tout lòt liv ki egziste, se Bondye ki te enspire li.
- ✘ Konprann ke mesaj santral Bib la se konnen ke Bondye renmen nou epi fè tout sa ki nesèsè pou delivrans nou.
- ✘ Konnen ke dezi Bondye se pou nou li l ak obeyi li.

Leson inite a

Leson 1 : Pi bon liv nan mond lan soti nan Bondye

Leson 2 : Pi bon liv la ede nou konnen Bondye

Leson 3 : Pi bon liv la pale nou de Jezi

Leson 4 : Pi bon liv la gide nou

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Timoun yo ap genyen plis angouman pou Pawòl la anmezi ke konesans yo ap ogmante nan Bib la. Y ap bezwen konprann ke nan anpil aspè, Bib la se yon liv ki san parèy. Se Bondye ki te enspire li epi mesaj li se verite. Timoun yo dwe konprann ke Pawòl la ap ede yo konnen Bondye pi byen e ke, atravè paj li yo, Sentespri a ap dirije lavi yo.

Timoun primè yo rejwi pandan y ap itilize gwo kapasite yo genyen pou fè lekti. Sa se moman ki ideyal pou w anseye yo jwenn vèsè biblik yo.

Pou elèv ki nan twazyèm ak katriyèm ane fondamantal yo, gen anpil pasaj ki kapab parèt byen difisil pou konprann ak aplike nan lavi yo. Inite sa ofri yo konsèy ki reyèl ak pratik pou ke Pawòl Bondye a kapab vin yon pati enpòtan nan lavi yo. Pami lòt bagay tankou, lekti nan ti liv ki gen pou wè ak Bib la epi konsèy pou mande granmoun yo sekou, pou yo kapab konprann ak pratike li chak jou nan lavi yo. Siksè depi nan kòmansman sa nan Bib la pral ede yo kontinye li ak etidye li.

Inite sa tou ankouraje etidyan yo memorize liv Nouvo Testaman yo.

Leson 1

Jezi aprann obeyi

Baz bibli: Jeremi 1:1-9; 25:1-14; 39:1-10;
Esdras 1:1-5

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke Bib la se yon liv ki diferan pase tout lòt liv yo paske se Bondye ki te enspire li. Se pou yo konprann kòman Bondye te enspire li.

Vèsè pou aprann: *Tout sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan erè, pou korije moun k'ap fè fot, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye (2 Timote 3:16).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Nan sosyete nou an, ansèyman ki pa pou kretyen yo ap fè konkou avèk Bib la pou enfliyansè timoun yo nan fason yo panse. Jodi a pliskejamè, timoun primè yo bezwen konprann ke Bib la diferan pase nenpòt lòt liv. Elèv yo gen matirite ase pou konprann ke li plis pase nenpòt liv istwa enteresan. Se Pawòl Bondye. Li san parèy! Bib la kappa gide lavi yo, ede yo pran desizyon epi ede yo konnen Seyè a.

Kounye a yo genyen materyèl debaz pou yo fè lekti, elèv ou yo ap kapab kòmanse li Bib la poukont yo. Yo chak dwe genyen pwòp Bib pa yo. Pwogram etid timoun prime yo ap gide yo vè konesans debaz pou yo kapab itilize Bib la kòrèkteman.

Pou etidye li, sa mande kapasite pou fè bon lekti. Kòm pwofesè, ou dwe sansib pou diferan nivo lekti elèv yo. Ankouraje yo li, men piga w fòse yo. Li posib pou timoun ki pa gen gwo kapasite pou fè lekti santi yo wont epi gade Bib la avèk mepri. Nan ka sa, kite yo ofri tèt yo volontèman pou yo li. Sa ap ba w plis konesans sou kapasite elèv yo genyen pou yo fè lekti, w ap konnen kilès nan yo ki santi li mal alèz pou fè lekti byen fò. Si tan pèmèt li, pratike lekti a depi davans avèk sa yo ke w konnen ki pa twò renmen fè sa. Fè lekti a vin pi fasil anmezi w wè timoun yo santi yo plis alèz pou yo li nan klas la.

KÒMANTÈ BIBLIK

Bib la se rejis revelasyon Bondye pou pèp li a. Genyen anpil antesedan nan rankont li yo avèk pèp li a. Depi nan tan lontan, moun ki te gen lafwa yo te deja konnen ke sa ki te ekri nan Bib la yo se te bagay ki san parèy. Nan konparezon avèk lòt ekriti relijye yo, se Bondye ki te enspire sa. Sa montre ke Bondye te konn travay atravè endividi espesyal yo epi bay yo

mesaj ke li te vle kominike a.

Bondye te chwazi Jeremi pou yon misyon espesyal, menm depi avan li te fèt. Li te chwazi pou l te vin pwofèt. E anplis de sa, Bondye te toujou avèk li pou ba li direksyon ak pwoteksyon.

Bondye te anrejistre anpil pawòl nan lespri Jeremi, pandan yon peryòd plizyè lane. Ekspresyon ki di : "Seyè a pale avè m', li di m' konsa" parèt 32 fwa nan Bib la.

Jeremi te kontinye pwoklame mesaj la pandan 23 zan pi plis. Epi menm si moun yo pat reponn, pwofèt la pat sispann. Li te konnen ke se Bondye ki te enspire mesaj la kidonk li pat depann de akseptasyon moun. Nou kapab di Bondye mèsè paske li pa janm abandone nou. Li toujou ap chèche nou pou l fè nou wè li la. Li pa janm sispann renmen nou. Nou dwe pran angajman menm jan Jeremi te fè l la, nan pale de lanmou Bondye avèk pèp la, epi rete kenbe fèm san gade jan moun yo reyaji fas ak mesaj ke n ap pwoklame a.

Jeremi te viv ak pwofetize pandan gouvènman senk dènye wa peyi Jida yo, yon peryòd ki te gen anpil inestabilite, epi li te anonse jijman ki te gen pou vini an. Yo te rejte avètisman li yo. Men soday la se pat pou wè si moun yo t ap aksepte mesaj pwofèt la; men se te pito jije si pawòl pwofèt yo te akonpli oswa non (Detewonòm 18 :21-22).

Jeremi te di pèp la, youn lòt fwa, pou yo te repanti de tout peche yo, men yo pat tandè li. Sa a se reyalite libète lòm oswa libète total. Mesyedam yo te chwazi move chemen an malgre tout avètisman yo te resevwa nan men Bondye, yo te vire do ba Li. Yo te deside poukont yo aksepte oswa rejte mesaj delivrans Bondye a. Jeremi te di moun yo ke gen yon moman ki ta rive kote ke gwo zotobre peyi Babilòn yo, anba gouvènans wa Nebikadnezà, ta anvayi peyi Jida. Pèp sa avèk wa yo a, ta mennen moun yo ale annezil pou 70 lane.

Babilòn te anvayi Jida. Yo te pote tout lidè yo ale annezil. Politik Babilòn nan se te pote ale nan esklavaj moun ki rich ak sa ki gen pouvwa yo epi kite tout ti pòv yo pou pran responsablite yo nan peyi a. Nan sans sa yo te asire fidelite yo avèk onètete yo.

Babilòn se te sèlman zouti ke Bondye te itilize. Sepandan, li pat rete nan pouvwa pou anpil tan. Menm jan Jeremi te pwofetize l la, nan fen dat ke Bondye te siyale a, li te tonbe anba atak peyi Pès. Seyè a te itilize wa Si pou akonpli plan li: Ke moun yo ta retounen nan lavil Jerizalèm. Nou li nan Esdras kote wa Si a te voye yo retounen nan Jerizalèm pou al rekontwi tanp Bondye a. Wa sa te etabli politik pou kalme fodye nasyon yo ke li te rive mete anba dominasyon li olye pou l te fè menm jan ak sa moun peyi Babilòn yo te fè a. Konsa, pèp Izrayèl la te kapab retounen lakay yo, epi pote tounen tout bagay tanp lan ke moun peyi Babilòn yo te pote ale.

Nan sans sa a, pwofesi Jeremi an konsènan egzil pandan 70 zan an te vin akonpli lè pèp sa te retounen nan lavil Jerizalèm. Bondye te kenbe pwomès jistis ak restorasyon li pou Izrayelit yo. Yon fwa ankò, Li demontre ke sa Li di se verite epi Li se yon Bondye ki jis epi ki konn padone.

DEVLOPMAN LESON AN

1. Di timoun primè yo byenvini.
2. Ofri yo tan pou yo fè konesans pou youn kapab rekonèt lòt.
3. Pèmèt yo poze kesyon youn ak lòt tankou: konbyen ane w genyen, kimoun paran w yo ye, si yo gen frè ak sè, non lekòl la, elatriye.
4. Fè yo rekonèt ou. Di yo kijan w rele, non moun nan fanmi w yo, elatriye.
5. Si gen timoun ki fenk vini, mete yon ti pankat devan li avèk non li.
6. Bay yo chans pou yo rakonte kijan moman repo yo a te ye.

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ka kapte atansyon timoun primè yo epi prepare yo pou yo aprann verite bibliik yo ki nan leson sa:

Regleman klas la

Avèk èd timoun yo, panse avèk regleman k ap akonpanye yo pandan tout rès ane a. Mande yo ki regleman yo genyen lakay yo. Fè yo sonje ke nan pifò fwaye yo genyen regleman, men gen kèk ladan yo moun yo pa konnen kisa yo ye epi se poutèt sa timoun yo konn fè nenpòt sa yo vle.

Eklèsi pami yo ke yo tout pral ekri regleman ki pral gide yo nan klas la. Nan fason sa a, yo pap konsidere yo kòm yon enpozisyon, okontrè l ap fasil pou yo respekte yo. Ekri yo nan yon papyè bristòl pou yo tou kapab wè epi li yo chak fwa yo reyini. Ou dwe pozitif lè w ap ekri. Olye pou w di: “Pa pale lè madmwazèl la ap anseye”, ekri: “Evite pale lè madmwazèl la ap anseye”.

Sa se pral pou premye fwa ke timoun prime yo pral wè liv aktivite yo a. Nou rekòmande pou yo konsève li nan klas la. Mansyone enpòtans ki genyen pou yo pran swen li epi travay avèk ankourajman. Bay yo tan pou yo ekri non yo nan premye paj la, epi gade li pandan kèk minit.

Vin direktè lalwa pandan yon jou W’ap bezwen: Bib, papyè ak kreyon oswa plim.

Di konsa: “Nan epòk bibliik yo, yo te konn rele moun k ap reyalize kalite travay sa yo direktè lalwa”. Mande yo: “Direktè lalwa yo te konn fè yon travay ki sanble ak travay ke sekretè yo ap fè nan tan n ap viv la. òdinatè pa t egziste, faks, ni machi pou fè fotokopi. Pa t menm genyen kreyon ni plim. Yo te konn sèvi ak entriman ki senp ki fèt avèk jon, epi yo te konn ekri nan woulo papyè. Pou ekri, yo te konn mouye jon an

nan lank.

Yo te konn bay kèk direktè lalwa yo te fè konfyans kopye Bib la, mo pa mo. Yo te dwe fè anpil atansyon pou yo pa t fè erè. Lè yon direktè lalwa te fin kopye, li te dwe konte tout mo ki nan tèks orijinal la epi konpare yo avèk kantite mo ki nan sa li kopye a. Apre sa, li te dwe asire li ke mo ki nan mitan nouvo dokiman an te menm avèk pa orijinal la”.

Pèmèt elèv yo vin direktè lalwa pandan yon jou. Bay yo chak yon fèy papyè, yon plim oswa kreyon ak yon Bib. Ede yo jwenn vèsè ki nan 2 Timote 3:16. Se pou nou li l nou tout ansanm. Pèmèt elèv yo kopye li pandan ke w ap resite li. Travay ansanm avèk yo yon fason pou w ka obsève si sa yo te kopye yo se menm ak sa ki nan Bib la. Chèche mo ki nan mitan an. Di yo pou yo chèche mo ki nan mitan an (sa se yon bon egzèsis, ni pou elèv la ni pou antrenè a).

Eklèsi: “Istwa bibliik nou an jodi a pale nou de yon moun ki te resevwa ak fè konnen Pawòl Bondye a pandan peryòd Ansyen Testaman yo. Ann gade sa moun sa te fè epi kijan Bondye te ede li”.

Ki kote w pral chèche?

W’ap bezwen: plizyè liv, plim oswa kreyon.

Anvan klas la, chèche plizyè liv pou w montre timoun primè yo. Bat pou yo diferan, fòk genyen ladan yo : liv kwizin, diksyonè, kèk liv ki gen ti istwa, yon liv istwa, yon ansiklopedi, ak yon Bib.

Mete tout liv yo sou yon tab nan klas la kote tout elèv yo kapab wè yo. Leve youn nan liv yo anlè epi di konsa: “Pou fè kisa nou ta itilize liv sa ?” Kite yo reponn. Epi konsa, repete li avèk tout lòt rès liv ki diferan yo. Finalman, montre Bib la. Di konsa: “Kisa liv sa bay kòm enfòmasyon ?” Kisa ki fè Bib la diferan de tout lòt liv yo ? “Fè konprann ke Bib la se mesaj Bondye ki ekri pou lòm. Se yon liv istwa, pwezi ak pwofesi. Bib la rakonte nou istwa sou Bondye ak sa Jezikris, Pitit Li a te fè, pou nou kapab devlope yon relasyon avèk Li.

Li montre nou kijan nou kapab genyen lavi ki pap janm fini an atravè Jezi).

Nan ki liv ou pral chèche?

Pèmèt elèv yo konplete fèy aktivite leson 1 ki nan liv elèv la.

Fè deba sou enfòmasyon ak ilistrasyon ki parèt nan po chak liv. Mande yo pou yo ekri nan espas vid bò kote chak ekspresyon lèt ki kòresponn nan liv ke yo kwè ke se li ki kòrèk la. (Repons : 1. B - 2. A - 3. B - 4. B- 5. B -6. D- 7. C-8. B.

Fè deba sou kesyon an : “Poukisa nou kwè ke Bib la enpòtan ?” Kite elèv yo di sa yo panse.

Di yo konsa: “Padan kat pwochen semèn yo nou pral wè kòman Bib la te rive nan men nou. Leson sa yo pral ede nou konprann ke Bondye te enspire ekriyen yo pou ekri Bib la, epi ki genyen verite a ladan li”.

ISTWA BIBLIK

Anvan klas la kòmanse, ekri non sa yo sou tablo a: “Jeremi, Sedekyas-Jida, Nebikadneza-Babilòn, Si-Pès”.

Li non yo pou elèv ou yo nan klas la. Pèmèt ke yo repete yo. Idantifye Jeremi kòm pwofèt Bondye a. Poze kesyon: “Kisa yon pwofèt ye?” Kite elèv yo reponn. Di yo pou yo ekri mo ‘pwofèt’ bò kote non ‘Jeremi’. “Lòt yo se non wa yo ansanm ak wayòm yo”. Di konsa: “Istwa jodi a genyen ladan li tout non ak tètwa sa yo”. Jeremi se te pwofèt Bondye, li menm ki te viv pandan epòk wa Sedekyas ak Nebikadneza”.

Li istwa bibliki ki nan liv elèv la ansanm avèk elèv yo. Eksplike vèsè ke yo mal pou konprann yo. Bat pou w fè lekti a enteresan. Yo kapab li li pa gwoup, yo tout ansanm, yon ti gason, apre sa yon ti fi, elatriye. Fè remake sou lè se Bondye ki pale oswa bay pwofèt la mesaj la. Lekti a pa dwe nwan oswa monotòn.

AKTIVITE YO

W’ap bezwen: papye bristol, sizo, lakòl ak kreyon koulè. Bay timoun yo dènye fèy aktivite ki nan leson 1 nan liv elèv la. Mande yo pou yo koupe non liv ki nan Nouvo Testaman yo, kole yo sou papye bristol la pou yo kapab rete plis solid (si yo vle, yo kapab plastifye li avèk yon bandwòl adezif ki laj), epi apre

sa pou yo koupe yo. Distribue yon ti bous an plastik pou yo konsève kat yo a. Di yo pou etidye liv Nouvo Testaman yo de memwa.

Memorizasyon

Chèche ansanm mo ki nan 2 Timote 3:16 tankou “enspire”, “egzòte”, “korije”, “enstwi”, “jistis”, ke yo pa konnen, epi montre relasyon yo genyen ak leson jodi a. Eksplike yo byen pou yo pa rete avèk dout.

Apre sa, ekri vèsè pou aprann nan nan de men kat, pandan w ap mete yon mo nan chak kat. Repete li ansanm.

Divize klas la fè de gwoup : ti gason ak ti fi.

Remèt chak ekip yon men kat. Gwoup yo kapab chita bò tab la, oswa sou fòm yon wonn atè a. Endike moman yo dwe kòmanse konpetisyon an. Ekip ki ranje vèsè a nan fòm ki kòrèk la nan tan ki pi kout la, se li k’ap genyen. Ou kapab bay chak timoun ki nan ekip ki genyen an yon bonbon oswa yon kreyon.

Pou fini

Priye pou timoun yo kapab santi w enterese avèk yo, epi vle ke yo konnen ak konfyè ke Bib la se Pawòl Bondye, ladan li nou dwe kwè epi depann de li, pou nou kapab vin pibon pitit Bondye ak plis obeyisan.

Envite yo retounen vin patisipe nan pwochen klas la.

Leson 2

Pibon liv la ede nou konnen Bondye

Baz bibliki: Neyemi 8:1-9:3; 9:38-10-39

Objektif Leson an: Se pou timoun yo konprann ke Pawòl Bondye a montre nou Bondye ak fason Li ye. Se pou yo konprann kisa l ap atann de yo.

Vèsè pou aprann: *Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y’ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan erè, pou korije moun k’ap fè fot, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye (2 Timote 3:16).*

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Lè izrayelit yo te rekonstwi miray Jerizalèm yo, anpil moun te fawouche yo. Lè pèp Bondye a te kòmanse obsève jou repo a, anpil moun te fawouche yo ankò. Yo te joure yo rizib ak epav, epi yo te tante yo pou yo te chwazi mennen kalite lavi ki pa fè Bondye plèzi a.

Enfliyans mond lan ak fawouch antoure kretyen k ap viv nan tan n ap viv la. Li posib pou timoun primè

yo ap aprann nan lekòl la ke kwè ke Bondye se Kreyatè a se yon lide ki ansyen. Yo tande nan piblikasyon yo ke si yon bagay fè yo byen yo kapab fè li. Resevwa mesaj melanje sa yo twouble timoun yo. Pou ede yo evite konfizyon sa, pawòl Bondye dwe anvlope lavi yo. Ede timoun nan konprann ke Bondye pa janm chanje, ni gwo lanmou li a pou yo pap sispann egziste; epi swiv ansèyman li yo se pibon opsyon nan lavi.

Leson sa ap ede pou ke desizyon y ap pran yo baze sou pawòl Bondye ak lapriyè. Izrayelit yo te koute Pawòl la, epi yo te pran desizyon yo.

Timoun primè yo gen pou rann yo kont ke Bondye vle yo viv nan obeyisans epi anba prensip bibliki yo. Anmezi y ap devlope entelijans yo nan fè lekti bibliki, ankouraje yo aplike prensip sa yo nan lavi yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Apre 70 lane annegzil, izrayelit yo te retounen nan peyi Jida. Pès te anvayi Babilòn, epi moun ki te annegzil yo te retounen lakay yo. Izrayelit yo t ap viv nan yon kondisyon de povrete, antoure de yon nasyon ki te devaste.

Neyemi, chèf kanbiz wa peyi Pès la te pran nouvel povrete nasyon l lan, li te sipriye wa a pou l te ka pèmèt li retounen nan lavi Jida.

Sil te voye Neyemi ale Jerizalèm avèk plizyè chèf ak pwovizyon tou.

Lè Neyemi te rive li te òganize pèp la pou yo te travay nan miray Jerizalèm yo.

Toutotan miray la pa ta rebati, pèp la t ap vilnerab fas ak atak lènmi yo. Neyemi te òganize yo pou yo te travay nan kèk zòn espesifik. Nan 52 jou sèlman tout miray la te gentan fin rebati. Nou li nan Neyemi 6 :16 : “Lè lènmi nou yo vin konn sa, lè moun lòt nasyon k’ap viv nan vwazinaj nou yo wè sa, yo te wont. Yo rekonèt si travay la te fini se paske Bondye nou an te vle l”.

Izrayelit yo te kontan anpil pou rekonstriksyon miray Jerizalèm yo, epi kounye a atansyon yo te kòmanse santrè sou konstriksyon lavi espirityèl yo.

Gason, fanm, timoun tankou granmoun te rasanble fè yon sèl yon kote ki gen espas tou pre pòt Dlo a (8 :1) pou tandè pawòl Bondye. Esdras te kòmanse li “liv lalwa Moyiz la”. Yo tout te rete kanpe sou de pye yo depi byen bonè nan maten pou rive midi, pandan Esdras t ap li a. Èske nou kapab konprann kisa sa vle di pase sizèd tan debou ? Se klè ke pèp la te grangou pou tandè pawòl Bondye epi pou yon moun te eksplike yo li.

Anmezi moun yo t ap konprann sa yo t ap tandè yo, yo te rann yo kont de dezobeyisans yo.

Menm kote a yo tout te kòmanse kriye. Lidè yo te di yo ke yo pa dwe kite tristès anvayi yo paske yo te la pou fè gwo fèt ak kè kontan.

Aprè fèt tabènak la, pèp la te reyalize twa aksyon pou yo te ekspriye doulè yo: (1) yo te fè jèn, (2) yo te abiye avèk rad ki fèt ak sak, epi yo te kouvri tout kò yo avèk pousyè (9:1). Yo te koute pawòl Bondye, yo te konfese peche yo, yo te konfese fidelite Bondye, epi yo te adore Li.

Izrayelit yo te chanje fizi yo zèpòl konplètman.

Yo te pase kòm moun ki te bay pawòl Bondye do, pou transfòmè kounye a kòm moun ki atravè repantans, prezante yo devan Bondye epi adore Li.

Anpil fwa nan tan lontan, izrayelit yo te repanti devan Bondye epi pwomèt swiv li, men tikras pa tikras yo te konn retounen al pratike move koutim yo te genyen anvan yo. Sepandan, egzile yo te pran konsyans de dezobeyisans nan tan pase yo. Nan Neyemi 9:38 nou wè kijan yo te siyen yon kontra-angajman-avèk Bondye. Gwo chèf yo siyen li epi mete so legal li pandan yo te pwomèt ke yo ta pèp Bondye, apa, pou viv dapre lalwa li yo, epi obsève jou repo a. Yo te fè plan pou soutni sakrifikatè li yo, repare tanp lan, epi pran tout responsablite pou pran swen li.

Promès sa montre yon gwo diferans ak konpòtman anvan yo. Ala gwo diferans ki genyen lè moun koute

pawòl Bondye avèk obeyisans! Paske yo aprann ak aplike li nan sityasyon y’ap viv chak jou yo. Se menm jan tou, nou menm nou genyen responsablite pou nou pratike Pawòl Bondye a nan lavi nou. Fason Bondye pa janm chanje. Apèl fondamantal li fè pèp li a se toujou menm nan. Nou dwe renmen Bondye, aprann Pawòl Li, epi viv nan obeyisans kòmandman li yo.

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w santrè atansyon elèv ou yo nan verite bibliik jodi a.

Revizyon liv Nouvo Testaman yo.

Pandan dewoulman klas la, mande pou kèk volontè resite non kat liv nan Nouvo Testaman yo. Felisite ak ankouraje sa yo ki konnen plis liv de memwa. Montre kat ki di konsa: “Poukisa liv sa yo rele Levanjil yo?” (Kat premye liv yo rele levanjil yo paske se yo menm ki rakonte nou bon nouvèl yo osijè de lavi Jezikris). Montre kat ki genyen non “Travay”. Eksplike yo ke Travay se yon liv istwa li ye. Li pale de Legliz primitiv ki te fonde pa mwayen kwayan yo ki te deside renmen ak swiv Jezikris-kòmansman ak kwasans li.

Montre 13 kat yo ki genyen non 13 lèt Pòl yo: Women, 1 ak 2 Korentyen, Galat, Efezyen, Filipyen, Kolosyen, 1 ak 2 Tesalonisyen, 1 ak 2 Timote, Tit ak Filemon. Di konsa: “Nou rele 13 liv sa a yo nan Nouvo Testaman lèt Pòl yo, paske se li menm ki te ekri yo. Soti nan Women pou rive nan Tesalonisyen, se lèt ke Pòl te ekri premye legliz yo pou bay yo kèk konsèy sou bezwen espesifik yo. 1 ak 2 Timote ak Tit se lèt li te ekri pou jèn pastè yo. Filemon se yon lèt ke Pòl te ekri yon nonm ki te rele konsa, osijè de esklav li a ki te rele Onezim”. Distribye kat yo bay elèv yo. Apre sa, fè yo ranje yo nan tablo a nan lòd ki kòrèk la. Poze kesyon: “Poukisa li enpòtan pou nou memorize liv Nouvo Testaman yo de memwa nan lòd ki kòrèk la”? (sa pral ede nou jwenn liv ak pasaj bibliik yo avèk plis fasilite). Labib ede nou konnen Bondye epi konnen kijan li vle pou nou viv. Istwa bibliik jodi a ap ede anseye nou sa pèp la te aprann lè li te tandè Lekti Pawòl la.

Kilès Bondye ye?

Anvan klas la kòmanse, rasanble kèk bagay ki pou pale de ou. Li kapab yon foto lè w te piti, yon kaye lè w te konn al lekòl tou piti, yon twofè de kèk konkou bibliik, elatriye.

Poze kesyon nan klas la: “Èske nou konnen kilès mwen ye? Kisa nou konnen de mwen?” Timoun yo ap reponn pou di ke w se antrenè a oswa ki renmen timoun yo).

Poze kesyon: “kisa nou kapab fè pou nou konnen

plis bagay de mwen”? (Kite timoun yo reponn) Repons ki posib yo: pase plis tan avèk ou, nan konnen plis bagay de lavi w, oswa pale avèk ou pi souvan). Montre yo yon foto lè w te ti bebe, yon foto w fenk fè ansanm avèk fanmi w, yon liv lekti oswa kaye lè w te konn al lekòl, ak lòt objè ki montre sa w renmen ak enterese w yo. Poze kesyon: “Kisa objè sa a yo genyen ki sanble? (y’ap ede nou konnen w pi byen).

Oryante elèv ou yo al fè premye aktivite ki nan leson 2 nan liv elèv la. Mande yo pou yo reponn premye kesyon an pandan y ap desine oubyen ekri: “kilès Bondye ye? Kisa nou konnen osijè de Bondye?” Mande pou kèk volontè kòmante repons yo a. Li dezyèm kesyon an ki nan fèy aktivite menm paj la: “Kisa w ta renmen konnen osijè de Bondye?” Menm jan, kite elèv ou yo ekri oubyen desine yon desen nan espas vid la?”

Mande pou kèk volontè kòmante repons yo a. Poze kesyon: “Ki kote nou kapab jwenn repons osijè de Bondye yo?”

(Bib la se pi bon kote). “Leson jodi a ap ede nou konnen plis bagay de Bondye”.

ISTWA BIBLIK

N’ap jwenn leson jodi a egzaktman apre leson ki anvan an. Mete aksan sou miray ki rebati yo. “Nan istwa sa, izrayelit yo te kanpe pandan sizèd tan, pandan Esdras t ap li Pawòl Bondye a. Jodi a n ap kanpe debou pou nou li Pawòl Bondye a. Tanpri, rete debou ansilans jouskaske mwen fin li istwa a”. Si yo mande pou ki rezon yo dwe rete debou, di yo konsa: “Izrayelit yo te rete debou depi byen bonè nan maten pou rive vè midi pou yo te koute Pawòl Bondye a ke Esdras t ap li. Sa vle di yo te rete kanpe sou de pye yo pandan sizèd tan. Nou menm tou nou kapab rete kanpe sou de pye nou pou nou koute istwa bibliik jodi a.

Sa ap ede nou konnen pi byen eksperyans izrayelit yo, menm si nou menm nou pap fè sizèd tan sou pye nou !” Li oubyen rakonte istwa a.

AKTIVITE YO

Pawòl Bondye anseye nou

Di konsa : “Izrayelit yo te aprann Pawòl Bondye a. Yo te koute li epi pwomèt obeyi sa li te di pou yo te fè a. Kisa nou kapab aprann osijè de Pawòl Bondye ?” Mande timoun yo pou yo ouvri liv Elèv la nan dezyèm paj aktivite leson 2. Chak elèv dwe genyen pwòp Bib pa li. Pèmèt yo travay pa de oswa pa twa pou chèche vèsè yo epi ranpli espas ki vid yo.

Repons:

Jenèz 1:1- “Nan kòmansman, Bondye (te kreye)

syèl la ak tè a”.

Detewonòm 4:7- “Bondye nou an ap (kanpe la) avèk nou, tankou Seyè a, Bondye nou an, fè l’ pou nou chak fwa nou rele l’.

Detewonòm 10:17- “Paske Seyè a, Bondye nou an, (se li menm ki Bondye anwo tout bondye), se li menm ki chèf sou tout chèf. Li gen pouvwa, li gen fòs, li fè moun respekte l). Li pa nan paspouki, li pa kite yo achte figi l’ avèk kado y’ap ofri ba li.”

Sòm 37:3- “(Mete konfyans) nan Bondye epi fè sa ki (byen)”. Danyèl 9:9- “Ou menm Seyè, Bondye nou, ou gen (bon kè), ou konn (padonnen) paske nou menm nou te vire do ba ou”.

Sòm 145:13- “(Gouvènman) ou lan, la pou tout tan. W’ap dominen pou (tout tan). Seyè a ap toujou kenbe pawòl li yo, Li bon nan tou sa li fè”.

Lik 10:27- “Se pou ou (renmen), mèt la, Bondye ou, ak tout (kè) ou, ak tout nanm ou, ak tout (fòs kouraj) ou, ak tout (lide) ou. Se pou renmen (frè parèy) ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou”.

Kòmman mwen kapab konnen Bondye pi byen ?

Oryante elèv ou yo ale nan dènye aktivite liv Elèv la (leson 2). Mande: “Pou fè kisa nou itilize kle yo ?” (Pou ouvè pòt yo). “Kisa kl esa yo kapab ouvri oubyen ede nou konnen bagay osijè de Bondye?” Kite elèv yo eksprime lide yo (asire w ke y ap mansyone Bib la). Mande pou yo ekri lide yo nan espas ki vid anndan kle yo.

Poze kesyon: “Kòmman nou kapab konnen plis bagay osijè de yon moun ki popilè?” (Li yon liv ki pale de moun sa). “Nan ki fason ou kapab konnen plis bagay osijè de Bondye ?” (Nan li Labib). “Lè ou renmen yon moun, ou anvi konnen moun sa pi byen. Lè nou renmen Bondye, nou anvi konnen li pi byen. Bib la ap ede nou konnen Bondye pi byen”. Pèmèt elèv yo konplete fraz yo ki parèt apre kle yo ki nan menm paj sa, ki genyen kòm enstriksyon : “Ekri yon fraz pou bay Bondye lwanj epi yon lòt pou di li mèsi pou Pawòl Li”.

Memorizasyon

Ekri vèsè bibliik la sou tablo a. Se pou yo tout repete li. Efase yon mo ke yo déjà konnen de memwa. Fè yon pari ant gason ak fi pou w wè kilès k ap genyen. Ou kapab fè ekip ki di vèsè a konplèt san erè a kado yon makè pou yo chak manm pou separe paj nan Bib la.

Pou fini

Priye pou elèv yo, mande pou yo renmen Pawòl Bondye a epi konsève li nan lespri ak kè yo. Mande pou kèk nan yo priye pou timoun ki nan neseseite yo, oswa pwoblèm sante.

Pi bon liv la pale nou de Jezi

Baz biblik: Lik 4 :14-32 ; Jan 3 :16 ; 1 Jan 4 :9-10

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konnen ke Bib la pale nou de Jezi, li menm ki te vin montre nou lanmou Bondye a.

Vèsè pou aprann: *Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan erè, pou korije moun k'ap fè fot, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye (2 Timote 3:16).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo soti nan divès kalite anbyans ak sitiyasyon. Petèt genyen kèk ladan yo ki pa t resevwa ase lanmou nan fwaye kote y'ap grandi yo. Genyen lòt ki genyen fanmi k'ap bay yo afeksyon ak èd yo gen bezwen. Nenpòt jan sitiyasyon an prezante, chak timoun sipoze konnen ke lanmou Bondye pa chanje. Yo dwe konprann ke Bondye renmen yo epi entereze ak yo chak espesyalman.

Yon fason pou konnen Bondye se wè jan li aji avèk moun. Bib la pale nou de sa.

Elèv yo pral aprann ke Bib la se yon liv ki pale de lanmou Bondye pou pèp li a.

Epi anplis de sa! Yo pral dekouvri tou ke Bib la anseye nou kòman Jezi te fè nou tout jwenn favè pou nou eksperimante lanmou li, atravè yon relasyon pèsònèl avèk li.

Priye pou ke atravè leson sa a timoun primè yo kapab bay yon repons lanmou anvè Bondye. Si yo te déjà aksepte Jezi kòm Sovè yo, ankouraje yo devlope relasyon yo avèk li atravè etid Pawòl li. Si genyen kèk nan yo ki poko aksepte Jezi jiskaprezan, leson sa pral bay yo yon gwo opòtinite pou envite yo fè sa.

KÒMANTÈ BIBLIK

Istwa biblik jodi a santre li sou Sinagòg la. Pandan peryòd Jezi t ap viv sou latè a, sa te yon pati enpòtan anndan kominote jwif la. Sa te rive apre destriksyon lavil Jerizalèm. Moun lavil babilòn yo te anvayi lavil Jida, tanp lan te detwi, epi tout moun yo te ale nan esklavaj. Kounye a yo te nan tè etranje, antoure avèk pratik relijyon moun lòt nasyon yo. Jwif yo te konn rasanble pou yo adore epi anseye Pawòl la yon fason pou yo te kapab konsève lafwa

yo. Nan kòmansman yo te konn rasanble nan kay. Apre sa yo te konstwi sinagòg yo. Siyifikasyon literal mo sinagòg la se “reyinyon” oswa “plas reyinyon an”. Sinagòg yo te vin tounen sant lavi ak kominote jwif la pandan yo t'ap viv nan lavil Babilòn. (Timoun yo kapab desine yon sinagòg avèk labou oswa briq, mete li nan fenèt yo, chèz yo, elatriye. Pou dekore youn nan mi salon klas la oubyen yo kapab fè yon modèl ak yon bwat katon).

Nan epòk Jezi t'ap viv la, nan nenpòt vil kote te genyen 10 oswa plis jwif ap viv, te kapab genyen yon sinagòg konstwi la. Anmezi Jezi t'ap plede vwayaje souti yon kote pou ale yon lòt kote pou anseye ak preche levanjil wayòm Bondye a, li te toujou asiste nan sinagòg yo. Sinagòg la te konstwi nan pi bon plas nan kominote a kote pou Jezi te kòmanse ministè li a egzakteman. Sèvis yo te konn ofri ladan yo a te genyen twa pati: lapriyè, lekti lalwa ak pwofèt yo, ak yon eksplikasyon Pawòl la. Se te yon koutim li te ye nan tan sa pou yo te envite kèk mèt pou vini li ak eksplike Lekriti yo. Sa te genyen anpil kesyon ak deba.

Jezi te konsidere kòm yon mèt oswa antrenè. Konsa, lè li te vizite lavil Nazarèt, kote li te fèt la, yo te mande li pou l te li ak eksplike Lekriti yo nan sinagòg la. Moun yo te pran nouvèl ke li te konn anseye ak reyalize mirak nan fè gerizon nan mitan lòt pèp yo.

Li posib ke yo te anvi wè sa Jezi te konn fè.

Jan koutim nan te ye nan epòk la, lè asistan te pase woulo ki ekri yo, Jezi te leve kanpe epi kòmanse li sa ki te ekri yo nan Ezayi.

Se te pwofesi sou Mesi yo te pwomèt la.

Lè Jezi te fin li, li te chita (anpil fwa mèt yo konn chita pou yo anseye). Apre sa, li te di bèl pawòl sa yo: “Jodi a pawòl sa akonpli nan mitan nou”.

Èske w kapab imajine w ki kalite revolasyon ki te eklate nan mitan moun sa yo? èske ti gason Jozèf sa ta kapab pase tèt li pou Sovè ki te pwomèt la? èske li te posib pou moun koute yon bagay konsa ? Moun lavil Nazarèt yo pa t pare pou aksepte yon verite konsa sou Jezi. Okontrè, deklarasyon li te fè a te twouble yo epi fè yo fache. Moun lavil Nazarèt yo te refize mesaj li a.

Jezi te di yo konsa ke si yo refize li, lòt moun pa ta fè sa. Menm jan pwofèt nan Ansyen Testaman yo te konn al pote mesaj la bay moun lòt nasyon yo lè Izrayèl te konn refize yo a, se menm jan tou Jezi te pote mesaj lavi ki pap fini an bay tout lòt nasyon yo, jwif tankou moun lòt nasyon yo.

Jwif ki te nan lavil Nazarèt yo pa t kapab kwè sa

yo t ap tande a. Menm si moun yo t ap tann Mesi ki te pwomèt la, yo t ap tann yon wa, men se pa t pitit yon bò chapant ke tout moun konnen trèbyen. Menm si moun lavil Nazarèt yo te pare pou refize li, te genyen anpil lòt ki te anvi tande l. Tout moun nan Kapenawòm te renmen tande li akòz de ansèyman li yo avèk otorite li te konn itilize l ap pale. Li te konn pale avèk otorite ke Bondye te bali. Epi kisa mesaj la te ye? Se menm sa nou dwe kwè jodi a: ke Bondye se lanmou epi ofri lavi ki pap janm fini an pou tout moun ki deside kwè nan Pitit Li a Jezikris.

Ou deja deside swiv li. E elèv yo ki nan klas ou a? Lapriyè pou ke moun sa yo ki bezwen konnen li, kapab apwoche bò kote Jezi atravè pawòl ak asyon w yo kòm antrenè klas la.

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou gide atansyon timoun yo vè verite biblik jodi a:

Bibliyotèk Nouvo Testaman

Prepare papyè bristòl pou ke chak timoun desine oswa ranje pwòp bibliyotèk yo, avèk kat non liv yo ki nan Bib la. Si yo vle, yo kapab itilize kat yo te prepare nan klas ki pase a. Montre timoun yo pwòp kat yo avèk non liv yo nan Bib la: Matye, Mak, Lik ak Jan. Di konsa: “Mo ‘Levanjil’ vle di ‘bon nouvèl’. Poukisa yo rele kat liv sa yo ‘Levanjil’ oswa ‘bon nouvèl la’?. (Levanjil yo eksplike ke bon nouvèl lavi ki pap janm fini an disponib pou tout moun atravè Jezikris, Pitit Bondye a). Anmezi n’ap pale sou chak kat pandan aktivite sa, pèmèt ke timoun yo ranje yo nan tablo a avèk adezif oswa leman.

Apre sa montre kat liv Travay yo a. Poze kesyon: “De kisa liv Travay la pale?” (Jan legliz primitiv la te kòmanse ak grandi).

Montre kat la ki genyen non lèt Pòl yo. Poze kesyon: “Èske nou sonje non moun ki te ekri yo a?” (Pòl, apot Jezikris la). “Lè Pòl te ekri yo a, kisa yo te ye?” (Lèt). “Genyen kèk nan lèt sa a yo ki te ekri pou voye bay kèk moun endividyèlman, oubyen lòt legliz. Èske nou kapab sonje sa ki te ekri pou moun ak sa ki te ekri pou legliz yo?” (Pòl te ekri depi nan Women jiska 1 ak 2 Tesalonisyen pou premye legliz yo. 1 ak 2 Timote ak Tit se te lèt pou Timote ak Tit, epi Filemon se te yon lèt ke Pòl te ekri voye bay yon nonm ki te pote non sa).

Kounye a, montre kat ki gen non Ebre, Jak, 1 ak 2 Pyè, 1, 2 ak 3 Jan ak Jid. Di konsa: “Liv sa a yo se ‘lèt jeneral’. Se pa t pou yon legliz yo te ekri espesifikman, men se pou tout kretyen yo anjeneral. Lèt ebre a te ekri pou kretyen jwif yo ki te vle abandone lafwa

yo akòz de pèsekisyon. Lèt sa ede yo kenbe fèm nan kwayans yo nan Jezi. Nou pa konnen kimoun ki te ekri an. Se frè Jezi a ki te ekri lèt Jak la. Li anseye ak ankouraje kretyen ki nan moman difisil yo. Apot Pyè te ekri 1 ak 2 Pyè. 1 Pyè anseye sou lavi kretyen. 2 Pyè bay avètisman sou fo doktè yo nan legliz la. Apot Jan te ekri, 1, 2 ak 3 Jan, epi liv Jan ak Revelasyon. 1 Jan pale sou fo doktè yo epi bay kretyen yo sekirite lavi ki pap janm fini an. 2 Jan anseye sou lanmou kretyen an.

3 Jan se yon lèt remèsiman ak ankourajman.

Se yon frè Jezi ki te ekri Jid ak non sa, epi li bay avètisman sou fo doktè yo.

Poze kesyon: “Ki liv ki dènye liv nan Bib la?” (Revelasyon). Leve kat la anlè.

Di konsa: “Liv Revelasyon an te ekri pou kretyen ki te anba pèsekisyon akòz de lafwa yo. Se yon liv pwofesi. Li dekrive aksyon ke kretyen yo te reyalize ak bagay y ap genyen pou yo fè fas anvan retou Kris la”.

Retire kat yo sou tablo a. Apre sa mete yo sou tab la, ak pati ki ekri a anba. Pèmèt elèv yo pase epi pran kat la pou ranje yo nan lòd sou tablo a. Lè tout kat yo fin ranje sou tablo a, mande elèv yo pou yo mansyone tout liv ki nan lòd kòrèk yo.

Di konsa: “Aprann non liv ki nan Bib yo Di ede nou jwenn chapit ak vèsè yo avèk fasilite. Leson Jodi a se Levanjil selon Lik. Èske sa se yon liv nan Ansyen oswa Nouvo Testaman?” (Nouvo Testaman). “Ki kote liv sa ye?” (Lik se twazyèm liv la).

“Ann koute sa Jezi di nou nan leson jodi a”.

Kòman lanmou ye ?

Pèmèt ke elèv ou yo ouvri fèy premye aktivite nan leson 3 nan liv Elèv la. Mande pou yo gade epi fè deba sou imaj ki la yo, epi kòmante sou kijan moun demontre lanmou yo. Poze kesyon: “Ki imaj ki montre lanmou Jezi pou lòt yo ?” (Tout. Jezi montre lanmou li lè li pataje manje avèk lòt yo, nan pale avèk yo epi pote timoun yo, nan geri moun ki malad yo, anseye moun yo, epi padone yo sou divès fòm. Epi li menm mande padon pou moun sa a yo ki te kloure li sou kwa Kalvè a).

Di konsa: “Fè yon kwa bò kote chak imaj ki montre yon fason ke Jezi te eksprime lanmou li pou moun yo”.

“Jezi te montre lanmou li sou divès fason.

Nou kapab aprann montre lanmou pou lòt yo pandan n ap li istwa biblik ki pale de Jezi yo. Ann gade sa li te fè nan istwa jodi a”.

ISTWA BIBLIK

Li istwa bibliik ki nan liv aktivite nan liv Elèv la, leson 3. Ou kapab divize leson yo ant plizyè timoun ki vle fè li.

Kanpe lekti a pou w poze kèk kesyon ki kout epi tankou revizyon pou w wè si yo tout swiv sa w di a. Chèche konnen si timoun yo gen kesyon.

AKTIVITE YO

Fini fraz sa yo

Di elèv ou yo konsa: “Konplete senk fraz ki nan aktivite nan liv Elèv la. Yo dwe chèche mo nan istwa bibliik la”.

Bib la di nou

Di konsa: “Ann gade kisa Bib la di osijè de konnen Bondye pèsònèlman”. Pèmèt ke timoun yo travay angwoup pou li ak konplete 5 fraz nan dènye aktivite nan leson 3 nan liv Elèv la.

Di konsa: “Pafwa gen moun ki konnen anpil bagay osijè de Bondye, men se menm bagay la paske yo pa genyen yon relasyon avèk li. Itilize Bib yo pou konnen kijan moun genyen yon relasyon pèsònèl avèk Bondye. Chèche vèsè yo epi ranje lèt yo nan lòd pou konplete fraz yo”. (Antparantèz nou bay repons ki nan liv Elèv yo pou ou).

1. Women 3 :23 ; ADMÈT ke ou te (peche). Sa vle di ke w te dezobeyi Bondye.
2. 1 Pyè 3:18; Kwè ke Bondye renmen w. Li te voye Pitit li a (Jezikris) pou mouri sou lakwa, pou w kapab jwenn padon pou peche w yo epi vin zanmi Bondye.
3. 1 Jan 1 :9; PRIYE epi (konfese) peche w yo. Di li ke w pa vle dezobeyi Li ankò. Mande li pou l padone w.
4. Efezyen 2 :8-9 ; Genyen (lafwa) ke Bondye ap akonpli pwomès li pandan l ap padone peche w yo epi fè w vin pitit li.

5. Jan 1:12; (Resevwa) Jezi kòm Sovè. Renmen Bondye epi swiv Jezi.

Lè travay la fini, di konsa: “Nou pral pase yon moman nan lapriyè. Si yon moun te aksepte Jezi kòm Sovè li, fè louwanj pou Bondye pou Pitit li a Jezikris. Si nou vle aksepte Jezi kòm Sovè nou. Lapriyè epi di Seyè a konsa ke nou repanti paske nou te dezobeyi. Mande li pou l padone nou, epi di l mèsè pou padon li. Pwomèt renmen Li ak swiv Li”.

Mande pou sa ki aksepte Jezi yo pale avèk ou apre klas la.

Memorizasyon

Sa a dwe yon moman espesyal kote ke elèv yo ap pratike vèsè pou aprann nan. Fè sa dinamik, senp ak enteresan. Fòm de ekip : ti fi ak ti gason. Premyeman, de ti gason ap pase devan pou al ekri de premye mo nan vèsè yo sou tablo a; apre sa, de ti fi ap pase devan pou vin ekri de lòt ki apre yo, epi se konsa pou li fèt jiskaske tout vèsè a fin konplete. Si yon timoun pa sonje mo yo, koup la ap soti nan jwèt la. Ekip ki fini ak plis patisipan an se li menm ki genyen. Vèsè a genyen 22 mo, li genyen vèsè bibliik la tou.

Ideyal pou fè konpetisyon!

Pou fini

Di timoun ki te aksepte Jezi yo ke w vle fè yon ti pale avèk yo e avèk paran yo tou nan menm semèn nan. Ankouraje paran yo kontinye priye ak ankouraje pitit yo a. Vizite yo pandan semèn nan epi priye pou yo. Ankouraje sa ki te deja aksepte Jezi kòm Sovè yo pou yo kontinye swiv Jezi ak fidelite avèk obeyisans. Se desizyon epi ki plis enpòtan nan lavi nou, li menm k ap fè yon enpak ki pap janm fini!

Kòm antrenè, ou dwe santi ke w se yon privilejye akoz ou se pòtè mesaj ki pi mèveye a: ki se prezante “bon nouvel” lavi ki pap janm fini an bay yon timoun. Priye pou yo epi montre yo jan w kontan pou desizyon yo te pran jodi a.



Nòt mwen yo:

Pi bon liv la oryante nou

Baz biblik: Travay 17:1-12; Jak 1:22

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo konnen ke se responsablite pèsònèl yo pou yo aprann pawòl Bondye ak obeyi li.

Vèsè pou aprann: *Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan erè, pou korije moun k'ap fè fot, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye (2 Timote 3:16).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Mesaj pawòl Bondye a enpòtan pou chak timoun ki nan primè. Sa ki pa konnen Jezi yo dwe etidye Pawòl li epi aprann siyifikasyon devlope yon relasyon pèsònèl avèk li. Epi sa yo ki deja konnen Seyè a dwe etidye li yon fason pou lafwa yo kapab grandi. Se sèlman si yo etidye Bib la y'ap kapab aprann de li.

Responsablite w kòm antrenè se prepare plan lekti istwa biblik yo. Li kapab genyen lekti enteresan ak reprezantasyon, degizman, maryonèt, jwèt, devinèt, konpetisyon, bonbon, bwason, elatriye., pou ankouraje ak efòse timoun yo fè lekti epi ranmase anpil konesans nan pawòl Bondye a. Petèt anpil nan aktivite sa a yo kapab dewoule andeyò orè klas la. Anmezi w ap foute elèv yo nan lekti ak prezantasyon istwa yo, y ap pran abitud epi konfye nan pwòp kapasite yo pou fè lekti, anplis de antre pifon nan pawòl Bondye a.

KÒMANTE BIBLIK

Dezyèm vwayaj misyonè Pòl la te genyen ladan li Masedwàn, oswa sa ki pote non kòm Nò peyi Lagrès. Pòl, Silas, Timote ak Lik te vwayaje depi lavil Filip pou rive nan lavil Tesalonik pandan yo te pase nan wout ki pote non Egnati. Gen plizyè zòn, tankou ansien Neyapolis, kote tout wout yo te vizib. Tesalonik rete nan yon distans de 67 kilomèt de Filip. Mesye yo te fè yon kanpe nan zòn Anfipolis ak Apoloni. Tesalonik se te capital Masedwàn, avèk yon popilasyon de 200,000 abitan. Ten genyen yon bon valè jwif epi te genyen yon sinagòg la tou. Se petèt sa ki te lakoz ke lojikman, Pòl te gen anvi vizite la.

Lè Pòl te kòmanse preche ak anseye nan sinagòg la, kèk jwif ak anpil grèk, e menm yon fanm pwisan te la tou, yo te aksepte verite a ke Jezi te Sovè ki te pwomèt la. Men, nan lavil Tesalonik tou te genyen lòt jwif ki pat kontan pou gwo enpak predikasyon Pòl la t'ap fè, yo menm ki te kòmanse fè revolasyon kont li ak kont

moun ki te ansanm avèk li yo. Jwif sa yo te planifye yon gwo akizasyon kont Pòl. Kòm yo pat kapab jwenn li, yo te arete Jason, mèt kay kote li te fè ladesant lan. Yon fason pou yo te lage li, Jason te oblije peye yon garanti epi asire yo ke pap gen plis pwoblèm ankò. Sa vle li ta kapab menm poze sele sou kay li a, epi li ta menm kapab antre nan prizon e menm fè fas ak lanmò.

Pòl avèk Silas te chape poul nan Tesalonik avèk sekou lòt kretyen yo epi pran wout pou Bere. Sa a se Vere modèn nan ki twouve li nan yon distans de 33 kilomèt de Tesalonik, nan pye yon mòn. Te genyen anpil fanmi jwif ki t ap viv nan Bere, te genyen yon sinagòg nan zòn sa tou. Se la Pòl te preche pawòl la, li posib ke se te nan pasaj ki nan Ezayi 53, pandan li t ap eksplike ke Jezi se Pitit Bondye a.

Moun ki t ap viv nan lavil Bere yo montre nou kijan Bondye vle pou nou reyaji fas ak pawòl Li. Se enteresan ke, menm si Pòl tou te pale de Tesalonik pandan twa jou repo, Bib la pa mansyone okenn kote yo te fè kèk etid pèsònèl. Kontrèman avèk kretyen nan lavil Bere yo ki te konn konsilte pawòl la chak jou “pou wè si bagay sa yo se te vre”, sa vle di : Si sa Pòl te preche a te verite.

Lik te karakterize moun nan lavil Bere yo kòm moun ki “plis janti” pase moun Tesalonik yo. Yo te koute Pawòl Bondye a avèk yon lespri ouvè. Yo pat genyen prejije relijye, ni lògèy. Kè yo avèk lespri yo te grangou epi pare pou resevwa Levanjil la. Se menm jan pou nou, nou dwe reyaji fas ak pawòl Bondye a menm jan.

Anmezi ke nou angaje nou avèk li pèsònèlman, gen anpil chanjman k'ap fèt nan lavi nou.

Rezilta imedyat ki te pwodwi nan lavil Bere a te pigwo pase sa nan lavil Tesalonik la, paske moun ki t'ap viv la a yo te gen anpil enterè pou yo te konnen Pawòl Bondye a.

DEVLOPMAN LESAN AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w prepare elèv ou yo epi kapte atansyon yo pou lesan jodi a.

Konpetisyon sou Nouvo Testaman

Ranje kat ki pote non liv ki nan Nouvo Testaman yo nan lòd sou tablo a. Apre sa, fè timoun yo fè pratik pandan y'ap di non liv yo. Retire kat yo epi fè yo chita. Bay chak timoun yon Bib. Di konsa: “Kounye a nou pral fè yon pari pou nou wè kilès k'ap jwenn liv ki nan Nouvo Testaman yo pi rapid nan Bib li a. M ap chwazi yon kat, m ap li non liv la epi m ap di: ‘Ya! Menm kote a byen vit w'ap chèche liv ki nan Nouvo Testaman nan Bib ou a. Lè nou jwenn li, leve kanpe byen vit menm kote a”.

Melanje kat yo avèk non liv yo, epi ranje yo sou tab la fas anba. Chwazi yon kat epi li non an byen fò. Di yo pou yo chèche byen vit liv sa nan Bib yo a. Lè yo jwenn premye paj liv sa, yo dwe leve kanpe. Ou kapab chwazi yon sekretè ki pou obsève konbyen timoun ki te patisipe,

epi kilès ki te genyen (si se te ti gason oswa ti fi yo).

Di konsa: “Mwen fè nou konpliman paske nou te aprann liv Nouvo Testaman yo. Sa ap ede nou etidye ak aprann pawòl Bondye a. Istwa Jodi a pale nou osijè de kèk moun nan Nouvo Testaman. N ap jwenn yo nan liv Travay apot yo. Ki kalite liv li ye?” (Rakonte yon istwa). “Ki istwa liv Travay la genyen ladan li?” (Istwa legliz primitiv la). “Tande sa ki te pase nan istwa jodi a”.

Kisa ki manke?

Anvan klas la kòmanse, chèche oswa achte yon jwèt devinèt epi yon modèl machin oswa avyon plastik oubyen anbwa pou monte. Retire epi sere enstriksyon pou monte machin oswa avyon an avèk imaj ki pral fòme lè devinèt la fin acheve a (se asire ke l’ap nan kouvèti a, kidonk si se konsa, sere li).

Chèche youn ki senp epi ki pa gen anpil pyès.

Ranje pyès jwèt devinèt yo sou yon tab nan klas la. Pèmèt ke elèv yo obsève yo. Poze kesyon: “Èske genyen kèk nan nou ki konnen kisa sa ap devni lè jwèt devinèt sa fin monte kòrèkteman?” Fè menm bagay la avèk pyès machin oubyen avyon an. Mete yo sou tab la, lè w fin retire enstriksyon ki montre kijan pou yo monte li. Bay tan pou ke elèv yo kapab byen obsève epi eseye dekouvri kisa li ye.

Oryante yo pou y al gade premye paj aktivite nan leson 4 nan liv Elèv la.

Di konsa: “Si nou vle fè yon konparèt, yo dwe itilize engredyan sa yo”. Apre sa, pèmèt yo obsève imaj jwèt devinèt la, pa pyès modèl machin oubyen avyon an, ak pa engredyan pou konparèt la. Mande yo: “Kisa ki manke nan twa bagay sa yo?” (Enstriksyon pou ranje modèl machin oubyen avyon an, resèt la, ak foto jwèt devinèt la). “Poukisa resèt la enpòtan pou fè konparèt la?” (li enposib pou li fèt san enstriksyon yo).

“Poukisa li enpòtan pou nou genyen foto final la pou monte jwèt devinèt la ak enstriksyon yo pou monte modèl machin oubyen avyon an? (Nou pa konnen ki figi oubyen objè pou nou monte a san enstriksyon oswa foto yo).

Poze kesyon: “Nan kisa Bib la sanble ak yon liv resèt oswa entriksyon pou lavi?” (Bib la ede nou konnen kijan Bondye vle pou nou viv) Li ede nou konnen tou kòman pou nou renmen Bondye epi aksepte li kòm Sovè nou).

Poze kesyon: “Kisa ki ta pase si w gen resèt la pou w fè konparèt la epi ou pa swiv enstriksyon yo?” (W ap echwe epi li pap gen bon gou). “Èske w kwè ke li enpòtan pou w tandè vwa Bondye?” (Kite yo reponn epi pou yo di poukisa) “Ann gade sa kèk moun te fè nan Nouvo Testaman lè Pòl te li Pawòl Bondye devan yo”.

ISTWA BIBLIK

Mande pou twa ti fi ak twa ti gason li istwa bibliik Pòl avèk Silas nan liv Elèv la. Chèche istwa nan Bib

la oumenm; timoun yo ap rann yo kont ke istwa soti andedan Bib la menm. Chèche konnen si yo gen kesyon, oswa eksplike si genyen detay difisil pou timoun yo.

AKTIVITE YO

Rechèch Bere a

Se pou elèv yo li istwa Bere a nan Bib yo a. Di yo pou yo reponn kesyon 1, epi apre sa pou yo swiv enstriksyon aktivite sa ki gen pou wè avèk leson 4 nan liv Elèv la, pou ke tout tiwa yo kontinye avanse.

Kite elèv yo kontinye li istwa ak vitès yo kapab. Si yo bezwen sekou, ou kapab oryante yo. Yo tout dwe reponn kesyon rive jous nan tiwa nimewo 23.

Di konsa: “Nou dwe tankou moun Bere yo. Lè yon moun anseye nou sa ki nan Bib la, nou dwe koute li epi li vèsè bibliik yo pou nou ka aprann plis”.

Ajoute: “Si yon moun di yon bagay osijè de Bib la ke nou pa konprann, kisa nou kapab fè?” (Poze kesyon, li vèsè a ankò).

“Kimoun ki kapab ede w etidye Bib la?” (Paran, antrenè, pastè, zanmi ak Bondye). “Kòman Bondye kapab ede w etidye Bib la?” (Nan lapriye, lè w mande li pou li ede w konprann sa w li a). “Bib la se yon gwo zouti ke Bondye bannou. Men si nou pa itilize li, li pap kapab ede nou”.

Aprann Pawòl Bondye a

Pèmèt ke yon volontè li enstriksyon yo nan dènye aktivite nan leson 4 nan liv Elèv la. Di konsa: “Pawòl Bondye di nou nan Jak 1 :22 ke nou pa dwe sèlman li Bib la, men tou nou dwe pete li anpratik, sa vle di : fè sa ke li di nou. Nan ki fason nou kapab fè li?” (Kite elèv yo reponn). Oryante yo pou yo konplete aktivite sa, relye chak fraz ak parèy yo. Lè yo fini, mande pou kèk volontè li fraz yo. Lè yo fini yo dwe make avèk yon zetwal sa yo pral mete anpratik pandan semèn nan.

Mande yo: “Ki fraz nou te make avèk yon zetwal? Sa vle di ke nou dwe di sa pandan semèn sa”.

Memorizasyon

Nan nivo sa, elèv yo ap deja konnen vèsè inite a. òganize yon konpetisyon ant: fi avèk gason, ekip melanje, plizyè ti gwoup oubyen kous endividyèl pou wè kilès ki konnen vèsè a de memwa. Fè sa vin yon moman ki enteresan ak dinamik pou sonje ak pratike vèsè inite a.

Pou fini

Priye ansanm. Mande pou kèk volontè priye epi di Seyè a mèsi pou Pawòl li.

Se pou nou tout kapab renmen li ak etidye Pawòl la. Envite timoun yo vin patisipe nan pwochen klas la, kote yon nouvo inite pral kòmanse.

Mete fen pandan n ap chante yon kantik oubyen yon kè ki pale de pawòl Bondye a.

Ane 3

Entwodiksyon—Inite II

MESAJE BONDYE YO

Baz bibliik: Ezayi 6:1-13; Jeremi 18:1-12; Ezekeyèl 18:1-4, 19-24; Amòs 8:1-8

Tèks inite a: *Sèl bagay mwen te mande yo, se pou yo te koute m' lè m'ap pale ak yo. Konsa m'a toujou Bondye yo. Yo menm y'a pèp mwen. Mwen te di pou yo te swiv chemen mwen t'ap mete devan yo, pou tout bagay te ka mache byen pou yo (Jeremi 7:23).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Konprann responsablite pwofèt yo avèk metòd yo te konn anplwaye pou yo pwoklame mesaj Bondye a bay pèp la.
- Konnen mesaj kèk nan pwofèt yo.
- Avèti enpòtans ke mesaj pwofèt yo genyen pou moun k ap viv nan tan kounye a.
- Obeyi ansèyman pwofèt yo.
- Mande Bondye pou li ede yo delivre mesaj la bay lòt moun.

Leson inite a

Leson 5: Ezayi

Leson 6: Jeremi

Leson 7: Ezekeyèl

Leson 8: Amòs

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Nan mòn Sinayi Bondye te fè yon alyans avèk pèp li a. Atravè alyans sa, pèp la ta pran desizyon pou renmen ak adore sèlman li menm. Epi tou yo ta dwe sèvi ak pwochen yo avèk lanmou e respè.

Pwofèt yo te la pou avèti pèp la lè yo t'ap vyole alyans yo te fè ak Bondye. Menm si li fè tout sa li vle, Li kite moun yo pran pwòp desizyon yo. Pèp la te deside adore zidòl nan vwazinay yo, kòm yon pati nan pratik adorasyon yo. Bondye te aji atravè pwofèt yo pou li te avèti pèp li a ke yo te dwe sipann fè sa epi mete Li nan premye plas nan lavi yo.

Izrayelit yo te gen abitud akize jenerasyon ki pase yo pou erè yo te komèt. Men Bondye te avèti yo ke yo chak te responsab pwòp zak ak peche yo. Pèp la te koute avètiman, men li pa t obeyi Bondye. Kòm konsekans, pwofèt yo te pote mesaj jijman ak kondanasyon. Timoun primè yo pral aprann nan leson sa kijan moun dwe reyaji fas ak Bondye e mesaj li. Sa ap raple yo ke yo dwe mete Bondye nan premye plas la, epi montre lanmou ak respè pou frè parèy yo. Li enpòtan pou yo konnen ke yo pa dwe rann lòt moun koupab pou erè yo menm yo komèt. Yo chak responsab devan Bondye. Avètisman yo demontre pasyans Seyè a genyen, mizèrikòd li, epi volonte pou kalme kolè li lè moun nan repanti. Itilize inite sa pou timoun yo evalue relasyon yo avèk Bondye.

Ezayi

Baz bibliik: Ezayi 6:1-13

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke menm jan Bondye te rele pwofèt yo pou bay pèp la mesaj la, yo dwe fè sa avèk moun ki nan antouraj yo tou.

Vèsè pou aprann: *Sèl bagay mwen te mande yo, se pou yo te koute m' lè m'ap pale ak yo. Konsa m'ap toujou Bondye yo. Yo menm y'a pèp mwen. Mwen te di pou yo te swiv chemen mwen t'ap mete devan yo, pou tout bagay te ka mache byen pou yo (Jeremi 7:23).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Premye ane adolesans yo pote anpil chanjman. Espesyalman ti mesye yo ap eseye elwanye akolad ak siyal afeksyon nan mitan foul moun. Yo lite pou yo santi gen moun ki renmen yo epi montre afeksyon devan zanmi yo. Li enpòtan pou timoun primè yo konnen ke Bondye renmen yo. Li toujou jwenn fason pou li eksprime lanmou li ak sa li swete pou yo.

Yon fason ke Bondye te itilize pou pale avèk pèp Izrayèl la se te atravè pwofèt yo.

Anmezi ke timoun yo ap etidye lavi Ezayi, y ap aprann osijè de lanmou Bondye, sentete li avèk nesite yo genyen pou yo resevwa padon pou peche yo. Li bon pou yo konnen ke Ezayi te santi li san enpòtans ak san okenn valè lè li te nan prezans Seyè a.

Bondye te tandè rèl li epi netwaye li de tout peche li yo. Apre sa li te rele li kòm moun ki ta pote mesaj Bondye a bay pèp Jida. Repons Ezayi fas ak Bondye a te rapid epi pozitif.

Rèv nou se pou timoun primè yo devlope menm anvi sa. Li enpòtan pou yo konnen ke jodi a, mond lan anvi tandè mesaj lanmou ak padon Bondye a. Priye pou rezilta leson sa, pou ke timoun yo kapab transmèt mesaj sa bay lòt yo; pèmèt ke li pran feblès yo epi bay yo resous espiritiyèl pou yo vin “megafòn Bondye” nan mond lan jodi a.

KÒMANTÈ BIBLIK

Ezayi se te pwofèt nan lavil Jerizalèm nan lane 740-700 Anvan Kris. Pandan ministè li, nan divès okazyon li te avèti moun li yo ke Jerizalèm-ak Jida- ta tonbe anba jijman akòz de feblès yo.

Eksperyans Ezayi a se te vizyon tanp Bondye a (Ezayi 6). Vizyon an te defini epi demontre byen klè travay li t ap reyalize a.

Istwa sa ki byen koni an te kòmanse avèk yon “vizyon mèveye”, li te kontinye avèk akseptasyon feblès li, epi li te fini lè li te pare pou yo te voye li.

Yon vizyon mèveye

Istwa Ezayi a te kòmanse ak yon vizyon ki te soti

nan twòn Bondye a. Prezans Bondye te ranpli sal la. Epi bèt vivan ki t ap louwe Bondye yo t ap repete: “Sen, Sen, Sen” (v.3). Atravè Labib, repetisyon an make enpòtans ak entansite yon verite. Repetisyon mo “Sen” revele yon gwo konpreyansyon Bondye, epi li konsidere ke tout eksperyans relijye lòm.

Akseptasyon feblès li

Nan prezans Bondye ki Sen an, Ezayi te pran konsyans de vye tikras valè ke li te genyen ak tikras valè ke pèp kote li te soti a te genyen. Li te refize lide ke li ta kapab fè kèk bagay pou Bondye. Men li pa t sèl moun ki te panse konsa, gen lòt ankò tankou, Moyiz, Jedeyon, Jeremi, ak Ezekyèl, nan kòmansman yo te reziste ak apèl Bondye a.

Rezistans fas ak apèl la pa gen anyen pou wè avèk pèsonalite endividi a men se pito paske li twouve li fas ak prezans Bondye, yo te kwè ke pawòl li yo te genyen yon pouvwa ekstraòdinè.

Sa a yo se ekspresyon lòm osijè de pawòl Bondye a epi sa yo te eksprime a chanje kous evènman yo. Ki plis bagay ki kapab entimide mesaj a?

Pare pou yo voye li

Youn nan bèt vivan yo ki te nan alantou twòn Bondye a te ede Ezayi soti nan dout li a. Yon cheriben te pran yon chabon dife tou limen sou lotèl la epi touche bouch Ezayi. Olye de blese li pou li pa t pale, aksyon sa te retire tò li a epi efase peche l' la (v.7). Atravè ensidan sa a, Ezayi te resevwa netwayaj ak pirifikasyon. Sa te rann li kalifye pou li te reyalize devwa Bondye te genyen pou li a.

Netwaye epi prepare, Ezayi te kapab reponn ak apèl Bondye lè li t'ap di li: “Men mwen, ou mèt voye m” (v.8).

Liv Ezayi a se yon liv ki toujou rete enpòtan pou tout kretyen nan tout jenerasyon. Nan kouvri tèm tankou: pran nesans de yon fanm ki vyèj, Sèvitè ki nan soufrans lan, ak Sovè a, ede kretyen yo eksprime lafwa yo nan Jezi. Gen kèk save nan legliz la ki konkli pou di ke, ansanm avèk kat levanjil yo, Ezayi se “levanjil” genyen ansèyman total pou lafwa kretyen an.

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa a yo pou w kapte atansyon timoun primè epi antre pifon nan leson jodi a:

Moman kominikasyon

Mande timoun primè yo pou yo idantifye fòm kominikasyon ke premye paj aktivite nan leson 5, nan liv Elèv la montre a. Mande yo pou yo fè yon koup avèk kamarad ki chita toupren yo a. Bay chak koup youn oswa plis kesyon.

Lè elèv yo fini, mande yo pou yo kòmante repons yo a bay rès klas la.

- Kisa kominikasyon an ye? (pale, pataje lide avèk lòt moun, koute sa lòt moun di nou).
- Pou ki rezon nou kominike? (Nou anvi konekte avèk lòt moun epi manifeste panse ak santiman nou yo).

- Avèk kilès nou plis konn kominike? (Zanmi, fanmi, antrenè, Bondye).
- Ki kalite enfòmasyon nou fè lòt yo resevwa ? (lide, kwayans, santiman, opsyon, emosyon, elatriye.).
- Ki entelijans nou itilize pou nou kominike? (Panse, pale, koute, langaj, reponn).

Lè deba fini, poze kesyon: “nan ki fòm Bondye kominike avèk nou ?” (Atravè Bib la, pa mwayen lapriyè, atravè minis ak antrenè yo).

Jodi a nou pral pale de kijan Bondye te konn pale avèk pèp li a nan peryòd Ansyen Testaman. Sa ap fè nou konnen ke nou responsab pou nou kominike mesaj lanmou Bondye a bay zanmi nou yo, vwazen ak manm nan fanmi nou yo. Nou pa genyen eskiz pou nou pa pale avèk lòt yo osijè de Seyè a.

Tablo: Mesaje Bondye

W’ap bezwen yon gwo fèy papye bristòl oubyen papye afich pou anvlope tablo a, lakòl, papye bristòl, kreyon koulè oswa kreyon senp, makè ak sizò.

Di konsa: “Youn nan bagay ki plis enpòtan nan inite sa seke Bondye rele nou pou nou vin mesaje li, pòt vwa li, jan li te fè sa avèk pwofèt Ezayi, Jeremi, Ezezyèl ak Amòs”.

Desine oswa koupe imaj yon pwofèt avèk bònèt epi bab li pou w kole li sou tablo a (ou kapab desine sèlman arebò yo). Mande timoun yo pou yo desine epi/oswa koupe ak kole diferan mwayen kominikasyon: siyal lafimen, yon pijon mesaje, yon megafòn, yon telefòn, yon telefòn selilè, yon òdinatè, yon lèt, yon predikatè, yon cheval (li te konn itilize nan tan lontan pou pote mesaj), yon bisiklèt, yon motosiklèt ak yon kamyon (li te konn itilize pou distribye kòrespondans), elatriye. Sa se yon aktivite senp epi enteresan pou timoun yo).

Ou kapab eksplike yo ke te genyen epi genyen mwayen kominikasyon ki te zouti pou anonse mesaj Bondye a. Li posib pou kèk timoun piti pa konnen ansien siyal lafimen an, pijon mesaje, oswa cheval yo te itilize yo kòm mwayen kominikasyon ak pwofèt ki te kanpe pou pale/anonse mesaj Sali a bay pèp pechè a.

Epi menm jan ak pwofèt yo, nou responsab pou nou kominike mesaj lanmou Bondye a bay zanmi, vwazen ak manm nan fanmi nou yo. Nou pa genyen eskiz pou nou pa pale avèk lòt yo osijè de Seyè a.

Èske w konnen kèk bagay osijè de Ezayi?

Ankouraje timoun primè yo rakonte sa yo konnen osijè de Ezayi. Fè yon lis nan tablo a. Apre sa, mansyone kèk liv kòm referans pou wè konbyen bagay nouvo yo kapab jwenn sou Ezayi. Remèt yo diksyonè bibliik, ansiklopedi bibliik, liv etid sou Ezayi, elatriye. Mande pou elèv yo leve men yo anmezi y ap jwenn enfòmasyon ki tounèf. Kontinye ajoute plis enfòmasyon sou sa ki deja ekri sou tablo a.

Di konsa: “Jodi a nou pral etidye yon moman espesifik nan lavi Ezayi: apèl li nan ministè a”.

ISTWA BIBLIK

“Men mwen, Men mwen! Voye mwen!”

Fè yo ouvè liv Elèv la nan (leson 5), kote yo rakonte istwa jodi a. Menm nan ekri sou fòm dram, pou reprezante oubyen pou yo li. Pou rezon sa, w ap bezwen senk volontè, ki pou reprezante pèsonaj sa a yo: Rakontè, Ezayi, cheriben 1, cheriben 2, Bondye.

Y’ap kòmanse lè w fè yo siy, epi yo chak dwe li pati ki pou yo a, selon jan sa ekri nan dram nan.

Lè lekti a fini, genyen yon kantite pwèn enterè ki dwe diskite epi repase istwa a. Eseye fè tout timoun yo patisipe nan diskisyon an.

AKTIVITE YO

Kòman zòrèy ou yo ye?

Di konsa: “Bondye te pale avèk Ezayi atravè yon vizyon, epi li de vle pou li te transmèt mesaj la bay pèp li a. Koute a se yon aspè ki enpòtan anpil nan kominikasyon. Ezayi te dwe gen volonte pou koute Bondye.

Kòman zòrèy ou yo ap fonksyone? Èske w se yon moun ki konn koute?” Pèmèt ke timoun primè yo kalifye tèt yo konsa pandan y ap sèvi ak kesyon ki nan fèy aktivite yo, nan leson 5 nan liv Elèv la. Kòmanse li pati ki genyen pwèn an. Apre sa bay tan pou yo panse ak kesyon yo, epi chwazi opsyon ke yo plis idantifye yo a, jouskaske aktivite a fini. Lè yo fini, di konsa: “èske nou pare pou nou koute vwa Bondye? Kisa nou kapab fè pou nou koute vwa Bondye pibyen pandan semen sa?”

Fè aktivite sa tounen yon pwogram kote ke timoun yo kapab pran angajman pou bay enfòmasyon. Mande elèv yo pou yo ekri anba fèy la yon bagay ke yo kapab fè pou ranfòse kominikasyon yo avèk Bondye. Pa egzanp: elèv ki konn li Bib la pafwa kapab pwomèt pou li l’ twa fwa pa semèn. Sa yo ki sèlman kon priye lè yo nan kouri, ap kapab pran angajman pou yo lapriyè souvan. Pa bliye mande yo nan semèn k ap vini an si li te posib pou yo te akonpli pwomès yo a.

Memorizasyon

Vèsè a genyen 28 mo, nimewo a ladan li tou. Ekri li nan ti moso papye epi distribye yo bay elèv yo. Yo dwe aprann vèsè a pou semèn k ap vini an epi yo dwe montre fanmi yo li. Ankouraje yo etidye li avèk kèk manm nan fanmi yo (papa, manman, frè, gran papa, tonton, elatriye.). Pou pwochen klas la elèv la dwe envite fanmi li nan klas la epi yo tou de dwe resite vèsè a de memwa. Si yo fè sa epi yo mennen fanmi an vini nan klas la, y’ap resevwa yon prim espesyal. (Se yon bon opòtinite pou bay moun ki vin vizite yo yon Bib oswa Nouvo Testaman kòm kado epi envite yo nan pwochen reyinyon yo).

Pou fini

Fè moman sa tounen yon moman byen enpòtan, espesyalman si gen vizitè ki vini nan klas ou a. Priye pou yo, epi pou mesaj ke Bondye vle bannou yo. Priye mande Bondye pou timoun yo yon fason pou yo kapab toujou pare pou koute vwa Bondye.

Jeremi

Baz biblik: Jeremi 18:1-2

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann siyifikasyon otorite Bondye. Se pou yo konnen ke li pèmèt yo chwazi, men se yo menm ki responsab pwòp chwa yo fè yo.

Vèsè pou aprann: *Sèl bagay mwen te mande yo, se pou yo te koute m' lè m'ap pale ak yo. Konsa m'a toujou Bondye yo. Yo menm y'a pèp mwen. Mwen te di pou yo te swiv chemen mwen t'ap mete devan yo, pou tout bagay te ka mache byen pou yo (Jeremi 7:23).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

“Jan mwen ta renmen wè tèt mwen tounen yon sous dlo, de je m' yo tounen de fontenn k'ap bay dlo, pou m' kriye lajounen kou lannwit, pou moun yo touye nan pèp mwen an!” (Jeremi 9:1).

Pwofèt Jeremi te genyen yon karaktè espesyal.

Ansyen Testaman fè nou konnen pèsonalite pwofèt la plis pase nenpòt lòt sous enfòmasyon. Nan anpil vèsè nan liv li a li dekrive kòm “pwofèt kriyadò”. Youn ki pi klè se 9 :1.

Youn nan pigwo tristès pwofèt la se wè jan konpatriyòt li yo t ap detwi. Wòl li se te anonse defayans ak destriksyon nasyon an.

Ki lòt wòl tris yon pwofèt ka genyen pou li jwe?

Ministè biblik Jeremi an te pran nesans egzaktman avèk dènje jou wayòm Jida a. Pandan gouvènman dènje wa a yo, pwofèt la te mande yo pou yo te repanti, sove nasyon an epi repare echèk yo a. Devan je li ki te plen dlo, Jerizalèm te detwi epi Jida te ale nan esklavaj nan lane 587 Anvan Kris.

Pwofesi bòs k ap fè krich la

Pandan men Seyè a te sou Jeremi, li te reyalize yon vizit lakay bòs k'ap fè krich la pou wè kijan li t'ap travay. “Depi krich li t'ap fè a pa t' soti byen, li kraze l', li pran tè a, li fè yon lòt krich avè l' jan li te vle fè l' la” (18:4). Istwa sa se te kè mesaj ke Bondye te vle Jeremi anonse.

Kisa ki te sant mesaj la?

Gen kèk moun ki di ke se yon imaj esperans. Lè krich la pèdi fòm li nan men bòs la, li vin bay li fòm ke li vle a. Nan menm fason an, Bondye ta travay avèk Izrayèl, pandan li t ap bay li non nouvo fòm, rann li san defo, san fot, jiskaski li te refleto vrè objektif Bondye a.

Gen lòt moun ki di ke sa se yon imaj ki montre kontwòl total Bondye. Li fè tout sa li vle avèk moun, san moun sa a yo pa kapab di anyen. Se nan objektif sa a, mesaj bòs k'ap fè krich la se yon mesaj jijman.

Demonstrasyon sa osijè de travay bòs k'ap fè krich

la refleto gwo pouvwa ke Bondye genyen. Se yon istwa relasyon youn ak lòt ki egziste an Bondye avèk pèp li a. Aksyon ki montre kote li pa detwi krich la, pou li fè li ankò a, montre ke Bondye kapab chanje lide fas ak katastwòf oswa sityasyon pozitif, toudepann de kijan nasyon an aji.

KÒMANTÈ BIBLIK

Panse ak tout vèsò nou itilize pou nou bwè: Vè kristal, an vit, tas pòslèn chinwa, an aliminyòm, an lat epi plastik. Yo tout se vèsò ki diferan; yo parèt epi santi diferan, deja pou yo fè yo, se plizyè materyèl diferan ki itilize. Men malgre sa, yo tout reyalize menm fonksyon: yo pèmèt nou kenbe yo epi bwè divès likid.

Istwa bòs k ap fè krich la avèk sistèm travay la fè nou sonje kijan nou menm kretyen nou san parèy epi diferan. Men malgre sa, nou genyen yon bagay ki sanble: nou resevwa ak bay lanmou Kris la. Bòs la te fòm nou pou nou kapab reyalize misyon li a. Pwoblèm nan kòmanse se lè nou pèmèt ke gen bagay diferan de sa li te planifye pou nou yo chanje lavi nou.

Nan tan n ap viv la, genyen anpil enfluyans k ap chanje epi transfòm lavi timoun nou yo. Yo resevwa pousad ak rale nan plizyè direksyon diferan. Ki enfluyans k ap bay bon rezilta epi k ap tranfòm lavi yo? Kesyon sa pwopoze nou tèm ki plis enpòtan nan leson nou an jodi a. Priye pou ke kè ak lespri timoun primè yo kapab sansib fas avèk men Mèt la ki se Bòs k ap fè krich la, li menm ki vle fabrike nou jouskaski li transfòm nou, kòm wè ki bon pou sèvi pou wayòm li.

DEVLOPMAN LESON AN

Aksyon yo vini avèk konsekans yo

Ekri sou tablo a: “Ti desizyon” ak “Gwo desizyon yo”.

Separe yo avèk yon liy vètikal. Di konsa: “Nou tout toujou pran desizyon chak jou. Genyen kèk ki piti, yo pa genyen konsekans. Gen anpil lòt ki enpòtan epi apre yon tan y ap gen konsekans”. Mande timoun yo pou yo mansyone kèk ti desizyon ak gwo desizyon yo te pran diran semèn nan. Make yo sou tablo a.

Apre w fin ekri yo chak, pale avèk yo sou enpòtans ke desizyon sa yo pote. Pa egzanp: Manje chokola oswa bwè anpil bwason ki genyen gaz. Li posib ke jodi a se pa yon desizyon ki gen gwo enpòtans, men pi devan l'ap bay pwoblèm sante, tankou kari nan dan yo oubyen dan pouri.

Eksplike timoun yo ke tout desizyon yo gen kèk konsekans. Istwa jodi a montre nou sa ki te pase yon pèp ki te deside dezobeyi Bondye.

Dezobeyisans lan pote gwo konsekans, se pa sèlman nan lavi sa, men tou pou letènite.

ISTWA BIBLIK

Journal “Pwofesi a”

Leson nimewo 6 ki nan liv Elèv la, genyen yon atik

kote Jeremi bay yon enfòmasyon. Mande pou yon volontè li l.

Anons lan pote tit: “Yon pwofèt aprann yon leson de yon bòs k ap fè krich”.

Lè w fin analize lekti a, poze kesyon: “Pou ki rezon Jeremi te ale lakay bòs k ap fè krich la ?” (Bondye te mande l sa), “Kisa Jeremi te wè lè li te rive lakay bòs la ?” (Li te wè bòs la k ap fè yon krich ki te kraze nan men li, epi se konsa bòs la te fin kraze l nèt pou li te fè youn tounèf) “Kisa Bondye te vle di l ap fè Izrayèl?” (Si yo pa t obeyi, li ta fòse yo rekòmanse, menm jan bòs la te fè avèk krich la). “Pou ki rezon li ta fè yo sa ?” (Paske se pechè yo te ye epi pat vle obeyi li. Bondye te tèlman renmen yo li te menm vle korije sa ki mal) “Kisa Bondye te di Jeremi ke li te dwe transmèt bay pèp Izrayèl la ?” (“M ap kite gwo destriksyon pase nan mitan nou, se poutèt sa, repanti de peche nou yo”), “Kisa pèp la te genyen kòm repons ?” (Bondye di ke yo pap koute). “Avèk sa nan tèt yo, kisa nou panse ki ta pase izrayelit yo ?” (Bondye te pini yo. Jerizalèm te detwi epi pifò moun te ale nan esklavaj nan peyi Babilòn). “Pou ki rezon nou kwè ke Bondye te vle pou Izrayelit yo te obeyi Li?” (Bondye renmen tout moun epi vle sa ki bon pou nou).

Izrayelit yo te mal konpòte yo epi yo te menm konn ajì mal youn ak lòt. Epi avèk letan yo te menm rive detwi pwòp tèt yo. Se poutèt sa Bondye te mete yon fren ak feblès yo a. Sa te pèmèt ke moun sa a yo ki te rete fidèl ak Bondye, ta kapab rekòmanse azewo.

AKTIVITE YO

Si w te wa, kisa w t'ap fè?

Pèmèt timoun primè yo swiv enstriksyon premye aktivite leson 6 nan liv Elèv la. Andedan chak vè yo dwe ekri kisa yo t'ap fè si yo te gen kontwòl mond lan totalman. Genyen kèk nan yo ki ta: “bay moun ki grangou yo manje”, “geri moun ki malad yo”, “asire m ke tout moun gen yon bon kote pou yo rete”, elatriye. Apre yo fin ekri yo nan mitan vè yo, yo kapab pase kreyon desen ladan yo.

Di konsa: “Jodi a nou pral pale de yon moun ki gen kontwòl mond lan totalman. Ann gade pou ki rezon Bondye tèlman enpòtan”.

Reflechi!

Lè aktivite vè yo fini, mande elèv yo pou yo panse avèk sa yo te ekri yo, apre sa, yo dwe kòmante repons yo te ekri yo ant yo menm e antrenè klas la sou kesyon ki nan fèy aktivite bòs la avèk krich la.

Bòs k'ap fè krich la (repons)

1. Bondye avèk bòs la se kreyatè ; yo tou de genyen pouvwa ak otorite sou kreyasyon yo a ; yo tou de chèche bay kreyasyon yo a mòd pou krich yo a kapab byen fèt.
2. Vanyan lè li fè krich la; atriste si li dwe kraze li.
3. Mwen gen pouvwa pou m fè li, mwen kapab fè li ; men mwen santi m anpil tristès paske mwen renmen vèsò mwen te kreye a.

Krich la (repons)

1. Nou tou de se kreyasyon; se Bondye ki gen tout pouvwa a k ap dirije nou; nou fèb pou korije.
2. Nou kapab chwazi obeyi oswa dezobeyi Bondye ; nou kapab deside kòman n ap pran fen.
3. Yo te dezobeyisan devan Bondye, se poutèt sa Li te pare pou l te detwi sa a yo ki te fè sa ki mal. Epi rekòmanse avèk moun sa a yo ki te fè byen.

Poze kesyon: “Nan ki fason nou kapab obeyi Bondye, Kreyatè nou an? Nou kapab obeyi pawòl li; pale avèk li atravè lapriyè; adore ak fè volonte li.

Memorizasyon

Ekri tèks la nan tablo a epi repete li ansanm avèk timoun primè yo plizyè fwa.

Depi anvan klas la kòmanse, ekri vèsè pou aprann nan nan plizyè kat, chak mo dwe separe. Sere yo nan divès plas nan sal la. Mande elèv yo pou y al chèche yo. Lè yo resi jwenn yo, mande yo pou yo ranje yo youn bò kote lòt yon fason pou yo fòme vèsè a kòrèkteman. Apre sa, fè yo resite li de memwa. Sa ki déjà konnen l lan, lè leson an fini l ap kapab soti nan sal la avan.

Pou fini

Li posib pou leson jodi a touche kè elèv yo. Si jouskaprezan gen kèk ki poko aksepte Jezi kòm Sovè, sa se opòtinite pou yo remèt kè yo epi konfese peche yo.

Di konsa: “Bondye vle pou nou renmen li epi kite li vin Seyè lavi nou. Petèt gen kèk pami nou ki poko janm remèt li lavi nou, epi vle fè sa jodi a pou yon premye fwa. Gen kèk petèt ki vle konsakre lavi li bay Seyè a”.

Chèche yon moun ki pou mennen timoun sa yo yon kote apa pou lapriyè, oswa ou menm ou kapab fè li pandan yon sipleyan rete avèk rès klas la pou ou. Kite yon ti tan lib pou yo priye ansilans. Apre sa, fè yo fè yon lapriyè konfesyon. Li kapab: “Seyè, fè lavi timoun sa a yo fasil pou domine, menm jan bòs k ap fè krich la te domine krich li a. Retire move jan ki kapab fè yo pa yon vèsò itil pou ou. Padone peche yo. Domine lavi yo yon fason ke yo kapab vin itil pou fè lonè ak glwa ou. Amèn”.

Klas sa kapab espesyal pou yo tout. Mande paran oswa manm nan fanmi ki te vini ak timoun yo pou yo pase devan epi resite vèsè biblik la ansanm. Prepare bonbon ak yon ti ji pou w ofri timoun ki te envite yon manm nan fanmi yo vin di vèsè a ansanm avèk yo.

Si w te prepare Bib oswa Nouvo Testaman pou w fè paran oswa manm nan fanmi yo, sa se yon bon moman pou w fè li. Fè paran ki te vini yo konpliman. Di yo ke tout klas la kontan rekonèt yo. Envite yo retounen ankò nenpòt lè yo vle epi remèt yon envitasyon ki genyen orè sèvis yo. Si li posib, fè pastè a avèk lidè lekòl dominikal la wè yo.

Èske w konnen?, ou te chwazi yon bon fason wi pou w rekonèt paran yo epi fè evanjelizasyon. Konpliman, retounen fè l ankò chak fwa li posib nan ane a!

Ezekyèl

Baz biblik: Ezekyèl 18:1-4; 19-24

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke yo responsab devan Bondye pou aksyon yo, epi pou yo konprann enpòtans admèt peche yo devan li.

Vèsè pou aprann: *Sèl bagay mwen te mande yo, se pou yo te koute m' lè m'ap pale ak yo. Konsa m'a toujou Bondye yo. Yo menm y'a pèp mwen. Mwen te di pou yo te swiv chemen mwen t'ap mete devan yo, pou tout bagay te ka mache byen pou yo (Jeremi 7:23).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

“Malen an pouse m fè tèl ou ki bagay!” Se yon fraz ki kapab fè nou ri. Men nou konnen byen ke se nati lòm nan ki lakoz nou toujou ap prezante eskiz epi chape poul nou devan responsablite pou nou admèt mal nou te komèt. Tout moun vle evite pinisyon ak konsekans aksyon yo komèt yo.

Se sa ki fè li fasil pou akize lòt moun, e menm Satan ladan li. Sepandan tout moun konnen byen ke pou aksyon nou yo, nou pa dwe bay pèsòn lòt pote chay la, sa se koze pa nou.

Nan leson jodi a timoun primè yo pral aprann ke sa ki kòrèk la se pran responsablite aksyon yo komèt yo, malgre konsekans yo. Kòm rezilta leson sa, y ap aprann ke yo pap kapab rann paran yo koupab, frè, zansèt, oubyen kamarad yo pou pwòp peche yo. Nou tout fè fas ak konsekans ki soti nan desizyon nou yo, men chak moun se responsab devan Bondye dirèkteman pou chwa yo fè.

Anpil fwa, yo konn akize timoun piti yo pou gremesi epi pini yo pou move aksyon lòt yo te komèt. Epi li posib ke anpil fwa yo konn pa kapab demontre inosans yo. Se sa ki fè, se pou nou montre yon atitud ki gen konpasyon fas ak sa a yo k'ap eksperimente sitiyasyon konsa, epi ede yo reponn avèk gras e padon devan sa ki lakoz mal la.

KÒMANTÈ BIBLIK

Pwofèt la

Menm jan avèk Jeremi, Ezekyèl te pwofèt epi sakrifkatè tou. Men sèl diferans ki te genyen seke Ezekyèl te pwofetize lwen Jerizalèm. Nan lane 597 avan Kris la, limenm avèk kèk lòt pwofèt te ale annegzil nan peyi Babilòn, kòm avètisman de sa ki ta rive tout nasyon an. Pandan plizyè lane, Ezekyèl te voye mesaj avètiyman “lakay li”.

Se te menm jan avèk lòt pwofèt yo: li te bay mesaj

Bondye a atravè predikasyon, pwofesi ak plenn. Men nan lòt okazyon yo, se te diferan de lòt yo: li te konn bay detay ki dwòl sou vizyon li te konn fè yo, tankou yon wou andedan yon lòt wou (1:15-21) oswa pa savann ki ranpli ak zòsman deseche yo (37:1-14). Anplis de sa li te reprezante mesaj li yo.

Nan kèk fason, se Ezekyèl ki plis difisil pou moun konprann epi mwen li, ki diferan de Ezayi oswa Jeremi. Sepandan, anpil moun konsidere Ezekyèl kòm yon pwofèt pwisan, paske li te konn itilize gwo imaj.

Retounen nan pwovèb yo

Ki siyifikasyon vèsè Pwovèb 18:2?

Petèt ni moun ki te annegzil kòm sa a yo ki te jwenn avètisman osijè de grav depòtasyon yo ke pwovèb sa mansyone avèk yon aksan brital. Moun yo te plenyen. Yo t ap di ke sitiyasyon sa te bay anpil pwoblèm, epi se akòz de ansyen zansèt yo ki fè ta genyen yon destriksyon imedyat konsa. Se te yon fason pou li te di: “Nou pa kapab fè anyen, men nonplis se pa fot nou”. “Poukisa se nou menm li pini? Si se fot pa yo, se pa fot pa nou!”

Nan diskisyon nan chapit 18, Ezekyèl te reponn avèk agiman pou li di: “Chak moun responsab pou pwòp aksyon li yo, epi rekòlte konsekans yo”.

Pwofèt la montre pwen sa avèk detay sa a yo:

- Timoun ki obeyisan devan Bondye yo pap pote peche paran yo ki dezobeyisan devan Bondye, ni youn ni lòt (v.19-20).
- Lè pechè a repanti, Bondye padone li epi li pap sonje anyen nan sa li te konn fè yo. Moun sa ap viv (v.19-20).
- Se byen tris tou ke revè a se verite. Men, si yon moun ki mache dwat sispann fè sa ki byen pou li lage kò l' nan fè sa ki mal ak tout lòt vye bagay derespektan mechan yo ap fè a, nan kondisyon sa a èske li ka viv toujou? Non. Yo pap chonje tout byen li te konn fè yo. L'ap mouri paske li pa t' kenbe pawòl li, paske li fè sa ki mal (v.24).

Sa se pwen ke tout jèn avèk granmoun yo nou dwe sonje: Bondye bannou pwòp libète nou, epi li respekte desizyon nou yo. Li pap bannou pote chay peche lòt moun komèt. Men nan menm tan tou, nou pa kapab akize lòt moun pou erè ak peche nou yo.

Chak moun responsab sa li fè.

Sonje ke sa Bondye plis pa vle a se lè yon moun mouri nan peche li. Avèk anpil pèsistans Bondye rele nou epi atire nou vin jwenn Li.

Bondye santi li kontan lè nou retounen vin jwenn Li epi nou chwazi lavi, paske li pa sèlman yon Bondye ki jis, men tou li se yon Bondye ki ranpli ak lanmou ki vle pou nou tout jwenn lavi nan li.

Pandan w ap prepare leson sa, konsidere sa nan lapriyè :

Ezekyèl 8 retire nenpòt esperans de ke nou kapab jistifye erè oswa peche nou yo pandan n ap akize lòt moun.

Pandan w ap baze w nan egzanp Ezekyèl la, Kòman w kapab ede timoun primè yo konprann ke yo responsab pwòp chwa yo epi yo pap kapab akize lòt moun oswa sikonstans yo ?

DEVLOPMAN LESON AN

Sikilasyon

Mande timoun yo kisa oubyen ki sitiyoasyon ki genyen yon sikilasyon. Pa egzanp: sistèm sikilatwa (trajektwa san), sezon yo nan ane a, trajektwa yon tren, elatriye. Mande timoun primè yo pou yo ekri opinyon yo andedan wou ki nan leson 7 nan liv Elèv la.

Poze yo kesyon: “Èske nou kapab kraze sikilasyon sa a yo?”

(Non, san yo pa soufri konsekans ki grav).

Kisa k ap rive si yon moun kraze yon sikilasyon? (Sezon yo pap kapab fonksyone sof avèk destriksyon planèt la oubyen solèy la; si san nou rete bloke nan sistèm sikilatwa, n ap mouri, si yon tren mize oswa pèdi fren, sa kapab pwodwi chòk, lakoz lanmò, elatriye.)

Nou sot aprann ke genyen sikilasyon ki pa kapab kraze. Men genyen lòt sikilasyon ki dwe detwi.

Jodi a nou pral pale de sikilasyon kote Izrayelit yo te twouve yo-sikilasyon peche a-, yon sikilasyon ki te dwe kraze.

Vokabilè enpòtan

Responsab: ki kapab chwazi poukont yo ant bon ak move. Kapab reponn pou pwòp zak ak desizyon yo.

Ekri vokabilè enpòtan an nan yon gwo kat epi kole li nan yon mi oubyen nan tablo afich la. Apre w fin montre li, mande elèv yo pou yo bay egzanp de kòman yo responsab. Pa egzanp: “Si mwen te mande pibon zanmi m nan prete yon liv, responsablite mwen se remèt li l”, elatriye.

ISTWA BIBLIK

Mande pou yon volontè li istwa Ezekyèl la ki nan liv Elèv la, leson 7, ki gen pou tit: “Sikilasyon amè peche a”

Lè lekti a fini, fè kòmantè sou kesyon sa yo:

1. Ki siyifi pwovèb: “Papa ak manman manje rezen vèt, men se dan pitit ki gasi” ? (18 :2). (Timoun yo konn peye pou peche paran yo konn komèt pafwa, efè move aksyon yo konn pote konsekans pou anpil tan).
2. Poukisa nou kwè ke Bondye ensiste pou demontre ke pwovèb sa pa t yon reyalite pou Izrayèl ? (Bondye te kreye chak moun nan yon fason ki endividyèl. Se sèlman moun ki fè peche a ki koupab. Izrayelit yo te

konn bay ansyen zansèt yo responsab tò yo. Bondye te vle pou Izrayèl kraze sikilasyon peche sa).

3. Èske Bondye pèmèt nou fè peche? (Non, men li bannou pwòp libète nou: nou kapab fè sa nou vle. Li se yon Bondye ki jis, li bannou opòtinite pou nou chwazi).
4. Bondye bliye mechanste nou an si nou retounen vin jwenn li, men tou li bliye byen nou te fè si nou tounen al fè sa ki mal. Èske sa se kòrèk?

Senbòl etranj

Youn nan objektif inite sa se prezante klas la karakteristik kat pwofèt prensipal Ansyen Testaman yo: Ezayi, Jeremi, Ezekyèl ak Amòs. Yo chak genyen trè ki bay mesaj yo pouvwa ak enterè. Yo rekonèt Ezayi pou imaj Sovè ki te pwomèt la; ni nesans ni ministè li akonpli nan Jezi. Yo te rekonèt Jeremi plis pou jan li te konn ap pran swen moun ki abite nan antouraj li, se pou rezon sa li te pote non “pwofèt kriyadò”. Semèn sa n ap etidye pwofèt Ezekyèl, kote karakteristik li genyen ki plis enpòtan se objektivite ekstraòdinè ki nan leson li bay yo.

Apre nou fin etidye Ezekyèl 18, elaji etid ou a pou w pale osijè de pwofèt la avèk fason orijinal ke li te itilize pou l' bay mesaj Bondye a.

Liv Ezekyèl la ranpli ak senbòl.

Obsève kat pasaj ki nan jwèt la : “Di li avèk desen”, nan liv Elèv la, leson 7.

1. Ezekyèl 3:16-21: faksyonè a. NAN epòk Ezekyèl t'ap 1.viv la, faksyonè a te konn chita nan plas ki pi wo sou miray ki antoure lavil la oswa nan kèk wotè ki byen elve e pwòch, kote li te kapab obsève siyal danje a, tankou bèt fewòs oswa lènmi ki kapab anvayi lavil la.
2. Ezekyèl 4:1-3: yon briq ak yon pwelon fè. Briq la senbolize lavil Jerizalèm ak pwoblèm yo ki gen pou frape li. Pwelon fè sa reprezante kòlè Bondye kont yo.
3. Ezekyèl 12:1-6: pakèt pou pran lari (se sa moun kapab pote sou zèpòl nan yon vwayaj oswa lè moun nan ap bote pou al rete yon lòt kote). Li te senbolize nasyon Izrayèl la ki ta pral nan esklavaj.
4. Ezekyèl 37:1-14: Fon zòsman deseche yo. Imaj sa senbolize Izrayèl ki annegzil ak posib retou li.

Mande elèv yo pou yo li tout tèks bibliki yo. Apre sa, mande yo pou yo desine senbòl yo, se pou yo dekrive yo, epi se pou yo di kisa yo vle di. Ou kapab divize klas la fè plizyè tigwoup.

(Li posib pou li difisil pou yo desine faksyonè a, se poutèt sa, di yo konsa ke yo kapab fè desen yon gwo kay ki genyen lonbray yon moun andedan li, oswa yon gwo tèt mòn ki genyen yon nonm kanpe sou li). Se menm bagay la ki kapab pase avèk vwayajè ki nan wout yo, nan ka sa yo kapab desine yon machin ki genyen plizyè pakèt, oubyen malèt (valiz vwayaj).

AKTIVITE YO

Responsablite w

Divize klas la pa de oubyen plis tigwoup pou reyalize aktivite a “Responsablite w” nan liv Elèv la, leson 7. Di yo konsa ke, nan espas vid la, se pou yo fè yon lis de tout bagay ke yo konnen yo responsab. Sa kapab genyen ladan li travay nan kay la tankou al jete fatra, kouvri kabann pa yo a; oswa responsablite ki plis serye tankou etidye, li Labib, lapriye, elatriye. Bay de minit pou yo fè li. Apre sa mande yo pou yo konte yo. Apre sa yo kapab li l byen fò pou rès klas la.

Poze kesyon sa yo:

- Ki avantaj ki genyen nan pran responsablite yon bagay? (Yo konsidere w tankou yon granmoun ; yo pa baw tò pou fot oswa erè lòt moun, se ou menm sèlman ki gen responsablite a nan men w).
- Ki dezavantaj ki genyen nan sa ? (Ou dwe plis responsab; ou pa dwe bay lòt moun pote chay la; ou dwe pèdi kèk bagay pou w ka akonpli wòl ou yo).
- Èske nou responsab pou chak bagay ke nou fè, men

pou panse ke nou genyen yo ? (Pèmèt timoun yo reponn).

Memorizasyon

Semèn sa elèv yo ap konnen vèsè Jeremi 7:23 de memwa.

Mande pou kèk volontè resite li. Si genyen plizyè ki pa konnen li, ekri li sou tablo a epi, apre plizyè repetisyon, efase youn oubyen de mo pa fwa, pandan y’ap resite ak aprann li.

Bay timoun ki resite li de memwa yon ti kado (li kapab yon kreyon, yon gòm, yon desen, elatriye.)

Pou fini

Mande timoun yo pou yo chak lapriye pou responsablite plis enpòtan an ak sa ki plis pa siyifi anyen ke yo genyen yo. Di yo konsa ke Seyè a konnen kisa yo genyen kòm responsablite epi li pare pou l ede yo.

Finalman, lapriye pou responsablite ke nou tout genyen pou nou di lòt yo ke Bondye renmen yo epi vle padone tout moun.

Mete fen avèk yon kè chan ki pale de tèm nan.

Leson 8

Amòs

Baz bibliik: Amòs 8:1-8

Objektif lesan an: Ede timoun primè yo konprann ke Bondye enterese avèk moun yo, espesyalman sa yo k ap sibi enjistis yo.

Vèsè pou aprann: *Sèl bagay mwen te mande yo, se pou yo te koute m’ lè m’ap pale ak yo. Konsa m’a toujou Bondye yo. Yo menm y’a pèp mwen. Mwen te di pou yo te swiv chemen mwen t’ap mete devan yo, pou tout bagay te ka mache byen pou yo (Jeremi 7:23).*

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Sosyete nou an genyen plis avantaj ekonomik pase sa Izrayèl te genyen nan epòk Amòs la.

Pwosperite a vini ak tout pwoblèm li, tankou endiferans relijye ak otoadorasyon. Endiferans relijye a fè moun yo pa enkyete yo pou frè parèy yo.

Nan epòk pwofèt la, endepandans moun rich ki pa t konnen Bondye yo te bay kòm konsekans soufrans pou pòv ak moun ki pa gen gwo ran sosyal yo. Moun rich yo te santi yo pwisan, yo pa t santi yo responsab pou lòt moun yo epi yo pa t reponn pèsòn, pa menm Bondye. Se rezon sa ki fè ke yo te konn trete moun pòv yo ki nan sosyete a avèk endiferans e mechanste.

Nou pa bezwen pase anpil tan avèk timoun yo pou nou dekouvri enjistis sosyal la. Anpil fwa timoun piti yo pran avantaj sou sa ki fèb la oswa ki pa gen posiblite

a. Se pa yon bagay ki ra pou jwenn timoun primè yo k’ap itilize lòt yo pou reyalize objektif yo. Leson sa se yon apèl k’ap fè yo sonje lanmou Bondye pou yo. Nou rete kwè ke li va ede yo reponn avèk lanmou lè yo wè oswa sibi enjistis nan lekòl la, lakay yo epi nan aktivite yo chak jou. Li pral ede yo tou enkyete yo epi aji anfavè sa ki pa kapab yo.

Kòmandman Bondye yo mande nou pou nou trete lòt yo avèk lanmou, respè ak jistis. Nou pa kapab reziste nan fè aksyon kò si nou ta “dye”. Sèlman lè n ap mache nan volonte li, n ap gen imilite ase pou nou trete lòt yo kòm pitit Bondye.

KÒMANTÈ BIBLIK

Amòs se youn nan 12 “ti pwofèt yo”, epi pwofesi li yo gen gwo enpòtans.

Nan vèsè: 8 :1-8, li te pwofetize avèk detèminasyon: “Izrayèl, sa fini, epi mwen pral di nou poukisa”. Èske li sonnen fò? Se sèten, men sa se mesja ke Bondye te bay pwofèt la. Seyè a te gide li bay mesaj la atravè yon egzanp ki enpèsònèl. Nan lang ebre a, nan Amòs 8:2 gen yon gwop mo avèk de vokal ki sonnen menm jan, ki genyen siyifikasyon “fen”.

Nan Nouvo Vèsyon Entènasyonal la, lè yo pale de panye fwi, sa bay lide “fwi mi”. Nan Vèsyon Rèn Valera 1995, li di: “nan letè”. Vizyon an te genyen ladan li yon panye fwi mi. Sa demontre epi santre ke nasyon Izrayèl te pare (mi) pou jije ak detwi. Sa vle di ke fen an tre pwòch!

Rezon an parèt byen klè nan vèsè 4-6. Nan moman pwosperite yo Izrayèl te konn twonpe pòv yo. Machann yo te vin ava. Sa ki fè moun sezi a seke mèt biznis yo

te konsève pratik relijye yo, yo te fèmen biznis yo lè jou Seyè a ak lòt festen yo rive. Sepandan, lespri yo te okipe nan yo menm. Yon fwa ke jou repo a te fini yo te ouvè biznis yo pou yo te kontinye twonpe moun nan achte ak vann yo.

Epoutan, senk vizyon Amòs yo genyen yon nòt ki sanble avèk jijman Bondye. Se sèlman nan dènye vèsè nan liv la (li 9 :11-15) nou jwenn mo esperans. Men malgre sa, nou pa jwenn okenn nòt repantans. Tousepleman Seyè a di ke t ap gen restorasyon apre destriksyon an. Sepandan, mesaj final Bondye yo pa gen anyen pou wè ak lanmò.

Gen mesaj lavi!

Kilès Amòs te ye?

Amòs pa t sakrifkatè, men se pito yon gadò mouton, an menm tan tou li te “gid epi li te konn ranmase fwi lyann mawon” (7:14). Sanble ke li te youn nan premye pwofèt ki te kòmanse ekri toupre lane 760 Av.K. Li te genyen kay li nan Tecoa, yo kote byen wo ki pèmèt moun wè tout pati ki plis enpòtan nan Izrayèl. Nan fason, li te kapab obsève si lènmi yo t’ap avanse. Se te pibon plas pou wè pinisyon ki sou nasyon an.

Enpòtans Amòs

Amòs t ap viv nan yon nasyon ki te pwisan nan koze lame ak ekonomi. Kòm pwofèt, li te kapab wè danje feblès moral pèp li a, anba dominasyon aparans fòtifikasyon. Sa se te pwojeksyon ministè pwofetik li a. Petèt aspè ki pi tris nan liv Amòs la se pa ton negatif paj li yo, men se pito pozitivite dirab mesaj li a pou remonte tan ak espas. Limanite pa chanje anpil lè nou konpare li ak sa ki te konn pase nan epòk Amòs la. Jodi a moun rich la pran avantaj sou moun pòv la. Sa ki pwisan peze sa ki fèb la. Si kretyen yo foure kò yo nan aksyon tankou sa a yo, nou pral fè fas ak jijman ke Bondye te pataje sou Izrayèl atravè Amòs la. Liv Amòs la fè nou sonje ke fidelite Bondye pral pran mezi sou selon sa nou fè pou moun pòv ak fèb yo.

- Poukisa w kwè ke Bondye enkyete li pou pòv ak fèb yo ki nan mond nou an ?
- Nan ki fason Jezi te montre enkyetid li pou pòv yo nan epòk li a?
- Kòmman yo konpare misyon legliz la pou evanjelize epi fè disip avèk misyon pou mete rad sou pòv yo ak bay yo manje?

DEVLOPMAN LESON AN

Konpetisyon foutbòl (dramatizasyon)

Chwazi kat volontè ki pou reprezante pèsonaj sa yo: Antrenè a; Nikola, yon adolesan entèlektyèl; Toma, yon adolesan atlèt epi Lora, yon animatè.

Aprè yo fin reyalize dram nan, li menm ki nan premye aktivite nan liv Elèv la, leson 8, fè yon deba sou karakteristik moun yo ke nou bay vale nan moun yo, pandan n ap pale sou kesyon sa a yo, epi pran

dramatizasyon an kòm baz:

1. Ki kondisyon w panse ki enpòtan lè w gen pou w chwazi yon konpany pou w jwe? (Ekri opinyon timoun yo sou tablo a. Genyen k ap di ke yo dwe atlèt, wo, bon jwè, renmen fè zanmi).
2. Poukisa karakteristik sa yo enpòtan? (paske y ap ede ekip la genyen, l ap yon pibon ekip ke lòt yo, y ap kapab pase moman yo ansanm epi byen kontan, elatriye.)
3. Èske sa te pase w yon fwa kote yo pa t chwazi w pou w jwe nan yon ekip, oubyen se oumenm yo te chwazi andènye? Kijan w te santi w?

Di konsa: “Nou santi ke nou pa tèlman enpòtan lè yo pa chwazi nou, epi yo pran lòt timoun nan plas nou. Nan istwa bibliik la nou pral etidye sou moun ki te resevwa move tretman anba men lòt moun. Sa yo ki pa tèlman enpòtan pou nou, yo enpòtan pou Bondye”.

Ankèt sou moun ki pòv yo

W’ap bezwen moso jounal ak magazin avèk foto moun, fanmi ak timoun ki pòv, ak moso jounal moun ki rich. Eseye gade si w ka jwenn yo gwo yon fason pou tout moun kapab wè yo, pote yo nan klas la yon fason pou timoun yo kapab kole yo nan papye bristòl, epi fè yon tablo pou sal klas la. Ou kapab ekri vèsè pou aprann nan anba papye bristòl la.

Di yo konsa : “Li posib pou nou tout panse ke nou pa genyen ase lajan. Men lè nou fè konparezon avèk lòt moun, nou rich. Anpil moun pa genyen ase manje, ni rad, ni nonplis yon kay. Yo se vrè ‘pòv’ nan mond nou an”.

Pandan n ap panse avèk moun sa yo, reponn kesyon sa yo:

1. Kòmman w ta defini yon moun pòv?
2. Èske w panse ke nan mond lan gen plis moun ki pòv oswa pa gen pòv?
3. Kisa ki fè moun nan pòv?
4. Ki dènye fwa ou te wè yon pòv?
5. Lè w wè yon pòv, kisa w santi?
6. Ki responsablite w fas ak pòv yo?

Jodi a nou pral aprann bagay ki enpòtan: Sa Bondye santi pou pòv yo ak sa nou menm kretyen yo nou dwe santi pou yo.

Ala de koze panyè!

Fè timoun yo swiv enstriksyon aktivite nan liv Elèv la, leson 8, pou dekouvri mo ki kache a: “Konsekans yo”. Apre sa, reponn kesyon yo ki anba paj la:

1. Kisa pèp la te fè ki fè Bondye te fache konsa? (Yo te konn maltrete pòv yo, twonpe yo nan mache/biznis yo, yo te ipokrit, yo te konn obsève jou repo a, men yo te dezobeyisan fas ak rès jou nan semèn yo).
2. Nan pasaj la, moun yo te resevwa avètisman ke sa yo t ap fè a te gen pou mennen konsekans. Kisa konsekans sa a yo ta ye? (nasyon an ta tonbe anba

jijman pou inyore ak maltrete moun ki nan neseseite yo).

3. De kisa Bondye te vle pale lè li te di Amòs ke fwi a te mi? (Panye fwi mi yo demontre move tretman fas ak pòv epi moun ki nan neseseite yo, se sa ki fè ke lè a te rive kote yo te dwe peye pou peche yo. Fwi mi an siyifi li te tan pou “manje li”, men nan ka Izrayèl la, se te moman ki favorab pou jijman).
4. Youn nan tèm ki plis enpòtan yo nan istwa sa se diferans sosyal ki egziste ant rich ak pòv yo. Èske pwoblèm sa toujou egziste nan sosyete nou an? (Menm jan ak nan epòk Amòs la, sa kontinye yon pwoblèm jodi a. Nan lekòl yo, timoun ki pòv yo resevwa move tretman anba sa ki gen plis yo. Timoun ki pa kapab achte rad nèf yo oswa ki pa alamòd, resevwa fawouch nan men sa yo ki toujou alamòd. Genyen anpil timoun primè ki pa manje byen paske yo pa genyen, yo pa genyen atansyon medikal ase oswa yo pa resevwa lanmou nan men fanmi yo).
5. Site lòt baryè ki separe moun yo, kòm rich ak pòv. (Entelijans, riz, feblès fizik, malnitrisyon, bote, rekonesans sosyal, fanatic, elatriye.)

AKTIVITE YO

Investigatè Pawòl la: de konplo Amòs yo

Pou nou vin bon investigatè nou dwe etidye tou posiblite epi obsève tout detay, gwo ak piti, epi konsa jwenn koupab la.

Eksplike yo: “N’ap vin bon investigatè liv Amòs la. Pou rezon sa y ap bezwen Bib yo avèk yon kreyon”.

Liv Amòs la genyen 9 chapit. Nou pral divize klas la fè 9 gwoup de 2 oswa plis moun. Chak gwoup dwe dekouvri ki move nouvèl ki te prezante pou pèp Bondye a. Pou pwòp enfidelite nasyon an, Bondye te genyen youn oubyen plis pinisyon pou yo.

Kesyon:

- Kisa pinisyon sa yo te ye? Fè yon lis de bagay nou jwenn nan chapit nou an.
- Poukisa nou kwè ke Amòs te tèlman negatif? (Paske Izrayelit yo te mechan avèk pwòp parèy yo, epi yo te konn pwofite moun ki pi mal yo).
- Pati final dènye chapit la genyen bon nouvèl, poukisa? (Paske malgre nan peyi Izrayèl te genyen anpil moun ki te konn fè mal, Bondye te toujou panse ke te gen posiblite pou moun yo te chanje, repanti ak obeyi).

Endike ekip ki jwenn chapit 9 la pou yo chèche nan ki fason Bondye ta bay pèp li a benediksyon.

Aprè sa rasanble tout gwoup yo yon fason pou yo bay rapò kòm investigatè Pawòl la.

Amòs avèk règ dò a

Mesaj Amòs la nan Bib la se pa premye ni dènye

ki pale de sa. Gen lòt mesaj kote ki pale di nou dwe trete lòt yo avèk jistis, epi genyen kè sansib pou pòv ak moun ki nan neseseite yo. Petèt tèks ki plis koni nan Bib la se ta Lik 6 :31 “Tou sa nou va vle lòt moun fè pou nou, fè l’ pou yo tou”.

Vèsè sa te rele “règ dò a”, paske li genyen yon gwo valè ke nou menm kretyen yo nou dwe aprann. Se yon bon règ pou nou mezire si n ap fè volonte Bondye nan fason n ap sèvi ak lòt moun. Trete lòt moun menm jan nou ta renmen lòt moun trete nou, se rezime liv Amòs la.

Poze timoun primè yo kesyon pou yo di kòman yo ta reponn oubyen reyaji fas ak sitiyasyon tankou sa a yo:

- Ou wè jan y ap fawouche yon timoun paske rad li a vye oubyen yo pa alamòd.
- Ou wè yon ti granmoun k ap dòmi anba yon pon nan yon nwit ki fè anpil freddi.
- Ou wè nen televizyon an nouvèl sou moun ki pòv anpil nan lòt peyi, ki pa gen manje pou yo manje.
- Ou wè nan klas ou a yon jèn timoun etranje, ki pa pale lang lan byen.
- Ou wè nan legliz ou a timoun ki pa genyen jwèt paske fanmi li gen pwoblèm ekonomik.
- Ou wè yon zanmi w ki gen pwoblèm nan yon matyè ou vrèman fò.

Memorizasyon

Prepare de oubyen twa jwèt kat. Ekri chak mo vèsè pou aprann nan yo separeman. Divize klas la fè plizyè tigwoup ki pou fè pari pandan y ap ranje tèks la kòrèkteman nan mwens tan, epi konsa pou yo pratike li. Ankouraje yo etidye twa vèsè ki nan twa premye inite yo pou yo kapab resevwa diplòm satisfaksyon an nan fen inite nimewo twa, li menm ki nan dènye paj leson sa.

Pou fini

Ankouraje timoun yo pou yo genyen yon atitid lanmou ak mizèrikòd pandan semèn sa pou w bay rapò dimanch pwochen. Mande yo pou yo panse kijan yo santi yo lè yo ede yon kamarad oswa yon zanmi ki pa gen mwayen. Ou kapab pote yon ti panye avèk yon fwi pou chak timoun oubyen ou kapab koupe fwi a fè de bout. Pote tipla, yon kouto avèk napkin. Nan manje fwi a ou kapab poze kesyon revizyon sou leson an.

Sa se yon bon opòtinite tou pou w fè yon bagay ki pratik epi pote yon panye plen fwi bay yon fanmi ki nan neseseite oubyen fè kèk timoun ki pa gen bagay pou jwe kado jwèt ki sèvi déjà men ki nan bon kondisyon.

Mete fen pandan w ap lapriye pou timoun yo pou yo kapab genyen yon kè ki renmen epi ede frè parèy yo.

Ane 3

Entwodiksyon - Inite III

JEZI SAN PARÈY

Baz bibliik: Matye 3 :1-17; Matye 4 :1-11; Ebre 2 :18 ; 4 :15-16 ; Mak 6 :45-62 ; Lik 7 :11-17 ; Jan 2 :12-22 ; Jan 5 :22-29; Women 8 :31-34

Verite bibliik : Jezi se Pitit Bondye a pou toutan ki te vin tounen moun.

Vèsè inite a: *Pitit sa a reflete limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye li ye. Se li menm k'ap soutni tout bagay ak pouvwa pawòl li. Lè li fin delivre moun anba peche yo, li moute chita anwo nan syèl la, sou bò dwat Bondye, Gran Wa a (Ebre 1 :3).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Aprann ke Jezi se Bondye totalman epi li se lòm tou totalman.
- Respekte epi Jezi pou sa Li ye ak sa li fè.
- Aksepte Jezi kòm Sovè epi viv avèk konfyans kòm pitit li.

Leson inite a

Leson 9 : Jezi : Bondye epi moun

Leson 10 : Jezi : Yon sakrifikatè ki konprann nou

Leson 11 : Jezi : Operatè mirak

Leson 12: Jezi montre otorite

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Nan inite sa, timoun primè yo pral kapab wè kijan Jezi se Bondye ak kòman li se lòm tou. Jezi se Pawòl ki pap janm fini an ki te vin tounen moun tankou nou. Jezi, Bondye-lòm nan, bannou eksplikasyon ki plis konplèt la sou Bondye. Nan limanite li, li konprann nou epi bay egzanp pou ke nou menm tou nou kapab viv konfòm ak volonte Papa a. Kòm Pitit Bondye, li konnen ak konprann nou, Li se Sovè ak avoka nou devan Kreyatè a.

Timoun primè yo ap fè fas ak yon etap difisil nan lavi yo, kote yo gen pou yo fè eksperyans ak anpil chanjman. Se poutèt sa, y'ap santi yo ankouraje lè yo vin konnen ke yon jou Jezi te genyen menm laj avèk yo. Kòm lòm li te eksperimante tout kalite nesosite ak emosyon moun. Sa vle di ke li konprann eksperyans ak nesosite yo.

Sa ankouraje pou nou pale yon zanmi nou tankou Jezi, lè nou dekouvri ke li konprann nou.

Ankouraje elèv ou yo, atravè inite sa, pou yo kwè ke Jezi kapab vin pibon zanmi yo, paske se sa li ye.

Jezi: Bondye avèk Lòm

Baz biblik: Matye 3:1-17

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke Jezi san parèy paske li se Bondye epi lòm anmenm tan; se poutèt sa li kalifye pafètman pou li vin Sovè mond lan.

Vèsè pou aprann: *Pitit sa a reflete limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye...* (Ebre 1 :3a).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Lè Jezi te mande Jan Batis pou li te batize l, li t ap idantifye li avèk pechè yo. Jan Batis te mande moun yo pou yo te rekonèt peche yo avan yo te batize. Jezi, Pitit Bondye a, li pat genyen peche. Sepandan li te deside fè yon sèl avèk limanite pechè a atravè batèm nan.

Sa se te yon pa anplis vè dènye a avèk idantifikasyon konplèt Jezi avèk moun yo, lanmò li sou kwa. Pandan li klore a, li te pran peche tout moun, e menm pa elèv yo ki nan klas ou yo, pou ke nou tout kapab genyen opòtinite pou nou sove.

Li pa fasil pou granmoun –ni timoun yo konprann limanite ak divinite Jezi. Preferans nou kòm lòm se apiye nou twòp nan limanite oubyen sèlman nan divinite li. Leson sa ap ede timoun yo konprann kèk afimasyon nan de aspè yo ki nan nati Jezi.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li posib pou ke lè n ap etidye Levanjil Selon Matye a, nou bliye konsantre nou sou gwo mèvèy Istwa sa rakonte.

Avan nou abòde pòsyon Matye chapit 3 ki genyen baz biblik jodi a, nou wè ke apot la te rakonte nou pou pipiti twa mirak epi chak gen yon mistè diferan. Nan 1:18 li eksplike konsepsyon Jezi, li menm ki te diferan pase pa nenpòt lòt bebe ki te fèt avan oubyen apre li. Mari “te jwenn chans ansent pa mwayen Sentespri a” (remak ki ajoute). Nan 2:2 ak 2:9 nou wè yon eleman ki te itilize pou vwayaj la –yon zetwal- li te mennen save yo bò kote Jezi. Nan 2:11, Matye revele ke Jan Batis se te pwofèt ki te konnen ke te genyen youn ki pigran ki ta gen pou vini. Moun sa ta vini avèk yon nouvo batèm: batèm nan Sentespri a avèk dife.

Twa pasaj sa yo tèlman gen mirak ak mistè anmenm tan!

Nan chapit 3:13-17 nou jwenn mistè ki plis enpòtan: nati divinite ak limanite jezi ki devwale konplètman. De nati sa a yo ki fè yon sèl nan Jezi a difisil pou

konprann. Nenpòt konparezon nou ta kapab repete pap eksplike karakteristik san parèy li a konplètman.

Se karakteristik san parèy Jezi sa ki fè li se Sovè nou. Balans pafè a nesèsè. Konsantrasyon sou karakteristik sa yo sèlman ap bay pwoblèm. Si Jezi te rete sèlman kòm Bondye, non sèlman li pa t ap vin tounen moun, li pa t ap non plis antre nan dosye pwoblèm nou yo ak nati nou. Si Jezi te sèlman lòm –epi li pa t Bondye –Ki diferans ki t ap genyen ant li menm avèk nou ? Si se ta konsa, Li pa t ap genyen okenn kapasite pou li ta vin Sovè nou.

Istwa Matye a pale sou batèm Jezi a, li afime ke Li te konplètman Bondye anmenm tan lòm. Batèm Jezi a se te yon senbòl lòm. Jezi te devwale nati limanite li lè li te soumèt li anba seremoni sa. Nan moman kote Seyè a soti nan dlo a, yon siyal te soti nan syèl la: syèl la te ouvè epi Sentespri a te desann soti nan syèl la sou fòm yon pijon. Pawòl byen fò te soti nan syèl la te demontre ke vrèman ke Jezi se te Pitit Bondye Papa a.

Nati imen ak diven Jezi kalifye li pou li vin Sovè ak egzanp nou. Lè nou li istwa Matye a, nou konprann ke batèm nan se plis pase benyen avèk dlo. Li te vle di yon soumisyon pou obeyi volonte Papa a avèk afimasyon Sentespri a ke Jezi se te Pitit Bondye.

Jezi te soti nan syèl la epi vini sou latè pou bannou lavi annabondans, libète anba peche ak pouvwa pou nou viv nan viktwa pa mwayen Sentespri a. Èske sa se pa yon rezon ki ase ki ta pou fè nou di Bondye anpil mès?

DEVLOPMAN LESON AN

Prepare klas ou a depi davans. Ou dwe gen tout bagay pare pou lè elèv yo rive. Resevwa yo avèk anpil lanmou. Fè timoun k ap asiste pou premye fwa yo santi yo byen epi pa bliye ekri non yo, pou w vizite oswa rele yo nan telefòn pandan semèn nan.

De mond diferan

Remèt timoun yo premye aktivite nan liv Elèv la (leson 9), epi di konsa: “Jezi se sèl moun nan istwa ki konplètman lòm epi Bondye tou”. Mande elèv yo pou yo li enstriksyon yo byen fò. Apre sa, bay tan pou yo panse, kòmante epi ekri sa yo sonje osijè de karakteristik ke yo konnen de Jezi kòm moun epi Bondye. Se kapab kapasite yo, kalite yo, oswa evènman lavi li. Ede yo lè sa nesèsè epi mansyone pasaj biblik ki kapab fè yo sonje. Pèmèt ke se yon moman lajwa, men tou enteresan lè n ap etidye lavi Jezi. Eksplike: “Jodi a nou pral plis pale sou kisa li ye ak siyifi ke Jezi se Bondye ak lòm anmenm tan”.

Vokabilè enpòtan

Diven: Bondye, oswa posede kalite Bondye yo.

Imen: Moun ki ka mouri, kreyati Bondye.

Ekri de mo sa yo avèk siyifikasyon yo nan kat yo ki gen yon gwoès ki kòrèk yon fason pou li alèz nan tablo a. Ou kapab vini avèk moso papye bristòl pou ke

timoun yo ekri de mo yo ak gwo lèt epi dekore yo nan fason yo renmen an.

Chèche makè, kreyon koulè, kreyon senp, minisyon, imaj, elatriye., pou ke timoun yo desine mo enpòtan lesan sa ak inite a. Ou kapab itilize imaj vye kat Nowèl pou kole nan lèt yo imaj Jezi lè li te tibebe, oswa lòt imaj ki montre kote l ap fè mirak. Sa ap fè timoun yo kapte nan yon fòm ki vizyèl, ke Jezi te vrèman moun epi Bondye tou.

Tablo: “Jezi, san Parèy”.

Chèche imaj Jezi, ki montre kote l ap fè mirak, mache sou dlo, ap soti nan dlo kote li te batize a, nan tanp lan, nan mitan foul moun, nan repa, elatriye. Mande elèv yo nan klas la pou yo ede w anvlope yon tablo avèk papye afich koulè. Ou kapab fè li ak yon boday ki bèl, fè li ak papye kado epi koupe anbye oswa kopi kèk imaj Jezi. Nan mitan tablo afich la, mande timoun yo pou yo koke demonstrasyon lavi ak mirak Seyè a.

Pwofite moman sa pou w pale yo de diferan mirak yo epi ensiste ke li te Bondye ak lòm.

Mete mo enpòtan yo akote tablo a: Diven ak Imen.

Eksplike yo ke semèn k ap vini an yo pral aprann rezon ki fè nou di ke Jezi san Parèy. Sa vle di pa t genyen, ni ap gen lòt tankou li, ki kapab Bondye epi Lòm anmenm tan.

ISTWA BIBLIK

Reflè glwa Bondye a

Avan klas la prepare yon bandwòl ki di:

Jezi se Bondye epi lòm. Ekri chak lèt nan chak kat separeman epi ki dwe gen menm gwosè. Lè timoun yo reponn kesyon yo kòrèkteman, y ap kapab pase al plase lèt la nan tablo a nan lòd kòrèk jouskaske yo konplete fraz la. Mande timoun yo pou yo ouvè liv Elèv la nan klas la, nan dezyèm aktivite a (leson 9). Li Jan 1:14 byen fò. Eksplike ke “Pawòl la” fè referans ak Pitit Bondye a depi avan li te fèt, pandan setan li te nan syèl la.

Ajoute: “Lè Jezi te jèn, pat gen moun ki te konnen si se limenm ki te Pitit Bondye a. Yo te sèlman panse ke se te yon bon jwif. Men lè Jezi te pare pou li te kòmanse avèk ministè li, Bondye te deside deklare idantite li piblikman”. Kounye a mande elèv yo pou yo li pasaj ki nan Matye 3:1-17. Apre sa divize klas la fè de gwoup: Wouj ak vèt, oubyen tigason ak tifi. Mande yo pou yo li ansanm.

Bay tan pou yo poze kesyon sou pasaj yo li yo. Apre sa pou yo pase nan dezyèm etap la.

Konkou bibliik

De gwoup yo dwe chita youn anfas lòt (ranje sal la byen pou aktivite sa). Ou pral poze kesyon yo, epi moun ki konnen repons lan ap kanpe imedyatman pou li reponn. Si repons lan pa bon, timoun ki chita anfas li a ap gen chans pou li reponn li. Mou ki byen

reponn nan ap kole kat la sou tablo a jouskaske yo rive fòme fraz la konplètman. Se yon timoun k ap disponib pou fè kontwòl la, pou konnen ki ekip ki te fè plis pwèn (1 pwèn pou chak repons kòrèk).

Eksplike: “Kounye a yo konnen kèk bagay sou batèm Jezi a, nou pral wè konbyen yo sonje istwa ke nou te li a”. Si de timoun “vole” nan menm moman, yo dwe bay yo chak yon pwèn.

1. Ak ki materyèl rad Jan yo te fèt? (Plim chamo).
2. Kisa Jan te konn manje? (Krikèt ak gato myèl).
3. Kisa Jan te di moun yo pou yo de fè? (Repanti).
4. Ki pwofèt nan Ansyen Testaman Jan te mansyone? (Ezayi).
5. Ki kote vwa Jan te pale a te eklate (Nan dezè a).
6. Kòman pwofèt Ezayi dekrive travay Jan Batis tap fè a? (Prepare chemen Seyè a).
7. Kisa moun Jan te batize yo te fè? (Konfese peche yo).
8. Kòman Jan Batis te rele Farizyen ak sadiseyen yo ki te rive pou gade kijan moun yo t ap batize? (Ras vèmin).
9. Sou kisa farizyen ak sadiseyen yo te apiye pou di yo te genyen yon bon relasyon avèk Bondye? (Sou lide ke yo te pitit pitit Abraram).
10. Kisa Jan te itilize pou li te batize moun yo? (Dlo).
11. Nan ki rivyè jan te batize? (Nan Jouden an).
12. Ki objektif batèm moun yo? (Repanti de peche yo).
13. Kimoun Jan te di ki t ap vini an? (Youn ki te plis pwisan pase li).
14. Ki kalite fwi farizyen ak sadiseyen yo? (Fè bagay ki pou fè wè lavi nou chanje tout bon).
15. Ak kisa moun ki te vini apre Jan te batize? (Avèk Sentespri a avèk dife).
16. Kimoun ki te soti depi nan Galile pou vin jwenn Jan batize li? (Jezi).
17. Kòman Jan te reyaji lè Jezi t al jwenn li batize l, se pa t alanvè? (Li te sezi. Li te panse ke se Jezi ki te dwe batize li, se pa t alanvè).
18. Kisa ki te desann sou Jezi tankou pijon lè li te soti nan dlo a? (Lespri Bondye a).
19. Kisa vwa ki te soti nan syèl la te di? (Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m' kontan anpil).
20. Ki kote pay la ta boule? (Nan dife ki pap janm mouri).

Si w vle ou kapab pote yon makè oubyen yon pòsyon bibliik pou w fè ekip ki genyen kado.

AKTIVITE YO

Konpilasyon lide

Ekri mo “Bondye” nan yon bò tablo a, epi nan fas

kontrè a “Lòm”. Pale sou karakteristik Bondye yo (li te toujou egziste; li kapab geri anpil malad; li rele sou van ak tanpèt ; li pa t janm fè peche; li gen tout pouvwa sa vle di li “Fè sa li vle” ; Kreyatè syèl ak tè a; li gen anpil lanmou; li konnen tout bagay “li konn tout bagay” ; li tout kote, sa vle di ke li omniprezan; li te resisite mò yo).

Aprè sa poze kesyon osijè de karakteristik Jezi kòm Lòm (te fèt kòm yon bebe ; te soufri tantasyon ; te kriye ; te grangou ; te swe ; te fache ; te li ; te pèdi –pou paran li yo- ; te ekri ; te dòmi ; te swaf; te manje; yo te bat li; yo te kloure li sou kwa, elatriye.) Di konsa: “Nou jwenn anpil karakteristik Jezi avèk nati diven ak imen li a”. Poze kesyon : “Ebyen, èske Jezi te menm jan avèk nou? Kòman nou santi nou lè nou konprann reyalyte sa sou li ?”

Bondye=Jezi

Mande timoun yo pou yo li Ebre 1:3, epi dirije yo al nan aktivite ki nan paj liv Elèv la. Di konsa : “Jezi se reflè glwa Bondye, paske li se Bondye. Li devwale ak eksprime kilè ak kijan Bondye ye. Li idantifye li tou avèk nou nan totalite li paske li se lòm konplètman”.

Oryante timoun yo nan aktivite liv Elèv la, pou yo kapab konplete de fraz ki anba paj la. Di konsa : “Jezi se sanpousan Bondye ak sanpousan moun. Se sèlman de li menm moun kapab di sa. Ann panse, pou ki rezon sa enpòtan ? Pou ki rezon sa siyifi anpil pou nou ke Jezi se Bondye epi moun ?”

Pèmèt timoun yo pale osijè de sa yo panse sou sa. Fè konprann ke Jezi kapab konprann nou paske li se moun. Li se sèl moun ki kapab sove nou paske li pa gen peche.

Nou dwe kontan anpil pou sa.

Ann eksprime kontantman ak lajwa nou anvè Seyè a paske li te voye Jezikris pou vin Sovè nou. Bay tan pou elèv yo konplete fraz yo:

- Mwen kontan ke Jezi se sanpousan moun paske.....
- Mwen kontan ke Jezi se sanpousan Bondye (diven) paske...

Memorizasyon

“Li menm ki reflète limyè bèl pouvwa Bondye, se bon pòtre Bondye...”(Ebre 1:3a). Déjà vèsè a genyen 15 mete sou li pasaj bibliik la, ekri yo chak nan plizyè kat diferan. Ou kapab fè de jwèt, si w vle divize klas la pou w fè yon konpetisyon pou aprantisaj.

- Sere kat yo nan sal la, mande elèv yo chèche yo pou yo fòme tèks la.
- Òganize yon karyè ant de ekip yo.
- Reyalyze yon eskout nan lakou a epi pou timoun yo pran chante vèsè a sou fòm konpa ak yon kè ki byen koni. Itilize dinamik ou pou yo ka aprann jwe.

Pou fini

Mande timoun yo pou yo lapriyè di Seyè a mèsè pou mistè limanite ak divinite Jezi a. Sa se yon bon opòtinite pou w mande Seyè a pou ke lafwa elèv yo devlope. Se byen si sa se yon mistè ke anpil fwa nou anvi konprann totalman, men li pa posib. Nou kapab mande eksplikasyon, chèche repons, men nou pap janm ka satisfè tout enkyetid nou yo. Gen kèk sityasyon ki nan Bib la ki pa fasil pou konprann, n ap konprann yo sèlman palafwa.

Lafwa nan Bondye ki genyen tout pouvwa a, mete konfyans nan Kris la ki te viv tankou nou, ki te pote viktwa sou tantasyon, ki te genyen fòs pou triyonfe sou lanmò ki pi mal epi reyèlman ki konprann nou ; l’ap ede nou mache tou pre li. Pou plis kesyon ak enkyetid ke nou genyen.

Lapriyè pou elèv ou yo...pou lafwa yo kapab ogmante.

Leson 10

Yon sakrifikatè ki konprann nou

Baz bibliik: Matye 4 :1-11; Ebre 2 :18 ; 4 :15-16

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke Jezi, antan ke konplètman moun, li te sibi tout kalite tantasyon, kote li te pote laviktwa sou yo.

Vèsè pou aprann: *Pitit sa a reflète limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye...*(Ebre 1 :3a).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Lè w mande timoun primè yo kesyon: “Kòman Bondye ede nou kenbe tèt ak tantasyon an?”, petèt yo

kapab di: “Pandan l ap fè li disparèt”. Anpil fwa moun ki genyen konsèp sa yo konn twonpe. Timoun yo dwe konnen ke Bondye ap ede yo kenbe tèt ak tantasyon an. Malerezman gen anpil ki pa konnen èd sa, lè yo wè li pa disparèt, yo bay legen. Apre sa yo bay Bondye pote chay la pandan y’ap di konsa: “Mwen te mande Seyè a pou li te retire tantasyon an, men li pat fè sa, se sa ki fè mwen bay legen an”.

Li bon pou nou konnen ki kalite èd Bondye bannou pou nou fè fas ak tantasyon an. Sa pral pèmèt timoun yo idantifye pwòp responsablite yo. Chak jou nan lavi yo, y ap fè fas ak kèk tantasyon. Yo pral aprann nan leson sa ke tantasyon se pa peche, men, tonbe ladan li se peche.

Yo pral konprann tou ke Bondye ede nou nan plizyè fason. Premyeman, li avèti nou lè yon bagay ap mal fonksyone. Dezyèmman, li asire li de ke tantasyon an pa twò fò, pou ke nou kapab kenbe tèt ak li. Epi twazyèmman, li bannou yon fason pou nou chape epi evite peche a (1 Korentyen 10 :13). Nou dwe aksepte mwayen sòti sa ke

Bondye bannou. Sa se responsablite nou.

Eksperyans Jezi nan dezè a pral ede timoun yo. Lè yo wè ke Pitit Bondye a te fè fas ak tantasyon an epi li te soti venkè, sa ap fè yo konprann ke yo menm tou yo kapab pote viktwa.

Jezi te montre nou ke zouti ki pwisan fas ak tantasyon an se Pawòl Bondye a. Leson sa ap ankouraje timoun primè yo aprann vèsè bibliik yo, déjà ke sa ap ede yo konbat tantasyon an. Jezi te montre nou chemen an. Toudepann de nou menm si nou vle swiv li.

KÒMANTÈ BIBLIK

Objektif chak kretyen nan lavi se vin tankou Jezi. Kris la se egzanp nou nan sentete, nan pawòl, panse avèk aksyon.

Lè nou wè kòman lavi Jezi te ye atravè revelasyon Levanjil yo, li fasil pou nou panse ke menm bagay la kapab rive nou tou. Matye 4 :1 di konsa : “Aprè sa, Lespri Bondye pouse Jezi ale nan dezè a pou Satan te ka tante l”. Èske nou menm nou kapab rete tann mwens ke sa? Li enpòtan pou nou konnen ke pandan tout tan n ap viv lavi kretyèn nou, dyab la gen pou vin tante nou tou. Epi menm si nou priye pou mande: ‘Pa kite nou pran nan pyèj, men delivre nou nan sa ki mal’ (Matye 6 :13), nou pa dwe sezi lè tantasyon an rive sou wout nou.

Eksperyans sa ki pataje a se baz relasyon nou avèk Jezi. Kòm li konnen soufrans lòm, li konprann tout tray n ap pase kòm moun ki gen pou mouri. Sepandan, Li se Bondye tou. Nan okenn lòt relijyon nou pap jwenn kote relasyon sa egziste ant limanite ak divinite.

Ki tantasyon ak feblès ke Jezi te travèse ki pèmèt nou idantifye li avèk nou konsa ? Si nou analize premye chapit Matye yo, n ap kapab idantifye plizyè nan yo.

Nan Matye 4 :1-11 nou wè ke Jezi te konnen kisa ki rele grangou; li te konnen kisa ki rele apeti lòm. Li te konnen danje a tou, epi li posib ke li te santi efè alkaloyid la lè dyab la tante lage li anba sou “tèt tanp lan” (v.5).

Se menm jan, li te aprann sa ki rele anvi pouvwa ak fanatik.

Diskou sou mòn nan (Matye 5-7) montre nou ke Jezi konprann kondisyon lòm ak tout konsekans li yo, epi se poutèt rezon sa li te bay ansèyman sou yo. Li te konnen ke moun yo te pèdi vizyon sou misyon reyèl la (5 : 13-16), yo menm ki te komèt zak ansasen (5 :21-22), ak adiltè (5 :27-30) yo te konn divòse tou (5 :31-32). Li te rekonèt tandans lòm pou chèche vanjans (5 :38-42), rasanble bagay materyèl (6 :19-21, 24), enkyete li pou manje oswa rad (6 :25-34), jije youn lòt (7 :1-5) epi li te konnen ke yo t ap tonbe nan nesosite pou yo chèche sekou ki kòrèk la (7 :7-12).

Akoz de eksperyans li kòm lòm, Jezi te konnen kijan lòm te ye, se sa ki lakòz ke li fè nou jwenn yon gwo benefis ke nou kapab jwi jodi a. Nou kapab lapriyé

avèk tout konfyans nou de ke Jezi konprann nou e ke Bondye ap ede nou nan nenpòt difikilte nou dwe fè fas.

Pandan w ap prepare w pou w anseye elèv ou yo, konsidere de kesyon sa yo:

- Panse avèk yon moman difisil ki te pase nan lavi w. Èske w santi ke Jezi te konprann ou?
- Reflechi avèk preadolesans li. Ki eksperyans li te viv ki kapab ede l konprann elèv yo ?

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w santre atansyon timoun yo epi prepare yo pou yo aprann verite bibliik jodi a.

Vrè ou Fo ?

Depi avan klas la, ekri mo enpòtan “Tantasyon” avèk siyifikasyon li nan tablo a. Prepare yon fèy pou chak elèv avèk afimasyon sa yo, yo menm w ap gen pou w ekri nan tablo a:

- Tantasyon se peche.
- Granmoun yo rankontre plis tantasyon pase timoun yo.
- Tantasyon yo soti nen Bondye.
- Jezi te tante menm jan avèk nou.
- Si w ap sibi anba tantasyon sa vle di w pa pre Bondye.
- Jezi kapab ede nou venk tantasyon an.
- Genyen kèk tantasyon modèn je Jezi pa konprann reyèlman.
- Tantasyon an se yon bagay ke nou tout dwe enkyete akòz de li menm.
- Genyen kèk tantasyon ki enposib pou moun reziste.
- Pa gen anyen nou kapab fè pou nou repouse tantasyon an lwen lavi nou.

Di nan klas la : “Jodi a nou pral pale osijè de tantasyon. Èske genyen kèk nan nou ki konnen siyifikasyon mo sa?”. Kite yo reponn. Mande pou yon volontè li Jak 1 :14-15 byen fò.

Aprè sa, oryante atansyon elèv yo vè mo enpòtan an avèk siyifikasyon li :

Tantasyon: Enfliyan ke dezi a pwodwi pou dezobeyi Bondye epi fè yon bagay enkòrèk. Tantasyon an pa peche, men li mennen moun nan si li deside fè mal.

Di konsa: “Ann gade kisa chak moun panse osijè de tantasyon”.

Remèt yon fèy kopi bay chak timoun avèk fraz ki pale de tantasyon epi mande yo fè plizyè gwoup de de. Yo dwe ekri nan fen chak fraz: vrè ou Fo, dapre sa li sanble ye pou nou. Lè fini, w ap li chak fraz byen fò, epi yon volontè pral make nan tablo a “vrè” ou “fo” bò kote li, ak sistèm vòt, toudepann de sa pifò moun konsidere kòrèk.

Eksprime: “Pandan dewoulman aktivite sa gen kèk kesyon enteresan ki gen pou soulve. Ann aprann yon bagay anplis osijè de eksperyans Jezi yo fas ak

tantasyon an epi kòman nou kapab relye li avèk nou”.

Pale osijè de tantasyon

Oryante atansyon timoun primè yo nan premye aktivite ki nan liv Elèv la, leson 10. Di yo ke se pou yo fè gwoup pa de ankò avèk yon kamarad epi pale sou kesyon yo ki nan paj sa. Bay ase tan pou yo chak ka rakonte temwayaj yo. Apre sa mande pou kèk volontè rakonte rès klas la sa yo te rakonte kamarad yo a, pandan y ap rakonte eksperyans yo.

Eklèsi: “Nou tou fè rankont ak tantasyon chak jou. Pafwa nou konn santi nou bouke anba li epi nou bezwen pou yon moun ede nou. Ann wè si nou kapab dekouvri kèk verite osijè de tantasyon an nan leson jodi a”.

ISTWA BIBLIK

Egzamen nan dezè a

Avan klas la, ekri twa kesyon sa yo sou tablo a oswa nan yon papye afich:

1. Kisa lènmi an te fòse Jezi fè ?
2. Poukisa Jezi te tante pou li te fè sa ?
3. Kòman Jezi te reponn ?

Fè timoun primè yo sonje tèm inite sa nan klas la: Jezi san parèy. Fè yo sonje : “Semèn pase a nou te aprann ke Jezi se Bondye epi moun konplètman. Ki istwa bibliik verite sa devwalè ?” Kite yo reponn. “Èske nou kapab ban mwen kèk egzanz nan kalite ki montre Jezi kòm Bondye epi moun ?” Pèmèt yo bay egzanz yo. Si yo bezwen èd, repase istwa bibliik klas pase a, menm jan ak vèsè pou mwa a (Ebre 1:3). Repete vèsè a plizyè fwa.

Poze kesyon: “Èske nou panse ke Jezi te oblije fè fas ak kèk tantasyon ?” Se pou kèk nan yo reponn. Di yo ke pasaj bibliik ke yo pral li a te pase imedyatman apre Jan te fin batize Jezi nan larivyè Jouden an.

Oryante elèv ou yo ouvè liv Elèv la nan istwa bibliik jodi a: “Konplètman moun” (Matye 4:1-11). Li premye vèsè a.

Eksplike yo ke pasaj sa a dekorve twa tantasyon ke Jezi te sipòte yo. Apre sa, divize klas la fè twa gwoup epi distribye yon pòsyon bay yo chak nan sesyon sa:

- Gwoup 1: vèsè 1-4
- Gwoup 2 : vèsè 5-7
- Gwoup 3: vèsè 8-11

Apre yo fin li vèsè yo, mande pou chak gwoup yo mete tèt yo ansanm pou kòmante epi reponn twa kesyon ke ou ekri sou tablo a, dapre sa yo chak jwenn nan istwa a. Lè yo fini, pèmèt yo pataje repons yo bay rès klas la.

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ede timoun primè yo konekte verite bibliik la avèk lavi yo.

Verite sou tantasyon an

Di konsa: “Kounye a nou konnen kèk detay sou eksperyans Jezi fas ak tantasyon an, ann retounen nan

fraz ki nan kòmansman yo, kote nou te gen pou mete vrè ou fo”.

Se pou chak volontè li yon fraz lè moman pa l’ la rive. Apre yo fin li yo chak, bay repons ki kòrèk la, epi kòmanse diskisyon an pou ke yo tout kapab bay opinyon yo osijè de sa.

- Tantasyon se peche. (Fo). Li Jak 1 :14-15. Eksplike ke tout moun fè fas ak tantasyon, se pa yon peche. Li se peche lè moun nan kòmans ap panse ak posiblite oswa lide pou fè sa ki mal la epi finalman li fè l vre. Jezi te fè fas ak tantasyon. Li te fè fas ak tout kalite tantasyon, menm jan avèk nou. Men li pa t peche. Li pat obeyi avèk yo.
- Granmoun yo jwenn plis tantasyon pase timoun yo. (Fo). Fè yo trase de lis nan tablo a, pandan y’ap mete youn ki genyen sityasyon k’ap fè timoun yo tante, ak sa k ap tante granmoun yo. Ede yo konprann ke nou tout dwe fè fas ak tantasyon yo.
- Tantasyon yo soti nan Bondye. (Fo). Li Jak 1:13. Pafwa Bondye pèmèt nou pase pa eprèv men li pa janm tante nou pou nou fè sa ki mal.
- Jezi te sibi tantasyon menm jan avèk nou. (Vrè). Li Ebre 4 :15. Jezi te soufri toutbon, li te jwenn tantasyon nan tout bagay. Sa pa vle di ke li te jwenn chak tantasyon ke nou menm nou jwenn espesifikman, men wi li te fè eksperyans ak tout kalite tantasyon.
- Si w’ap sibi yon tantasyon sa vle di ou lwen Bondye. (Fo). Jezi te toupre Bondye pase nenpòt lòt lòm nan mond lan epi li te soufri tantasyon ki te byen difisil. Jeneralman, anmezi nou pipre Bondye, nou vin gen plis tantasyon.
- Jezi kapab ede nou venk tantasyon an. (Vrè). Li Ebre 2 :18. Jezi gen kapasite pou li ede nou venk tantasyon ak dezi k’ap pouse obeyi l’ la. Nou tout kapab venk li si nou mande l’ sa.
- Gen kèk tantasyon modèn ke Jezi pa konprann reyèlman. (Fo). Transmèt bay elèv ou yo kèk refleksyon ki soti nan “kòmante bibliik”. Tantasyon espesifik yo soti nan tantasyon ke Jezi te eksperimante yo, men se menm kalite tantasyon yo.
- Tantasyon an se yon bagay ke nou tout dwe enkyete pou li. (Vrè). Li 1 Korentyen 10 :12. Fè konnen ke nou tout dwe rete ap veye tantasyon an. Nou pa gen pou nou dezespere, men li nesèsè pou nou veye.
- Gen kèk tantasyon ki enposib pou moun reziste. (Fo). Li 1 Korentyen 10 :13. Bondye kite nou pase pa eprèv ak yon mezi.
- Li konnen sa nou chak kapab reziste, se poutèt sa li pa janm kite nou tante plis pase sa nou kapab sipòte. Pa gen anyen ke nou kapab fè pou nou repouse tantasyon ale kite lavi nou. (Vrè / Fo). Li: Matye 18 :7, 1 Korentyen 18 :7, 1 Korentyen 6 :13. Pasaj sa yo montre nou ke tantasyon an toujou la. Men gen

bagay ke nou kapab fè pou nou kenbe tèt avèk li: Lapriyè mande sekou, kenbe tèt ak sa ki pifò pase nou yo, epi kouri devan sitiyasyon kote nou vilnerab pou nou tante yo.

Li menm tou li te soufri tantasyon-Konplètman Bondye

Oryante elèv yo ale nan de dènye aktivite nan liv Elèv la. Li pasaj yo ki parèt nan: Ebre 4:15 ak Ebre 2:18. Di konsa: “Lè n’ap fè fas ak tantasyon yo nou bezwen yon moun ki pou ede nou, epi nou genyen li! Jezi te sibi tout kalite tantasyon, epi li te venk peche a ! Li pare pou li ede nou chak venk peche a”.

Mande timoun primè yo pou yo chèche yon kamarad pou yo pale osijè de kesyon ki nan dènye aktivite a (anba vèsè Ebre 2:18). Apre sa, pale pandan plizyè minit, pèmèt yo bay klas la repons yo a.

Memorizasyon

Repete vèsè pou mwa a ansanm plizyè fwa, jiskaské timoun yo kapab di li de memwa.

Apre sa, divize yo fè de gwoup, epi mande yo pou yo chita pou fè de wonn atè a. Bay yo chak yon fèy blan. Lè w bay siyal la, premye timoun nan dwe ekri premye mo ki nan vèsè a ansilans. Lè fini l ap pase fèy la bay kamarad li a ki chita sou bò dwat li a, li menm

k ap ekri mo sa. Yo tout dwe rete ansilans. Epi konsa jiskaské yo fin ekri vèsè a ak nimewo a.

Ekip ki fini avan epi mete li nan fòm ki kòrèk la se li menm ki genyen.

Pou fini

Di konsa: “Nan leson jodi a nou te aprann ke nou tout, granmoun tankou timoun, chak jou nou fè fas ak sitiyasyon nan lavi nou ki diferan pou nou fè peche. Nou pap janm kapab lib de tantasyon an, men wi nou genyen zam pou nou fè fas avèk li. Atravè egzanp Jezi a nou gen modèl kòman pou nou kenbe tèt ak tantasyon an, san peche. Bib la di ke li te jwenn tantasyon nan tout bagay –menm jan avèk nou- men li pat janm komèt peche. Se sa ki fè li konprann sitiyasyon nou an plis pase tout moun, epi li pare pou l bannou èd li”.

Lapriyè pou timoun primè yo pou mande Bondye ede yo venk tantasyon k ap pèsèkite yo a, epi bay yo fòs volonte pou yo kapab kenbe tèt avèk li san fè peche, pandan y ap afime konviksyon yo kòm kretyen ak pitit Bondye.

Nou jwenn nan Kris la solisyon ak modèl kijan pou nou viv yon lavi nan sentete.

Leson 11

Jezi: Operatè mirak

Baz biblik: Mak 6:5-52; Lik 7 :11-17 ; Jan 2 :1-11

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke kòm Jezi se Bondye, li gen plis pouvwa ke nou menm lèzòm nou genyen epi, se sa ki fè li genyen konpasyon pou nou epi ede nou.

Vèsè pou aprann: *Pitit sa a reflète limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye...* (Ebre 1 :3a).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo ap viv nan mitan yon pakèt pèsònaj popilè.

Chak moman gen youn tounèf ki parèt. Pèsònaj istorik sa yo toujou ap sove mond lan anba destriksyon li. Timoun yo toujou jwi istwa ki genyen yon bèl final. Menm konsa, pa gen youn nan pèsònaj sa yo ki pwodwi yon chanjman ki bon nan lavi yo.

Diferan de gwo gason ak gwo fanm istorik sa a yo, Jezi genyen pouvwa ki reyèl, pigwo pouvwa. Pandan moman li te sou late, li te pwodwi anpil chanjman nan lavi moun yo. Li te demontre konpasyon ak lanmou

pou yo, li te geri malad yo epi resisite mò yo. Li te soufri tantasyon epi montre nou ke li te gen pouvwa pou l venk yo. Li se Pitit Bondye a, li te vini pou montre nou kijan Bondye te ye.

Li enpòtan pou timoun prime yo konnen ke Jodi a Kris kapab pwodwi yon chanjman reyèl nan lavi yo. Li pa disparèt lè ekran etèn, menm jan ak ewo nan televizyon yo. Kris la reyèl, li gen tout pouvwa, epi li toujou pran swen w ak elèv ou yo!

KÒMANTÈ BIBLIK

Pasaj Mak, Lik ak Jan dekrive twa mirak ke pèsòn nan nou k ap viv nan moman sa ko wè avèk je nou.

Nan Levanjil selon Mak nou li ke yon fwa nan nwit Jezi te mache sou yon letan. Li te ale yon kote poukont li...pou li lapriyè, petèt li t ap mande ranfò espiyèl nesèsè pou kenbe tèt ak fòs popilè ki te vle mete li kòm Wa (Jan 6 :14-15). Li te voye disip yo mache devan nan yon kannòt. Se te yon sware ki te gen anpil van. Nan yon okazyon li te remake ke yo t ap goumen kont kouran yo, epi li te mache sou dlo yo pou ale jwenn yo. Li te bay sansasyon pou montre ke li ta pase toupre yo a san li pa kanpe.

Nan epòk sa te genyen yon sispèstisyon pami jwif yo ke lè yon moun wè yon lespri nan nwit, se yon siyal dezaz ki asire. Krent disip yo se paske yo te wè yon lespri sou dlo a. Jezi te pale epi kalme lapèrèz. Van yo te sispann tou.

Lè nou gade nan Lik nou jwenn kote Jezi te entewonp yon antèman, lè li te wè yon sèl pitit vè la te mouri pou kite li poukont li. Gen kèk moun ki kwè ke li pa t gen laj pou li te retounen marye ankò epi fè yon lòt pitit. Se sèlman si yon manm nan fanmi an ta vle ede li, li ta viv lavi li ap mande charite pou li kapab vive pi konsa li ta vin pi fasil pou mechan yo fè li souffri. Jezi te pran pitye pou li epi resite pitit li a. Sa se te premye mirak rezirèksyon. Lòt de yo se te pa pitit fi Jayiris la avèk Laza.

Nan Levanjil selon Jan nou li ke yo konsidere premye mirak piblik Jezi a. Li menm, disip li yo ansanm avèk manman li yo t ap asiste yon nòs. Diven an te fini. Sa se te yon gwo eskandal nan sosyete a nan epòk sa!

Mari te mande Jezi pou pote mèt kay la sekou epi konsa li ta sove repitasyon mesye marye a devan kominote a. Difisilman, Jezi te aksepte lè li te transfòme dlo a pa yon diven ki bon pou ta genyen yon prim nan nenpòt konkou. Jan dekrive li kòm premye mirak ke Jezi te fè. Dapre li, kle mirak la pa t nan nati li pou fè moun wè, men se pito pou te montre Jezi kòm Pitit Bondye a.

Pa gen youn nan twa mirak sa a yo ki posib pou yon lòm fè. Se sèlman Bondye ki kapab fè yo. Lèzòm kapab fè mirak sèlman nan vèsyon ki modifye. Yon moun kapab mache sou dlo sèlman si li tounen glas oubyen si li gen kèk bagay anba li. Yon doktè kapab resisite yon pasyan ki “mouri klinikman”. Epi gen kèk moun ki gen kapasite pou prepare rezen epi transfòme yo an diven.

Vèsyon ki sanble sa a yo kapab ede, men nou bezwen plis pase mirak ki modifye yo. Entelijans lòm ak teknoloji pa kapab rezoud tout pwoblèm. Se Bondye sèlman ki kapab rezoud chak difikilte. Jezi te ouvè chemen an pou ke nou te kapab genyen yon relasyon avèk operatè mirak la.

Chak mirak ke Jezi te opere te genyen yon benefis pou lòm epi te demontre divinite li. Lè nou etidye istwa sa yo, kisa mirak sa yo vle di nou?

Yo fè nou sonje de panse enpòtan pou pipiti:

- Pouvwa pou opere mirak ke Jezi te fè yo lè li te sou latè a jiskaprezan rete sèlman nan Mèt ki te resisite a.
- Mirak yo se yon demonstrasyon de ke nou kapab konfye nou ke Bondye ap ede nou. Se asire ke èd la pap toujou rive nan yon fason ki enpresyonan. Seyè a kapab travay atravè vèsyon modifye ke lèzòm pèmèt li reyalize. De tout fason, nou kapab depann de sekou li kòm Bondye.

DEVLOPMAN LESON AN

Evènman ekstraòdinè

Oryante elèv yo ale nan premye aktivite liv Elèv la. Mande pou yon volontè li enstriksyon yo byen fò. Mande pou yo desine oubyen ekri kèk egzanp de evènman ekstraòdinè ke yo te wè, tankou pa egzanp : fedatifis, gerizon, oseyan, toubiyon, kout zèklè, vòlkan, tranblanntè, evènman espòtif, jwèt olenmpik, gran konsè

mizikal, elatriye.

Aprè sa, pèmèt yo kòmante li bay rès klas la.

Siyal: “Nou te trase oubyen ekri bagay ki ekstraòdinè. Jodi a nou pral pale de twa mirak ki pral fè nou sezi pi plis toujou”.

Konpasyon annaksyon

Depi avan klas la kòmmanse, ekri chak mo sa a ki se “KONPASYON” nan plizyè ti fèy. Sere yo plizyè kote nan sal klas la.

Poze kesyon sa nan klas la: “Kòmman nou santi nou lè yon moun ke nou renmen ap souffri?” Li pwobab pou timoun primè yo di ke so santi kè yo fè yo mal. Pifò nan yo ta renmen pou doulè a ale kite moun yo renmen yo. Genyen kèk ki menm kapab santi yo pa itil paske yo pa kapab fè anyen pou yo fè mye.

Di yo konsa: Li bon wi pou nou santi ke nou vle ede pou doulè a sispann. Genyen yon mo ki dekrive kalite enkyetid sa. Mo sa genyen 9 lèt, ki kache nan tout sal klas la. Nou genyen kèk minit pou nou jwenn yo”. Lè yo fin jwenn lèt yo, endike yo ke yo dwe chèche epi dekouvri ki mo li ye. Kite yo eseye jiskaske yo ranje li kòrèkteman.

Kontinye : “Nou rele kalite enkyetid sa ‘konpasyon’. Santi konpasyon se enkyete pou yon moun ase tankou pou eseye ede li. Èske kèk fwa te gen yon moun ki te gen konpasyon pou ou oswa fanmi w ?” Kite elèv yo reponn, pandan y ap bay egzanp pa yo a. Ensiste pou fè yo konprann ke konpasyon an se plis pase santi doulè pou yon bagay ki mal ki rive yon moun. Konpasyon se ede li.

Eksplike: “Nan istwa bibliik nou an jodi a nou pral wè plizyè okazyon kote Jezi te gen konpasyon pou moun yo. Pafwa nou gen konpasyon epi nou vle ede, men nou santi nou pa itil paske nou pa kapab fè li. Sepandan, Jezi te genyen tout pouvwa Bondye. Ann wè kòmman li te itilize li!”

ISTWA BIBLIK

Twa mirak yo

Eklèsi : “Kòm Jezi se Bondye konplètman, li gen tout POUVWA Bondye tou”. Mande pou kèk volontè mansyone plizyè mirak ke Jezi te fè lè li te sou latè.

Di konsa: “Se pa tout moun ki gen pouvwa ki itilize li pou byen lòt moun. Jodi a nou pral li sou twa gwo mirak ke Jezi te fè. Nou pral dekouvri pou ki rezon li te fè yo tou”.

Mande timoun yo pou yo fè plizyè tigwoup pa de epi pou yo ouvè liv Elèv la nan dezyèm aktivite a.

Chèche ase Bib pou tout kapab jwenn. Pèmèt yo chèche reyalite konpasyon ak pouvwa ke Jezi te montre nan twa istwa bibliik yo epi ekri yo. Lè yo fini, mande yo pou yo kòmante repons yo a avèk tout moun. Konplete avèk enfòmasyon ke “Kòmantè Bibliik” la bay la epi, avèk afimasyon sa yo:

Jan 2:1-11

- Reyalite konpasyon an: Chèf kanbiz la te genyen kòm responsablite pou li te founi ase manje ak

bwason pou nòs la, kote ke li ta dwe dire menm yon semèn. Si Jezi pat ajoute diven an, chèf la t'ap santi li vrèman wont devan tout envite yo.

- Reyalite pouvwa a : Jezi te genyen pouvwa pou li te transfòme dlo a an lòt bagay imedyatman. Pa gen pèsòn moun ki te kapab fè li.

Mak 6 :45-52

- Reyalite konpasyon an: Lè disip yo te pè, Jezi te di yo yon pawòl ki bay fòs. Lè fini tou li te ansanm avèk yo nan kannòt la epi kalme tanpèt la.
- Reyalite pouvwa a: Pouvwa Jezi a pigran pase lalwa lanati; se rezon sa ki fè ke li te kapab mache sou dlo yo epi kalme tanpèt la.

Lik 7:11-17

- Reyalite konpasyon an: Jezi te santi li atriste lè li te wè manman jennonm ki te mouri a te dwe fè fas ak povrete –oubyen kèk bagay ki pi mal –pliske li pa t genyen pèsòn ki pou te ede li. Li te bay fanm nan konsolasyon epi resisite pitit gason l lan.
- Reyalite pouvwa a: Pouvwa Jezi a pigran pase pouvwa lanmò. Se sa ki fè li te kapab resisite jennonm nan.

Poze kesyon: “Èske Jezi se menm moun ki te la nan tan lontan? Èske li gen konpasyon pou moun yo ase kòm si pou li ta ede yo? Kòman nou fè konn sa? (Repons yo dwe diferan, men yo dwe genyen ladan yo ke Jezi gen konpasyon ak pouvwa. Se konsa Bib la di li. Ebre 13 :8 di konsa : “Jezikris pa chanje, li se menm moun nan yè, jodi a ak pou toutan”. Eksperyans moun yo konfime konpasyon ak pouvwa li). Pliske li se Bondye, li genyen tout pouvwa Bondye. Nou kapab konte sou lanmou ak sekou li.

AKTIVITE YO

Sous pouvwa a

Pote yon anpoul nan klas la [lanp/ fanal]. Kenbe li nan men w epi di konsa: “Nou menm lèzòm nou gen yon pati nan nou menm ki tankou anpoul sa ki pa konekte nan okenn sous enèji. Nou pa genyen anpil pouvwa. Jezi te yon nonm menm jan avèk nou. Men tou, kòm li se Bondye konplètman, li gen tout pouvwa Bondye”.

Konekte anpoul la nan yon sòkèt epi limen l. Pandan w ap fè li, di konsa: “Jezi gen pouvwa ke nou menm lèzòm nou pa genyen”.

Desine foto yon anpoul ki limen byen gran. Mande pou kèk volontè ekri nan pati ki anba lanp lan, kèk nan pouvwa ke nou genyen nou menm lèzòm (egzanp: pouvwa pou nou pran pwòp desizyon nou yo, pouvwa pawòl la, pouvwa lapriyè, fòs fizik, elatriye.).

Mande pou plizyè lòt volontè ekri nan pati ki anlè fanal la (pati ki gen koub la), pouvwa ke Jezi genyen yo (pa egzanp: resisite moun, pouvwa sou fòs lanati, pouvwa pou geri, pouvwa pou viv san peche).

Poze kesyon: “Kisa oubyen kilès ki sous TOUT

pouvwa?” (Bondye).

Mennen elèv ou yo nan dènye aktivite nan liv Elèv la. Eksplike yo ke akwostich la se yon kalite pwezi. Pèmèt yo konplete li pandan y ap baze sou mo “POUVWA”. Yo dwe ekri mo oswa fraz ke yo dekrive: (a) pouvwa Jezi a, (b) konpasyon li oubyen (c) sitiasyon nan lavi nou kote nou bezwen konpasyon ak pouvwa Jezi pou nou kapab kontinye avanse.

Memorizasyon

Avan klas la kòmanse, prepare yon papye afich ki kare pou w ekri vèsè pou mwa ki dwe genyen (30 cm. X 30 cm.) Divize li fè 15 kazye : 3 nan sans orizontal, epi 5 nan sans vètikal (10 cm. X 6 cm. Pou chak). Menm jan an, koupe 15 rektang ti moso katon ki genyen 5 cm. X 8 cm. Kote w'ap gen pou w ekri chak mo vèsè ki nan Ebre 1 :3 (mete sou li nimewo youn nan yo). Apre sa vlope yo avèk papye transparan.

Kole afich la avèk kare a nan youn nan mi sal klas la epi mete yon riban adezif apre chak 15 kazye yo.

Dirije atansyon elèv yo ale nan vèsè pou mwa a. Li l epi mande pou yo repete li plizyè fwa. Apre sa montre yo kare ki nan mi an.

Mete rektang yo avèk mo vèsè a yo sou tab la, melanje, fas anba. Lè w di, “ya!” yon elèv ak kòmanse ranje mo yo ki fòme vèsè a, nan mwens tan ki posib la. Apre sa li dwe ranje yo nan kare ki nan mi an nan lòd. Pran tan ke devwa sa mande. Lè li fini, nou dwe repete vèsè a ansanm. Apre sa, retire mo ki nan kare yo, mete yo fas anba sou tab la ankò epi byen gaye, epi se pou lòt elèv patisipe. Kontinye konsa jiskaske tout elèv patisipe, repete vèsè a tout moun ansanm chak fwa yon elèv ranje li. Moun ki ranje li nan mwens tan.

Pou fini

Bay chak timoun primè yon plim oubyen yon kreyon ak yon anvlòp. Mande yo pou yo panse ak kèk nesite yo genyen. Fè timoun yo konnen ke Jezi gen konpasyon pou nou, epi li gen pouvwa pou li ede nou tou. Di konsa: “Bondye TOUJOU reponn demann nou yo, menm si pafwa repons yo konn diferan de sa nou konn ap tan nan”.

Mande pou yo ekri demand yo nan fèy la, epi lè yo fini, yo dwe mete yo anndan anvlòp la epi konsève yo, ak konfyans ke Bondye ap reponn lapriyè yo.

Fè timoun yo sonje ke lapriyè ak lekti Pawòl la chak jou se bon metòd pou yo rete konekte avèk li.

Finalman, priye pou yo, mande Seyè a pou li ede yo kwè ke li renmen yo, li konnen enkyetid ak nesite yo epi li genyen tout pouvwa pou li ede ak geri yo, ni yo menm, ni fanmi ak zanmi yo. Ankouraje yo chak rakonte istwa gwo mirak Jezi yo bay moun ki pa konvèti yo epi k ap pase moman difisil oubyen maladi. Ankouraje timoun yo kwè epi mande Bondye pou li ede yo oswa geri yo, déjà li genyen pouvwa pou fè sa.

Jezi, otorite nou an

Baz biblik: Jan 2:12-22; 5:22-29; Women 8:31-34

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke Jezi avèk Bondye genyen menm otorite sou peche lòm, ni pou jije li avèk padone li.

Vèsè pou aprann: *Pitit sa a reflète limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye...* (Ebre 1 :3a).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pèp jwif la te gen abitud achte bèt pou ofri sakrifis, lè yo rive nan tanp lan. Lidè relijye yo te konn tire anpil avantaj nan sistèm sa, transfòme yon bon zèv ki te byen kòmanse an yon biznis. Li enpòtan pou timoun primè yo konprann ke konpòtman moun ki te konn al adore la yo te kòmanse chanje. Olye de ale nan tanp lan, sanble yo t ap antre nan yon estad.

Jezi te byen ajì lè li te kondane pratik sa yo nan epòk li a.

Leson sa ap ede etidyan yo kapte lide ke gen kèk moman kote ke kretyen yo dwe kenbe tèt ak enjistis. L'ap bay yo opòtinite pou yo pale lè yo dwe afiche konpòtman sa ak jan yo kapab fè li.

Nan kèk jou nan semèn sa, pran minit pou w evalye devlopman klas ou a. Pèmèt ke kesyon sa yo ede w wè ministè w ak yon pèspektiv ki diferan: Kisa etidyan yo tandè? Èske tout sa ki di ak fèt santre sou Bondye? Ki objektif klas ou a? Èske w toujou konsève menm objektif original ou a pou, anseye timoun primè yo konnen ak swiv Jezikris? Panse ak metòd ke w itilize oswa deside pa itilize. Èske y ap ede yo konprann ak konnen Bondye pi byen, pandan y'ap deklare objektif li nan yon fason ki klè?

KÒMANTÈ BIBLIK

Leson jodi a pale de otorite. Pasaj ke nou pral li yo nan Bib la ap fè nou rankontre ak yon kesyon ki byen enpòtan: Ki kote Jezi te jwenn otorite li a?

Nan premye chapit yo nan Levanjil selon Jan an, nou li ke Jezi te “netwaye” tanp lan. Te genyen rezon pou machann bèt ak moun ki t'ap chanje lajan yo te rete toupre tanp lan nan epòk fèt yo. Anpil adoratè te konn soti byen lwen epi yo pat kapab vini avèk bèt pou yo te ofri sakrifis. Yo te dwe achte yo menm kote a.

Se konsa, pifò nan asistan yo te konn sèvi ak lajan grèk epi women. Men sa te entèdi nan tanp lan, te gen imaj ewo ladan yo (lòm).

Chèf kanbiz yo te ofri yon sèvis ki nesèsè lè yo t'ap chanje lajan yo an sa ki pa gen imaj lòm.

Poukisa Jezi te revòlte si se te yon biznis lejitim?

Premyeman, se paske machann ak moun kanbiz yo pa t negosye deyò tanp lan, men se pito andedan tanp lan menm. E menm pi mal, yo te fè biznis yo a nan sèl lakou kote moun lòt nasyon yo te kapab adore Bondye. Olye pou moun te tandè yon moman adorasyon ak lapriyè byen dous, se te pito rèl kabrit ak mouton sèlman. Olye pou moun te tandè kri moun ki koupab ak repantans, adorasyon sen ak demand pwolonje, se te pito bri yon mache ki plen ak komès.

Dezyèmman, li pwobab pou machann yo avèk kanbizye yo te ogmante pri sèvis yo. Pèp la pa t kapab bay ofrann yo jan yo te vle l' la, kidonk yo te viktim.

Finalman, Jezi te konnen kisa sa te reprezante. Adorasyon nan tanp lan te tèlman santre sou pwòp pratik yo avèk tradisyon yo, sa te lakòz objektif orijinal la te pèdi.

Epi li te oblije kontrekare sa.

Jwif yo t ap poze kesyon: Ki kote Jezi te jwenn otorite sa? Li te reponn yo pandan li t'ap fè referans ak rezireksyon li a, sa ki ta revele ke li se Pitit Bondye a. Nan tout bagay, jwif yo te malentèprete repons li a. Yo te panse ke Jezi te fè referans ak tanp lan (gwo kay la) ki apre 46 lane, jiskaprezan konstriksyon an ap kontinye. (Konstriksyon tanp lan te kòmanse nan lane 20 av.K. epi li pot ko fini jous nan lane 64 ap.K. Men, evènman te pase ant lane 27 ak 33 ap.K.).

Jan 5 :24-27 konfime sous otorite Jezi a. Resevwa mesaj li a vle di kwè nan Bondye. Kwè nan li bannou lavi ki pap janm fini an, sa ke Bondye Papa a, Pitit li a Jezikris ak Sentespri a bay la. Bondye bay Jezi pouvwa pou jije moun ke li bay lavi sa. Sa gen ladan li yon sous konsolasyon pou kretyen yo.

Bondye te tèlman bon, sa te fè li bay pwòp Pitit li a. Se sèl Papa a avèk Pitit la ki genyen pouvwa pou akize oswa kondane nou (gade Women 8 :31-34). Se sa ki fè, si nou viv konfòm ak volonte Bondye, jan li te devwale Jezi l la, nou pa gen pou nou pè anyen.

Se sa ke kanbizye nan tanp yo pat pare pou yo te akseptè.

Reflechi sou kesyon sa a yo pandan w ap prepare leson sa :

Èske kèk fwa w panse ke pliske w pa bon ase devan Bondye, li pa sove w?

Èske kèk fwa w te panse ke Sali a se pou tout moun, sof oumenm?

Si se te konsa, vèsè sa a yo espesyal pou lavi w: Women 8:31-34. Si Bondye te bay Pitit li a pou ou, li pa ta limite kado lavi ki pap janm fini an. Si Kris te bay lavi li pou ou, kòman pou l ta fè kondane w kounye a ? Li pa ta limite anyen ki ta anpeche w viv pou li. Se Satan ki akize w, se pa Bondye. Sepandan lè dyab la akize nou, nou genyen yon avoka defansè: Jezi, li menm ki chita sou bò dwat Papa a pou prezante ka nou an.

DEVLOPMAN LESON AN

Kilès ki chèf la ?

Avan leson an kòmanse, kopye vèsv bibliki ki anba yo. Koupe yo chak separeman, double yo epi mete yo nan yon ti panye oubyen yon bwat.

Di nan klas la: “Jodi a nou pral pale de otorite. Kisa a vle di lè yon moun gen otorite sou nou ?” Kite yo reponn. (Se yon moun ki gen pouvwa avèk dwa pou di ou sa w dwe fè, epi asire li ke w ap fè l). Mande yo pou yo chèche premye aktivite ki nan liv Elèv la. Yo dwe idantifye senk otorite ki parèt nan demonstrasyon yo (Polisyè, antrenè, jij, papa, Bondye).

Mete ti panye a oubyen bwat ki genyen vèsè bibliki yo sou tab la. Mande pou senk volontè pase epi chwazi yon ti papye, yo pa dwe li l toutotan w poko endike yo.

Ouvè yon deba avèk elèv ou yo osijè de senk figi otorite sa yo. Kòmanse pale de polisye a, epi youn apre lòt. Poze kesyon: “Poukisa nou kapab dezobeyi yo? Poukisa yo gen dwa pou yo di nou sa nou dwe fè?”

Ankouraje timoun yo eksprime sa yo santi anvwè polisye yo oswa rakonte kèk eksperyans ke yo te fè avèk yo. Apre sa, mande pou moun ki gen premye vèsè a li l byen fò. Pale osijè de siyifikasyon vèsè sa yo. Kontinye pale menm jan pou kat lòt otorite yo.

Vèsè bibliki yo

1. “Tout moun dwe soumèt devan otorite k’ap gouvènè peyi a, paske nanpwen otorite ki pa soti nan men Bondye, epi tout otorite ki la, se Bondye ki mete yo. Se poutèt sa, moun k’ap kenbe tèt ak otorite yo, yo refize obeyi lòd Bondye tabli. Moun ki refize obeyi lòd la, y’ap rale yon jijman sou tèt pa yo. Tande byen: moun ki fè sa ki byen pa bezwen pè chèf k’ap gouvènè yo. Se moun ki fè sa ki mal ki pou pè yo. Eske ou ta vle pa pè chèf? Enben, fè sa ki byen; se lwanj ase wa resevwa nan men yo (Women 13 :1-3).

2. “Obeyi chèf nou yo, soumèt devan yo. Se tout tan y’ap veye sou nanm nou paske yo gen pou yo rann Bondye kont pou travay yo. Si nou obeyi yo, y’a fè travay yo ak kè kontan. Men, si nou pa obeyi yo, y’a fè l’ ak kè sere. Lè sa a, p’ap gen okenn avantaj pou nou” (Ebre 13:17).

3. “Soumèt devan tout otorite lèzòm etabli. Fè sa pou Bondye. Soumèt devan wa a, paske se li ki pi gwo chèf. Soumèt devan majistra yo, paske wa a voye yo pou pini tout moun k’ap fè mal, pou fè lwanj tout moun k’ap fè byen” (1 Pyè 2 :13-14).

4. “Nou menm timoun, se devwa nou pou nou obeyi manman nou ak papa nou nan tout bagay. Se sa ki fè Bondye plezi” (Kolosyen 3 :20).

5. “Nou renmen Bondye, lè nou fè tou sa li mande nou fè. Sa Bondye mande nou fè yo pa twò difisil pase sa” (1 Jan 5 :3).

ISTWA BIBLIK

Otorite Jezi sou peche

Mande pou kèk elèv li tèks Jan 2 :12-22 nan liv Elèv la, leson 12. Distribue materyèl pou chak timoun ka li dapre kantite volontè ki genyen. Avan w kòmanse, bay kèk minit pou revize materyèl la. Ankouraje yo li istwa byen.

Apre yo fin fè li, fè tèm nan vin pi bèl pandan w ap kòmanse pasaj ki parèt nan kòmantè bibliki la. Pèmèt ke timoun yo travay an tigwoup- pa plis pase twa oubyen kat-pou reponn kesyon sa yo. Lè yo fini, mande yo pou yo rakonte klas la sa yo te ekri yo. Bay kreyon ak papye pou yo travay.

- Kòman nou dekrive atitid Jezi fas ak peche ? (Li pa t tolere li, li te fè l fache epi li te pini l).
- Èske w panse ke li te gen dwa pou l te aji jan li te fè l la ? Eksplike repons nou an (Wi, Li se Pitit Bondye a, devan peche li santi menm bagay ak Papa a epi li pataje otorite li pou jije peche a).
- Ki tit nou ta bay istwa bibliki sa ? (Aksepte respons yo a).
- Fè timoun yo santre atansyon yo sou paj liv Elèv la, kote nou jwenn pasaj Jan 5:24-29. Yon lòt fwa ankò, kite yo li l byen fò. Apre sa, mande yo pou yo travay an tigwoup pou yo reponn kesyon sa yo. Lè yo fini, yo kapab mete tèt yo ansanm pou yo fè deba sou repons yo.
- Kisa Papa a te bay Jezi, epi poukisa? (v.22-23 ak 27). Otorite pou jije moun, motivasyon yo, panse yo, pawòl ak aksyon yo. Paske Jezi se Pitit Lòm nan-Pitit Bondye a-epi paske Bondye vle pou tout moun onore ak respekte Jezi menm jan yo fè l

avèk Papa a.

- Kimoun k'ap prezante kòm non koupab devan Jezi? (v.24). Nenpòt moun ki koute Pawòl Jezi yo epi kwè nan li kòm Sovè li.
- Kisa Jezi pral bay? Lavi li.
- Kisa ki pral pase avèk moun ki te fè byen yo? (v.29). Yo gen pou yo resisite epi reviv ankò.
- Kisa ki pral pase moun ki te fè mal yo? (v.29). Yo gen pou yo resisite epi resevwa kondannasyon.
- Konpare tèks sa avèk sa ki nan Jan 2 :12-22.

Nan kisa yo sanble? Nan kisa yo diferan? (Tou de montre mekontantman Jezi ak Bondye fas ak peche a, avèk fason yo pral jije peche a avèk pechè a. Men tou, tèks sa montre ke moun sa yo ki aksepte Jezi kòm Sovè yo gen pou soti venkè nan dènje jou jijman an)

Eksplike: “Bondye te bay Jezi otorite l jije ak padone peche lòm. Men li vle ak tout kè li pou ke nou chwazi remèd pou peche a, olye pou nou resevwa pinisyon an.

AKTIVITE YO

Bondye pou nou!

Itilize pasaj ki nan Women 8:31-34 pou w ranfòse konfyans timoun primè yo nan lanmou Bondye pou yo epi avèk asirans ke l ap defann yo. Mande yo pou yo fè lekti a nan fason sa: Mande pou yon volontè vin li premye vèsè a, di li pou l fè yon ti silans, epi mande pou yo tout repete li ansanm. Bay tan pou yo ekri mo oubyen fraz ki enpresyone yo oswa touche kè yo. Fè menm bagay la avèk dezyèm vèsè a jiskaske tout vèsè yo fin pase. Sa se yon pasaj ki pwisan anpil! Ankouraje chak timoun primè yo repete chak fraz avèk enèji e konviksyon, pandan y ap kwè nan sa yo li a. Si gen tan, repete li plizyè fwa.

Lè fini, mande yo kijan yo te santi yo lè yo t ap li pasaj la epi ki mo oubyen fraz ki te touche kè yo pi plis. Pèmèt yo fè kòmantè sou kijan verite sa yo chanje sa yo te konnen osijè de Bondye, de yo menm ak lòm moun.

Memorizasyon

Revize mo vèsè pou aprann yo ansanm avèk timoun primè yo plizyè fwa: Ebre 1:3. Apre sa, òganize yon konkou pou w wè kimoun ki kapab ekri mo ki nan vèsè yo pi rapid nan fason sa: divize klas la fè de gwoup epi fè de liy, pandan y ap gade nan tablo a.

Mete yon relò pre ki pou mezire tan. Lè w bay lòd la, premye moun ki nan chak liy lan dwe kouri al sou tablo a, ekri premye mo ki nan vèsè a, epi kouri

tounen al kanpe nan ke liy lan. Kou sa rive, dezyèm moun nan liy lan dwe kouri al ekri dezyèm mo ki nan vèsè a sou tablo a. Konsa yo va fin ekri tout vèsè a, ak tout nimewo a. Ekip ki fini nan moman ki pi kout la se li menm ki va genyen.

Ou kapab melanje gwoup yo epi divize yo yon fason ki diferan (fi avèk gason, piwo ak piba oswa jan ou deside l la) pou fè konkou a ankò nan fason sa. Yo tout dwe fini ap di vèsè a ansanm.

Di konsa: “Pandan mwa sa a nou te di ke Jezi se sèl Pitit Papa a. Li se sèl moun atravè istwa ki se lòm epi Bondye konplètman nan menm tan”.

Pou fini

Mande yo pou yo repete vèsè pou mwa a yon lòt fwa ankò. Bay moun ki pi byen di l la yon sètifika oswa yon prim.

Di konsa: “Jodi a nou te pale sou otorite ke Jezi genyen pou l jije peche. Li gen pouvwa ak dwa pou li pini moun ki komèt peche a, epi tou li genyen pouvwa pou “PADONE LI”.

Avèk pwòp mo pa w yo, eksplike yo kisa Bondye te fè pou bannou yon remèd pou peche a, atravè Jezi, Pitit li a. Si w vle, rakonte yo temwayaj ou pèsonèlman.

Mande yo pou yo ouvè dènje aktivite nan liv Elèv la. Pandan n ap itilize ABC paj sa, ede yo dekouvri (oubyen sonje) baz Sali a. Ou dwe sansib anba direksyon Sentespri a nan moman sa. Si w wè l'ap bon, envite fè yon priyè de remisyon epi resevwa lavi ki pap janm fini an.

Ou kapab dirije yo nan lapriyè tankou sa :

“Papa Bondye, mèsè paske w te voye Pitit ou a sou latè pou vin tounen moun menm jan avèk nou. Kòm Jezi te pase tout tray n'ap pase yo, Li konprann nou. Li te jwenn tantasyon nan tout bagay, menm jan avèk nou, men li te pote viktwa sou peche. Li konnen ke si nou aksepte lavi ki pap janm fini an ke w ofri nou, konsa n ap kapab lib de kilpabilite ak pinisyon pou peche. Mèsè pou bèl kado sa. Nou kontan anpil paske nou vin pitit ou! Nou mete tout konfyans nou nan ou. Nan non Pitit Bondye a, Jezi. Amèn”.

Mete fen pandan n ap chante yon kè chan ki gen pou wè ak tèm nan.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite IV

JEZI, WA NOU AN

Baz bibliik: Jan 12:12-19; Zakari 9:9; Jan 20:1-18; Jan 14:1-14; Travay 1:1-11

Verite bibliik: Jezi se Wa vivan nou an

Vèsè inite a : *Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete je-nou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a...* (Filipyen 2 :10-11).

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Konprann kòman evènman dènye jou Jezi yo sou latè te montre ke Li se Wa nou an.
- Konprann ke Jezi ofri padon pou peche tout moun.
- Konnen ke Jezi gen pou retounen sou latè yon jou.
- Pèmèt Jezi vin Wa lavi yo.

Leson inite a

Leson 13: Jezi, yon Wa espesyal

Leson 14: Jezi te resisite!

Leson 15: Jezi vivan!

Leson 16 : Jezi pwomèt l ap retounen

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Jwif yo te pase plizyè santèn lane ap rete tann Mesi yo te pwomèt yo a. Mesi a ta pral akonpli alyans wayal ke Bondye te fè avèk David la, epi li ta vin Wa pou toutan. Sepandan, lè Jezi te rive, pifò nan yo pa t rekonèt li reyèlman, paske li pa t akonpli pèspektiv Mesi (Sovè) yo t ap tann nan.

Moun yo te bezwen yon wa politik, pwisan, ki ta vin retire yo anba dominasyon women yo. Lè Jezi te antre nan lavi Jerizalèm, foul moun yo te kontan epi kriye byen fò : “Ozana !”, ki vle di : “Sove nou kounye a!”. Nan moman sa a yo te aksepte Jezi kòm wa yo. Men, yo pa t prepare pou yo te resevwa Wa tout Wa yo ke Bondye te voye a.

Inite sa ap ede timoun primè yo konprann ki kalite Wa li ye. L ap montre yo ke Jezi pa t vini tankou nenpòt lòt wa ki sou latè. Li te vini pou pote lanmou ak padon Bondye pou tout moun ki vle resevwa li. Li te vini kòm Wa ki pou gouvène lavi nou epi konnen nou kontrèman ak wa ki sou latè yo, k ap viv byen lwen san konnen anyen de lavi moun yo.

Inite sa tou ap ede timoun yo konnen ke Jezi se Wa vivan an, epi ki gen pou retounen yon jou. Objektif leson sa yo se ede yo konprann ke yo bezwen yon Sovè, epi akepte Jezi kòm Wa lavi yo.

Jezi, Wa nou an

Baz biblik: Jan 12:12-19; Zakari 9:9

Objektif lesan: Se pou timoun primè yo konnen ki kalite Wa Jezi ye.

Vèsè pou aprann: *Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a...* (Filipyen 2:10-11).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun nan laj sa yo gen konesans sou kreyasyon an pa mwayen istwa ak kont.

Sepandan, yo kapab genyen move siyifikasyon de li.

De tout fason, imaj yon wayòm se yon pati enpòtan nan lafw kreyen nan. Jezi se akonplisman alyans wayal ke Bondye te fè avèk David la. Wayòm li a twouve liyon kote tout moun kapab rekonèt gouvènans li nan lavi yo. Yon jou gouvènman li a va total epi konplèt.

Leson sa pral ede timoun primè yo dekouvri siyifikasyon de ke Jezi se Wa nan lavi yo.

Kòmanse avèk desizyon pou resevwa li kòm Sovè. Epi kontinye avèk desizyon chak jou pou renmen l epi fè sa li vle, olye pou nou fè sa nou vle.

Èske timoun ki nan laj wit ak nèf lane kapab fè sa? Wi. Menm si gen kèk timoun ki manke matirite, yo gen lespri yo ouvè ase tankou pou yo remèt Jezi lavi yo. Sepoutèt sa li nesèsè pou yo koute konsèp sa, epi kòmanse pran desizyon pou yo mete Seyè a nan premye plas la.

Ap gen plizyè opòtinite pou elèv yo resevwa Kris kòm Sovè yo pandan dewoulman inite sa. Lapriye pou elèv ou yo, epi mete w prè pou w ede yo si w remake yo pare pou fè premye pa sa. Gen plizyè nan timoun prime yo ki te deja pran desizyon sa. Petèt gen lòt ki poko pare pou fè sa jiskaprezan. Men genyen lòt k ap konsidere moman sa favorab pou yo fè premye pa enpòtan sa: ke Jezi se Seyè ak Wa yo.

KÒMANTE BIBLIK

LSe konsa vre yo di yon ewo byenvini!

Foul moun yo te konten epi t ap rele byen fò, kouri al vole sou Nonm ki te pwomèt la san kontwòl. Emosyon an te ogmante epi pèp la te apwoche, youn t ap frappe avèk lòt nan goumen pou wè moun sa ki ta pral chanje avni yo a.

Pou peryòd pak la, peleren ak vwayajè ki te gen pou antre nan lye sen yo te gonfle kò yo nan vil. Se te peryòd ko yo te konn selebre liberasyon ebre yo ki te

nan esklavaj nen peyi Lejip. Nan epòk sa, Jerizalèm te genyen yon popilasyon anviwon 50.000 moun. Save yo te fè konnen ke nan peryòd pak la, popilasyon an te vin ogmante a 100.000 moun!

Pliske vil la pa t tèlman gwo tankou pou yon gwo foul moun fè ladesant, anpil nan yo te oblije kanpe sou tèt mòn ki te deyò miray yo.

Yon nouvel te gaye byen vit ke Jezi, nonm ki te resisite Laza a pral antre nan lavil Jerizalèm. Mirak sa te deja leve yon gwo sansasyon nan kominote jwif la, li te gaye byen rapid, konvenk moun yo ke yo te dwe kwè nan Seyè a (Jan 12:11b).

Foul moun yo te santi gwo emosyon. Anpil nan yo te rache fèy palmis, yon senbòl nasyonal laviktwa ak triyonf ke yo te itilize pou resevwa ewo avèk wa yo.

Genyen kèk pami yo ki te kòmanse rele byen fò: "Ozana!"; mo arameyen ki vle di: "Sove nou kounye a!" Gen lòt ki kouri antre nan foul moun yo epi rele byen fò: "Ozana! Epi benediksyon pou moun ki vini nan non Mèt la!" (Jan 12:13a). San rann kont, yo t ap repete yon benediksyon ki nan Sòm 118. Apre sa, yo te ajoute: "benediksyon pou Wa pèp Izrayèl la!" Fraz sa pa gen anyen pou wè avèk sa lòt de premye yo te vle di yo, sa ki devwale byen klè fason pèp la te panse. Yo t ap tann yon lidè nasyonal epi triyonfan. Epi yo te kwè ke Jezi se ta wa politik peyi Izrayèl.

Jezi te antre nan vil la byen trankil sou yon ti bourik nan mitan yon manifestasyon, avèk fèy palmis epi chan viktwa. Petèt yon bourik dapre nou menm sanble dwòl, sepandan, animal sa yo te enpòtan anpil pou zansèt Izrayèl yo nan tan lontan. Wa yo te konn monte sou bourik kòm senbòl majeste, sèvis ak lapè. Menm David avèk pitit li yo te konn itilize milèt kòm monti wayal yo !

Pandan foul moun yo t ap rele avèk favè politik, Jezi te montre majeste li san pale, nan bay sèvis ak lapè.

Jan sa ekri nan Zakari : Mwen pral kanpe tankou gad k'ap fè pòs nan mitan peyi a pou anpeche lòt lame pase ale vini ladan l'. Mwen p'ap kite gwo chèf vin peze yo ankò.

Mwen te wè jan pèp mwen an tap soufri (Zakari 9:9). Pèp la t ap tann pou Mesi a te vin chanje reyalyte politik peyi Izrayèl la. Olye de sa, Bondye te voye Wa pou chanje yo.

Refleksyon pèsònèl pou antrenè timoun primè yo

- Kisa sa vle di pou ou ke Jezi se Wa ?
- Kisa w fè pou ke Jezi vin wa lavi w?
- Ki pati nan lavi w ke w dwe remèt anba dominasyon Jezi ?
- Kisa w kapab fè pou ke timoun primè yo di Jezi byen vini nan lavi yo?

DEVLOPMAN LESON AN

Kilès Jezi ye?

Aprè w fin rakonte istwa a, mande timoun primè yo ki premye bagay yo te panse de Jezi epi kòman li te ye. Poze kesyon: “Kisa w konnen de Jezi? Kilès moun ou kwè ke li ye? Pou ki rezon li te vini sou latè?” Pèmèt ke elèv yo ekri repons yo nan “nyaj” premye aktivite ki nan liv Elèv la, (leson 13).

Lè yo tout fini, ankouraje kèk volontè rakonte sa ke li panse, santi oubyen imajine osijè de Jezi.

Di konsa: “Nan epòk Jezi a, moun yo t ap tann a:yon Sovè, yon moun ki te pou vin retire yo anba dominasyon women yo. Lè yo te obsève jan ke Jezi te anseye epi wè mirak yo, anpil moun te panse ke se li menm ki te Sovè a ke Bondye te voye a. Pandan n ap li istwa a nan liv Elèv la, ann dekouvri ki divès kalite gwoup moun ki te panse ke Jezi se te Wa, epi yo t’ap tann li”.

Kòman yon wa ye ?

Depi avan klas la kòmanse, chèche yon bwa ki gen yon mèt nan longè, pou w fè li tounen yon baton.

Fòm yon boul nan pwent tèt la, li kapab fèt menm ak papye aliminyòm epi ba l fòm yon baton. Vlope bwa avèk boul la avèk yon papye aliminyòm. Lè baton an fin fèt, kouvri li avèk penti nikle, dekore li jan w vle l la.

Eksplike kisa yon baton ye nan klas la : “Yon wa itilize yon baton pou li kapab montre otorite ak pouvwa li.

Nan Bib la nou jwenn kote ki pale de baton wa a nan istwa Estè a (Estè 5:1-3). Lè wa te lonje baton li, Estè te konnen ke li te kapab pale avèk li”.

Nan yon jwèt, ou dwe montre timoun primè yo panse ak sa yon wa fè. Di yo konsa ke w ap bay yo yon lide pou yo kòmanse, pa egzanp: “Sa a se travay yon wa...” Chwazi kèk timoun ki pou kòmanse.

Lè w siyale baton an, li dwe di yon bagay ke yon wa konn fè, pa egzanp: “Yon wa goumen kont lènmi li yo”. Si genyen kèk ladan yo ki pa sonje anyen, oswa mize avan li reponn, li dwe ale nan “prizon” oswa (yon kote ki deyò klas la).

Fè timoun yo chita sou fòm yon wonn. Kòmanse pandan w ap siyale yon timoun avèk baton an epi di konsa: “Men bagay yon wa fè”. Aprè li fin reponn, siyale yon lòt ki dwe reponn menm kesyon an jiskaske tout moun patisipe. Detanzantan, chanje tèm nan epi di konsa pa egzanp: “Sa se bagay yon wa mete sou li”, oubyen “sa se bagay yon wa konn di”, oswa “sa se bagay yon wa di lè li fache avèk yon moun”.

Jwe, tout fwa si tan ak enterè a pèmèt sa fèt.

ISTWA BIBLIK

Jezi, sove nou kounye a!

Li Jan 12:12-19; Zakari 9:9

W ap bezwen makè oswa kreyon pou chak timoun

avèk istwa bibliik liv Elèv la (leson 13). Divize klas la fè 3 gwoup. Di konsa: “Pral genyen 3 gwoup moun nan istwa Jodi a: 1) Foul moun yo, 2) Disip yo epi 3) farizyen yo”. Bay chak gwoup yon non nan twa kalite sa yo (yon ap jwenn foul moun yo, lòt ap jwenn disip yo, epi twazyèm nan ap jwenn farizyen yo). Pandan dewoulman istwa a, chak gwoup dwe make ak yon X fraz kote ki gen yon siyal ki idantifye gwoup pa yo a.

Aprè istwa a, di konsa: “Ann revise ankò sa plizyè kalite moun te panse osijè de Jezi” Mande timoun primè yo pou yo revise fraz yo te make yo epi rakonte sa yo te aprann osijè de farizyen, disip ak foul moun yo.

Poze kesyon: Pou ki rezon nou panse frizyen yo te tèlman fache kont Jezi? (Paske yo te panse ke li te vin etabli yon wayòm sou latè. Sa vle di yo t ap tonbe nan pwoblèm avèk women yo epi ki ta pèdi pouvwa yo).

Pou ki rezon nou kwè ke foul moun yo te konpòte yo konsa? (yo te wè gwo mirak -espesyalman lè Jezi te resite Laza –la menm yo te panse ke li se Wa pèp la ki ta gen pou etabli wayòm li, kraze women yo, epi konsa yo tout ta vin lib).

Poukisa disip yo te twouble avèk sa ki t ap pase yo? (Yo pa t konpran kisa Jezi te vle di yo lè li t ap pale avèk yo osijè de wayòm nan, deja yo pa t fin konprann de ki wayòm li t ap pale yo a. Yo pa t konnen ke lè Jezi te pèmèt enènman sa yo rive se te pou akonpli pwofesi yo).

Di konsa: “Jodi a nou konnen ke Jezi te vini pou li te vin yon Wa espesyal tout wa yo: Wa lavi nou. Nou pral pale plis osijè de sa nan devlopman leson an”.

Chanje deklarasyon ki fo sou Jezi yo

Li deklarasyon ki fo sou Jezi yo ansanm avèk timoun yo nan liv Elèv la, kite yo reponn pandan w ap korije deklarasyon sa yo.

1. Jezi te itilize yon bèl kouwòn pou demontre ke Li se yon wa. (Fo, Jezi pa t janm gen kouwòn, sof kouwòn pikan doule a).
2. Jezi te abiye avèk yon abiman ki fèt ak twal len ble epi fè sa pou pou moun te ka konnen li se Wa. (Fo, rad Jezi te byen senp, se te rad yon bòs chapant. Li pa t janm di Li se Wa).
3. Jezi te konn mache avèk yon charyo ki te genyen plizyè cheval k ap rale li, avèk sòlda ki te konn akonpanye li nenpòt kote li pase. (Fo, Jezi te toujou ap mache apye, li pa t janm konn itilize charyo, li pa t janm gen sòlda ni kòtèj).
4. Jezi te viv nan yon pale ki plen avèk sèvitè ki t ap fè tout sa li te bay lòd fè. (Fo, Jezi pa t genyen ni kote pou li te “repoze tèt li”, ki vle di dòmi).
5. Jezi te pase pifò tan li yo nan chita pale ak moun rich ak enpòtan yo. (Jezi te pale avèk anpil moun, se pa t sèlman avèk moun rich yo avèk sa ki enpòtan yo. Li te pale avèk pòv yo, avèk pechè pwason yo e menm avèk timoun yo).

AKTIVITE YO

Mo enpòtan

Ekri mo "Pak" nan yon kat ki fèt avèk katon epi ekri definisyon li nan lòt bò a: Se te selebrasyon jwif yo te konn fè chak lane pou yo te kapab sonje kijan Bondye te retire yo anba esklavaj nan peyi Lejip.

Soupe pak la fè yo sonje sa izrayelit yo te manje avan yo te soti kite peyi Lejip.

Aprè sa, kòm pinisyon, Bondye te touye tout premye pitit nan fanmi moun peyi Lejip yo, san touche ni yon sèl moun nan fanmi jwif yo.

Yo te konn selebre fèt pak la depi sou epòk Moyiz.

Li se Jezi

Swiv enstriksyon ki nan liv Elèv la pou dènye aktivite sa ki nan leson 13. W'ap bezwen kreyon oubyen plim pou ke timoun yo kapab ekri andedan lèt yo.

Memorizasyon

Poze kesyon: "Kisa nou kwè ke fraz vèsè nou an vle di?: "Nan non Jezi tout jenou flechi". Kite timoun yo fè kòmantè opinyon yo. Pou w kapab ede yo, poze yo kesyon sa yo:

- Èske nou konn pafwa kisa kèk moun konn fè lè yo rive devan yon wa? (Yon reverans).
- Poukisa yo fè li? (Kòm yon siy de respè epi pou yo montre ke yo konnen ke wa a genyen yon gwo responsablite sou kont li).

Di konsa: "Jezi se yon gran pèsonaj. Ata non li se gwo koze". Mansyone ke nan epòk Jezi t ap viv la non moun te genyen yon siyifikasyon espesyal. Li pa t sèlman idantifye fanmi an, men tou li te pale di kòmman fanmi sa te ye.

Fè timoun yo chèche Filipyen 2:9 ankò.

Di yo konsa : "Bondye te bay Jezi yon non espesyal. Non li te vle di 'Sovè'. Non sa pou pi byen di-li sou tout lòt non. Pa genyen pèsòn lòt wa sou latè ki kapab pote non Jezi, paske pa genyen okenn lòt moun ki kapab vin Sovè nou. Sa vle di ke vèsè nou an vle di ke nou dwe montre lonè ak respè pou Jezi. Nan ki fason nou kapab fè sa?" (Sou plizyè fòm : pandan nou bese tèt nou epi mete ajenou lè n ap lapriyè, abòde non li avèk respè, adore li, obeyi li, epi di li mèsi paske li se Wa ak Sovè nou).

Fèy palmis bibliik

Depi avan klas la kòmanse, koupe moso katon sou fòm pye palmis ki genyen sis fèy pou chak pye. Bay chak timoun yo youn. Ekri fraz vèsè pou aprann nan nan chak fèy: 1) Konsa, 2) tou sa ki nan syèl la; 3) tou sa ki sou tè a ak anba tè a, 4) yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. 5) Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a ; 6) Filipyen 2:10-11.

Repete toude vèsè yo konplèt plizyè fwa epi aprè sa, fè timoun yo al fè yon mach pou defile nan lakou oubyen jaden an sou fòm posesyon, epi pandan y ap fè li, yo dwe chante vèsè bibliik la (yo kapab mete tèt yo ansanm pou yo envante yon mizik oubyen kèk kalite konpa).

Aprè sa, mande yo pou yo koke fèy palmis yo a nan youn nan mi sal klas la.

Pou fini

Di konsa : "Lè nou mande Jezi pou l padone peche nou yo, li vin tounen Wa nou. Men tou Jezi vle vin Seyè ak Wa lavi nou. Seyè a vle gouvène panse, pawòl ak aksyon nou yo".

Mande nan jou sa a pou ke, tout moun, menm antrenè a, vin mete ajenou pou lapriyè nan yon atitud lonè ak respè pou Wa nou an: Jezikris.

Leson 14

Jezi te resisite!

Baz bibliik: Jan 20 :1-18

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke rezireksyon Jezi a te fè yo genyen esperans Sali a avèk lavi ki pap janm fini an.

Vèsè pou aprann: *Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a...* (Filipyen 2:10-11).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun nan laj sa a yo ki grandi nan legliz la, li pwobab pou yo pa poze kesyon sou koze rezireksyon

an. Sepandan, li posib pou lòt ki genyen lòt sistèm relijye yo pa konnen egzaktman kisa pou yo kwè nan li. Jounen jodi a, yo anseye timoun yo pou yo "toleran" fas ak lòt kwayans, sa vle di ke "kwayans chak moun gen menm valè ak pa yo a".

Sa kapab rive ke gen kèk nan elèv ou yo ki pa fin konprann ke kwayans nan rezireksyon an se gwo verite kote lafwa kretyèn nan chita. Pou yo, istwa a kapab sanble yon kont oubyen yon senp istwa ki genyen yon "bèl final" aprè reyalite trajik krisifiksyon an.

Ede yo pou yo konprann reyalite rezireksyon an ak sa li siyifi pou yo. Se paske Jezi vivan ki fè nou gen esperans Sali a avèk lavi ki pap janm fini an. Gwo povwa ki te resisite Jezi a la jodi a pou ede nou mennen yon lavi kretyèn viktorye nan nenpòt sikonstans n ap travèse, epi pale ak lòt moun osijè de Jezi.

Pandan w ap anseye istwa Magdalena ak dekouvèt li a, ede elèv yo konprann kòmman li te santi l'. Fè timoun yo konnen kisa w santi osijè de rezireksyon an.

Bondye te resisite Jezi pami mò yo. Epi li vivan!

Menm jodi a!

Ede yo selebre pliske Jezi se Sovè ak Wa yo a ki resisite.

KÒMANTÈ BIBLIK

Rezireksyon Jezi a te enpòtan nanpil pou ke plan Bondye a te akonpli: liberasyon mond lan. San li, lanmò Jezi a sou kwa t'ap sèlman pa lòt mò –asireman se enpresyonan –men san okenn pouvwa. Sepandan, pou disip Kris yo, rezireksyon an garanti nou lavi ki pap janm fini an ak viktwa sou peche epi lanmò.

Jozèf nonm lavil Arimate a avèk Nikodèm te fè yon jès piblik ki te menm gen danje ladan l. Yo toude se te manm konsèy jwif yo. Yo te konnen ke lalwa jwif la te rekòmande pou tout kadav te antere pandan solèy la ap kouche, avan jou repo a. Akoz de lwa sa ak sikonstans ki te antoure lanmò li, kò Jezi ta dwe antere nan yon tonm piblik deyò miray lavil Jerizalèm nan.

Sepandan, Jozèf ak Nikodèm te riske lavi yo, yo te mande yon bagay ki te kontrè ak lalwa kontaminasyon seremonyèl la, pou yo te kapab antere kadav Jezi a kòrèkteman. Sa vle di ke, yo te kapab mete yo deyò nan tout selebrasyon fèt yo epi detwi karyè politik ak relijye yo.

Jozèf ak Nikodèm te prepare kadav Jezi konfòm avèk koutim jwif nan premye syèk yo. Sa te genyen ladan li: vlope li byen di avèk retay twal oubyen dra ki gen dezenfektan, li gen ladan l' balzamo, rakèt ak bwa majò, ki ranje ant kadav a avèk dra oswa anba kadav a.

Mari Magdalena, te leve byen bonè nan jou sa, li te ale jouk nan kavò a. Menm si li pa t fè pati bon zanmi Jezi yo, li te youn nan fanm ki t ap swiv Jezi kòrèkteman.

Lè li te wè ke wòch la te woule souti devan bouch kavò a, Mari Magdalena te kouri al bay disip yo kokenn chenn nouvèl sa: “gen yon moun ki vòlò kadav la!” Nan peryòd premye syèk la, nan lavil Jerizalèm, tonm yo te konn fèt anlè nan wòch nan antouraj lavil la.

Pòt kavò a se te yon wòch won ki te mezire anviwon kat a sis pye nan wotè (anviwon 1 a 2 mètr), pou mete sou bouch twou a, l'ap tonbe ladan l si yo woule l. Deplase pòt wòch la ta mande yon gwo jèfò. Sa te fè Mari fini pa konprann ke yon moun te vòlò kò a.

Lè Pyè avèk Jan te kouri al obsève kavò a, yo te jwenn li avid; men la tou yo te jwenn bann twal ki te kouvri kò Jezi yo. Jan te note detay enpòtan sa, ki te fè li pa t dakò ak kesyon vòlò la.

Vòlò ki vin vòlò nan tonm yo, nan fè prese, yo pa t ap janm pran tan pou devlope kò a epi kite twal yo tou double. Lè yo te rann yo kont de sa, Jan “te kwè” (20 :8). Menm si li pa t ko konprann siyifikasyon rezireksyon an konplètman, sanble li te rann li kont ke Jezi te pote viktwa sou lanmò epi li te leve vivan.

Aprè disip yo te fin ale, Mari Magdalena te rete ap kriye, oswa “plenyen”. Lè li te bese ankò pou l te gade anndan tonm nan, menm kote a li te wè de zanj. Yo pa t ba li okenn mesaj, men sèlman prezans yo te gentan endike ke yon bagay sinatirèl te pase.

Mari Magdalena pa t kapab pwopaje verite sa jiskaske menm Jezi te pwononse non li. Nan kèk segond sèlman, yon gwo lawont te vin tounen yon lajwa ekstraòdinè. Yo te abòde Jezi kòm “Rabouni”, se yon fason pou entansifye mo “Rabi a” (Mèt), san konnen, li te itilize li ase byen. Yo te konn itilize fòm sa nan Jidayis la pou yo te abòde Bondye nan lapriyè. Fanm nan pa t konprann konplètman ke (Mèt li a) se te Bondye, men sa pa t pran tan pou li te konnen sa, epi konsa, lajwa li a ta vin konplèt.

Nòt Etid Biblik mpou aplikasyon lavi a (1925) siyale ke moun kit ande pale sou dosye rezireksyon Jezi a pase pa kat etap avan li vin rive kwè:

1. Moun nan pa kapab kwè yon istwa tèlman mistik.
2. Li gen pou li kontinye fè rechèch sou sa ki te fèt yo.
3. Apre sa, akseptasyon sa ki fèt yo kòm verite.
4. Epi finalman, angajman avèk Kris ki resisite a.

Lè nou rive touche katyèm etap la, nou eksperimante prezans Kris la andedan nou!

DEVLOPMAN LESON AN

Sèvi avèk aktivite sa yo pou timoun primè yo kapab prepare yo pou yo aprann verite biblik jodi a.

Kilès moun k'ap reponn pi vit?

Ekri fraz sa yo nan kat ki pa gwo. Lè moman aktivite a rive, divize klas la an plizyè gwoup kote ke yo chak dwe genyen de moun: yo kapab tifi oswa tigasou. Bay chak gwou 10 kat avèk kesyon yo. Anplis de sa, yo dwe genyen yon kat anplis pou yo reponn kesyon yo. Yo tout dwe rete ansilans. Apre yo fin li kesyon yo epi ekri repons yo akote chak nimewo, y'ap kapab li l'byen fò. Se antrenè a k'ap di si repons yo bon. Ekip ki genyen plis repons ki bon an, se li menm ki genyen.

1. Nan ki vil Jezi te antre kòm Wa ? (Jerizalèm)
2. Kimoun sa yo ki te fache lè yo te wè Jezi antre nan vil la (Farizyen yo)
3. Sou ki bèt Jezi antre nan vil la (Sou yon ti bourik)
4. Èske moun yo te mete flè ki koute chè sou wout la pou Jezi te pase ? (Non, yo te souke fèy palmis).
5. Kisa moun yo t'ap rele di lè yo te wè Jezi? (Aksepte nenpòt nan repons sa yo: “Lwanj pou Seyè a! Benediksyon pou moun ki vini nan non Seyè a ! Benediksyon pou Wa pèp Izrayèl la!”)
6. Èske pwofèt Zakari te di ke Sovè a gen pou antre nan lavil Jerizalèm sou yon ti bourik ? vrè ou fo? (Vrè).
7. Disip Jezi yo te konprann sa Jezi t'ap fè a, epi yo te byen kontan poutèt sa, vrè ou fo ? (Fo, yo pa t konprann sa Jezi t'ap di yo a).
8. Ki mirak Jezi te fè kèk jou avan li te antre nan lavil Jerizalèm ? (Li te resisite Laza).
9. Ki kalite Wa Jezi ye? (Wa lavi nou).
10. Kòman lesou semèn pase a te fini? (Jezi t'ap antre nan lavil Jerizalèm epi pèp la t ap tann pou li te vin Wa).

Di konsa: "Istwa nou jodi a kòmanse apre Dimanch Ramo. Pandan semèn sa, gwo foul moun chaje ak kè kontan an te vin transfòmè an yon pi gwo foul moun ki t'ap made pou yo te touye Jezi. Vandredi nan semèn sa, Jezi te mouri sou kwa a epi yo te antere li. Kisa ki te pase apre?"

Santiman w yo

(Si nan klas ou a gen kèk timoun ki sot pase anba eksperyans lanmò yon manm nan fanmi li, li posib ke w prefere chanje aktivite sa).

Pèmèt ke timoun primè yo travay nan premye aktivite ki nan liv Elèv la, leson 14, avèk plizyè kalite ekspresyon vizaj. Se pou chak timoun chwazi ak ekri anba chak vizaj santiman ki parèt nan yo chak: kòlè, sipriz, lapèrèz, lajwa, tristès.

Apre sa, poze kesyon : "Kilès nan vizaj sa yo ki montre jan w santi w lè w panse oubyen tande mou nap pale de lanmò?" Bay timoun primè yo tan pou yo reponn epi fè yon wonn nan antouraj vizaj ke yo chwazi yo. Apre sa, nan vizaj avid la, yo dwe desine kijan yo santi yo lè yo panse ak lanmò.

Poze kesyon: "Ki pawòl ki monte nan lespri w lè w panse ak lanmò? (Repons timoun yo pral diferan epi pral genyen: sezisman, lapèrèz, final lavi, elatriye.)"

Di konsa: "Lanmò se yon bagay ke anpil nan nou pa renmen panse ak sa, epi nou tout genyen santiman diferan osijè de li. Nan istwa nou an jodi a, disip Jezi yo t ap goumen kont santiman yo. Moun te kwè ke fèt pak la se ta yon selebrasyon lajwa, ansanm avèk fanmi epi zanmi yo. Men pibon zanmi yo a, li menm ke yo panse ki t'ap vin Sovè yo a, yo te kloure li sou kwa epi li te mouri. Ann gade sa ki te pase aprè."

ISTWA BIBLIK

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ede timoun primè yo konprann istwa biblik jodi a.

Tonbo a vid

Toujou itilize Bib ou pou w rakonte istwa a. Pasaj Jan 20:1-18 la nan liv Elèv la tou. Ou kapab divize lekti a bay plizyè timoun, li l oumenm, divize klas la fè plizyè gwoup lekti, oubyen sa w pi pito a. Mete w dinamik pou w ka fè moman sa yon moman byen espesyal.

Kòman Mari te santi li?

Fè timoun yo ale nan aktivite ki vini apre nan liv Elèv la. Di yo konsa ke nan moman kote w ap li istwa biblik la, yo dwe ekri de 1 a 4 nan kare ki vid la, kòman Mari Magdalena te santi li.

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ede timoun primè yo aplike verite sa nan lavi yo.

Vokabilè enpòtan

Semèn pase a nou te wè mo 'Pak'.

Semèn sa nou genyen mo 'Rezireksyon'.

Sèvi ak kat ki genyen anviwon 15cm. X 11cm. Pou

ekri mo sa.

Nan yon bò kat la, ekri mo enpòtan an epi siyifikasyon an nan lòt bò a. Ou kapab sere kat yo nan sal klas la, epi moun ki jwenn youn epi kapab eksplike li se li ki chanpyon. W'ap kapab rekonpanse li avèk yon sirèt oubyen yon bagay tou piti, tankou yon blad oswa yon plim.

Rezireksyon : se retounen nan lavi apre lanmò. Jezi te leve soti vivan nan lanmò epi jodi a li vivan. Rezireksyon li se esperans kreyen an.

"V" Viktwa

Pou aktivite sa w ap bezwen kreyon oswa plim, kreyon senp oubyen makè epi, si li posib, imaj ki genyen tèm Pak la, pou dekore lèt V a.

Poze kesyon : "Pou ki rezon ke rezireksyon Jezi a tèlman enpòtan pou nou?"

Bay timoun yo tan pou yo panse ak repons lan. Pèmèt ke yo li lapriyè yo ki ekri nan liv Elèv la, nan leson 14. Se pou yo tout li fraz yo youn apre lòt. Fè yon ti pale tou kout sou yo chak.

Sèvi ak lide sa yo pou w fè deba.

Rezireksyon an montre nou:

Lè Jezi te resisite a li te detwi pouvwa lanmò. Se poutèt sa moun ki mete konfyans yo nan li kapab asire yo ke apre lanmò yo pral viv nan syèl la avèk li.

Kòm nou konnen ke nou pral menm kote avèk Jezi, kidonk nou pa bezwen pè lanmò.

Bondye gen gwo pouvwa! Epi Bib la (nan Efezyen 1:19-20) di nou ke menm pouvwa Bondye te itilize pou resisite Jezi pami mò yo nan nou jodi a pou ede nou kenbe tèt ak tantasyon epi fè sa ki dwat.

Kite timoun primè yo ekri yon lapriyè pou di mèsè epi dekore "V" a jan yo pi pito a.

Pou fini ak aktivite sa, se pou chak timoun konplete lapriyè ki nan pati anba nan fè li a avèk kèk fraz ki antoure lèt "V".

Di konsa: "Rezireksyon Jezi a se youn nan benediksyon yo (nan pi gwo kado) Bondye yo pou nou".

Memorizasyon

Mande elèv yo si yo sonje vèsè yo te kòmanse aprann dimanch pase a. Si gen plizyè ki leve men yo, kite yo resite li. Si jiskaprezan yo poko konnen li de memwa oubyen yo twonpe lè y ap di l la, itilize ankò menm fèy palmis ke w te itilize nan klas pase a, oswa sèlman repete vèsè a plizyè fwa. Premyeman, nou dwe repete li fraz apre fraz, jiskaske yo kapab di tout de memwa epi konplèt.

Pou fini

Nan tout legliz la genyen kantik ak kè ki byen bèl ki pale sou rezireksyon an. Se ta yon bèl lide pou w ta chante youn ladan yo. Si w pa gen talan pou mizik, envite kèk jèn pou vin ede w ak aktivite sa.

Mete fen avèk yon lapriyè, di Bondye mèsè pou pouvwa ki te resisite Jezi a, li menm k ap ede nou viv jan li vle pou nou viv la, epi paske gras ak rezireksyon sa a yon jou gen pou nou ansanm avèk li epi nou va wè li fasafas.

Jezi vivan !

Baz biblik: Lik 24 :36-49

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke lè Jezi te parèt devan disip li yo se te demonstrasyon deke li te vivan, epi ke lanmò pa ta kapab domine li ditou ankò. Se pou konnen ke li vivan jodi a.

Vèsè pou aprann: *Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a...* (Filipyen 2:10-11).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Anmezi timoun primè yo ap grandi, y'ap vin gen plis konsyans osijè de lanmò, epi se pou toutan. Sepandan, li enpòtan pou yo konnen ke lanmò se pa final la. Bondye te resisite Jezi, Pitit li a, pou li pa janm mouri ankò. Li vivan jodi a! Sa se "garanti" nou deke nou menm tou nou gen pou nou resisite apre lanmò.

Lè w ap rakonte yo istwa aparasyon Jezi devan disip li yo, ranfòse lafwa elèv ou yo nan rezireksyon Jezi a. Li pa t yon zombi ni yon imaj jan disip yo te imajine a. Se te Seyè yo, li te vivan, li te respire, epi li te yon moun ke lòt moun te kapab touche. Jezi te fè plizyè moun wè li avan li te retounen nan syèl la. Li te vle pou moun yo te konnen ke li te reyèl epi vivan. Se poutèt sa disip legliz primitif yo te bay lavi yo jiska lanmò, anba men lènmi li yo.

Yo te konnen ke rezireksyon an te reyèl epi lanmò se pa t final la. Disip yo te gen esperans rezireksyon, menm jan nou menm kretyen yo nou genyen li jodi a.

Jezi pa t rete ansanm avèk disip li yo fizikman pou toutan. Li te di yo ke l te vle ale. Elèv ou yo dwe konnen ke lè Jezi te monte epi disparèt devan je disip yo, li pa t sispann egziste. Li vivan jodi a epi li se kapitèn nou, ansanm avèk Bondye Papa a, sa ki vin yon reyalite nan lavi nou anmezi n ap simaye bon nouvel la bay lòt yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Te gen yon gwo lapèrèz ki te anvayi tout moun ki te fèmen nan chanm nan kote tout zèpòl yo te pran tranble. Yo te resevwa enfòmasyon deke te gen de moun ki te sou wout pou Ale Emaus ki te wè yon moun ki te vin mache ansanm avèk yo pou fè yo twa, epi moun sa a se te Jezi. Se avèk anpil lajwa de vwayajè yo Emayis yo te rakonte istwa a bay moun ki te rasanble bò kote yo. Yo tout te pran pale tou piti pandan yo t'ap eseye konprann kòman de moun sa a yo te wè Jezi.

Moun sa yo ki te la nan moman sa te panse ke se te yon kesyon de zombi, lespri ak aparasyon.

Transmisyon istwa de ke yo te wè Seyè a te miltipliye. Disip yo t ap mande youn lòt: "Kisa sa vle di?"

Menm kote a, li te gentan parèt, debou devan yo a. Èske se te yon zombi oubyen yon moun reyèl?

Disip Jezi yo te pè anpil pou evènman vyolan ki te rive nan jou pase yo. Lè Jezi te rann li kont de lapèrèz ki t'ap fini avèk yo, li te konsole yo epi li te asire yo ke li te vivan tout bon vre:

Premyeman. Li te salye yo lè li te di yo konsa: "Lapè avèk nou!" (Shalom, nan lang ebre a). Sa se te yon salitasyon popilè nan kominote jwif la, swete byennèt. Nan Lik, mo "lapè" a tou vle di lavi ki pap janm fini an, kidonk salitasyon Jezi a te ale nan sans sa a ki pi laj.

Dezyèmman. Li te kalme lapèrèz ak dout yo te genyen yo lè li te montre yo men l ak pye li yo. Lè li te envite yo touche kote li te blese yo, li te pèmèt yo santi ke li te reyèl.

Rezireksyon kòporèl Jezi a se te yon koze enpòtan. Menm si kò Jezi te resisite a te diferan de sa li te genyen avan an, se te yon kò reyèl. "Jezi ki te mouri a se te vrè Kris ki te resisite a". Kòm kretyen, esperans nou pa dwe fonde nan bagay ki san fondman, men se pito nan eksperyans ki reyèl Moun sa ki, menm jan kòmantaris William Grey te di, li te fè fas, batay, pote laviktwa sou lanmò epi anfen li te leve soti vivan".

Twazyèmman. Jezi te repase reyalite biblik sou nesite yon Sovè ki pou soufri. William Barclay eksplike: "Yo pat enpoze Bondye lakwa; se pa t yon mwayen emèjans lè tout moun te echwe ak lè sikonstans yo te soti mal. Se te yon pati nan plan li a. Lakwa se yon zòn sou latè kote ke nan yon peryòd nan tan an, nou wè lanmou Bondye a ki san fen".

Pou fini. Demonstrasyon ke Jezi te ofri disip li yo te ase pou fè yo kwè ke li te reyèl. Yo sèlman te bezwen yon bagay anplis avan yo te soti pou al akonpli misyon yo ki se pwopaje bon nouvel la bay lòt yo: ranpli ak Sentespri a. Sa ta rive touswit.

Reflechi sou kesyon sa yo, pandan w ap prepare leson w lan semèn sa:

- Kisa ki te plis konn fè w pè lè w te timoun? Kisa ki te ede w venk lapèrèz sa ?
- Kisa w plis pè jodi a? Kòman Kris kapab ede w fè fas ak lapèrèz ou yo?
- Jezi te montre pil disip ki te reyini yo ke li te reyèl epi vivan. Kijan ou menm ou santi w lè w konnen reyalite ke Jezi vivan epi reyèl nan lavi w?
- Lapriyè pou elèv ou yo pandan semèn sa, pandan w ap site non yo chak, pou yo kapab fè rankont avèk Kris vivan an, pandan leson an.

DEVLOPMAN LESON AN

Ann sonje

Divize gwoup la pa de; tifi ak tigason. Poze kesyon yo sou fòm konkou biblik. Sa ki konnen repons lan

ap leve kanpe byen vit epi reponn li. Si li reponn li byen, w ap ajoute 10 pwen pou chak repons ki kòrèk. Gwoup ki genyen plis pwen an se li ki chanpyon.

1. Di kat dènye mo ki nan vèsè pou aprann nan (Jezikris se Seyè a).
2. Ki non fanm ki te rive bò kavo Jezi a byen bonè nan dimanch ? (Mari Magdalena).
3. Kòman Mari te fè rann li kont ke gen yon bagay ki te pase Jezi? (Li te wè wòch ki te bouche bouch kavo a te woule).
4. Site non de disip ki te wè kavo a vid la (Pyè ak Jan).
5. Kilès nan disip yo ki te apwoche bò kavo a avan? (Pyè).
6. Kisa disip yo te wè andedan tonbo a? (Manto ke yo te vlope Jezi a, avèk vwal ke yo te double tèt li a yo te rete tou double).
7. Ki premye disip ki te kwè ke Jezi te vivan? (Jan).
8. Konbyen zanj Mari te wè nan tonbo a? (2).
9. Lè Mari te wè Jezi pou yon premye fwa, kilès moun li panse l te ye? (kiltivatè oubyen agrikiltè a).
10. Kisa Jezi te fè pou Mari te ka konnen ke se te limenm (Li te rele l nan non li).
11. Dekrive santiman Mari lè li te rann li kont ke Jezi te vivan (kè kontan).
12. Pou ki rezon rezireksyon Jezi a enpòtan pou kretyen yo ? (Li bannou esperans Sali a avèk lavi ki pap janm fini an, epi ede nou viv kòm kretyen).

Mesaj bon nouvell la

Se pou elèv yo travay nan premye aktivite liv Elèv la (Leson 15). Yon volontè kapab li enstriksyon yo. Bay tan pou yo kapab konplete fraz yo avèk mo ki kòrèk yo. Lè yo fini, yo dwe li fraz yo avèk repons yo te chwazi yo.

Repons: (1) Jida, (2) fache, (3) Simon Pyè, (4) yon, (5) delivre yo, (6) pap janm fini, (7) sove nou, (8) tout, (9) renmen, (10) viktwa, (11) gran, (12) lavi, (13) lapriyè.

Di konsa : “Mari te di disip yo ke li te wè Jezi, men malgre sa yo te doute. Ann gade sak pase nan leson jodi a”.

ISTWA BIBLIK

Rapò espesyal sou nouvell

Avan klas la kòmanse, ranje chèz yo sou fòm demi sèk fas ak yon biwo kote w te déjà mete yon mikwofòn (se kapab tout bon oswa yon bagay ki sanble ak yon mikwofòn).

Mete yon chèz dèyè biwo a pou ke moun ki chita sou li a kapab sanble ak yon jounalis televizyon. Mete yon lòt chèz bò kote biwo a pou moun ki envite nan pwogram nan, ki dwe Simon Pyè.

Mande pou de jèn oubyen granmoun, oswa moun k ap ede w yo pou ke yo jwe wòl jounalis k ap fè entèvyou a avèk moun ki envite a (Simon Pyè). Nan kòmansman semèn nan reyalize yon kopi wòl jounalis

la ak Simon Pyè ki nan liv Elèv la (leson 15) epi bay moun k ap ede w yo li yon fason pou yo gen tan pou yo prepare yo.

Aprè sa, istwa dwe devlope nan klas atravè repòtaj.

Rakonte “Bon Nouvell yo”

Kondwi elèv ou yo ale nan aktivite ki nan liv elèv la, leson 15. Bay tan 15.k e yo reponn kesyon yo epi kòmante repons yo a.

Telefòn kraze

Fè elèv yo chita sou fòm yon sèk. Kòmanse aktivite a pandan w ap bay mesaj sa:

“Koute Bon Nouvell yo: Jezi vivan!”

Men, piga w di l fò, men pito di li tou piti nan zòrèy timoun ki chita kote w la nan wonn nan. Sa dwe fè menm bagay la jiskaske tout moun nan wonn nan resevwa mesaj la.

Lè mesaj la rive nan zòrèy dènye timoun nan, li dwe repete l byen fò pou tout klas la. Obsève jan mesaj la kòrèk oubyen enkòrèk lè nou konpare li avèk orijinal la.

Pale di : “Lè nou vin konnen bon nouvell la nou vle rakonte li bay lòt moun. Èske nou sonje ki Bon Nouvell Mari te dwe al bay disip yo ? (Li te wè Jezi ; ke Li te vivan epi li te sou wout pou al rankontre ak Papa li nan syèl la, Bondye). Nan leson jodi a nou wè kijan disip yo te reyaji lè yo te resevwa bon nouvell rezireksyon Jezi a”.

Memorizasyon

Timoun yo déjà gen vèsè a ekri nan fèy palmis yo. Ou kapab dekode branch yo epi repete aktivite pou defile ak resite tèks bibliik la: 1) “Konsa, 2) tou sa ki nan syèl la; 3) tou sa ki sou tè a ak anba tè a, 4) yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. 5) Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a” 6) Filipyen 2:10 ak 11.

Repete toude vèsè yo konplèt plizyè fwa epi aprè sa, fè timoun yo al fè yon mach pou defile nan lakou oubyen jaden an sou fòm posesyon, epi pandan y ap fè li, yo dwe chante vèsè bibliik la (yo kapab mete tèt yo ansanm pou yo envante yon mizik oubyen kèk kalite konpa).

Aprè sa, mande yo pou yo koke fèy palmis yo a nan youn nan mi sal klas la, pou yo repete vèsè a semèn k’ap vini an.

Pou fini

Chante yon kè oswa yon mizik ou konnen sou rezireksyon. Anseye jès kantik yo ki pale de tèm nan.

Mande timoun yo pou yo panse ak yon moun ki nan nesite pou koute bon nouvell rezireksyon an. Mande yo pou yo lapriyè pou ke Bondye kapab ba yo opòtinite pou rakonte moun sa bon nouvell Jezi a pandan semèn sa.

Gade si tout elèv ou yo gen kopi liv Elèv la.

Fè elèv ou yo sonje ke yo dwe lapriyè chak jou nan semèn sa epi pase yon moman avèk Bondye.

Jezi pwomèt ke l'ap retounen

Baz biblik: Jan 14 :1-4 ; Travay 1 :1-11

Objektif lesan an: Ede timoun primè yo konprann ke Jezi vivan epi li gen pou retounen yon jou.

Vèsè pou aprann: *Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a...* (Filipyen 2:10-11).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Desizyon ki plis enpòtan ke timoun primè yo kapab pran se pèmèt Jezi vin Wa yo.

Yon bagay se rekonèt ke Jezi, lè li te antre nan lavil Jerizalèm, Li te yon Wa ke anpil moun pa t konprann, epi lòt bagay ki byen diferan an se aksepte li kòm Wa ki gouvènè lavi yo. Kòm dezyèm moun nan trinite a, Jezi se Seyè a. L'ap gouvènè avèk Papa a epi yon jou li gen pou l retounen jan tout latè rekonèt sa.

Kòm sa se yon desizyon enpòtan, priye pou elèv yo. Prepare lesan w lan avèk pridans epi chèche direksyon Sentespri a. Temwayaj ou se kapab petèt sèl opòtinite kèk nan yo va genyen pou yo pran desizyon sa. Si gen kèk ki soti nan fwaye payen, petèt ou kapab se sèl kreyen ke yo rekonèt.

Poze tèt ou kesyon sa yo:

Èske elèv mwen yo konpran siyifikasyon ke Jezi vin Wa lavi yo?

Kilès moun sa yo ki genyen yon relasyon pèsònèl avèk Jezi ?

Kisa mwen dwe fè pou m ede moun sa a yo ki poko konnen Jezi pèsònèlman ?

KÒMANTÈ BIBLIK

Yo tout te rete ap gade nan syèl la byen sezi. Nan menm moman sa te gen de mesye abiye ak rad blan byen klere ki te parèt devan yo. Yo gade moun yo byen gade, apre sa yo gade nan syèl la epi finalman yo mande: "Pou ki rezon nou kanpe la? Menm Jezi sa gen pou l retounen".

Senaryo sa -yon gwoup moun rete bouch ouvè ap gade nan syèl la san yo pa wè anyen-san dout ke sa te vrèman etranj. Lavi a te tèlman diferan nan dènye jou sa yo! Yo te sasinen bon Mèt yo a; apre sa kò li te disparèt, epi apre kèk èd tan moun t ap vin di ke yo te wè li. Finalman, Jezi ki resisite a te parèt devan disip li yo pou konfime reyalyte prezans li. Men kounye

a, ankò yon lòt fwa li te ale, epi fwa disip yo te gen konsyans ke absans fizik li a ta dirab.

Gen youn ki te di konsa -pandan zanj yo t ap pale avèk yo a- si disip yo ta sonje sa Jezi te di yo nan dènye soupe a:

"Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pa t vre, mwen pa ta di nou sa. Lè m'a fin pare plas la pou nou, m'a tounen vin chache nou.

Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou" (Jan 14:2-3).

Mo "kote pou moun rete" a anpil fwa tradwi kòm "kay", men pi bon siyifikasyon an se "plas pou moun rete a". Sans sa a pa gen anyen pou wè ak gwosè a, fòm oubyen kalite kote yo, men se pito premyèmman, Jezi ta gen pou li retounen, epi dezyèmman, l'ap gen pou li pran disip li yo pou al viv ansanm avèk li pou tout letènite.

Pandan karant jou apre rezireksyon an, Jezi te fè yon chita pale ak disip li yo sou latè pou yon dènye fwa. Li klè ke disip yo poze Jezi anpil kesyon sou wayòm Izrayèl la, ke jiskaprezan yo pa t konprann objektif li yo. Izrayelit yo te wè Bondye kòm Wa souverèn nasyon yo a. Epi wa tèrès, tankou David, yo te reprezante Bondye. Lè izrayelit yo te pèdi endepandans yo fas ak gouvènman women yo, yo tout, e menm disip yo, t ap tan pou Bondye aji nan dosye politik la. Si Jezi te Pitit Bondye a, asireman li t ap delivre pèp li a anba dominasyon women yo! Li posib pou pou ke disip yo ta entèprete deklarasyon Jezi yo osijè de entèvansyon Sentespri a kòm prezans gouvènman tèrès ke yo t ap tann nan.

Jezi te mete fen avèk esperans sa yo, men li te ofri yo yon pibon bagay. Olye Jezi te vin libere izrayelit yo anba dominasyon lòm, Jezi te vin delivre tout moun. Kounye a moman pou l te ale a te rive, men li te asire disip li yo ke li ta gen pou l retounen.

Pandan tan sa, li ta voye yon èd pwisan: Sentespri a.

Sentespri a ta bay disip yo pouvwa-sa ki vle di valè, kouraj, konfyans, konesans, entelijans ak otorite-pou pale de Jezi nenpòt kote. Sa ta genyen ladan li Jerizalèm (pwòp vil li a), nan Jide (pwòp peyi li a), Samari (lòt kilti ki tou prè tèritwa li a) epi nan tout mond lan.

Kesyon zanj yo nan vèsè 12 la te fè disip yo 'desann atè': "pou ki rezon nou kanpe la?". Se klè ke nou dwe gen esperans nan retou li a. Men pandan n ap tan nan, nou pa dwe rete ap 'gade nan syèl la'. Se pito nan pouvwa Sentespri a, nou dwe swiv Jezi, Wa nou an, epi bay tout moun li mete sou wout nou yo Bon Nouvèl la.

DEVLOPMAN LESON AN

Revizyon avèk imitasyon

Avan klas la kòmanse, ekri non pèsònaj nan istwa

yo, evènman ak lide ki te anseye nan inite sa. Kèk konsèy se:

Pèsonaj: Simon Pyè, Mari Magdalena, Jan, farizyen yo, zanj yo.

Objè: Wòch tonbo a, fèy palmis yo, bourik la, pwason yo, men avèk pye ki pèse avèk klou, yon kouwòn pikan, zanj yo, pafen yo.

Evènman yo: Krisifiksyon, antre triyonfal la, rezireksyon an.

Lide yo: Wa, lanmò, vivan, sèvi temwen.

Mete tout kat yo nan yon sak oswa nan yon bwat epi pèmèt ke elèv yo al foure men pran yon kat nan sak la youn apre lòt san gade andedan sak la. Premye timoun ki pran kat la dwe di si se de yon moun yo pale, objè, evènman oubyen lide. (Petèt w ap gen pou w ede yo nan pati sa). Apre sa, lòt elèv yo dwe devine sa l di san li pa di oken mo, men se pito atravè imitasyon, jès, aksyon ak grimas. Elèv ki devine plis mo yo se li menm ki genyen. Li ta bon pou chak patisipan gen yon tan byen detèmine. Fè timoun yo konpliman pou tout sa yo te aprann.

Apre sa, di konsa: “Avan nou jwe, mwen te bannou kèk endikasyon pou nou kapab konnen kijan pou nou fè li.

Jezi te konnen ke moman pa l la avèk disip yo te fini, men jiskaprezan li te dwe bay yo kèk enstriksyon. Nou pral dekouvri sa Jezi te di disip li yo nan leson nou gen pou jodi a, epi di nou atravè yo menm”.

Wa ak wayòm

Poze kesyon: “Kisa nou konnen sou wa ak wayòm yo?” Kite elèv ou yo eksprime lide yo. Eksplike yo ke yon wayòm se zòn oswa peyi kote yon wa, yon rèn oubyen gouvènè, ap gouvènè. Si w ta wa oubyen rèn, kòman w t’ap renmen pou wayòm ou ye? Ki ran sosyal ou t ap renmen? Yon wayòm richès, lajan, popilarite, bote, bonte, oubyen d’okenn kalite? Panse sa w gen pou deside a byen”. Bay elèv ou yo yon moman pou yo panse li. Apre sa, poze yo kesyon: “Ki kalite yon moun ta dwe genyen pou li fè pati wayòm ou an?” Kounye a pèmèt ke chak elèv dekrive kalite wayòm yo ta renmen genyen an avèk kondisyon pou yo ranpli pou fè pati wayòm sa. Bay yo kèk egzanp: “Mwen se wa wayòm lajan. Pou w kapab vin yon sitwayen nan wayòm mwen an, ou dwe posede anpil lajan” oubyen, “Mwen se wa jantiyès, pou w vin yon sitwayen nan wayòm mwen an, ou dwe janti avèk tout moun”. Asire w ke yo kapab konprann ke nan aktivite sa pa genyen repons kòrèk ni enkòrèk, men pito l’ap ede yo panse osijè de bagay yo bay enpòtans.

Si yo te fè yon baton pou leson pase a, pèmèt ke timoun primè yo genyen l toupre pandan y’ap dekrive kijan wayòm yo a ye.

Di konsa: “Nan twa dènye semèn yo nou te aprann ke Jezi vle vin wa lavi nou. Jodi a nou pral aprann

plis sou kalite wayòm ke li vle etabli nan nou. Ann dekouvri sa Labib di”.

Refleksyon osijè de syèl la

Mande elèv yo pou yo chèche premye aktivite ki nan liv Elèv la, (leson 16), epi li vèsè ki ekri ladan l yo, kote ki genyen yon deskripsyon brèf osijè de syèl la. Apre sa, mande yo pou yo desine oswa ekri nan chak nyaj ki endike siyal yo. Pèmèt ke yo rakonte rès klas la lide ke yo genyen ak sa yo panse.

Di konsa: “Reyèlman, nou pa konnen anpil bagay osijè de syèl la, men Bib la di nou kèk bagay. Pa egzanp, nou konnen ke gen kay ki rezève pou nou epi se kote sa twòn Bondye a ye. Anplis de sa nou konnen ke pap genyen ni kriye ni doulè, epi moun yo pral louve Bondye Papa a avèk Jezi lajounen tankou lannwit.

“Kòm nou pa konnen anpil detay sou syèl la, se sèten ke nou chak genyen opinyon ki diferan osijè de kòman li pral ye. Menm disip yo pat rejwenn yo nan lide Jezi te fè referans lè li t’ap pale de syèl la avèk wayòm li an. Nan istwa bibliik jodi a, Jezi rakonte disip li yo kèk bagay anplis osijè de syèl la avèk retou li.

Ann dekouvri sa disip yo te aprann”.

ISTWA BIBLIK

Reyalize aktivite sa yo pou w kapab ede timoun primè yo konprann pibyen pou yo ka aplike li nan lavi yo.

“Jezi ap retounen!”

Di elèv yo konsa ke yo kapab li istwa bibliik ki pale de retou Jezi a, nan liv Elèv la, leson 16. Divize yo fè plizyè gwoup diferan epi bay yo chak yon pati nan istwa a. Mande pou yo regwoupe yo nan plizyè kwen diferan nan salòn an epi reponn sa yo jwenn nan. Y’ap bezwen pèsonaj sa yo: Yon rakontè (Antrenè a oubyen yon asistan), Jezi (youn nan elèv yo), disip yo (yon elèv ki reprezante tout disip yo, oswa de k’ap li nan menm moman), de mesye (de elèv) epi kè a (rès klas la). Si w genyen yon gwoup ki pa gen anpil moun, yon elèv kapab li plis pase yon pati.

Apre istwa fin li ak dramatize, fè deba ak kesyon sa yo (ki nan liv Elèv la anba tit la: “Reflechi sou li”)

1. Kisa Jezi te di disip li yo pou yo te fè? (Pou yo te rete nan lavil Jerizalèm jiskaske Sentespri a te desann. Pou yo te sèvi li temwen).
2. Kòman w panse disip yo te santi yo lè yo te wè Jezi k ap monte nan syèl la? (Repons yo kapab varye: sezi, tris, enkyete, konfyans akòz de pwomès retou li a, oubyen lòt lide).
3. Kisa de mesye ki te gen rad blan yo te di yo? (Ke menm jan yo te wè Jezi ap monte nan syèl la se konsa li ta gen pou li retounen).

Jezi, Wa a

Nan fen paj liv Elèv sa genyen kèk evalyasyon k ap ede w wè si timoun primè yo te konprann istwa bibliik la. Bay tan pou yo fè yon wonn alantou repons ki kòrèk la epi apre sa mande pou kèk volontè li yo. Chèche konnen si yo gen kèk dout oubyen kesyon. (Repons : 1.a) /2.a) /3.b), 4.a) /5.b).

AKTIVITE YO

Kòman nou kapab pare pou retou Kris la ?

Montre yo dènye aktivite liv Elèv la ki nan leson sa.

Di konsa : “Lè Jezi te monte nan syèl la li te pwomèt ke l’ap retounen. Lis sa site kèk bagay ke kèk moun kwè ki kapab ede nou prepare nou pou nou fè yon sèl ak Jezi lè li retounen”. Asire w ke timoun primè yo li l. Apre sa, ou dwe li l’byen fò. Mande pou yo desine yon siy pozitif (+) bò kote sa yo ki kapab ede nou rete tann Jezi, epi yon siy negatif (-) bò kote sa ki pap ede nou yo. (Nou dwe mete yon siy pozitif nan dezyèm nan, senkyèm, sizyèm ak dènye deklarasyon an).

Pale sou sa a yo ki se fraz kòrèk ak enkòrèk yo, epi di pou ki rezon sa a yo pa bon mwayen k’ap ede nou pare pou retou a. La n ap jwenn repons aksyon kòrèk ak enkòrèk yo avèk eksplikasyon yo:

- Ale nan klas kote y ap anseye egzaktman dat Jezi ap retounen an (Sèlman Bondye, Papa a, ki konnen kilè Jezi ap retounen. Matye 24 :36. Li pa bon pou n’ap eseye rezoud sa ak pwòp entelijans nou. Nou dwe pare nou pou nou rankontre ak Jezi nan nenpòt moman).
- Obeyi Jezi chak jou.
- Enkyete ak pè retou Jezi a. (Pou moun ki renmen Jezi yo, retou a se pral yon moman espwa ak lajwa. Déjà pap gen peche ankò. Nou pral viv avèk Jezi pou toutan).

- Fè plan pou w vin yon kretyen lè w gran. (Kòm Jezi kapab vini nan nenpòt moman, kidonk se yon danje sa ye, se poutèt sa nou dwe pare pou nou rankontre avèk li nan nenpòt moman).
- Pale ak lòt moun osijè de Jezi pou yo menm tou yo kapab pare pou retou a.
- Lapriyè pou moun ki poko konnen Jezi.
- Viv nenpòt jan paske Jezi ap mize avan li vini. (Konvèti tèt ou an yon kretyen kounye a, si w potko fè sa jiskaprezan)

Memorizasyon

Youn nan fason dinamik pou aprann vèsè se nan repete yo bout pa bout, epi apre sa, kontinye ajoute rès yo, epi konsa, jouk nou fin repete tout tèks la. Pa egzanp nou kapab itilize yon konpa (tankou : mizik, rap, ipòp oubyen lòt), aplodi konpa sa ki chante yo, elatriye.

Divize vèsè a konsa epi repete yo chak avèk konpa byen rapid. Fason sa ap fè travay la pi fasil :

“Konsa (poz kout) tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, (lòt poz byen kout), yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a (poz kout). Tout moun va rekonèt Jezikri se Seyè a” (poz kout) (Filipyen 2:10-11)

Repete li plizyè fwa jiskaske nou aprann li de memwa.

Pou fini

Kè mwen, twòn Kris la

Lapriyè pou timoun yo. Fè klas ou a tounen yon lotèl kote yo kapab jwenn opòtinite pou yo aksepte Kris epi mete yo prè pou retou a.

Mande yo pou yo revize kè dènye paj liv Elèv la, leson 16.

Envite yo retounen, epi di yo ke pwochen inite a se pral yon sesyon ki genyen senk leson, ki pral pale de kontra ke Bondye te fè ak limanite.

Nòt mwen yo:

Ane 3

Entwodiksyon – Inite V

KONTRA LANMOU

Baz bibliik: Jenèz 6:5–9:17; 12; 15; 17:1-21; Egzòd 19–20; 24:1-7; 1 Kwonik 17; Lik 1:31-33, 68-71; 22:7-20.

Verite bibliik: Alyans Bondye a envite tout moun vin etabli yon relasyon lanmou avèk li.

Tèks inite a: *Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. M'ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou m' te toujou byen avè ou la. Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa (Ezayi 54 :10).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Kòmanse konprann kisa yon kontra ye.
- Konnen ki kontra Bondye te fè avèk pèp li a.
- Mete konfyans yo nan fidelite Bondye nan relasyon avèk kontra li yo.
- Idantifye kèk nan responsablite yo lè yo fè pati pèp ki te fè kontra ak Bondye a.
- Fè fèt paske yo fè pati nouvo kontra lanmou ak padon ke Jezi ofri nou an.

Leson inite a

Leson 17: Kontra avèk Noye

Leson 18: Kontra avèk Abraram

Leson 19: Kontra avèk Moyiz

Leson 20: Kontra avèk David

Leson 21: Yon kontra pou tout moun

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Nan kòmansman ane a, timoun yo te aprann ke Bondye te genyen yon bèl pwojè nan lespri li lè li te kreye limanite. Seyè a te vle pou moun yo te adore li avèk pwòp volonte yo epi etabli yon relasyon avèk li ki ta soti nan fon kè yo san moun pa fòse yo. Se sa ki fè, li te bannou pouvwa pou nou chwazi. Malerezman, Adan avèk Èv te tonbe nan peche, sa ki konsekans ki byen grav pou tout ras limanite. Nan mitan ane a, timoun primè yo pral kòmanse konnen yon nouvo dimansyon osijè de plan Bondye a. Yo pral dekouvri kòman li siyen kontra, kòm metòd pou retabli relasyon avèk moun ki te tonbe nan peche yo. Atravè etid kontra sa yo, elèv yo ap gen yon imaj piklè sou karaktè sen ak san tach Bondye a. Y'ap dekouvri ke kontra ke yo siyen avèk Seyè a se pa yon kontra ki pran nesans nan lespri lèzòm fasil. Se Bondye ki kòmanse yo, epi nou kapab konfye nou ke l ap akonpli yo. Li vle pou pèp li a akonpli obligasyon kontra li yo, pandan y'ap obeye lalwa li yo, non sèlman pou evite pinisyon, men tou pou yo konsève yon bon relasyon avèk li. Finalman, atravè Jezi, Bondye ofri yon nouvo kontra lagras ak padon ki rive jwenn tout moun ki resevwa li nan kè yo. Menm si kontra ke nou etidye nan inite sa se pou yon moman ak sitiasyon anpatitilye, yo tout montre lanmou Bondye, gras ak angajman li pou moun pa l yo.

Kontra avèk Noye

Baz biblik: Jenèz 6 :5-9 :17

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo konprann siyifikasyon yon kontra atravè relasyon ant Bondye ak Noye, epi lè yo konnen ke Bondye akonpli pwomès li yo, ranfòse konfyans yo nan li.

Vèsè pou aprann: *Ou te mèt wè moun yo ap souke, ti moun yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. M'ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou m' te toujou byen avè ou la. Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa (Ezayi 54 :10).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pifò nan timoun primè yo te déjà koute istwa Noye ak inondasyon an kèk fwa. Lach la avèk animal yo ap ankouraje yo. Yo te kontan lè yo te konnen pou ki rezon Bondye te mete lakansyèl la nan syèl la. Men malgre sa, rete anpil bagay pou nou apresye nan istwa enpòtan sa.

Lakansyèl la se te yon siyal kontra ke Bondye te etabli avèk Noye ak tout kreyati vivan yo. Li te senbolize pwomès ke Bondye pap janm detwi tout kreyati vivan yo avèk yon inondasyon.

Leson sa ap ede elèv yo konprann vrè siyifikasyon yon kontra. Yo pral aprann ke se yon kado Bondye, ki se yon envitasyon pou nou viv yon lavi ki gen relasyon avèk Seyè a kòrèkteman. Li kreye, trase epi ofri tout moun yon relasyon ki baze sou yon kontra. Kòm repons, nou menm nou deside renmen li. Timoun yo pral dekouvri ke, nan pwochen leson yo, ke pèp Bondye a te deside obeyi li, kòm yon pati nan kontra ki te siyen an.

Kèk timoun santi yo tèlman pran desepsyon fas ak kèk zanmi oubyen modèl moun yo imite, k ap fè li difisil pou yo aksepte verite de ke Bondye akonpli pwomès li yo. Etid biblik sa yo montre ke Bondye toujou fidèl ladan yo epi y ap ede elèv ou yo kapte de ke Seyè a merite pou yo fè li konfyans.

KÒMANTÈ BIBLIK

Pou pi byen konprann lesan sa, nou dwe konprann siyifikasyon mo “kontra”. Jeneralman, lè nou panse avèk yon kontra, nou sèlman panse avèk tèm yon “pwomès” oubyen “akò”.

Yon kontra se yon dokiman ki eksprime sa moun atann de toude pati ki siyen yo epi ki gen pou wè ak lalwa. Li etabli pa mwayen lanvi mityèl ak benefis toude pati yo.

Yon akò se yon konpreyansyon ki rive atenn ant de moun, li pa toujou legal. Se enfòmèl jeneralman lè li etabli nan fòm oral, epi se yon avantaj pou de moun yo.

Menm si yon kontra kapab genyen ladan li aspè

toude moun yo, li plis pase yon pwomès oubyen yon akò. Se yon pwomès pèmanan ke yon moun fè anvè yon lòt. Pa egzanp, yon relasyon matrimonyal se yon alyans. Toude manm koup yo renmen youn lòt “nan bon tan tankou move tan, nan richès tankou povrete, nan maladi tankou nan lasante”.

Nan senk lesan inite sa, nou pral wè kote Bondye reyalize de kalite kontra diferan. Premye sa ki se kontra Bondye etabli avèk Noye avan inondasyon an se yon pwomès: sove yo anba destriksyon li a- yon nonm ki mache dwat- fanmi li ak lòt kreyati yo. Responsablite Noye se te obeyi Bondye epi konstwi kannòt la. Apre inondasyon an, Bondye te etabli yon lòt alyans avèk li ak tout kreyasyon an, ki te yon otorizasyon reyèl epi enkondisyonèl. Nan alyans sa a, Seyè a te pwomèt pou li pa janm detwi latè avèk dlo ankò. Lakansyèl la se te yon siyal vizib ke Bondye te mete kòm yon so epi yon rapèl, pou li ak kreyasyon li, ke li ta kenbe pawòl li pou toujou.

Atravè kontra sa ant Bondye avèk kreyasyon li, nou menm tou nou eksperimente lanmou li. Li tèlman renmen nou, li pare pou li pwolonje angajman avèk nou pa mwayen yon pwomès oswa kontra ki sele.

Nan menm fason an, lè nou konvèti, nou etabli yon alyans avèk Bondye. Nou pwomèt li ke n ap toujou renmen li malgre sikonstans n ap viv. Nou ba li pawòl nou ke relasyon an avèk li pral baze sou lanmou ak respè youn pou lòt. Epi li menm ankò pwomèt ede ak pwoteje nou. Responsablite nou anvè li se lonètete ak obeyisans.

Nan fè etid sou kontra oubyen pwomès ke Bondye te fè pèp li a atravè Noye, Abraram, Moyiz ak David, nou wè ke angajman lanmou Bondye sa dire toutan atravè istwa.

Nan lesan final inite sa, nou pral etidye yon nouvo kontra ki tounèf ke Bondye etabli atravè pwòp Pitit li a: Jezikris. Fidelite li anvè nou pa chanje, epi pibon repons nou dwe genyen fas ak relasyon alyans sa se renmen li avèk tout sa ke nou ye epi deside obeyi li toutan.

DEVLOPMAN LESAN AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w prepare elèv ou yo epi kapte atansyon yo pou lesan jodi a.

Ki moun Noye te ye ?

Poze kesyon sa yo pou w ka konnen sa elèv yo konnen osijè de Noye.

Bay tan pou yo reflechi sou repons yo a.

- Ki moun Noye te ye? (Yon nonm ki t ap viv nan epòk Ansyen Testaman).
- Kisa w sonje de li? (Kite yo reponn).
- Kisa Noye te fè? (Li te konstwi yon lach, li te sove animal yo).
- Kisa ki te pase li? (Li te obeyi Bondye, li te chape anba inondasyon).

Aprè yon deba byen kout, distribye fèy papyè, kreyon koulè oubyen senp ak makè bay elèv ou yo.

Di yo pou yo fè yon desen ki montre sa yo sonje osijè de Noye. Li kapab genyen ladan li, lach la, animal yo, yon pijon, yon lakansyèl oswa yon inondasyon sou latè.

Kole desen yo nan youn nan mi yo.

Aprè istwa bibliik la, obsève desen yo pou konpare lide ke elèv yo te genyen oparavan ak sa yo pral genyen apre sa. Èske genyen kèk ki te enfòmèl nan kòmansman epi yo te sibi koreksyon apre istwa bibliik la?

Di konsa: “istwa bibliik nou an jodi a pale de Noye ak lavi li. Koute li avèk atansyon pou nou wè si nou kapab aprann yon bagay nouvo de li”.

Kisa yon kontra ye?

Mande elèv ou yo kisa yo panse yon kontra ye. Apre sa, fè yo santre atansyon yo nan premye aktivite liv Elèv la. Di yo pou yo antoure imaj yo kwè ki reprezante kontra yo.

Poze kesyon: “Ki imaj yo te siyale?” Pèmèt yo siyale yo. “Pou ki rezon yo te chwazi imaj sa yo?” Ki moun sa yo ki fè pati kontra sa yo? Kisa nou kwè ki pwomèt nan chak ?” Mande pou yo ekri definisyon mo “kontra”. Apre sa, fè yo li sa yo te ekri a.

Jiskaprezan pa bay yo definisyon an, deja ke yo pral fè deba sou yo pi devan, nan leson sa. Itilize aktivite sa pou w kapab detèmine konpreyansyon aktyèl ke yo genyen de mo sa.

Di konsa: “Jodi a nou pral aprann kisa yon kontra ye, kimoun sa yo ki reyalize yo, ak sa yo siyifi. Pandan y’ap koute istwa bibliik la, yo dwe tante dekouvri kisa yon kontra ye, kimoun sa yo ki reyalize yo epi pou ki rezon yo fè li”.

ISTWA BIBLIK

Chwazi youn nan aktivite sa yo pou w rakonte istwa bibliik jodi a.

Yon kontra pou tout moun

Fè elèv ou yo ouvè liv Elèv la nan istwa bibliik la. Li l oumenm oubyen pèmèt kèk pami yo li l byen fò.

Aprè istwa a, repase pwen prensipal yo avèk elèv ou yo. Poze kesyon: “Ki moun ki te siyen kontra avèk Noye, epi poukisa?” (Bondye, paske Noye te renmen li). “Kilès moun sa yo ki te fè pati kontra sa?” (Tout kreyati vivan nan moman sa, ak tout jenerasyon ki ta vini apre yo). “Kisa siyal kontra sa ye?” (Lakansyèl la). “Kisa li te pwomèt?” (Ke Bondye pap janm detwi tout latè avèk yon inondasyon ankò).

Istwa Noye a

Envite kèk manm nan kongregasyon an li istwa bibliik jodi a. Pèmèt envite a sèvi ak liv Elèv la pou rakonte istwa Noye a. Li kapab kòmansman nan fason sa: “Bonjou, non mwen se Noye. Mwen vle rakonte nou istwa ki plis enpòtan nan lavi mwen. Yon aksyon ki te

chanje mond lan!”

Pèmèt ke envite a kontinye rakonte istwa sou pwòp tèt li. Li kapab itilize sa yon fason pou li mete fen:

“Kounye a, chak fwa nou wè yon lakansyèl nan syèl la, n ap kapab sonje istwa m nan –istwa Noye a –epi kòman Bondye te delivre mwen anba gwo inondasyon an.

Epi anplis, lè nou gade lakansyèl la n ap konnen ke li genyen yon gwo siyifikasyon: Bondye siyen kontra avèk lèzòm, gwo pwomès ki ede nou konnen ak swiv li”.

Di vizitè a mèsè paske li te vini.

Itilize kesyon ki nan “Yon kontra pou tout moun” pou repase istwa a. Poze elèv ou yo kesyon: “Kisa nouvo bagay nou te aprann nan istwa bibliik jodi a ?”

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ede timoun primè yo konekte verite bibliik la avèk lavi yo.

Pou ki moun chak pati ye?

Fè elèv yo obsève nan pati anlè paj liv Elèv la, kote ki di istwa Noye a.

Di yo konsa: “Nan yon kontra, toude moun ki etabli l yo dwe fè bagay sa a yo. Li fraz ki parèt la yo epi deside kimoun ki te dwe akonpli chak pati, Bondye oswa Noye”. Bay tan pou yo note li nan liv yo a. Apre sa, li chak fraz epi mande yon volontè pou di ki moun ki te dwe akonpli chak pati. Poze kesyon: “Kisa ki te plis enpòtan ke Noye te dwe reyalize?” (Koute ak obeyi Bondye). “Kisa Noye te fè chak fwa Bondye te pale avèk li?” (Li te konn obeyi Li).

Pèmèt ke timoun yo konplete espas vid yo. “Nan kontra w te siyen avèk Bondye a, ki responsablite w?” (Renmen Bondye, koute li, ak obeyi li). “Ki kontra Bondye te siyen avèk pèp li a?” (Renmen ak pwoteje yo).

“Lè nou renmen Bondye epi nou sèvi li, nou siyen yon kontra. Sa vle di nou deside devlope yon relasyon avèk li epi fè sa li vle nou fè, konnen ke li toujou fidèl nan pwomès li yo”.

Transfòme yo an verite

Aktivite sa ap ede elèv yo fè pratik sou kòmman pou yo itilize Bib la. Asire w ke chak timoun gen youn. Tout fraz ki anba yo se fo. Pèmèt ke chak etidyan gade youn epi chanje fraz la pou l vin vrè. Ankouraje ouvè premye liv ki nan Bib la: Jenèz. L ap fasil pou yo jwenn divès chapit ak vèsè yo.

Di konsa: “Fraz sa yo ke mwen pral li pou nou yo pa verite. Kòmman n ap kapab modifye yo pou yo vin vrè?” Li premye fraz la epi poze kesyon si kèk pami yo konnen kijan li dwe ye pou li kòrèk. Si kèk di wi, ba li responsablite pou l reponn. Apre sa, li pasaj referans lan epi pèmèt ke lòt elèv chèche li pou verifye si repons lan bon. Si pèsòn pa konnen l, chèche pasaj la dirèkteman. Pèmèt ke premye elèv ki jwenn li an kapab li repons ki kòrèk la. Ou kapab divize klas la

fè plizyè tigwoup tou, fè yo fè konkou pou yo jwenn chak pasaj epi reponn kesyon yo nan mwens tan ki posib.

1. Non twa pitit Noye yo se te Sadrak, Mesak ak Abèdnego (Jenèz 6:10).
2. Bondye te di Noye kòman pou li te konstwi lach la avèk bwa sèd (Jenèz 6:14-16).
3. Bondye te di Noye pou l te pran fanmi l epi monte nan lach la paske Noye te pè (Jenèz 7 :1).
4. Noye te refize obeyi Seyè a (Jenèz 7:5).
5. Lapli te tonbe pandan 20 jou ak 20 nwit (Jenèz 7:12).
6. Dlo a te inonde latè pandan 100 jou (Jenèz 7 :24).
7. Dlo a te repoze sou Mòn Sinayi (Jenèz 8 :4).
8. Noye te lage yon perich ak yon kòbo (Jenèz 8 :6-7).

Di konsa: “Aprè istwa jodi a, ann toujou sonje kontra ke Bondye te siyen apre inondasyon an. Lakansyèl la fè nou sonje ke li toujou akonpli pwomès li yo”.

Memorizasyon

Prezante nouvo vèsè pou mwa, Ezayi 54:10, pandan w ap itilize dènnye aktivite nan liv Elèv la. Li pasaj la

pou elèv yo, epi apre sa, fè menm bagay la nou tout ansanm plizyè fwa. Di konsa: “Kisa vèsè sa di nou osijè de Bondye?” (Ke li pa janm chanje, ke moun kapab mete konfyans yo nan li).

“Ki pwomès Bondye fè nou?” (Lanmou li pa janm manke, li gen kè sansib pou pèp li a).

Pèmèt ke elèv ou yo ranpli espas vid yo, pandan y ap ekri non yo anba yo yon fason pou yo pèsonalize vèsè a. Mande yo pou yo pote fèy sa lakay yo epi mete li yon kote ki dekouvè pou yo kapab memorize vèsè pou mwa a pi fasil.

Pou fini

Pou mete fen avèk klas jodi a, oryante elèv ou yo fè yon lapriyè ansilans pou elèv ou yo. Premyeman, bay endikasyon yo. Apre sa, rete tann youn oubyen de minit, pandan yo chak ap priye.

Di konsa: “Di Bondye mèsè pou lanmou li epi dèske li te siyen yon kontra avèk nou” (tann yo fini). “Di Bondye mèsè pou pwomès li pou l pa jenm detwi tout latè avèk yon inondasyon” (poze).

Finalman ajoute : “Mèsè Seyè, paske w renmen nou epi ouvè chemen an pou ke nou kapab genyen yon relasyon lanmou avèk ou. Amèn”.

Leson 18

Kontra avèk Abraram

Baz bibliik: Jenèz 12 ; 15 ; 17 :1-21

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo grandi pandan y ap konprann siyifikasyon mete konfyans nan Bondye konplètman, konnen ke l ap gide yo pandan tout lavi.

Vèsè pou aprann: *Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. M'ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou m' te toujou byen avè ou la. Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa (Ezayi 54 :10).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun nan laj sa yo pa renmen konfizyon. Yo vle konnen tout detay aktivite yo oubyen plan yo depi davans. Lè fanmi yo ap òganize vakans yo, timoun yo bezwen konnen ki kote yo prale, kisa yo pral fè epi konbyen tan yo pral pase la.

Elèv yo kapab konekte avèk Abraram, yon nonm ki sèlman te kapab imajine li kilè ak kòman Bondye ta akonpli pwomès li yo. Seyè a pa sèlman fè nou konnen

plan an konplètman.

Yon fwa ke nou kòmanse devlope yon relasyon entim avèk li, apati de yon kontra ke nou te siyen yon jou, nou dwe asire nou ke l'ap akonpli pwomès li yo. Leson sa ap ede elèv yo mete konfyans yo nan Bondye menm si yo pa wè kijan sa li te di a ap rive fèt. Li pa gen limit avèk tan oubyen resous, tankou nou menm nou gen limit la.

Anpil elèv gen difikilte pou yo mete konfyans yo nan yon Bondye k'ap akonpli pwomès yo, paske lavi chaje ak moun ki fè pwomès san entansyon pou reyalize yo. Yo koute tout kalite diskou nan televizyon, kote yo fè anpil pwomès richès san sans, fanatik ak popilarite. Se poutèt sa li difisil pou yo konnen nan kimoun reyèlman yo kapab mete konfyans yo.

Atravè tout istwa akonpayman Bondye avèk lèzòm tankou Abraram, Bib la montre nou ke li akonpli tout pwomès li yo.

Ede timoun yo konprann ke pwomès Bondye yo reyèl.

KÒMANTÈ BIBLIK

Abraram se “pèsonej” liv Jenèz la pou plizyè rezon. Tout pwosesis relasyon Bondye avèk pèp Izrayèl kòmanse avèk istwa li. Nan Jenèz chapit 12, Bondye rele Abraram epi li di l konsa pou l kite tèritwa papa li a epi ale nan tè ki tounèf nan kèk zòn nan lwès.

Li pwomèt beni li annabondans si li aksepte akonpli pelerinaj sa avèk lafwa. Abraram ranmase pakèt li yo, li pran fanmi li epi swiv enstriksyon ke Bondye te ba li yo. Poutèt sa avèk plizyè lòt demonstrasyon konfyans li nan Seyè a, Pòl avèk otè lèt Ebre yo dekrive li kòm yon modèl lafwa.

Nan Jenèz chapit 15, Bondye renouvle pwomès li a avèk Abraram. La a li di l konsa ke l ap genyen tè Kanaran kòm eritaj epi jenerasyon li yo t ap vin anpil. Pwomès benediksyon sa parèt rezime ankò nan Jenèz 19. La a, pwomès la te akonpanye pa yon kondisyon ki di ke Abraram ak jenerasyon li dwe viv nan obeyisans devan Bondye ki renmen yo a.

Tout istwa Abraram sa yo dwe konprann atravè yon sèl mo: “kontra”, vokabilè ki dekrive relasyon Bondye avèk pèp li a. Atravè kontra a li pwomèt yon relasyon ki san fen avèk moun sa yo ki mete konfyans yo nan li ak obeyi kòmandman li yo.

Lè Abram te gen 86 lane, Bondye te fè li fè yon ti mache nan nwit epi obsève syèl la. “Leve je ou, gade syèl la byen. Konte zetwal yo si ou kapab. Apre sa, li di. Pitit pitit ou yo va anpil tankou zetwal nan syèl la (Jenèz 15 :5-6). Lè Abraram te genyen 99 lane, Bondye te konfime li pwomès la piklè epi ba li yon non nouvo:

Abraham. Li pèdi premye non sa li te genyen ki se Abram, ki vle di “papa egzalte”, pou Abraram, ki vle di “papa anpil pitit”. Kontra Bondye te siyen an se pou jenerasyon Abraram nan ta bay nesans ak anpil nasyon epi li ta toujou viv nan kominyon avèk Bondye (17 :5-6).

Malgre Abraram kòm lòm te panse ke sa ta enposib, Bondye fidèl nan pwomès li yo. Yon lane aprè, lè Abraram te gen 100 lane, Izarak te fèt. Sa fè nou poze tèt nou kesyon sa: èske nou kwè konplètman ke Bondye ap reyalize sa li te pwomèt la?

Bondye te siyen yon kontra avèk kretyen yo:

- Sou pwèn sa a, Bondye montre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t’ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou (Women 5:8),
- Bondye sitèlman gen kè sansib, li sitèlman renmen nou, li ban nou lavi ankò ansanm ak Kris la, nou menm ki te mouri akòz peche nou yo. Se yon favè Bondye fè nou lè li delivre nou (Efezyen 2 :4-5).

Si nou mache dapre kontra ke Bondye te etabli a, rezilta gen pou pibon pase sa nou ta kapab imajine nou : “...Bagay pesonn pa t’ janm wè, ni pa t’ janm tande, bagay ankenn moun pa t’ janm mete nan tèt yo, se sa Bondye te pare pou moun ki renmen li” (1 Korentyen 2 :9).

Pwomès ke Bondye te fè Abraram nan chape nan imajinasyon nou. Men fòk nou pa bliye ke Bondye toujou fidèl nan pwomès li.

DEVLOPMAN LESON AN

Fè yon ti pwomennen

Avan klas la kòmanse, chwazi yon kote (lòt sal oubyen plas deyò) kote w kapab mennen elèv yo.

Anmezi elèv yo ap rasanble, di yo ke se yon kote espesyal yo prale, men pa di yo ki kote. Lè yo tout fin rasanble, kòmanse mache pou ale nan direksyon an. Asireman timoun yo ap mande ki kote yo prale, men asire yo ke w konnen byen kote w ap mennen yo a epi yo mèt fè w konfyans ke w ap byen dirije yo. Lè fini tou, ou pa dwe fè wout dwat pou w ale nan direksyon an, ou dwe pase nan plizyè wout avan w rive nan plas espesyal sa avèk yo. Lè w rive nan plas espesyal sa, poze kesyon: “Kòmman nou te santi nou lè nou pa t konnen ki kote nou ta prale? Èske sa te difisil jiskaske nou te rive dekouvri li?”. Pèmèt ke yo tout reponn avan nou retounen nan sal klas la (Si gen tan pou sa, ou kapab genyen yon ti bagay espesyal pou yo manje).

Di konsa : “Li difisil konfye ak swiv yon moun lè nou pa konnen ki kote li prale. Istwa nou an jodi a pale de yon nonm ki te obeyi Bondye epi li te kite kay li san konnen ki kote Bondye t ap mennen li”.

Pwomès kraze yo

Mennen elèv yo nan premye aktivite ki nan liv Elèv la. Mande yo pou yo desine zafè (objè) yo plis renmen an, nan espas ki andedan kare a. Mande pou kèk volontè kòmante sa yo te desine a. Apre sa, fè deba osijè de kesyon: “Kijan w t’ap santi w si yon moun ta fè eksprè li kraze objè sa?”. Bay tan pou tout sa ki vle reponn.

Ou kapab ba yo opsyon pou ke yo ekri repons la tou.

Mande pou yo li twa pwomès yo. Di konsa: “Kòmman nou t’ap santi nou si yon moun ta fè nou pwomès sa yo epi apre sa li kraze yo?” (Repons yo kapab varye, men yo dwe genyen ladan yo: tris, fache, fristre oswa trayi). Pèmèt elèv yo reponn oswa ekri repons yo a.

Endike: “Gade nan pati ki anba fèy la.

Li fraz ki andedan kè yo, sa yo ki di ke si Bondye akonpli pwomès li yo oubyen non. Kòmman yo fè w santi w? èske w kwè ke fraz sa yo se verite? Poukisa wi oubyen poukisa non? Pèmèt ke yo ba w repons la ap poukisa pou yo chak. “Mwen kwè ke se verite paske lè mwen li Bib la, chak pwomès Bondye te fè, li te akonpli yo”.

Kontinye: “Istwa nou jodi a pale de yon nonm ki te oblije rete tann pou Bondye te akonpli pwomès li a. Dekouvri ki pwomès li te ye”.

ISTWA BIBLIK

Jenèz 12; 15; 17:1-21

Prepare plizyè kesyon depi davans ki gen pou wè ak kontni lekti bibliki ki nan liv Elèv la. Mande kat oswa senk timoun nan klas la pou yo li pòsyon ke w ap endike yo a. Chwazi elèv ki kapab li byen. Apre yo fin fè li, poze kesyon sou fòm revizyon.

Si w vle, ou kapab òganize yon konkou ant tigason ak tifi yo.

AKTIVITE YO

Kisa Bondye te pwomèt?

Se pou elèv yo santre atansyon yo nan aktivite ki swiv nan liv Elèv la. Pèmèt ke kèk volontè li vèsè yo.

Divize klas la fè twa gwoup epi bay yo chak yon pwomès. Bay 2 a 3 minit pou yo fè deba sou vèsè a epi ekri fraz ki dekrive pwomès ke Bondye te fè Abraram nan. Apre sa, di yo pou yo kòmante li bay rès klas la.

Finalman, fè deba sou de dènye kesyon ki nan paj la. (Repons: Bondye te akonpli pwomès ke li te fè Abraram nan. 25 lane te pase avan Izarak te vin fèt epi plis tan toujou jiskaske jenerasyon li yo te vin ogmante tankou zetwal).

Fè elèv yo sonje ke Bondye toujou akonpli pwomès li yo. Di konsa: “Menm jan Abraram te panse ke li te twò vye granmoun pou li te vin papa, pa gen anyen ke Bondye di ke li pral fè nan lavi nou, pou l pa akonpli. Menm jan Bondye te akonpli pwomès li epi bay Abraram yon pitit, nou kapab konfyè nou ke li pap janm twonpe nou”.

Mete konfyans nan Bondye

Eksplike: “Pafwa li kapab difisil rete tann ak mete konfyans nan Bondye. Kòman nou kapab aprann mete konfyans nou plis nan li?” (Bay tan pou yo bay opinyon yo). Dirije elèv yo nan aktivite ki swiv nan liv Elèv la.

Di konsa: “La a gen yon lis bagay ki kapab ede nou mete plis konfyans nou nan Bondye”. Mande yo pou yo li l ansilans. Poze kesyon: “Kòman bagay sa yo kapab ede w plis kwè ke Bondye ap akonpli pwomès li yo?” (Fè ke nou konnen li pi byen atravè istwa Abraram ki anseye nou ke Bondye pap janm twonpe nou; pandan l ap fè nou sonje ke Bondye pa jenm kraze pwomès li yo menm si nou doute de li). Di konsa: “Li fraz ki nan

lis yo ankò. Ekri akote fèy la 2 oubyen 3 ke w kwè k ap ede w mete konfyans ou nan li. Pote lis la ale lakay ou epi mete li yon kote nou kapab wè li epi sonje li.

Fèy ki ladan l lan chak jou pou ke Bondye ede nou mete konfyans nou nan li”.

Memorizasyon

Avan klas la kòmmanse, ekri chak fraz vèsè pou aprann nan nan yon fèy ki gen koulè diferan. Vèsè a ap rete separe nan senk fraz, anplis de nimewo vèsè a (sa vle di, nan 6 fèy) nan fason sa: “Ou te mèt wè mòn yo ap souke,/ ti mòn yo ap tranble,/ mwen p’ap janm sispann renmen ou./ M’ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou m’ te toujou byen avè ou la./ Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa”/ (Ezayi 54 :10)./

Itilize adezif pou w tache fèy yo nan tablo a, nan mi salon yo. Pote yon òkès mizik oubyen CD oswa kasèt ki genyen konpa ki seleksyone a.

Nan sal klas la, di elèv yo pou yo mache an wonn pandan mizik la ap mache. Lè mizik la kanpe, yo tout dwe kouri touche fèy ki gen vèsè bibliik yo genyen ki pi pwòch yo a. Si gen youn ki pa jwenn pèsòn touche li, voye youn nan elèv yo la. Apre sa, di pou yo chak li pòsyon vèsè yo jwenn nan. Yo dwe fè li nan lòd kòrèk.

Yo kapab jwe tout tan ke lè a pèmèt yo.

Pou fini

Lè fini, mande elèv ou yo pou yo fòme yon wonn. Di yo konsa pou yo panse ak yon fason ke Bondye te montre yo lanmou ak fidelite li.

Timoun yo kapab lapriyè ansilans, di Bondye mèsì paske li toujou akonpli pwomès li yo.

Apre sa, lapriyè pou yo oumenm, mande Bondye pou li ankouraje yo mete konfyans yo nan li toutan, epi pou yo pa janm doute, malgre sikonstans difisil y ap viv.

Ankouraje elèv yo pou yo kontinye travay pandan semèn nan pou yo memorize vèsè a.

Leson 19

Kontra avèk Moyiz la

Baz bibliik: Egzòd 19-20; 24:1-7

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konnen ke dis kòmandman yo fè pati kontra ke Bondye te siyen avèk pèp Izrayèl la, epi ki idantifye fòm aktyèl ke yo kapab obeyi Bondye.

Vèsè pou aprann: *Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p’ap janm sispann renmen ou. M’ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou m’ te toujou byen avè ou la. Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa* (Ezayi 54 :10).

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Timoun primè yo konnen ke gen règ ki egziste ke nou dwe akonpli, men yo panse ke yo limite. Anpil nan yo, lè yo kapab, yo pa akonpli yo, epi yo eseye wè kòman yo ta kapab rive lwen si yo vyole lwa ki etabli a. Lè fini tou se nòmal pou yo reziste lè granmoun yo eseye anseye yo viv konfòm ak règ sa yo. Sepoutèt sa li enpòtan pou w ede yo konprann ke kòmandman Bondye yo plis pase règ pou moun akonpli oubyen vyole. Lwa Bondye yo pa la pou bannou pwoblèm. Atravè yo menm, Bondye vle bannou kapasite pou viv nan yon relasyon ki kòrèk avèk li ak pwochen nou.

Lè nou deside renmen Seyè a ak obeyi kòmandman li yo, nou patisipe nan yon kontra avèk Bondye ki genyen tout pouvwa!

Lwa de baz ki te etabli yo aplike jodi a menm jan

avèk tan Moyiz la. Pawòl li pa chanje. Jezi te vini pou akonpli lalwa, se pa pou detwi li. Anplis, ansèyman Jezi a te depase lalwa, anvlope menm plis pase sa ki te orijinal la.

Pa egzanp, Jezi te di ke piga li dezobeyi kòmandman li yo tankou “Pa touye” oubyen “Pa fè adiltè”, se pa t sèlman pou moun ki te fè li, men tou pou moun ki te panse li. Li te anseye ke pou Bondye atitid nou yo enpòtan menm jan ak aksyon nou yo.

Ede elèv ou yo konprann ke Bondye pa janm chanje, Li se menm nan jodi a, demen ak pou toutan! Kòm nou konnen ke li pa chanje, nou kapab obeyi lalwa li yo avèk konfyans.

KÒMANTÈ BIBLIK

Sèlman twa mwa ki te pase lè izrayelit yo te soti anba esklavaj nan peyi Lejip pou rive nan dezè Sinayi. Yo te kanpe la nan pye Mòn Sinayi a. Atravè Moyiz, Seyè a te gide pèp li a nan plas sa ak yon objektif espesyal. Yo ta eksperimente yon rankont kòm yo pa t janm genyen avan avèk Bondye ki gen Tout Pouvwa a.

Moyiz te swiv enstriksyon Kreyatè a pandan li t ap prepare pèp la pou manifestasyon sa ki soti nan Bondye. Yo te resevwa endikasyon sou fòm yo te dwe ye devan li, ak distans ke yo te dwe itilize pou apwoche devan li nan mòn nan. Si yo te dezobeyi, yo t ap mouri menm kote a. Enstriksyon sa yo ta ede izrayelit yo konprann ke yo t ap sèvi yon Bondye ki sen. Aparisyon Bondye yo pa t dwe pase kòm jwèt, sa déjà pa t yon bagay ki ta fèt souvan.

Sou twazyèm jou a pèp la t'ap tranble pou lapèrèz yo te santi akòz de kout loray yo, zèklè ak vapè prè ki t ap soti sou tèt mòn nan. Tè a te tranble anpil anba pye yo. Nan fason sa yo te konprann kijan yo te fèb nan prezans Bondye.

Fason ke Seyè a te antre nan relasyon avèk pèp izrayèl la te chanje konplètman.

Abraram te resevwa pwomès pou li genyen yon gran jenerasyon ak yon patri. Kounye a, Bondye t ap ofri pitit Izrayèl yo swit kontra sa, yon fason pou te separe yo de lòt nasyon yo. Yo ta transfòme kòm yon wayòm sakrifkatè, yon nasyon sen. Atravè yo mem, Bondye ta revele karaktè sentete li a bay lemond antye.

Lè li ba yo kòmandman yo, li te vle di yo ke kondisyon lavi yo te dwe reflekte sentete. Yo te dwe obeyi kòmandman li yo kòrèkteman, pliske yo se sakrifkatè li, sa vle di reprezantan li nan mond lan. Sa se te yon obligasyon epi nan menm tan tou, yon privilèj.

Men kòm reprezantan Bondye, pèp izrayèl la pa t toujou viv nan wotè sikonstans yo, men pito nan plizyè okazyon li te echwe nan dezobeyi sa ke li te anseye yo a.

Bondye te bay pèp li a dis kòmandman yo ansanm avèk lòt règ pou adorasyon ak lavi a. Kòm repons, pèp la te pwomèt: “N ap obeyi epi fè tout sa Seyè a di nou

fè” (Egzòd 24:7). Epi menm si yo te eseye, yo pa t toujou rive reyalize li. Yo te toujou ap tonbe nan move abitud ak kondwit ki pa kòrèk.

Kòm kretyen, nou menm tou nou genyen responsablite pou nou obeyi kòmandman li yo epi reflekte sentete Bondye nan mond lan. Nou pa dwe tonbe nan move abitud oubyen kondwit ki ofanse li ak frè parèy nou. Nan pouvwa Sentespri a, nou kapab viv yon lavi ki konsakre devan Papa a, atravè relasyon nou avèk Pitit li a, Jezi.

DEVLOPMAN LESON AN

Mansyone yon règ

Mande elèv yo pou yo fè plizyè gwoup de de oubyen twa, epi pou yo panse apre sa ekri yon règleman oswa lalwa ki aplike nan chak fraz sa yo:

- Yon règ oubyen lwa k ap ede moun kondwi machin avèk pridans.
- Yon règ oubyen lwa k ap ede lekòl fonksyone pi byen.
- Yon règ oubyen lwa pou kay la, k ap ede nou viv ansante pi byen.
- Yon règ oubyen lwa k ap ede kominote a oswa zòn kote n ap viv la vin plis asire.
- Yon règ oubyen lwa ki kapab sove lavi yon moun.

Di konsa: “Lwa avèk règ yo kèk fwa konn difisil pou akonpli epi gen kèk moun ki kwè ke yo retire divèsyon nan lavi. Men jeneralman se moun ki gen enterè pou wè nou byen reyisi, menm jan istwa bibliik nou an montre nou li jodi a”.

Ki pwoblèm ki genyen?

Ekri mo “responsablite” nan tablo a oubyen nan yon katèl.

Poze kesyon: “Kòman nou defini responsablite?” Pèmèt ke elèv yo eksprime opinyon yo. Ekri sa yo di yo nan tablo a oubyen katèl la. Yon fason nou kapab defini responsablite se: yon devwa oubyen obligasyon ke yon moun dwe reponn pou li. Reponn pou yon aksyon oubyen desizyon se pran responsablite. Ede elèv yo konprann definisyon sa pandan w ap sèvi avèk egzanp responsablite lavi chak jou ke yo dwe pran. Ankouraje yo pran lòt egzanp responsablite poukont yo. Di yo pou yo ouvè liv Elèv la nan premye aktivite a. Imaj la montre nou yon plas piblik. Mande yo pou yo obsève imaj la. Eksplike yo: “Ann fè kòm si n ap jwi yon titan sou plas la yon jou. Kisa katèl sa ki sou gazon an di? (Pa pile gazon an). “Kisa katèl sa ki sou twotwa la di?” (Pa mache sou twotwa avèk bisiklèt). “Kisa w dwe fè avèk fatra?” (Jete li nan resipyan ki di fatra). Fè deba sou kesyon ki parèt nan pati ki anba fèy la.

Repons ki posib pou kesyon 1.

Mache sou wout ki pou siklis yo, pa jete fatra,

mache sou twotwa avèk bisiklèt, obeyi règ sikilasyon an.

Repons ki posib pou kesyon 2.

Ou pa dwe fè tèt ou mal ni fè lòt moun mal, plas piblik la dwe yon kote ki bon pou vizite, epi ou dwe santi w byen pou w kapab genyen anvi retounen.

Kontinye: “Si w inyore responsablite w yo epi ou vyole règ yo, kisa ki kapab rive w oswa lòt moun yo?” (Ou ta kapab fè tèt ou mal oubyen fè lòt moun mal. Yo ta kapab mete w deyò sou plas la).

“Li enpòtan pou w akonpli règ yo. Yo te kreye jeneralman pou ke oumenm ak lòt moun yo te kapab gen sekirite”.

“Nou tout nou gen responsablite. Nan istwa biblik nou an jodi a, moun yo aprann de yo tou. Ann dekouvri kisa ki te responsablite ak règ ke Bondye te etabli pou pèp Izrayèl la”.

ISTWA BIBLIK

Yon reyinyon sou mòn nan

Di elèv yo pou yo ouvè liv elèv la nan istwa biblik jodi a. Chwazi kèk nan yo pou li chak pòsyon yo (jounalis, izrayelit). Si w kapab, pote yon mikwofòn pou jounalis la ak degizman pou izrayelit yo. Si elèv yo pa anpil, yo chak kapab li plis pase yon pòsyon.

Aprè prezantasyon istwa, yo dwe repase sa yo te aprann nan semèn ki pase yo. Di konsa: “Bondye te kontinye aji pandan tout istwa nan ofri kontra oubyen pwomès li pou ba yo tout opòtinite viv nan yon relasyon ki kòrèk avèk li. Kisa sa vle di viv nan yon relasyon kontra avèk Bondye?” (Ke nou pwomèt renmen ak obeyi li. Ke nou angaje nou pou nou obeyi règleman li yo epi fè sa li mande pou nou fè. Pou nou pale ak lòt moun de li. Pou nou toujou konnen ke Bondye pa chanje, epi li renmen nou).

Nou dakò

Poze kesyon: “Kisa Bondye te pwomèt izrayelit yo?” (Ke yo ta vin pèp li). “Ki pati nan kontra ke yo te dwe akonpli? Ki responsablite yo te genyen?”

Di yo pou yo li Egzòd 19: 5-6 : “Koulye a menm, si nou koute sa mwen di nou, si nou kenbe kontra mwen an, se nou menm m’ap chwazi pou moun pa m’ nan mitan tout pèp ki sou latè. Tout latè se pou mwen, se vre.

Men nou menm, n’ap vini yon nasyon moun k’ap sèvi m’ tankou prèt, yon pèp k’ap viv apa pou mwen. Wi, se sa pou ou di moun Izrayèl yo”. Pèmèt ke elèv yo ekri mo ki manke yo nan vèsè ki enprime a.

Aprè sa, fè yo santre atansyon yo sou mo “si”. Di yo konsa: “Izrayelit yo te dwe deside obeyi Bondye oubyen non”. Poze kesyon: “Èske nou kwè ke Bondye t ap toujou beni pèp izrayèl la menm si yo te dezobeyi li? Poukisa?” (Non, yo ta refize kontra ke Bondye te siyen avèk yo a. Yo pa ta aksepte pou yo viv nan relasyon

ki kòrèk avèk Bondye. Yo t’ap inyore responsablite yo). “Lè nou deside renmen Bondye, nou genyen responsablite sou do nou. Sa vle di ke nou dwe viv jan Bondye vle pou nou viv, pandan n ap fè sa ke règ li yo etabli pou nou fè ak obeyi sa ke li di”.

AKTIVITE YO

Jwe san sans nan jwèt chèz la

Ranje chèz yo sou fòm yon wonn, yon chèz pou chak timoun. Di yo konsa: “Nou pral jwe yon jwèt kote se nou menm k ap eseye dekouvri règ jwèt la poukont nou”. L ap fèt menm jan ak jwèt chèz la, men san nou pa retire ni youn. Kòmanse pase mizik la epi pou yo kòmanse mache fè wonn chèz yo jiskaske mizik la kanpe. Lè yo tout fin chita, chwazi youn epi di ke timoun sa dwe soti nan jwèt la, paske sa se chèz ke w ta pral retire. Kounye a, ou mèt retire li. Aprè sa, pase mizik la ankò epi pou yo kòmanse mache jiskaske mizik la kanpe. Repete menm bagay avan. (Chwazi nenpòt chèz epi di timoun ki te chita sou li a ke li dwe soti nan jwèt la paske se chèz sa w te vle).

Poze kesyon : “Èske nou renmen patisipe nan yon jwèt kote ke nou pa konnen règ li yo?” (Kite yo reponn). “Kòman nou te santi nou, nou menm ki te oblije soti nan jwèt la?” (Se pou yo reponn, repons yo kapab: twouble, fache, sanble yon abi, tris). “Kisa ki kapab fè jwèt sa fasil pou moun jwe?” (Se lè li genyen règ ki klè ak byen defini).

Eklèsi: “Jwèt yo konfonn moun anpil lè pa genyen règ oubyen lè yon moun chanje yo. Se menm jan tou, nan istwa nou an jodi a nou wè ke Bondye te bay pèp li a règ. Li te siyen yon kontra avèk yo pou yo te kapab konnen ki règ yo te dwe obeyi pou yo te kapab viv nan yon relasyon ki kòrèk avèk li. Avèk Bondye nou pap janm santi nou fristre paske nou pa konnen règ yo.

Bondye te montre nou byen klè ki règ ke nou te dwe obeyi epi se menm li menm ankò k ap ede nou akonpli yo. Si kèk nan nou genyen dout, lapriye epi mande Bondye pou li ede nou. Nou konnen yon bagay? Bondye bon, epi li toujou tandè lapriye nou yo. San okenn dout, l’ape de nou”.

Pèp kontra jodi a

Pale di: “Nou menm kretyen jodi yo nou fè pati pèp kontra a. Èske nou kwè ke pèp kontra a responsab toujou menm kounye a pou obeyi kòmandman Bondye yo?” (Wi). “Kisa w kwè ki responsablite w?” (Obeyi Bondye). Bay chak elèv yon fèy ak yon kreyon oubyen yon plim. Mande yo pou yo travay pa de, pandan y’ap fè yon lis responsablite yo kwè ke Bondye bay pèp li a.

Lè yo fini, mande yo pou yo rakonte rès klas la sa yo te ekri yo. Di yo ke “lòd Bondye yo pou pèp li a se bagay serye. Yo tout te fèt pou pwoteje nou de mal epi pou ede nou genyen yon relasyon ki kòrèk avèk li”.

Kounye a dirije atansyon elèv yo vè dènye aktivite

ki nan liv Elèv la pou kontinye avèk deba a. Li fraz ki nan fèy yo. Apre sa, evalye sitiyouyon yo prezante yo.

Ofri opòtinite pou ke elèv yo debat epi reponn apre w fin li chak sitiyouyon.

Repons ki posib pou sitiyouyon yo:

1. Pa vòlò bonbon. Di zanmi w lan piga li vòlò se yon bagay ki kont règ ke Bondye te etabli pou viv kòrèkteman, epi ou pap fè li paske l ap afekte w ak mèl boutik la.
2. Netwaye chanm ou an anpremye paske Bondye mande pou nou obeyi paran nou yo. Si w gen tan, ou kapab gade televizyon.
3. Genyen yon tan ak yon plas pou chak bagay. Si Dimanch se jou ke w genyen pou w adore Bondye epi aprann de li nan lekòl dominikal, ebyen ou dwe respekte li epi obsève jou Seyè a. Ou kapab pran plezi w avèk jwèt videyo yo nan lòt moman. Ou kapab envite zanmi w tou pou vin pase yon moman avèk ou epi jwi lekòl dominikal!.

Memorizasyon

Avan klas la kòmanse, ekri vèsè mwa a ak lèt ki

byen gwo sou yon papye bristol. Rezève kèk mo pandan w ap (kite espas vid yo), ki se: “mòn yo”, “kolin yo”, “tranble”, “kontra”, “Seyè”, “kè sansib”.

Ekri mo sa yo nan kat ki fèt ak papye bristol, epi si w kapab, kouvri yo avèk papye ki transparan. Byen melanje yo.

Fè chak timoun nan klas la pran yon kat nan tirajosò epi kole yo avèk adezif nan plas ki kòrèk nan vèsè a. Rèl klas la ap deside si mo a plase kote ki kòrèk la. Kontinye jwe nan fason sa si tan pèmèt li jiskaske elèv yo kapab di vèsè a kòrèkteman san okenn mo nan kat yo.

Pou fini

Di elèv yo ke pou kretyen yo, obeyi règ ke Bondye te etabli nan Pawòl li yo pa difisil, paske li te pwomèt ke li ta ansanm avèk nou epi akonpanye nou epi gide nou pazapa.

Mete fen avèk lapriyè sa: “Mèsi Seyè paske w te foute nou nan mitan pèp ou te siyen kontra. Mèsi Bondye, paske renmen ak pwoteje nou. Ede nou obeyi règ ak kòmandman w yo epi fè sa w vle pou nou fè. Ede nou pran responsablite nou pou ke lòt moun kapab konnen ak renmen w. Nan non Jezi. Amèn”.

Leson 20

Kontra avèk David la

Baz bibli: 1 Kwonik 17, Lik 1:31-33, 68-71

Objektif leson an: Se pou atravè kontra ke Bondye te siyen avèk David la, timoun primè yo konprann ke li akonpli pwomès li yo nan yon fason ki pibon ke sa nou ap tann.

Vèsè pou aprann: *Ou te mèl wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. M'ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou m' te toujou byen avè ou la. Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa (Ezayi 54 :10).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Nan laj sa, timoun yo travay byen avèk repetisyon chak jou epi avèk estrikti ki ede yo santi yo genyen konfyans ak sekirite. Yo dwe genyen yon pratik ki byen defini pou yo kapab reyalize aktivite sa yo, tankou devwa lekòl yo oubyen al nan kabann.

Pifò timoun nan laj sa yo ap tann repons ak afimasyon. Si pa egzanp, ou pote kado pou yo nan kèk klas, y ap tann pou w toujou fè sa. Yo kapab santi yo fristre si bagay yo pa fonksyone jan y'ap tann sa, men byen satisfè lè sa pase pi byen pase jan yo t ap tann li a.

Bondye siyen kontra li avèk lòm epi pwomèt

akonpli li. Men lòm pa toujou akonpli pòsyon pa yo a, menm jan sa te pase avèk izrayelit yo.

Ede elèv yo konprann ke Bondye vle pou nou akonpli pòsyon relasyon pa nou an avèk li. Sa nou dwe fè se renmen li, sèvi ak obeyi li. Bondye te pwomèt ke l ap toujou akonpli pati pa l la epi li toujou akonpli pwomès li yo!

Pou di laverite, Bondye akonpli pwomès li yo nan yon fason ki pibon pase sa nou kapab tann.

KÒMANTÈ BIBLIK

1 Kwonik 17. Otè liv Kwonik la pale de yon tan kote ke, finalman, kè poze a te rive atravè David, li menm ki te wa peyi Izrayèl.

Kwonolojikman, sa te pase apre batay ke li te declare nan fen sejou li yo sou late.

Men otè liv Kwonik la plase li la pou montre enterè ke David te genyen nan bwat kontra a avèk konstriksyon tanp lan.

Se David ki te wa. Sayil te gentan tonbe nan batay la epi platfòm otorite li te deja etabli.

Pou premye fwa, David te genyen yon moman pou l te reflechi sou li menm ak wayòm li a. Premye bagay ke li te remake, se ke li t ap viv nan yon bèl palè ki te konstwi avèk bwa sèd. Epoutan, pa t genyen yon tanp pou Bondye. Bwat kontra Seyè a, senbòl prezans Bondye, te rete nan lavil Jerizalèm, nan

yon tant ki te konstwi pou sa (1 Kwonik 16:1); epi tabènak la, kote yo te konn pote ofrann ak sakrifis yo, te rete nan gabawon (v.39). Konsa, avèk gwo entansyon, David te mande Natan, pwofèt ak gid esprityèl li a, pou l te konstwi yon kay pou Bondye rete pou toutan. Men David te konsidere kòm yon nonm ki te toujou ap fè lagè epi Bondye pa t ba li privilèj sa. Pitit li a, Salomon, li menm ki ta rekonèt kòm moun ki pou pote repo ak kè poze nan peyi Izrayèl, ta resevwa lonè pou konstwi kay pou Seyè a.

Nan yon bèl konvèsasyon, Bondye te pwomèt David ke nan plas konstriksyon kay la, li ta pèmèt li etabli yon ras, yon kay wayal ki ta dire pou toujou. Fanmi sa ta reprezante yon wayòm san fen epi ki ta pote Sali ak kè poze pou pèp Bondye a.

David te reponn avèk gran imilite, pandan li te rekonèt ke li pa ta merite favè Seyè a.

Men plan Bondye ta prale pilwen pase sa nenpòt moun ta kapab imajine: David ta antre nan liy zansèt Jezi yo ki te byen long. Epi wayòm sa ta dire pou toutan.

Ala yon gwo eritaj nonm sa te genyen, ki te sèlman gen anvi sèvi Bondye!

Lik 1:31-33, 68-71. Lè Mari te tande ke li te moun ki chwazi pou pote Sovè a nan vant li, zanj lan te asire li favè Bondye, pandan li t ap aplike pwomès 1 Kwonik 17 la pou Jezi: Yo va ba li twòn David la. “Epi gouvènman li pap janm pran fen” (v.33). Jozèf tou ki te papa Jezi sou latè, te yon branch nan fanmi David (gade Lik 3:23-38 ak Matye 1:1-17). Malgre li pa t papa biyolojik Jezi, li te papa legal. Nan peyi Izrayèl, yon pitit legal te konn patisipe nan eritaj famiyal la nan menm fason ke yon pitit biyolojik.

Zakari, papa Jan Batis, te ajoute yon aspè enpòtan nan deskripsyon sa ke Jezi te bay: Bondye te sove pèp li a lè li te voye Pitit li a, “yon gran Sovè” (Lik 1:69). Sa gen ladan li travay redanmsyon an, ki moral ak esprityèl tou. Epi se sèlman atravè Jezi nou kapab konnen Bondye epi genyen yon relasyon pèsònèl avèk li.

DEVLOPMAN LESON AN

Devine lèt yo

Jwèt sa ap eseye rezoud yon mistè: se pou timoun yo dekouvri ki fraz li ye. Divize klas la fè de ekip. Fè kantite liy pwen kòm lèt ke chak mo genyen nan fraz sa: “Youn nan jenerasyon yo pral Wa pou toutan”.

Se pou timoun yo vire fas yo pou ke, yon timoun nan chak ekip pafwa, kapab di yon lèt ki ta kapab nan fraz la. Si lèt yo mansyone a nan mo a, ekri li epi anote 10 pwen pou ekip sa. (Pa egzanp: Si lèt “E” parèt senk fwa nan fraz la, ekri li nan senk espas ki

pou li yo, epi ajoute 50 pwen pou ekip sa). Si lèt yo di a pa nan fraz la, ekri li apa. Lè youn nan ekip yo kwè ke li konnen ki fraz li ye, li dwe eseye devine li. Si se pa fraz kòrèk la, se lòt gwoup la k ap gen opòtinite a. Se sa ki fini ak plis pwen an k ap genyen.

Lè koze devinèt la fin rezoud, mande pou tout klas la li fraz la byen fò. Di konsa: “De kimoun nou kwè fraz sa pale?” (Kite yo devine. Yo pa dwe konnen si se de David). “Bondye te siyen yon kontra avèk yon moun nan Ansyen Testaman. Li te yon gran wa nan peyi Izrayèl ki te renmen epi sèvi Seyè a. Istwa bibliik jodi a pale nou de yon moun ki te resevwa pwomès Bondye sa. Swiv istwa bibliik la epi eseye rezoud devinèt la pandan n’ap dekouvri kilès moun li ye”.

Kado gran papa a

Di konsa: “Pafwa, moun nou rekonèt oubyen nou renmen yo bannou yon kado espesyal. Kèk fwa, kado yo konn vrèman espesyal paske yo konn pi gwo pase sa nou konn mande oswa ap tann. Kòman w santi w lè w resevwa yon kado espesyal ki plis pase sa w t ap tann nan?” (Kontan, sezi, nan lajwa).

Mande elèv ou yo pou y’ale nan premye aktivite ki nan liv Elèv la (leson 20). Li, oubyen pèmèt ke yon moun li istwa a. Poze kesyon: “Kisa gran papa a te fè pou pitit pitit li Anita?” (Li te ba li lajan pou etid inivèsité li yo). “èske Anita te espere sa gran papa l te ba li a?” (Wi, li te espere jwenn lajan pou etid inivèsité li yo) “Kisa ki te yon sipriz pou Anita, yon bagay ke li pa t espere li te resevwa?” (Li te sezi paske li ta resevwa lajan pou etid inivèsité timoun li yo tou).

“Kòman w kapab konplete fraz sa? Kado gran papa a pou Anita te anpil (ranpli espas vid la) de sa li te kapab imajine oubyen espere. (Aksepte tout repons ki plis oubyen mwens rezonab yo).

Eksplike: “Pafwa nou resevwa plis pase sa nou t ap tann. Sa se yon bèl sipriz! Istwa bibliik nou an jodi a pale osijè de yon moun ki te resevwa yon pwomès Bondye, ki te plis pase sa li t ap tann. Ann koute avèk atansyon pandan n ap li pou nou dekouvri kisa li te ye”.

ISTWA BIBLIK

Objektif yon Wa

Rakonte oubyen li istwa bibliik ki nan liv Elèv la. Ou kapab mande pou elèv yo li tou, youn apre lòt, yon paragaf pou chak moun.

Aprè sa, poze yo kesyon pou w mande yo si yo konnen ki moun sa ki ta gen pou gouvène pou toutan. Si yo pa asire, fè aktivite a: “Gwo kado David la” nan liv Elèv la. Aprè w fin fè li, elèv ou yo ap kapab devine ke

Wa ki ta gen pou gouvènèn pou toutan an se Jezi.

Di konsa : “Bondye te chwazi David pou li te vin dezyèm wa nan peyi Izrayèl paske li te konnen ke li te renmen l’ epi vle sèvi li. Apre li te fin mouri, pitit li Salomon te konvèti kòm nouvo wa peyi Izrayèl. Salomon se te wa ke Seyè a te chwazi pou bati bèl Tanp pou Bondye a”.

Yon gwo kado pou David

Mande pou kèk volontè li vèsè ki nan pati anlè nan aktivite ki nan liv Elèv la. Poze kesyon: “De kimoun ak de kisa vèsè sa yo pale? (De yon wa ke gouvènman li pa ta janm pran fen. De pwomès ke Bondye te fè David de ke youn nan desandan li yo ta gouvènè izrayèl pou toutan). “Kimoun sa ki se desandan David ki ta gouvènè pou toutan?” (Jezi, Pitit Bondye a). “Èske sa vle di ke Jezi se Wa tèrès peyi Izrayèl? Oubyen kisa sa vle di?” (Non, Jezi se Seyè ak Sovè nou. Se atravè Jezi nou kapab konnen ak renmen Bondye, mande li pou l padone nou, resevwa padon epi kite peche a. Se atravè Jezi nou genyen pwomès lavi ki pap janm fini an avèk Bondye).

Eksplike: “Lè Bondye te pwomèt David ke youn nan desandan li yo ta sou twòn Izrayèl la, li pat genyen okenn lide si yo t ap pale l de Jezi. Sa se te plis pase sa li te kapab imajine oubyen espere. Bondye te fè plis pase sa moun rete ap tann lè li te akonpli pwomès li te fè David la”.

AKTIVITE YO

Konpetisyon sou kontra a

Divize klas la fè de ekip. Remèt chak ekip yon fèy avèk kesyon sa yo. Se pou timoun yo chita sou fòm de wonn (chak gwoup yo dwe separe). Mete yon relò pre pou w ka kontwole tan. Lè w bay siyal la y’ap kòmanse reponn kesyon yo epi ekip ki bay repons yo kòrèkteman epi ki fini nan tan ki pi kout la se li ki genyen.

1. Kilès moun David te ye? (Wa peyi Izrayèl).
2. Kilès moun Natan te ye? (Yon pwofèt).
3. Kisa David te vle fè (Bati tanp Bondye a).
4. Kisa Bondye te voye Natan al di David ? (Pou li pa t bati yon tanp pou li).
5. Kisa Bondye te pwomèt David? (Ke pitit li a se pral pwochen wa k ap gen pou bati tanp lan. Epi youn nan desandan li yo ta gen pou gouvènè Izrayèl pou toutan).
6. Kilès Wa ki gouvènè pou toujou a? (Jezi, Pitit Bondye a epi desandan David la).

7. Èske w panse ke wa David ten lide ke Bondye ta voye pwòp Pitit li a pou l ta vin Wa ? (Non, sa se te plis pase sa David te kapab imajine li oubyen espere).

Kreye pwòp lapriyè w

Di elèv ou yo konsa: “Jodi a nou pral kreye pwòp lapriyè nou pou nou di Bondye mèsi”. Distribye dènye aktivite ki nan liv Elèv la (Leson 20).

Se pou kèk volontè lapriyè ki ladan l yo. Bay chak elèv yon rektang papyè bristol (ki gen gwosè yon fèy kat) pou fè yon katèl avèk lapriyè remèsiman, pou yo kapab pote li lakay yo. Di konsa: “Rekoupe fraz remèsiman pou Bondye sa yo epi kole yo nan fèy papyè bristol la pou fè yon katèl ke w pral mete li nan chanm ou apre”. Bay tan pou yo fè sa. Distribye makè, kreyon, imaj ak figi pou dekore katèl yo. Apre yo fin ekri non yo ladan yo. Lè yo fini, se pou kèk volontè li fraz yo te fòmè yo.

Memorizasyon

Ede sa yo ki jiskaprezan ap lite pou aprann vèsè mwa a, epi ranfòse sa ki deja konnen li de memwa yo avèk aktivite sa.

Ekri vèsè pou aprann nan (Ezayi 54:10) nan tablo a. Fè elèv yo chita atè a sou fòm yon wonn. Mete yon boutèy vid nan mitan yo a (ki gen anviwon 1,5 lit), yon fason pou li rete kouche. Fè li vire byen vit.

Lè boutèy la sispann vire, timoun bouch boutèy la siyale a (kote yo mete bouchon an) li dwe efase kèk mo nan vèsè ki sou tablo a. Apre sa se pou yo tout resite vèsè a ansanm. Kontinye avèk jwèt la, yon fason pou chak timoun ki pase efase lòt mo, kontinye konsa jiskaske yo tout kapab di vèsè a de memwa san okenn mo ekri.

Pou fini

Se pou kèk timoun lapriyè pou di Bondye mèsi dèske li akonpli pwomès li epi bannou plis pase sa n ap tann ak imajine nou: Pitit li a Jezi.

Di konsa: “Ann akonpli pati kontra pa nou an ki se viv chak jou pou Bondye. Epi ann mande li pou l ede nou fè sa ki dwat epi kapab ede pou lòt yo konnen li. Semèn sa, lè w gade katèl ak lapriyè remèsiman yo nan chanm ou an, sonje lapriyè epi mande Bondye pou li ede w akonpli pati kontra pa w la epi pou w viv pou w fè l plezi”.

Ankouraje elèv ou yo pou yo pratike yon devosyon chak jou, poukont yo avèk Bondye, epi panse jan kontra sa se bagay serye ke nou te siyen yon jou avèk li, epi k ap dire pou tout letènite.

Yon kontra pou tout moun

Baz bibliik: Lik 22:7-20

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo konprann ak rejwi pou benefis nouvo kontra lagras, lanmou ak padon ke Bondye etabli avèk nou atravè Jezi a.

Vèsè pou aprann: *Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. M'ap toujou kenbe kontra mwen te pase pou m' te toujou byen avè ou la. Se Seyè ki renmen ou lan ki di ou sa (Ezayi 54 :10).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Nan inite sa a, timoun primè yo resevwa siyifikasyon kontra a. Se konsa menm, yo te kòmanse konprann grandè lanmou Bondye pou kreyasyon li a.

Kontra Bondye yo avèk Noye, Abraram, Moyiz ak David te ba yo egzanp sou metòd ke li te itilize pou li familiarize li avèk pèp li a. Leson sa ajoute yon nouvo dimansyon nan chema ki soti nan Bondye a osijè de kontra relasyon youn ak lòt sa.

Bondye, atravè Pitit li a Jezi, te fè siyen yon nouvo kontra lanmou, gras ak padon. Lè elèv yo deside mete konfyans yo nan Jezikris, sèvi ak viv nan obeyisans devan li, yo antre nan yon relasyon kontra.

Atravè kontra sa, Bondye bay pèp li a libète pou yo apwoche bò kote li epi konnen ke li kapab resevwa padon. Nou kapab deside pou nou fè pati pèp kontra a, atravè yon relasyon pèsònèl avèk Jezi.

Di Bondye mèsì ananm pou lanmou ak mizèrikòd li ki toujou parèt atravè kontra ke li te reyalize yo, epi espesyalman pou nouvo kontra ki te ofri atravè Jezi. Itilize kantik, powèm, aktivite epi pase yon moman nan lapriyè pou di Bondye mèsì pou lanmou ak padon li.

KÒMANTÈ BIBLIK

Nan Lik 22:7-20, Jezi fè Pyè ak Jan prepare yon kote pou fèt pak la selebre, yon selebrasyon ki fèt chak ane nan memwa izrayelit yo ki te sòti nan esklavaj nan peyi Lejip gras avèk gwo pouvwa Bondye a. Nan pasaj sa, Lik mete aksan sou etablisman Repa Seyè a. Senbolikman, pak la, fè pèp jwif la sonje liberasyon yo nan peyi Lejip.

Pou disip Jezi yo, Repa Seyè a reprezante rapèl lanmò li sou kwa a, pou libere kwayan yo anba jouk peche.

Jezi montre pri redanmsyon an nan yon fason ki grafik. Nouvo kontra ta koute sakrifis kò ak vèsman san li. Men, ekspyasyon sa te fèt yon fwa pou tout. Déjà pa gen lòt nesosite pou kontinye avèk koze sakrifis yo jan ansien kontra te mande sa. Jezi te peye pri Sali nou an yon fwa epi pou toutan. Lè nou reponn Bondye avèk yon repantans ki sensè, li padone nou epi kòmanse yon nouvo relasyon ki pa baze sou lalwa ak jijman, men pito sou lanmou ak mizèrikòd.

Sakrifis yo se te yon branch enpòtan nan ansyen kontra a ant Bondye avèk pèp li a.

Pèp la te konn vini devan li chak ane, sakrifye bèt san defo epi ofri premye fwi rekòt yo. Sa a yo fè pèp la sonje seryozite kontra epi yo te ofri yon sistèm pou chèche padon Bondye epi devlope yon relasyon kontra avèk li.

Sepandan, metòd sa te genyen sakrifkastè pechè ki te konn ofri sakrifis ki pa bon, se sa ki fè ke koze peche pat kapab fini.

Lè Jezi te vin sou latè epi mouri sou Bwa Kalvè a, li te etabli yon nouvo kontra kote li te prezante kòm ti mouton san defo a, sakrifye devan Bondye yon fwa epi pou toutan, atravè zèv ekspyatwa li a sou kwa. Nan fason sa li te libere kwayan yo anba jouk peche a. Kounye a, li se Granprèt nou, li menm ki chita sou bò dwat Papa a. Li se moun k'ap lapriyè pou noue pi li se Sovè nou tou.

Pandan w'ap prepare w pou lesyon final sa, fè fèt nan nouvo kontra gras Bondye a ki disponib pou tout moun atravè Jezi, Seyè ak Redanmtè nou an. Lapriyè pou ke Bondye itilize nouvo konpreyansyon relasyon kontra sa pou atire chak pitit vin genyen yon relasyon pèsònèl avèk li, chak fwa pi plis.

DEVLOPMAN LESON AN

Ann repete, ann repete!

Avan klas la kòmanse, mete de liy chèz fasafas, anviwon yon mèt de distans youn ak lòt. Itilize yon boul ki fèt ak eponj oubyen yon bous ki plen ak tigrenn.

Fè elèv yo fè jwèt sa nan klas la sou fòm revizyon sou sa yo te aprann osijè de kontra yo. Divize klas la fè de ekip. Fè chak gwoup chita nan yon liy chèz. Eksplike: "Yo chak dwe prepare ak reponn yon kesyon pou ke nou tout nou konnen sa yo aprann sou kontra nan kat premye lesan yo.

Avan klas la kòmmanse, kimoun ki kapab defini pou mwen yon kontra avèk Bondye?” (Yon kontra avèk Bondye se yon angajman ant Bondye avèk moun nan. Yo toude fè pwomès youn ak lòt. Kontra Seyè a ofri nou yon relasyon lanmou avèk li).

Remèt boul la oubyen sak grenn nan bay youn elèv ki nan liy de ekip yo. Di l konsa: “Ou dwe reponn kesyon m’ap poze w la. Apre sa, ou dwe poze timoun ki chita anfas ou ki nan lòt ekip la menm kesyon sa, pandan w ap woule boul la ba li. Epi se konsa yo ta dwe kontinye woule boul la, chak timoun dwe fè li pou yon lòt ki nan lòt ekip la, pandan y’ap reponn kesyon an, jiskaske tout patisipan nan chak ekip jwenn opòtinite pou reponn”. Kòmmanse pandan w ap prepare kesyon sa: “Kisa ki pi enpòtan ou te aprann osijè de kontra yo?” Jwe jiskaske tout elèv yo jwenn opòtinite pou yo reponn.

Lè fini, poze kesyon: “Ki kontra ke Bondye te siyen avèk David?” (Li te pwomèt li ke youn nan desandan li yo ta gouvène pou toutan). “Kòmman Bondye te akonpli pwomès li te fè David la?” (Atravè Pitit li a, Jezi). Jeremi 31:31 di konsa: “Lè a pral rive, mwen pral pase yon lòt kontra avèk moun peyi Izrayèl yo ansanm ak moun peyi Jida yo”. Istwa bibliik nou an jodi a rakonte nou plis osijè de nouvo kontra ke Bondye te fè a. Ann dekouvri kisa ak pou kimoun li te ye”.

Envitasyon

Fè elèv yo ale nan premye aktivite nan liv Elèv la. Di konsa: “Nou te aprann kisa yon kontra ye epi kòmman Bondye ofri tèt li bay moun yo, jan li te fè sa avèk Noye, Abraram, Moyiz ak Izrayelit yo epi David. Èske nou kapab rakonte m plis osijè de kontra ke Bondye te siyen yo?”

Kisa ki te espesyal nan kontra ke Bondye te siyen avèk David la? (Li te foute li nan menm ras avèk Pitit li a, Jezi). “Bondye te akonpli kontra li a avèk David lè Jezi te vini sou latè a, epi nan fason sa a, tout moun ta kapab deside konnen ak renmen Bondye. Li envitasyon ki parèt la” (Pèmèt ke elèv yo li ansilans). “Sa se yon envitasyon espesyal ke Bondye ofri. Si w vle aksepte l epi fè pati yon relasyon kontra avèk Bondye, ekri non w nan espas ki vid la”.

Pèmèt ke timoun yo travay ansanm pou yo konplete mo ki manke yo nan fraz ki anba envitasyon an. (Repons kòrèk yo: angajman, pwomès, relasyon). Lè yo fini, mande pou yon volontè li yo. Poze kesyon: “Kimoun ki kapab di mwen ki lòt bagay envitasyon pou antre nan yon

relasyon kontra avèk Bondye a di?” (Mete tan disponib pou ke elèv yo kapab fè deba sou tèm nan. Gen kèk pami yo k’ap konnen ke sa vle di ke Bondye te ofri lavi ki pap janm fini an atravè Jezikris”.

Di konsa: “Nouvo kontra ke Bondye te siyen atravè Pitit li a Jezikris, vle di ke nan nou chak genyen desizyon pou renmen, obeyi ak sèvi Bondye sèlman. Istwa bibliik la rakonte nou plis sou nouvo kontra sa ke Bondye te fè atravè Jezi”.

ISTWA BIBLIK

Nouvo kontra a

Se pou elèv yo ouvè liv Elèv la nan istwa bibliik la. Li l, pandan ke y’ap swiv avèk je yo. Si w genyen bon lektè, eseye fè yo li youn apre lòt.

Leson jodi a ki pale de kontra gen yon mesaj enpòtan pou elèv yo. Yo bezwen konnen ke Bondye vle genyen yon relasyon pèsònèl avèk yo chak.

Poze kesyon: “Kisa Jezi te ofri disip li yo?” (Yon nouvo kontra). “Pou kimoun nouvo kontra sa ye?” (Pou tout moun sa yo ki vle genyen yon relasyon lanmou avèk Bondye). “Si w vle konnen lanmou Bondye epi vle renmen li ou menm tou, kisa w dwe fè?” (Aksepte nouvo relasyon kontra sa atravè Pitit li a, Jezi). Si gen kèk timoun ki vle aksepte Jezi kòm Sovè yo epi viv nan yon relasyon kontra avèk Bondye, itilize ABC Sali lesan 12 la kòm gid.

AKTIVITE YO

Ann revize kontra yo

Fè elèv yo ale nan aktivite ki swiv nan liv Elèv la. Pèmèt ke youn nan yo li enstriksyon yo. Bay timoun primè yo tan pou yo travay nan aktivite a. Si yo vle, yo kapab fè li ansanm.

Lè yo tout fini, pèmèt ke kèk volontè kòmante respons yo a bay rès klas la (Noye, tout kreyati vivan yo. / Abraram, yon fanmi. / Moyiz, izrayelit yo. / David, desandan li yo). Poze kesyon: “Kòmman chak ti imaj sa yo montre kontra yo?” (Mond lan, pou Noye. Paske Bondye te pwomèt li ke li pap janm detwi tout latè avèk yon lòt inondasyon ankò. Bebe a, pou Abraram. Paske Bondye te pwomèt li yon pitit pandan li te fin vye granmoun epi desandan li yo ta tankou zetwal yo. Dis kòmmandman yo, pou Moyiz. Paske Bondye te pwomèt ede ak pwoteje izrayelit yo si yo te obeyi li. Kouwòn nan, pou David. Paske Bondye te pwomèt ke youn nan desandan li yo ta gouvène

pou toutan).

Di elèv yo chèche imaj Jezi a. Poze kesyon: “Pou kimoun Bondye te fè nouvo kontra a?” (Pou tout moun). “Fè imaj ou nan kare a oubyen ekri non w. Atravè Jezi, Bondye te siyen yon nouvo kontra lanmou pou tout moun, epi ou ladan l tou! Èske w vle aksepte Jezi kòm Sovè w?” (Si kèk nan elèv yo montre enterè, rankontre avèk li lè klas la fini). “Lè nou aksepte Jezi kòm Sovè nou, nou deside viv nan yon relasyon kontra avèk Bondye”.

Pèp nouvo kontra a

Envite elèv ou yo fè yon pankat oubyen yon bandwòl pou selebre di ke yo fè pati nouvo kontra avèk Bondye atravè Jezi, Pitit li a.

Fè yo ale nan dènye aktivite ki nan liv Elèv la. Chèche makè oubyen kreyon pou yo itilize nan desen pankat yo a.

Ankouraje yo pote li lakay yo epi montre fanmi yo li.

Di konsa: “Bondye vle pou nou konnen li epi devlope yon relasyon avèk li. Li vle beni nou epi ede nou viv pou li. Men, peche a separe nou avèk Bondye, epi Bib la di ke nou tout fè peche. Sepandan, nou kapab genyen remèsiman nan kè nou paske, atravè Jezi, Pitit li a, nou te resevwa padon epi antre nan yon relasyon kontra avèk li”.

Memorizasyon

Avan klas la kòmanse, trase yon liy vètikal nan mitan tablo a.

Separe elèv yo fè de ekip nan klas la. Yo dwe fòme de liy, chita youn dèyè lòt atè a, ap gade nan tablo a. Di vèsè mwa tout moun ansanm.

Mete yon relò prè pou kontwole tan. Lè w bay siyal la, premye moun nan ki nan chak gwoup ap

kouri al sou tablo a pou ekri premye mo vèsè a. Apre sa, l ap kouri tounen pou remèt lakrè a bay yon kamarad li ki nan tèt liy lan epi li menm li pral chita dèyè nèt. Moun ki resevwa lakrè a dwe ekri dezyèm mo vèsè bibliik la nan tablo a, epi konsa li dwe kontinye. Kontinye konsa jiskaske yon ekip konplete vèsè bibliik la kòrèkteman, nan yon tan ki byen kout ki posib. Lè fini, nou tout dwe di vèsè a ansanm.

Apre sa, se pou chak elèv di vèsè mwa a. Bay chak timoun ki fè l byen yon ti sètifika oubyen yon prim (Yon imaj, yon separatè Bib), elatriye.).

Pou fini

Mete fen pandan n ap chante kèk kè oubyen kantik ki pale de kontra avèk Bondye. Nou kapab itilize yon CD oubyen kasèt, oubyen envite kèk manm nan legliz la akonpanye nou avèk enstriman.

Di elèv yo konsa: “Tout moun ki aksepte òf Bondye a pou li viv nan nouvo kontra sa, atravè Jezi, li fè pati fanmi Seyè a. Nou kapab chante epi fè fèt lè nou konnen ke n’ap viv nan yon relasyon kontra avèk li”.

Mete fen pandan w ap bay timoun primè yo opòtinite pou di Jezi mèsi pou lanmò ak rezireksyon li, ki pèmèt yo konnen ak renmen Bondye.

Priye, di mèsi pou kado Pitit la, Jezikris, epi pou sakrifis li sou kwa. Mande Bondye pou l ede elèv yo viv chak jou nan fè li plezi, epi pou yo sonje angajman yo nan kontra yo avèk Kris la, ak responsablite yo kòm manm nan fanmi li pou obeyi ak viv jan li vle a.

Ankouraje timoun primè yo pase yon moman devosyon chak jou poukont yo avèk Bondye.

Nòt mwen yo:

Ane 3

Entwodiksyon – Inite VI

JEZI MONTRE NOU LAPRIYÈ

Baz biblik: Jan 16:17-19; 17 :1-5; 17 :6-19; 17 :20-26

Verite biblik: Jezi, Souveren Sakrifikatè nou an, anseye nou ke nou kapab rakonte l tout prewokipasyon nou yo nan lapriyè.

Vèsè inite a: *Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l mèsì tou lè n'ap lapriyè. Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l', bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri (Filipyen 4 :6-7).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Konnen ke Jezi te lapriyè pou pwòp tèt li, pou disip li yo epi pou tout lòt kwayan yo, e menm yo menm tou.
- Dekouvri mwayen ki pratik pou devlope kominikasyon yo avèk Bondye atravè lapriyè.
- Ranfòse relasyon yo avèk Seyè a atravè lapriyè chak jou.

Leson inite a

Leson 22 : Pou kisa nou dwe priye?

Leson 23 : Jezi priye pou tèt li

Leson 24 : Jezi priye pou disip li yo

Leson 25 : Jezi priye pou tout kwayan yo

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Timoun primè yo genyen plizyè definisyon osijè de lapriyè. Pou kèk nan yo, se yon fason pou mande bagay. Pou plizyè lòt, se yon kri pou mande sekou nan moman kriz. Pandan dewoulman leson sa timoun primè yo pral aprann ke lapriyè se yon kominikasyon dirab avèk Bondye, ki genyen ladan li : Louwe li, di l mèsì, adore li epi mande li.

Tout kretyen yo nou dwe se moun k ap imite Kris la. Li te bannou egzanp pou pase moman tou sèl avèk Papa a nan lapriyè. Nan fè etid sou lapriyè sasèdòs Jezi a, elèv yo ap santi enpòtans ki genyen pou yo lapriyè pou lòt kretyen, nan menm fason y ap lapriyè pou nesosite pèsònèl yo.

Ansèyman osijè de lapriyè pap janm kapab ranplase pou pratik lapriyè. Inite sa ap ede timoun yo lapriyè souvan. Nan fè eksperyans ak kominyon avèk Bondye a, y'ap apwoche pi prè li.

Y'ap kòmanse resevwa repons lapriyè yo. Nan fason sa, apresyasyon yo va ogmante pou yo gen kapasite pou kominike ak Kreyatè epi Gadyen linivè a.

Pou kisa nou dwe lapriyè?

Baz biblik: Jan 16 :17-17 :19

Objektif leson an: Fòtifye nan timoun primè yo pratik lapriyè toutan an, ede yo konprann ke se yon mwayen ke nou kapab itilize pou nou rakonte Bondye enkyetid nou yo, di li mèsì pou privilèj nou genyen pou lapriyè ak pratike lapriyè toutan.

Vèsè pou aprann: *Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l' mèsì tou lè n'ap lapriyè. Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l', bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri (Filipyen 4 :6-7).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Kwè ke yon moun kapab pale ak Bondye dirèkteman an difisil pou anpil moun.

Jeneralman nou dwe itilize kanal ki kòrèk yo pou nou pale avèk yon lidè gouvènmantal, oubyen menm avèk chèf nou. Men gen kèk pami yo ki santi yo pa pwòp ase pou yo pale avèk Bondye epi chèche yon medyatè ki pou pale pou yo. Leson sa ap ede timoun primè yo konprann ke Jezi te anseye nou ke nou gen privilèj pou nou kapab pale avèk Bondye dirèkteman. Jezi se Gran prèt nou, moun k ap lapriyè pou nou. Li pote mesaj nou an dirèkteman nan prezans Kreyatè Linivè a!

Pou kèk nan yo, se yon fason pou mande bagay. Pou plizyè lòt, se yon kri pou mande sekou nan moman kriz. Pandan dewoulman leson sa timoun primè yo pral aprann ke lapriyè se yon kominikasyon dirab avèk Bondye, ki genyen ladan li : Louwe li, di l mèsì, adore li epi mande li.

Konsidere pasaj Ebre 4 :15-16 la pou kòmante li avèk klas la pandan inite sa : “Granprèt nou an, se pa yon moun ki pa kapab soufri ak nou nan feblès nou. Okontrè, nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men, li pa t'janm fè okenn peche. Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la n'a jwenn padon pou peche nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesèsite”.

KÒMANTÈ BIBLIK

Te genyen yon jwif relijye ki te pote non Jezi, ki te bay lapriyè anpil valè. Chak maten ak chak aprèmidi jwif yo te konn resite SHEMA, twa pasaj byen kout nan Bib la (Detewonòm 6 :4-9 ; 11 :13-21 ; ak Nonb

15 :37-41). Epi twa fwa pa jou, maten, aprèmidi ak aswè, yo te konn fè lapriyè TEFILIA oswa Dizwit Benediksyon. Sepandan, pou Jezi, lapriyè a se te plis pase yon abitud pou repete twa fwa pa jou. Anpil fwa li te retire tèt li nan mitan foul la, e menm de disip li yo, pou l priye poukont li, epi kèk fwa li te pase tout nwit la ap lapriyè (li Matye 14 :23; Lik 6 :12). Nan kèk lòt moman, li te konn monte sou mòn nan pou li lapriyè, akonpanye ak disip li yo (wè Mak 6 :46) ; Lik 9 :28). Asireman ke nan moman pigwo presyon ke Jezi te santi nan lavi l la, li te ale nan Jaden Jetsemani an epi rele Papa avèk tout kè li (wè Matye 26 :36-44).

Pratik lapriyè a te fè pati lavi Jezi chak jou, pou li se te byen natirèl pou itilize kèk nan yo kòm orevwa pou te bay moun yo yon egzanp. Pliske Jezi te konnen ke apre yon ti tan li ta pral mouri sou kwa a, li te fè yon lapriyè ke anpil konnen sou non “lapriyè ministeryèl” (Jan 17). Li te fè li devan disip li yo pandan dènye soupe a t'ap dewoule, sa ki te nan yon fòm, byen reyèl, diskou orevwa li a. Nou jwenn dikou orevwa tou nan kèk lòt kote nan Bib la.

Yon kote ki pi klè se liv Detewonòm nan. Tou pre lanmò, Moyiz te chante yon kantik espesyal (31 :30-32 :47) epi bay benediksyon li (33 :1-19). (Mo orevwa yo (se te yon kantik, yon diskou, oubyen yon lapriyè) yo genyen yon gran siyifikasyon, paske nan moman sa a yo, otè a pale avèk nou de sa ki pi enpòtan yo avan li fè fas ak lanmò.

Disip yo te gen yon privilèj espesyal: pase tan avèk Jezi chak jou. Yo te kapab wè l epi pale avèk li. Men kounye a, Jezi pa ta ansanm avèk yo. Kòman yo ta pale avèk li si lè a rive kote yo pa t'ap wè li ankò? Kòman yo ta kapab viv nan yon mond ki chaje ak pwoblèm san pouvwa li pou ede yo? Nou kapab imajine nou ki kantite dout ak krent ki te anvayi gwoup zanmi Jezi yo.

Lapriyè ministeryèl ke Jezi te fè nan sware sa te genyen objektif demontre ke pi gwo resous li te genyen se te lapriyè.

Bondye Papa a, te gen yon sèl mo de distans, epi kounye a Jezi tou ta genyen menm nan. Menm si li t'ap vin absan fizikman, li ta vin pi pre toujou atravè lapriyè. Sa ki fè anpil kretyen sezi jodi a se reyalite de ke, pandan lespri avèk kè nou poze, nou genyen Papa nou ki nan syèl la ak frè nou Jezikris, ki nan distans de yon soupi.

DEVLOPMAN LESON AN

Ou gen yon mesaj

Fè elèv ou yo ale nan premye aktivite ki nan liv Elèv la, leson 22. Fè yo ekri oubyen desine fòm oswa mwayen yon itilize pou nou kominike nou. Prepare yon prim pou elèv ki fè lis ki pi long epi konplèt la. (egzanp: telefòn, pijon mesaj, pale, faks, Imèl, lèt, siyal lafimen, siy, ekspresyon vizaj, aksyon, telegram, selilè, radyo, televizyon, Entènèt, ak lòt bagay ankò). Ou kapab pote kèk enstriman konsa nan klas la pou

demonstrasyon leson an. Apre kèk minit, pèmèt ke elèv yo montre lòt kamarad yo repons yo te ekri yo.

Di yo konsa: “Gen moun ki panse ke avèk tout bèl mannyè pou nou kominike sa a yo, nou ta dwe fò nan domèn kominikasyon an. Sepandan, anpil fwa nou santi li difisil pou nou fè li avèk Bondye. Jodi a nou pral pale osijè de enpòtans kominike avèk Bondye genyen”.

Kisa mwen konnen osijè de lapriyè?

Mande elèv yo pou yo konplete fraz ki nan fèy aktivite nan liv Elèv la, leson 22:

Lè elèv yo fin ekri, pèmèt yo rakonte sa yo te ekri a. Rete koute kisa y’ap di lè y’ap pale a. Nan fason sa ou kapab genyen yon pibon lide osijè de sa yo konprann sou lapriyè. Pale di: “Lapriyè se yon privilèj. Nou santi nou gen valè dèske Bondye vle pou nou kominike avèk li.

Atravè lapriyè nou kapab rakonte li enkyetid nou yo epi rakonte li nenpòt chay nou gen nan kè nou san pwoblèm”. Apre sa, poze kesyon sa yo:

- Si lè w te timoun piti, ou te konn lapriyè avan w kouche, kòman lapriyè w te ye ?
- Èske w kwè ke Bondye tande tout lapriyè w yo ?
- Poukisa pafwa li difisil pou nou lapriyè ?
- Rakonte nou de kèk fwa ou te lapriyè epi Bondye te reponn lapriyè w.
- Poukisa sanble ke Bondye pa reponn nou tout lapriyè nou yo menm fason oubyen fason nou vle li reponn nou an?

Di konsa: “Jodi a nou pral pale osijè de lapriyè, epi nou pral wè eksperyans Jezi te fè nan relasyon avèk li”.

ISTWA BIBLIK

Vizyon an konplèt

Kòm ou pral wè sa, pasaj nou an pou semèn sa long anpil, yon gwo pòsyon nan de chapit yo -16 ak 17 – nan Levanjil selon Jan. Pa tante li tout pasaj sa nan klas la. Li te fèt pou nou te kapab konprann kontèks la konplètman, epi kapab etidye lapriyè Jezi yo nan twa leson yo. Itilize kesyon sa yo pou w ede timoun primè yo konprann vizyon lapriyè enpòtan sa:

- Ki sikonstans ki te antoure lapriyè sa ? Pou nou reponn kesyon sa, nou dwe chèche nan Bib nou an. Nan chapit 12 la nou wè ke Jezi te antre nan lavil Jerizalèm nan jou Dimanch ramo a. Te genyen yon gwo fèt. Foul moun yo t’ap rele: “Ozana!” Apre sa, nan chapit 13 la nou obsève Jezi lannwit avan krisifiksyon an. Disip yo te ansanm avèk li ap manje dènye soupe a. Se la li te anonse ke li ta prale.
- Ki emosyon disip yo te santi pandan Jezi t’ap pale avèk yo? Yo te tris anpil paske pibon zanmi yo ta prale kite yo. Yo te twouble. Yo t’ap panse kijan avni yo ta ye. Yo te pè anpil. Yo t’ap panse kòman yo ta sèvi san Jezi.
- Kisa ki te mesaj prensipal ke Jezi te transmèt yo nan

sware tris, twouble ak lapèrèz disip yo? Menm si li ta prale, reyèlman li pa t’ap abandone yo. Menm jan li te montre yo ke li te konekte ak Bondye atravè lapriyè, li te di disip li yo ke yo kapab konekte ak Bondye atravè lapriyè tou. Menm resous ki te disponib pou li yo lè li te sou latè yo, menm resous sa a yo tou disponib pou disip li yo apre li te fin ale. Jezi te di yo ke lapriyè a se ta repons dout ak kesyon yo. Yon fraz kle Jezi la a se: “Metè konfyans nou” (16:33).

- Nan kifason Jezi te ale kote Bondye nan moman lapriyè li a nan chapit 17 la? Li te pale avèk Bondye kòm si li te kanpe bò kote l la, koute ak reponn sa l t’ap di li yo. Nou wè ke nan vèsè 1 kote li te abòde Bondye kòm Papa li.

Poze timoun yo kesyon: Ki prensip jeneral sou lapriyè nou kapab aprann de pasaj nou etidye jodi a?

Etap pou lapriyè

Pandan w ap rakonte istwa biblik la, mansyone ke sa se te lapriyè ke Kris la te fè nan dènye semèn lavi li sou latè. Di konsa: “Jodi a nou pral etidye sa nou rele ‘Lapriyè ministeryèl’”. Eksplike ke nan Ansyen Testaman yon gran prèt se te yon prèt ki te te konn dirije lòt yo. Frè Moyiz la, Arawon, se te premye gran prèt la.

Jodi a, gran prèt nou an se Kris la”.

Sa se diskou orevwa Jezi a. Li te lapriyè pandan li t ap manje avèk disip yo pou yon dènye fwa. Li te konnen ke nan yon ti tan ankò li ta pral mouri sou bwa kalvè a, konsa li te pwofite youn nan dènye opòtinite ke li te jwenn pandan li te vivan toujou sou latè pou li te lapriyè pou kwayan yo”.

Fè elèv ou yo ale nan twazyèm aktivite ki nan liv Elèv la, leson 22, oubyen ekri nan yon fèy blan senk pòsyon pasaj nan Bib la ki vini apre yo. Divize klas la fè 5 gwoup epi bay yo chak youn nan pasaj yo. Repons yo dwe konsèy pou kesyon:

“Kisa pasaj sa anseye nou osijè de lapriyè”?

1. Jan 16:19-24. (Jezi ap pote demand nou yo devan Bondye. Nou kapab di Bondye nenpòt bagay, ki konfòm ak volonte li. Lè nou lapriyè, nou fè li nan non Jezi).
2. Jan 16 :32-33. (Bondye la avèk nou menm lè nou nan pwoblèm. Li rete nan yon distans lapriyè. Lapriyè bannou kè poze).
3. Jan 17:1-5. (Nan lapriyè a nou sonje tout kado Bondye bannou yo epi nou kapab di l mèsè pou bonte li. Men tou, nou mande li pou l fè nou sanble ak Jezi).
4. Jan 17 :6-12. (Se sèlman Bondye ki kapab pwoteje nou kont mal. Nou jwenn pouvwa avèk fòs atravè lapriyè pou nou viv nan mond sa, menm si mond lan maltrete nou).
5. Jan 17 :13-19. (Nou espesyal pou Bondye. Nou aprann atravè lapriyè ke nou kapab pale dirèkteman avèk Bondye ki kreye linivè a, li menm ki vle separe nou –‘santifye nou’- de mond lan. Lè nou pale avèk Bondye nou genyen gwo lajwa).

Pèmèt ke 5 gwoup yo rakonte rès klas la kisa yo te aprann, e menm di sa yo panse ke pasaj yo a di osijè de lapriyè. Ba yo chans pou yo poze kèk kesyon sou tèks la ke yo pat konprann. Mete fen avèk aktivite sa pandan w ap poze kesyon: “Si Jezi te lapriyè lè li t’ap fè fas ak kèk sitiyasyon difisil, èske nou pa ta dwe fè menm bagay la tou?”

(Obsèvasyon: nou pap etidye chapit 17 la andetay nan leson sa. Sèlman nou pral wè ke Jezi, nan moman difisil ak eprèv yo, li te chèche lapriyè kòm repons. Nan twa leson sa yo, nou pral dekouvri twa pati nan lapriyè ministeryèl Jezi a ki nan chapit sa).

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w kapte atansyon timoun primè yo nan tèm etid la.

Koud pou koud, konpayon lapriyè

Divize klas ou a fè plizyè gwoup pa de. Fè yo chak chita atè a, dozado epi apre sa pou yo eseye leve kanpe pandan youn ap apiye sou do lòt kamarad la, yo toude nan menm moman, men se san yo pa tonbe. Bay kèk minit pou yo eseye li. Apre sa poze kesyon: “Kisa nou te oblije fè pou nou pa t tonbe?” Kite yo di w jan sa te tèmman difisil epi kisa yo te oblije fè pou yo te leve kanpe.

Siyale: “Pafwa nou dwe aprann sipòte youn lòt. Sa se yon verite nan lavi espirityèl nou tou. Nan semèn k’ap vini yo, nou pral fè efò pou nou lapriyè youn pou lòt”.

Li vèsè sa yo pou klas la: “Lè ou gen yon lòt moun avèk ou, li pi bon pase lè ou pou kont ou, paske ansanm nou bay pi bon rannman nan travay nou. Si youn tonbe, lòt la va ba l’ men pou l’ leve. Men, malè pou moun k’ap viv pou kont li! Si l’ tonbe, p’ap gen moun pou ba l’ men” (Eklezyas 4 :9-10).

Avèk sa nan lespri w, mande timoun yo pou yo chèche yon zanmi ki pou sèvi yo konpayon lapriyè. Si gen kèk nan yo ki pa genyen konpanyi obyen li difisil pou l jwenn li, di l w ap ede li. Apre sa, yo chak kapab mete tèt yo ansanm avèk konpayon lapriyè pa yo a epi mande youn lòt motif lapriyè yo.

Kat pou rele Bondye

Kondwi klas ou a ale nan aktivite ki nan liv Elèv la, leson 22, pou reyalize kat la. Di klas la konsa: “Nou te chwazi pou nou fè yon kat ‘pou rele Bondye’. Sèvi ak sa nou sot aprann nan Bib la pou nou kreye yon kat ke nou ta kapab itilize pou rele nan syèl la, li kapab yon nimewo oubyen yon tèm”. Sonje ke gen anpil ki eple nimewo telefòn yo olye pou yo bay nimewo yo. (Pa egzanzp, 777-LAPRIYÈ, se 777-6727). Ekri lèt ak nimewo ki kòresponn yo avan klas la epi pèmèt ke timoun yo itilize yo.

Kèk lide pou tèm yo kapab: “N’ap bay sèvis pandan 24 trèd tan pa jou”, oubyen “Apèl gratis, pou syèl la”, elatriye. Apre kèk minit, pèmèt yo montre rès klas travay yo a. Yo kapab ajoute tou vèsè ki nan Filipyen 4:6-7.

Temwayaj jenès

Chèche kèk jèn nan legliz ou a ki apè n resevwa demand priyè, oubyen tousenpleman yon moun ki genyen yon vi de priyè ki aktif. Kite li rakonte eksperyans li nan klas la. Li kapab rakonte tou kijan li planifye tan pou li lapriyè chak jou, oubyen sou kisa li lapriyè, oubyen kijan kominikasyon avèk Bondye a enpòtan pou li. Si w pa jwenn yon jèn, chèche yon granmoun oubyen ou menm menm kapab rakonte klas la kèk istwa sou pwisans lapriyè

Memorizasyon

Itilize aktivite bibliik sa yon fason pou yo kapab aprann vèsè bibliik la de memwa. Eksplike siyifikasyon mo: “traka”, “depase”, ak lòt ankò ki kapab difisil pou timoun yo.

Avan klas la, ekri chak fraz (menm jan li ye anba, separe avèk tras la), plis nimewo vèsè a, nan kat ki fèt ak papyè bristòl. Timoun yo dwe aprann vèsè a de memwa, pou yo ranje li nan lòd ki kòrèk apre, kòm si se te yon devinèt.

Di nan klas la: “Nou sot pale sou enpòtan lapriyè. Jezi te lapriyè lè li te dwe fè fas ak sikonstans difisil. Kounye a nou pral aprann yon pasaj ki di nou kòmman nou dwe priyè”. Li vèsè pou aprann nan pou yo:

“Pa bay kò nou traka pou anyen / Men, nan tout sikonstans/ mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. / Toujou chonje di l’ mèsè tou lè n’ap lapriyè. /Konsa / Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l’/ bagay lèzòm pa ka konprann; /la kenbe kè nou /ak lespri nou /fèm nan Jezikri”/ (Filipyen 4 :6-7).

Ranje 12 kat yo avèk fraz yo ekri, melanje sou yon tab. Di elèv yo ke apre yo fin repete yo, yo dwe mete yo nan lòd kòrèk. Si w vle, ou kapab divize klas la fè de gwoup pou yon konpetisyon ki pibon. Si se konsa, w’ap bezwen de gwoup fraz.

Ou kapab repete aktivite sa nan kat leson inite a. Lè w fini avèk li ou kapab prepare prim pou sa yo ki te aprann vèsè a de memwa. Reflech pou w fè yo kado kèk fwi, tankou pòm, zoranj, elatriye. Li pa oblije toujou dous.

Pou fini

Mete fen avèk leson jodi a pandan w ap di Bondye mèsè pou lapriyè ki se yon kado. Mande li sajès pou w lapriyè nan fòm ki kòrèk la. Sa te déjà deside pou elèv yo gen konpayon lapriyè, planifye tan pou yo pale youn avèk lòt osijè de enkyetid yo genyen, epi yo kapab lapriyè ansanm. Ankouraje yo mete tan apa pandan semèn nan pou yo priye ansanm epi separeman youn pou lòt.

Konsidere lapriyè pou youn oswa de demand priyè legliz la chak semèn. Pandan dewoulman inite sa, fè elèv ou yo sonje ke yo dwe toujou priye pou demand lapriyè sa yo nan devosyon pèsònèl yo. Yo kapab voye yon kat bay moun ki nan lis lapriyè yo a; nan fason sa, l ap konnen ke klas primè yo ap prezante non yo devan Seyè a chak semèn.

Jezi lapriyè pou tèt li

Baz biblik: Jan 17 :1-5

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konnen ke Jezi bannou egzanp pou ke nou evalye demand nou yo bay Bondye glwa.

Vèsè pou aprann: *Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè. Toujou chonje di l' mèsè tou lè n'ap lapriyè. Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l', bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri (Filipyen 4 :6-7).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Anpil fwa, lis lapriyè timoun primè yo genyen sèlman demand pèsònèl. Nan Papa nou an, Jezi te anseye nou mande “pen chak jou a”. Se pandan, baz lapriyè sa se te glorifye non Bondye, se te pou volonte li fèt. Epi Jezi te kontinye avèk menm tèm nan nan lapriyè ministeryèl li a.

Li byen posib pou timoun primè yo pa konprann ke Jezi t ap mande pou li glorifye, pou ministè ke li te reyalize ak obeyisans li jiska lakwa.

Li posib pou yo kwè ke demand li te fè Papa a pou glorifye l la te egoyis. Men lè yo vin konprann ke Jezi relye glwa avèk obeyisans fas ak soufrans epi lanmò, y ap vin konprann ke se pat yon lapriyè egoyis. Nan lapriyè ministeryèl Jezi a, li anseye nou kòman nou kapab ale devan Papa a, ak kisa nou dwe mande li. Apre etid egzanp sa, timoun primè yo va kapab evalye demand pèsònèl yo epi wè si yo onore Bondye avèk yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Kòm Jezi te konnen ke li ta pral mouri touswit, li te fè yon lapriyè ki pote non “lapriyè ministeryèl”. Nou obsève ke li genyen twa pati. Nan vèsè 1-5 Jezi lapriyè pou tèt li. Nan vèsè 6-19 li mande Bondye pou disip li yo. Epi nan vèsè 20-26 li mande pou moun sa yo ki ta pral kwè aprè, se nan kategori sa nou menm nou ye.

Nan senk premye vèsè lapriyè a, Jezi te mande Bondye pou l te glorifye li yon fason li menm pou l te kapab glorifye Bondye. Jezi te fè Papa a sonje ke glwa sa te déjà devwale: “Mwen fè tou sa ou te ban m' fè” (v.4).

Jezikris se revelasyon glwa Bondye a ki san tach. Li te montre mond lan kòman Bondye te ye. Moun sa yo ki rive jwenn Papa a atravè Jezikris, yo pataje

glwa li a. Sa vle di ke li chanje ak transfòme yo pou yo kapab vin sanble avèk Kris pi plis toujou.

Lakwa se te glwa Jezi, paske se akonplisman misyon li. Li pa t fini sou kwa a, ministè Jezi a pa ta konplèt. Li te vini sou latè pou tout moun lanmou Bondye atravè lavi li, ansèyman li yo, soufrans li yo avèk lanmò li. Si Jezi pa t ale sou bwa kalvè a, mesaj Bondye a ta yon kontradiksyon, paske li ta mete yon limit avèk lanmou li (ta genyen yon pri ke lanmou li pa ta kapab peye). Genyen yon sèl fason pou non Bondye glorifye: obeyisans. Jezi bay Bondye glwa atravè obeyisans pafèt li a fas ak Papa a.

Yo dwe toujou konsidere demand Jezi te fè pou tèt li a nan kontèks obeyisans li jiska lanmò, pou ke Bondye te kapab glorifye.

Krisifiksyon an te enstriman ke gouvènman women an te konn itilize pou montre yon imilyasyon ki grav anpil. Ala de rizib!, Jezi te itilize mwayen sa pou montre lanmou san limit li a avèk glwa Bondye. Malgre gen anpil moun ki refize wè glwa Bondye nan dosye kwa a, sa te klè pou vanyan sòlda women yo ki te la nan lanmò li, yo menm ki te rele di : “Se vre wi, nonm sa a te Pitit Bondye” (Matye 27:54).

Jezi te rekonèt pouvwa ak otorite ke Papa a te ba li a. Sepandan, li pa t itilize pouvwa sa pou pwòp glwa li, men pito li te sèvi avèk li nan obeyisans pou apwoche moun touprè Bondye.

Se yon anchènman enteresan. Bondye te glorifye Pitit la lè li te ba li pouvwa ak otorite. Jezi te glorifye Papa a pandan li te itilize pouvwa sa nan obeyisans pou ke lòt moun te konnen Bondye. Lè moun vin konnen Bondye, yo bay Bondye glwa avèk Pitit la tou.

DEVLOPMAN LESON AN

Li difisil pou vin dosil

Chèche yon twofe mete la depi avan klas la kòmanse, plis li pigwo, se pi bon toujou. Si w pa kapab jwenn li, fè youn avèk papyè bristòl oubyen katon epi pentire li ak koulè ajan oubyen dore.

Nan klas la, envite elèv ou yo ouvè liv Elèv la (leson 23), nan premye aktivite a. Di yo imajine yo ke yo te patisipe nan kèk konkou oubyen konpetisyon epi yo te resevwa yon prim enpòtan. Epi kounye a yo dwe ekri yon diskou remèsiman ki byen brèf, li menm ke yo pral pwononse lè y ap remèt prim yo. Apre w fin ba yo kèk minit, pèmèt ke kèk volontè pase, resevwa “twofe” li epi bay diskou li a.

Di konsa: “èske kèk fwa nou te rekonèt kèk moun ki vle resevwa tout glwa ak lonè pou yo menm? Li difisil pou vin dosil. Jodi a nou pral aprann kisa vin dosil siyifi lè nou wè egzanp Jezi a”.

Vokabilè enpòtan

Glwa: rann lonè, louwanj, aplodi, yon moun.

Poze klas la kesyon si kèk pami yo konnen kisa mo “glorifye” vle di. Ekri mo a sou tablo a ak tout siyifikasyon li. Eksplike definisyon an. Bay egzanz yo. Di yo ke yo pral pale sou mo sa.

Aprè sa, kòmanse yon konpetisyon pandan w ap itilize vèsè biblik sa yo, pou w bay timoun primè yo yon lide sou mo “glorifye” a. Chak elèv dwe genyen Bib pa yo. Di konsa: “Mwen pral li yon vèsè biblik epi apre sa m’ap poze nou yon kesyon. Nou dwe chèche vèsè a byen vit epi eseye jwenn repons lan. Lè nou jwenn nimewo vèsè a ak tout repons lan, se pou nou leve men nou”. (Atansyon! Timoun primè yo tante leve men yo lè yo jwenn vèsè a san yo pa gen repons lan. Fè yo sonje ke li nesesè pou yo genyen tou de bagay yo).

Egzòd 15:11. Mo ki dekrive glwa Bondye. (Gran)

Sòm 19:1. Kisa oubyen ki moun ki deklare glwa Bondye (Syèl yo)

Sòm 57:5. Ki kote nou jwenn glwa Bondye? (Sou tout latè)

Sòm 102:15. Kisa wa sou latè yo fè avèk glwa Bondye a (yo va gen kretif pou li)

1 Korentyen 10:31. Ki aksyon ki ta dwe bay Bondye glwa? (Tout sa nou fè, menm si se lè n ap bwè oubyen manje)

Revelasyon 19 :1. Kisa ki pou Bondye? (Sali a, glwa, lonè, ak pouvwa)

Di konsa: “Aprè nou pral kontinye pale pi plis sou sa glorifye Bondye vle di”.

ISTWA BIBLIK

Avèk pwòp pawòl mwen yo

Di konsa: “Jodi a nou pral pale sou lapriye ki egoyis yo ak sa ki pa egoyis yo. Ann analize lapriye Jezi te fè a”.

Envite elèv yo ouvè liv Elèv la nan dezyèm aktivite a, epi bay kèk minit pou yo kapab li pasaj Jan 17:1-5 lan ansilans.

Poze kesyon: “Èske nou kwè ke lapriye sa te egoyis?” (Kite yo reponn).

Lè yo fin li senk vèsè yo, di yo ke y’ap gen privilèj pou yo fè parafray avèk pasaj sa (Eksplike avèk pwòp pawòl ou yo). Bay ase tan pou ke yo ekri nan pati ki anba fèy la. Apre sa, pèmèt ke yo chak li sa yo te ekri.

Reyalize kesyon sa yo pou elèv ou yo kapab antre pifon nan Pawòl la:

- Nan kòmansman lapriye li a, kisa Jezi te mande Bondye pou l fè pou li? (pou l te glorifye li).
- Kisa sa te vle di? (kèk nan timoun primè yo kapab konprann ke Jezi te mande yon bagay ki te kapab fè li gen grandè devan je moun yo. ede yo konprann ke pi gwo dezi li se te glorifye Papa a).
- Jezi te konnen ke Jida ta pral trayi li. Sepandan, avan li te priye, li di konsa: “Kounye a, Pitit Lòm

nan glorifye, epi Bondye glorifye nan li”. Pou ki rezon nou kwè ke Jezi te di ke li menm avèk Papa a ta glorifye, si Jida te ale pou trayi li? (Sa ta kapab yon mistè pou timoun primè yo, menm jan li te konsa pou disip yo). Di yo ke Jezi te konnen ke lakwa ta pral di anpil epi li ta pral mouri la. Lènmi li yo te vle imilyasyon sa pou li. Sepandan, li te konnen ke lanmò li t’ap pote lavi ki pap janm fini an, epi nan fason li ta glorifye Bondye.

- Si kwa a siyifi doulè, imilyasyon ak lanmò, poukisa nou wè yo nan tanp yo epi nan bijou n’ap itilize yo? (Ede timoun primè yo konprann ke kwa a se te echantiyon ki pi pwofon moun montre lanmou Bondye. Jezi te glorifye Bondye paske li te obeyi li ni nan lavi, ni nan lanmò li sou kwa. Bondye te glorifye Jezi lè li te fè l leve vivan pami mò yo epi mennen li nan syèl la pou viv avèk li).

AKTIVITE YO

Akwostich: PRIYE

Ekri mo “PRIYE” ak gwo lèt majiskil nan yon papye bristòl, ki kapab reranpli ak pran koulè.

Ekri fraz akwostich yo nan tablo a, pou ke timoun yo kopye. Chèche yon mòso papye bristòl pou yo chak.

Yon fwa ke yo fin kopye yo, mande yo pou yo pentire oubyen bay mo “ORAR=PRIYE” a koulè. Yo kapab kole sou li semans, minisyon, tiklere, elatriye.

Akwostich

Opòtinite pou pale avèk Bondye

Sonje benediksyon w te resevwa yo epi di mèsi

Apwoche tou pre Bondye pou genyen yon kominyon avèk li

Rann mwen nan lapriye pou lavi espirituel mwen ak pa lòt moun pou ke yo konnen Bondye

Si yo vle, yo kapab fouye de twou nan pati anlè nan papye bristòl la epi mete yon fil ki solid ladan li, pou yo kapab koke li nan chanm yo dòmi yo kòm yon kare pòtrè, epi konsa y ap sonje kisa priye vle di.

Liy dirèk pou syèl la

Oryante elèv ou yo vè twazyèm aktivite ki nan liv Elèv la. Ede yo panse ak diferan kalite lapriye: sa yo ki fè Bondye plezi, sa yo ki fè Bondye tris, sa yo ke li reponn avèk yon “Wi”, sa yo ke li reponn avèk yon “Non”, si chak fwa nou priye Bondye tandè nou, si nou kapab toujou lapriye, elatriye.

Mande yo pou yo ekri repons yo a anba chak kesyon, epi apre sa pou yo kòmante yo bay rès gwoup la.

Pou w fini, ajoute: “Bondye toujou tandè demand nou yo, epi zòrèy li tou pre pou tandè soupi nou yo. Nou kapab pale avèk li nenpòt moman, kote, lè ak sikonstans. Li toujou tandè kri nou yo. Pafwa li pa reponn tout lapriye nou yo, men pito se sa ki gen pou

wè ak volonte li, pou fè sa ki pibon pou nou an. Sa ede nou konfye epi rete tann li, pliske nou konnen ke li toujou pare pou ede nou, li tande nou epi akonpli volonte li nan lavi nou akòz de gwo lanmou ke li genyen pou nou”.

Memorizasyon

Itilize aktivite sa pou w prezante ak aprann vèsè biblika la de memwa. Pliske se dezyèm lesou nan inite a, eksplike yon lòt fwa ankò mo sa yo: “traka”, “depase”, ak lòt ankò ki kapab difisil pou timoun yo.

W’ap déjà genyen kat ki gen vèsè devinèt yo depi nan lesou ki te pase a.

Di nan klas la : “kounye a n ap kontinye aprann vèsè ki di nou kòman nou dwe priye yo”.

Li vèsè yo, epi fè timoun yo repete yo plizyè fwa.

Ranje 12 kat yo avèk fraz yo ekri, melanje sou yon tab. Di elèv yo ke apre yo fin repete yo, yo dwe mete yo nan lòd kòrèk.

Pou fini

Kòman mwen dwe lapriye?

Di konsa, mande se sèlman youn nan plizyè fason pou lapriye. Lòt fason ankò se konfese, mande padon, di mèsè pou tout sa Bondye fè ak bannou, epi louwe Seyè a pou jan li mèveye.

Nou pral pratike kèk nan lapriye sa yo. Pou sa, nou dwe ekri epi konplete fraz ki nan dènne aktivite ki nan lesou 23 nan liv Elèv la.

Konfese: Bondye, mwen mande w padon pou...

Di mèsè: Bondye, mèsè pou...

Mande: Bondye, tanpri...

Louwe: Bondye, ou enpresyonan oubyen mèveye paske...

Mande pou kèk volonte li lapriye yo a byen fò. Mete fen pandan w ap lapriye pou elèv yo epi di Bondye mèsè dèske nou genyen “lapriye” kòm mwayen ki plis efikas pou nou pale avèk Seyè a.

Leson 24

Jezi priye pou disip li yo

Baz biblika: Jan 17 :6-9

Objektif lesou an: Se pou timoun primè yo konprann ke Bondye la avèk yo lè y ap fè fas ak yon mond ki alanvè, nan menm fason ke Jezi te ansanm avèk disip li yo.

Vèsè pou aprann: *Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriye. Toujou chonje di l’ mèsè tou lè n’ap lapriye. Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l’, bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri (Filipyen 4 :6-7).*

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Timoun primè ki kreyen yo gen pou fè fas ak opozisyon ki dirab akòz de kwayans yo. Anpil fwa yo santi yo sèl epi frajil paske yo se kreyen. Yo viv reyalite “viv nan mond lan men yo pa fè pati mond lan”.

Lesou sa ap ede yo dekouvri ke Jezi te konnen difikilte sa yo plizyè syèk avan yo te fèt. Non sèlman li te konnen ke disip li yo t’ap gen pou santi yo etranj nan yon mond ki te rayi li, men tou li te fè yon bagay pou li ede yo.

Nan dezyèm pati lapriye ministeryèl la, Jezi te priye pou disip li yo. Timoun yo kapab idantifye yo avèk premye disip Kris yo. Lè yo aprann plis sou lapriye ke Jezi te fè pou disip li yo, epi lè yo reflechi sou fason ke

Bondye reponn lapriye, y’ap grandi nan konfyans ke Bondye kapab pwoteje yo. Lè yo santi pwoteksyon li, kouraj yo ap ogmante.

KÒMANTÈ BIBLIK

Lapriye Jezi a pou disip li yo nan Jan 17:6-9 aplike pou kreyen nan tan kounye a tou, déjà gen nesosite eleman sa yo pou yo kapab vin temwen vanyan Jezikris. Nan lapriye a, Jezi te fè Papa a kat demann enpòtan:

Pwoteksyon:

Li te konprann ke te genyen de lènmi ke disip li yo te gen pou fè fas, epi li te di konsa: “Mond lan rayi yo” (17:14). Mond lan pa t resevwa mesaj li a, e menm konsa, li te pare pou defigire Jezi. Li te kite menm mesaj sa pou disip li yo te transmèt, se sa ki fè yo pat kapab atann yon pibon akèy nan men yon jenerasyon tèmman enkredil.

Anplis de sa, ka Jida a, li menm ki te separe avèk gwoup la pou l te fè volonte dyab la, se te yon egzanp tèrib sou pouvwa malen an.

Se konsa Jezi te priye mande pou disip li yo te jwenn pwoteksyon “kont mal” nan mitan yon mond ki te rayi Levanjil la. Mo “mal” endike ke Labib pa konsidere mekanste a kòm yon vokabilè abstrè. Mekanste a se yon pouvwa aktif epi pèsone ki toujou nan opozisyon avèk bonte Bondye.

Lapriye Jezi a se te pou Bondye pwoteje yo: “pwoteje yo pa pouvwa non ou” (17 :11). Sa se pa t yon pwoteksyon fèb. Non Bondye revele karaktè ak nati li. “Seyè a, se yon gwo ranpa byen solid. Se la moun k’ap mache dwat yo kouri al chache pwoteksyon” (Pwovèb 18 :10).

Linyon

Nan pouvwa non Bondye a, disip yo ta jwenn pwoteksyon epi viv nan linyon. Jezi te vle pou yo te genyen menm linyon ke li te genyen avèk Papa li a. Se te yon linyon ki gen yon objektif epi fòs. “Tout pou youn, epi youn pou tout” se yon pwovèb modèn ki kapab ede nou konprann kijan disip yo te dwe mete tèt yo ansanm pou fè gaye levanjil la, epi sipòte pèsekisyon ki ta vini sou lavi yo.

Kè kontan

Dezi Jezi se pou ke disip li yo te genyen “pou jan kè m’kontan an se konsa pou kè yo ka kontan tou nèt ale” (17 :13). Se pa t desepsyon ak dezespwa ke Jezi te vle pou disip li yo lè li te mete fen avèk misyon li. Men okontrè, Jezi te restore “Mete bon lide nan tèt mwen, pou m’ sa kenbe fèm” (Sòm 51 :12), epi sa te make rive wayòm nan.

Sanntifikasyon

Finalman, Jezi te priye mande pou disip li yo te sanntifye. Nan ka sa a “sanntifye” vle di “mete apa” ak “separe pou travay Bondye a”. Jezi t ap priye pou yo te kapab separe de mal ki nan mond sa –oubyen, sen epi san tach- mete apa pou akonpli misyon li a. Travay disip yo pa t nouvo, men se te pito misyon Jezi a ki t’ap kontinye.

Sentete Papa a se te baz misyon Pitit la. Sentete sa, separasyon avèk peche a epi dispozisyon pou yon lavi ki kòrèk se sa Jezi te vle pou disip li yo.

DEVLOPMAN LESON AN

Malèt minisyon pou viv

Pote yon bwat oubyen yon malèt nan klas ou a kote ke w ap mete ladan li tout atik ou kwè ki enpòtan pou w viv. Montre elèv ou yo chak atik epi eksplike yo itilite yo (san dout, w ap genyen yon Bib oubyen Nouvo Testaman ladan yo tou). Mande pou yo ouvè liv Elèv la nan premye aktivite a, leson 24. Pale di konsa: “Pran kèk minit pou nou ekri oubyen desine tout bagay nou ta bezwen pou nou viv”. Bay tan pou yo fè li, epi si yo pa konnen kisa pou yo ekri, ede yo avèk lide ki enteresan (fab pou lave rad, manje, pat pou bwose dan, konprime, mizik, elatriye.).

Kontwole byen si gen kèk nan yo ki anote “lapriyè”. Si gen kèk nan yo ki fè li, mande li pou li ekri rezon ki fè li bezwen lapriyè pou l viv la.

Si pa gen moun ki mansyone li, mande yo si yo pa kwè ke lapriyè nesèsè pou viv.

Di konsa: “Lapriyè, oubyen kominikasyon avèk Bondye, se tankou lè pou respire. Li plis ke nesèsè. Jodi a nou pral pale kijan li kapab vin enpòtan anpil pou lavi kretyen an”.

Nan sandal Jezi yo

Avan klas la kòmanse, chèche kèk sandal ki bon pou elèv ki nan klas ou yo. Desine blad nan tablo a. Sa dwe ase gran kòm pou tout timoun yo ekri sa yo panse.

Mande pou yo fèmen je yo nan klas la. Lè yo fè silans, di konsa: “Imajine ke w se Jezi. Ou konnen ke nan yon ti tan ankò yo pral arete w epi ou pral mouri. Ou konnen ke disip yo pral fè fas ak moman byen difisil, y’ap rayi yo, epi yo pral eseye maltrete yo. Ou renmen disip ou yo anpil. Yo se pibon zanmi w. Ebyen kè w fè w mal paske w konnen ke yo menm avèk tout lòt moun ki gen pou kwè yo pral fè fas ak anpil opozisyon. Kisa w kapab fè? Ou sèlman rete yon tikras tan pou w pase avèk yo avan w ale sou kwa. Kounye a se sèl opòtinite w genyen pou w priye epi mande Papa a pou zanmi w yo, disip yo. Kisa w ta mande?”

Mande pou yo ouvè je yo. Mete sandal yo atè a devan tablo a epi di yo konsa pou yo imajine ke sa yo te sandal ke Jezi te konn itilize yo. Apre w fin ba yo tan pou yo panse, envite pou yo vin mete pye yo nan sandal yo youn apre lòt epi ekri lide pa yo a nan blad la.

Di konsa: “Ann al wè kisa Jezi te mande reyèlman lè li te priye pou disip li yo”.

ISTWA BIBLIK

Mwen gen yon rèv...

Divize klas la fè plizyè ti gwoup pa de (si yo tout deja gen konpayon lapriyè yo, yo kapab tou fè divizyon an konsa).

Si yo te fè aktivite a “Nan sandal Jezi yo” di konsa: “Kounye a ann al li lapriyè Jezi te fè pou disip li yo. Nou kapab jwenn li nan Jan 17:6-19”. Fè elèv yo sonje ke semen pase a yo te pale osijè de lapriyè ministeryèl la. Yo te aprann osijè de premye pati lapriyè kote Jezi te priye mande pou pwòp tèt li: dezi li se glorifye Papa a. Nan dezyèm pati lapriyè a li te mande pou disip li yo. Semèn pwochèn nan nou pral devwale twazyèm pati a, epi la n ap jwenn bèl sipriz, pi bèl nan tout! Mande pou yo ouvè liv Elèv la nan istwa jodi a: “Mwen gen yon rèv...”, epi pou yo li pasaj la. Yo dwe travay avèk kapayon yo a pou reponn kesyon sa yo:

1. Kòman Jezi dekrive relasyon ke disip yo te dwe genyen avèk Bondye? (v.6, 8 ak 9).
2. Ki rèv Jezi te genyen pou disip li yo ak relasyon ant yo? (v.11).
3. Kisa Jezi te mande Papa a pou disip li yo? (v.11, 13 ak 17).

Apre kèk minit, kòmante repons yo ansanm. Pèmèt ke plizyè gwoup prezante yo bay rèz klas la. Kèk repons konsa ta kapab posib:

1. Se pou Bondye yo te ye/ Se pou yo te obeyisan devan Bondye/ se pou yo te aksepte Pawòl Bondye a/ Se pou yo te kwè epi mete konfyans yo nan Jezi.
2. Se pou Papa a te pwoteje yo pou yo te kapab mete tèt yo ansanm.

3. Se pou Papa a te pwoteje yo/ se pou yo te genyen kè kontan menm jan ak Jezi/ se pou Papa a te sanntifye yo reyèlman.

Nan moman sa, eksplike tou brèf kisa mo “sanntifye” vle di (separe epi vin sen). Di konsa ke sa se yon pati nan rèv ke Jezi te genyen pou disip li yo. Fè yo konprann ke Jezi pa t vle pou Bondye te retire yo nan mond lan.

Poukisa? Pèmèt ke youn oubyen de elèv reponn. Poze kesyon: Kòman mond lan ta ye si Bondye ta anlve tout kretyen yo..., si apre yon moun fin konvèti li ta disparèt?” Pèmèt yo kòmante sa yo panse de sa (pa ta gen kretyen pou preche lòt yo, elatriye.).

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w kapte atansyon timoun primè yo nan tèm etid la.

Ann mezire pwogrè a

Envite elèv yo pou yo ale nan dezyèm aktivite ki nan liv Elèv la, leson 24 epi li enstriksyon yo. Evalye repons Bondye yo pou lapriye Jezi a, pandan y’ap baze sou sa yo konnen osijè de disip yo. Li kesyon sa yo.

1. Èske disip yo te rekonèt enpòtans pozisyon yo te genyen avèk Bondye? Wi ou Non
2. Èske yo te rete nan tèt ansanm epi konstwi yon sèl legliz? Wi ou Non
3. Èske yo te jwenn pwoteksyon kont mond lan avèk malen an? Wi ou Non
4. Èske yo te genyen kè kontan? Wi ou Non

5. Èske Bondye te sanntifye disip yo apre lapriye Jezi a? Wi ou Non

Poze kesyon: “Si lapriye Jezi a te kapab fè tout bagay sa yo pou disip li yo, kisa li kapab fè pou nou Jodi a?”

Memorizasyon

Pran kat klas pase yo, avèk vèsè pou aprann nan. Byen melanje yo. Repete vèsè a plizyè fwa epi bay timoun yo tan pou yo ranje li sou tab la. Si gen volontè ki déjà konnen li de memwa, ou kapab mande pou yo ekri li sou tablo a.

Pou fini

Doktè a la

Oryante timoun yo pandan kèk minit pou yo fè yon “egzamen” nan lavi yo avèk Bondye. Di konsa: Pou sa reyalize, yo dwe reponn kesyon sa yo ki nan dènye aktivite ki nan liv Elèv la, (leson 24).

- Kòman w santi w kounye a osijè de relasyon w avèk Bondye?
- Kòman w santi w kòm kretyen k ap viv nan yon mond ki pa kretyen ?
- Kisa w bezwen nan men Bondye kounye a?
- Ekri yon bagay ki kapab fè w ale lwen Bondye.

Bondye toujou tande nou lè nou pale avèk li!

Ou kapab reponn menm kesyon sa yo epi apre, ansanm nou debat yo.

Pase yon bon moman nan lapriye ki kapab ankouraje timoun yo. Pèmèt ke yo kapab pase bon moman pou lapriye epi rele Bondye ak tout kè yo.

Ankouraje yo di kèk bagay sou lapriye yo ke Bondye te reponn.

Leson 25

Jezi priye pou tout kwayan yo

Baz bibliik: Jan 17:20-26

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo santi konfyans, konnen ke Jezi te priye pou yo espesyalman.

Vèsè pou aprann: *Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriye. Toujou chonje di l’ mèsè tou lè n’ap lapriye. Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l’, bagay lèzòm pa ka konprann; la kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri (Filipyen 4 :6-7).*

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Youn nan eksperyans pi enpòtan ke timoun primè yo kapab fè se jwenn yon granmoun kòm gid yo, pou akonpanye yo, ankouraje yo, epi priye pou yo avèk non e prenon. Enpak espiyèl yon moun ak yon lapriye konsa enpòtan anpil.

Nan dènye leson an, timoun primè yo te dekouvri ke Jezi te priye espesyalman pou disip li yo, yo menm ki te viv ak travay ansanm avèk li pandan twazan. Li te priye byen fò, epi devan kolaboratè li yo, pou ke yo te kapab resevwa kè kontan li te genyen an. Kòm disip ak asistan Jezi pou moman sa a, timoun primè yo kapab pratike egzanp sa, epi priye pou zanmi yo.

Nan devlopman tout leson an, y’ap kontan konnen ke Jezi te priye pou tout fiti kretyen yo. Yo menm tou yo ladan li, epi ou menm avèk mwen tou.

Nan yon fason ki reyèl, sa fè plis pase 2000 ane depi Jezi te apwoche bò kote yo jou sa a, li te ankouraje yo epi priye pou yo chak avèk non e prenon.

Li enpòtan pou timoun primè yo konnen ke Jezi te priye pou yo, epi li te mande Papa a pou ke fiti kretyen yo te gen tèt ansanm youn avèk lòt, epi ansanm avèk Kris tou.

Timoun primè yo bezwen konnen ke Jezi te kapab ba yo menm glwa li te resevwa nan men Papa a. Li te priye pou ke yo te genyen kouraj pou swiv li.

Linyon ant kwayan yo avèk glwa ke li te bannou an genyen yon objektif: “pou moun ki nan lemonn yo ka rive rekonèt ke se ou ki te voye m” (Jan 17:23).

Lè w priye pou elèv yo, ou patisipe nan menm lapriyè ke Jezi te fè pou yo a.

KÒMANTÈ BIBLIK

Nan lapriyè li te fè pou fiti kwayan yo (Jan 17:20-26), Jezi te mande twa bagay: Tèt ansanm, glwa ak lanmou.

Tèt ansanm: Jezi te fè demand sa de fwa:

“Pou yo tout kapab fè yon sèl” (v.21), epi “pou yo tout fè yon sèl nèt ale” (v.23). Tèt ansanm sa genyen twa karakteristik, yo menm ki pa kapab parèt nan yon akò senp ke lòm kapab fè:

1. Premyeman, li ta sinatirèl, kòm egzanp atravè tèt ansanm Papa a avèk Pitit la (v.21-22). Kòm kretyen, nou patisipe nan yon tèt ansanm ki dirèk avèk Bondye ki nan twa pèsòn.
2. Dezyèm pozisyon, li ta vizib. Tèt ansanm ke Jezi te genyen avèk Papa a, epi te vle pou disip li yo, ta montre mond lan ke li te voye Pitit li a nan mond lan.
3. Epi trazyèmman, li ta baze sou levanjil. Mond lan ta kwè ke Bondye te voye Jezi nan mond lan pou koute “pawòl yo” (v.20). Levanjil sa te pwopaje atravè premye disip yo, men tou atravè jenerasyon kretyen ki ta vini aprè yo.

Glwa: Jezi te priye pou ke fiti kwayan yo te jwi yon bèl relasyon avèk Bondye, pandan y’ap swiv menm egzanp lavi pa l la.

Sa te genyen bwa kalvè a ladan l’ li menm ke Jezi te konplete kòm glwa nan plas echèk. Li te genyen obeyisans li jiska lakwa tou. Se menm obeyisans sa ke Jezi t’ap tann nen men disip li yo: “Si yon moun vle mache dèyè m, se pou li bliye tèt li. Se pou l’ chaje kwa l’ sou zepòl li, epi swiv mwen” (Matye 16:24). Se pa yon konsèp ki nouvo, sepandan, li difisil. Gen yon predikatè byen popilè ki te di yon fwa: “Pa gen kouwòn glwa san soufrans lakwa”.

Lanmou: Jezi te priye pou ke lavi fiti kwayan yo te ranpli ak lanmou. Se pa sèlman yon lanmou imen oubyen fratènèl, men pito se lanmou Bondye. Lanmou sa ke Papa a te genyen pou Jezi a, ak lanmou Jezi k’ap viv nan kwayan yo; lanmou ke “Moun ki gen renmen nan kè li sipòte tout bagay: nan nenpòt ki sitiyasyon,

li toujou gen konfyans nan Bondye, li p’ap janm pèdi espwa, l’ap toujou moutre jan li gen pasyans. Renmen pa janm fini” (1 Korentyen 13:7-8). Lanmou Bondye a kreye yon kominote lafwa solid, ini ak glorifye. Se lanmou sa ke Jezi te kapab idantifye nou kòm kretyen: “Si nou yonn renmen lòt, lè sa a tout moun va konnen se disip mwen nou ye” (Jan 13:35). Lanmou sa ta parèt byen klè devan je mond lan; epi pa mwayen lanmou sa mond lan va konnen ke nou se moun ki diferan.

DEVLOPMAN LESON AN

Anons kòmèsyal sou lapriyè

Divize klas la fè plizyè ti gwoup de 3 moun. Remèt chak gwoup yon fèy blan avèk yon kreyon oswa yon plim. Mande pou yo ekri yon anons kòmèsyal sou lapriyè.

Si yo vle, yo kapab itilize kèk k’ap pase nan radyo oubyen televizyon pou moman sa. Apre senk minit, mande chak gwoup pou yo prezante anons yo tankou si yo t ap prezante yo nan televizyon. Apre sa, pami tout, yo kapab vote epi chwazi de pibon anons yo. Bay enstriksyon pou eleksyon an fèt: pa egzanp ki anons ki te pi bèl epi plis enteresan. Anons yo kapab baze sou tout leson ki andedan inite sa. Finalman, ou kapab fè yon kondekorasyon pou chak timoun ki fè pati gwoup ki genyen an. Kondekorasyon: papyè dore oubyen ajan ak papyè bristòl ble. Koupe papyè dore oubyen ajan an tou won (ak 8 cm dyamèt anviwon) epi kole yo sou sèk papyè bristòl blan ki gen menm gwosè a.

Ekri avèk yon makè ki pa kapab efase nan mitan sèk la: “N0. 1 PRIYE”. Kole de riban twal oubyen papyè bristòl ble oswa wouj, youn ki genyen 20 cm nan longè pou 5 cm pou lajè. Chèche zepeng pou rad (fè atansyon pou timoun yo pa pike) pou timoun ki genyen yo kapab tache meday yo sou pwatrin yo.

Kimoun k’ap priye pou ou?

Mande elèv yo pou yo ouvè liv Elèv la, leson 25, nan premye aktivite a. Mande yo pou yo reponn kesyon yo. Mande pou timoun ki vle yo rakonte rès klas la sa yo te ekri yo, sou fòm temwayaj.

Eklèsi: “Jodi a nou pral aprann ke te genyen yon moun ki te priye pou nou chak, depi avan nou te fèt”.

ISTWA BIBLIK

“Jezi te priye pou ou”

Di konsa: Sa a se moman pou nou devwale twazyèm pati lapriyè Jezi a. Èske genyen kèk pami nou ki konnen pou kimoun Jezi te priye nan pati sa a?

Rete tann repons yo.

Repete: “Wi, Jezi te priye pou ou ak mwen. Li te priye pou nou chak. Ann li sa lapriyè a di”.

Ouvè istwa bibliki ki nan liv Elèv la, epi li pasaj ki nan Jan 17:20-26.

Bay tan pou yo li, reponn epi kòmante rès kesyon ki vini touswit apre nan liv Elèv la.

Anseye ke: “Jezi te priye pou kwayan ki t’ap vin egziste nan tan fiti yo. Nou fè pati jenerasyon sa tou, ak lòt moun ki pral konnen Jezi ke nou menm nou ta pale avèk yo de li. Kòman sa fè nou santi nou? Kòman nou kapab fè pou ke lapriyè a kontinye miltipliye?” Kite timoun yo bay opinyon ak lide yo.

Kesyon pou revizyon

Yo tout dwe genyen Bib pa yo, nan sans sa a y’ap kapab reponn kesyon yo, baze nan Levanjil selon Jan 17:20-26

1. Pou kimoun Jezi priye, nan v.20?
2. Poukisa Jezi priye, nan v.21?
3. Pou ki rezon Jezi mande pou kwayan yo te rete pou viv nan tèt ansanm, nan v.23?
4. Kisa Jezi vle pou kwayan yo, nan v.24?

Si w vle, ou kapab ajoute plis kesyon. Ou kapab fè moman sa vin enteresan tou ant ti gason ak ti fi yo.

AKTIVITE YO

Kòman m kapab priye san m pa dekouraje?

Ekri nan kat ki gen koulè diferan fòm kote ke timoun yo kapab priye san yo pa santi ke lapriyè se yon blòk repetisyon. Mete kat yo nan yon sak, epi mande pou yo chak chwazi youn, epi konsa w kapab priye nan semèn nan nan fòm endikasyon an ye a. epi menm si inite ki pale sou lapriyè Jezi a fini, timoun yo kapab boukante kat chak semèn, retounen mete yo nan sak la ankò, epi retire lòt pou priye nan yon fason ki diferan chak semèn. Ou kapab reponn sa ki pèdi oubyen chire yo.

Konsèy pou mete nan kat yo se:

- Chante yon lapriyè sou fòm kantik oubyen kè chan. Fredone chan sa pandan semèn nan, chak jou.
- Mache nan jaden, lakou oubyen plas la epi di Bondye mèsi pou chak gwo objè avèk ti piti ou wè devan je w. Pa egzanp: flè, zwazo, ensèk, pye bwa, kay, moun, biwo, bis, elatriye.
- Chwazi yon tan pou w lapriyè chak jou: nan dejene a, nan rekreyasyon an, nan tan dine a, oubyen lè w’al dòmi.
- Pase sèlman yon minit ap priye chak jou, pa plis.
- Jodi a mete ajenou pou w priye.
- Jodi a kouche oubyen chita pou w priye.
- Jodi a, priye kanpe.
- Jodi a, priye avèk yon zanmi.
- Jodi a, ekri lapriyè w la. Li kapab byen brèf, tankou: “Mwen renmen w Jezi”.
- Jodi a, priye sèlman pou fanmi w.
- Lè w tandè son sa yo, priye nan fason sa: lè

premye klòch sa fè bri oubyen son tenb lan pou rekreyasyon, priye pou zanmi w yo. Lè dezyèm klòch la sonnen, priye pou fanmi w. Lè twazyèm nan sonnen, priye pou antrenè w yo.

- Li Papa nou an jodi a.
- Etidye Papa nou an de memwa. Reflech ak chak pawòl ki nan lapriyè sa ke Jezi te anseye nou.
- Priye pou yon moun nan fanmi w: papa, manman, yon frè, son sè, grann ou.
- Jodi a, sèlman di Bondye mèsi.
- Jodi a, sèlman mande sa w gen bezwen.

Sa k’ap pase kounye a?

Poze kesyon: “Kisa ki fè yon gwoup mete tèt ansanm?” (Rèw pataje, enterè komen, menm zanmi yo, menm lekòl, menm legliz, elatriye.).

“Kisa ki kapab fè yon gwoup divize?”

(Goumen, mal konprann, move konpreyansyon, pale lòt mal, fè move blag, fawouche lòt, gen prejije, elatriye.).

Dirije timoun yo nan dènye aktivite ki nan leson 25 nan liv Elèv la, epi bay tan pou yo li kesyon epi renponn yo nan fèy la. Apre sa yo kapab rakonte rès klas la sa yo te ekri. Fè yo reflechi sou kòman nou kapab mete lapriyè Jezi sa anpratik nan lavi nou chak jou nenpòt kote nou ale.

Memorizasyon

Pran kat klas pase yo, avèk vèsè pou aprann nan. Byen melanje yo. Repete vèsè a plizyè fwa epi bay timoun yo tan pou yo ranje li sou tab la. Si gen volontè ki déjà konnen li de memwa, ou kapab mande pou yo ekri li sou tablo a.

Ou kapab pote yon fwi tankou, yon pòm oubyen zoraj, pou w fè timoun yo konpliman (pa bliye pote sèvyèt papye oubyen napkin pou yo netwaye men yo).

Pale avèk pastè a epi mande li pou l bay timoun yo chans pou yo resite vèsè diferan inite yo, nan yon sèvis lekòl dominikal.

Si w vle, nan fen ane a ou kapab envite paran yo vin asite klas la, epi pou timoun yo resite vèsè yo ansanm. Asireman y’ap byen kontan wè pitit yo ap patisipe epi aprann pawòl Bondye.

Pou fini

Ankouraje elèv ou yo kontinye priye. Di yo kijan lapriyè se yon bagay ki anpòtan anpil pou yo, epi si Jezi ba li tout enpòtans sa yo, se paske li genyen li reyèlman. Lapriyè a fè nou rete nan kominyon avèk Seyè a. Ala kontan nou kontan lè nou konnen ke genyen yon moun k’ap koute nou lè nou priye epi gen yon lòt k’ap priye pou nou!

Mande pou yo priye pou ou, epi finalman, priye pou yo ou menm.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite VII

SAKRIFIS POU PECHE A

Baz biblik: Jenèz 3:1–4:16; Ebre 11:4; 1 Jan 4:9-10; Ezayi 1:13-17, 19-20

Verite biblik: Jeremi 7:21-26; Miche 6:8; Malachi 1:6-14; Women 12:1-2; Ebre 9:23–10:14,19-25; 1 Jan 4:10; 1 Timote 2:5; Ebre 2:9-18; 4:14–5:10

Vèsè inite a: *Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò (1 Pyè 3:18).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Kwè nan sans seryozite peche a avèk pwofondè mizèrikòd Bondye.
- Konnen kisa Bondye te fè atravè istwa pou bay padon pou peche yo.
- Konprann rezon ki fè ke Jezi se sakrifis san tach pou peche a epi entèmedyè ant Bondye avèk lèzòm.
- Santi yo rekonesan anvè Jezi dèske li te bay pwòp tèt li kòm sakrifis pou peche.

Leson inite a

Leson 26: Peche a se yon bagay serye

Leson 27: Kisa yon sakrifis ye?

Leson 28: Èske sakrifis la ase?

Leson 29: Jezi, sakrifis pafè a

Leson 30: Jezi, sakrifikatè pafè a

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Koze sakrifis la se pa yon bagay ki pase chak jou nan lavi timoun primè yo. Pou pifò moun ki pase mòd. Anplis de sa, li genyen yon senbòl ki byen negatif. Pou anpil moun, yon sakrifis se yon bagay ke nou dwe evite. Lide de ke Bondye te mande pou yo te sakrifye yon animal kapab bay rezilta ki nwizan. Tout sa, mete ansanm avèk nati konplèks relasyon ant sistèm sakrifis Ansyen Testaman avèk Kris la, fè ke inite sa vin yon defi pou ou, epi ki gen gwo enpòtans pou timoun yo.

Nan inite sa yo pral aprann ke peche a kraze ralasyon yon moun avèk Bondye. Fason ke moun yo te konn restore relasyon yo avèk li se atravè sakrifis tanporè yo.

Sepandan, sakrifis yo te dwe fèt youn ak yon lòt fwa, epi yo pat konn chanje kondisyon pèp la. Elèv yo pral aprann ke lavi ki pap janm fini ke nou genyen ke li te ofri nou gratis la, te koute lavi Jezi. Se pral yon rezon pou yo fè fèt tou lè ya vin konnen ke Jezi te konvèti an sakrifis san tach pou nou yon fwa ak pou toujou. Non sèlman li te mete fen avèk nesosite sakrifis adisyonèl animal yo, men tou, sakrifis Kris la genyen pouvwa pou l' transfòme lavi nou. Se sou sa esperans pou nou genyen yon relasyon ki restore avèk Bondye baze.

Peche a se yon bagay ki serye

Baz bibliik: Jenèz 3:1–4:16; Ebre 11:4; 1 Jan 4:11-12

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke malgre peche a se yon bagay ki byen serye, Bondye gen pitye epi li renmen pechè yo.

Vèsè pou aprann: *Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò (1 Pyè 3:18).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pifò nan timoun ki nan laj sa yo deja fè eksperyans ak chanjman nan relasyon yo, nan yon sans ki pi laj. Genyen kèk nan eksperyans sa yo ki nòmal, prèske inevitab.

Zanmi yo al rete lòt kote epi nou pèdi kontak yo. Enterè moun yo chanje epi yo elwanye nou. Men nan lòt sikonstans, tankou divòs paran yo, divizyon nan fanmi an oubyen fen zanmitay; koz la se peche li ye.

Nan leson ak inite sa, timoun primè yo pral dekouvri kijan pri peche a te koute chè ak jan gras Bondye mèveye. Peche se dezobeyisans ak volonte Bondye, ki koupe sous relasyon moun nan avèk Bondye. Se peche a ki te fè Adan avèk Èv deyò nan jaden Edèn epi ki bay rezilta avèk premye ansasen an. Depi lè sa a, tout bagay kontinye menm jan.

Men, depi nan kòmansman, Bondye te chèche mwayen ki nesèsè pou retabli relasyon lanmou an ant limenm avèk pèp li a. Premyeman li te aksepte sakrifis adoratè li yo. Apre sa li te etabli yon sistèm sakrifis. Finalman, li te ofri pwòp Pitit li, Jezi, kòm sakrifis pafè ak final pou peche nou yo.

Bib la siyale ke Bondye toujou vle genyen yon relasyon entim avèk pèp li a. Atravè listwa, li te chèche jwenn tout moun. Chak elèv dwe deside si li vle jwi relasyon sa avèk Seyè a.

KÒMANTÈ BIBLIK

Jenèz 3 se entwodiksyon anchènman evènman trajik ki rasanble nan chapit 4 la. Nan chapit 3, lavi agreyab ki t'ap dewoule nan Edèn nan te fini an katastwòf. Relasyon san tach ni obstak ki te egziste ant Adan, Èv avèk Bondye a te detwi kòm konsekans peche a.

Byen souvan nou panse ke premye peche a te fèt menm kote Èv te mòde fwi entèdi a. Men, separasyon avèk Bondye a te rive fèt depi avan. Nan pran konsèy Satan, Èv te kòmanse doute de bonte Kreyatè a epi bay Bondye motif ki pa dwat. Nou wè yon demonstrasyon sou sa nan repons Èv la fas ak kesyon koulèv la ki gen pou wè avèk manje nan pye bwa yo ki nan jaden an.

Riz koulèv la tou te manifeste nan deklarasyon l lan kòm si lè Èv ta fin manje fwi entèdi a li ta vin tankou Bondye. Adan avèk Èv, nan anpil fason, yo te deja tankou li, paske yo te kreye avèk imaj li. Pyèj Satan te itilize pou sedwi Èv la se te asire li ke li ta vin tankou Bondye, nan kenbe tèt avèk li.

Chapit sa montre ke peche a se yon aksyon entansyonèl oubyen yon ansanm de konpòtman ki vyole lwa Bondye a ki byen koni. Nan fason sa a kraze relasyon ant moun an avèk Kreyatè a.

Kote ke nan yon tan te genyen yon kominikasyon byen ouvè epi sensè, kounye a genyen pwoblèm, pyèj, peche ak evazyon. Prezans san tach Bondye a te transfòme kòm yon menas olye de yon byennèt enteresan. Jaden an te sispann garanti byennèt ak sekirite pou tounen yon kote ki ouvè pou moun kouri al kache pou Seyè a pa wè yo.

Mizèrikòd Bondye a te manifeste depi nan kòmansman. Adan avèk Èv pat mouri menm kote a, menm si yo te pèdi kalite lavi yo te kreye avèk li a.

Pito Bondye te kouvri touni lawont yo a epi li te sakrifye yon bagay nan kreyasyon li a pou fè rad pou yo. Anplis de sa, Jenèz 3:15, konsidere kòm premye anons plan redanmtè Bondye atravè Kris.

Evènman ki rakonte nan chapit 4 yo pase nan yon sèn espiyèl ki byen diferan. Peche a kounye a se yon obstak ki toujou la pou anpeche relasyon avèk Bondye.

Pou ki rezon Kayen avèk Abèl te poute ofrann yo?

Bib la pa di l'. Nonplis pou ki rezon ke Bondye te aksepte ofrann Abèl la epi refize pa Kayen an, menm se vre ke nou jwenn kèk eklèsisman. Abèl te pote “pi gwo” pami premye pitit mouton li yo, men Kayen li menm te pote “fwi latè” (v.3-4). Nan Nouvo Testaman, kat Ebre yo di konsa ke Abèl te bay ofrann li an avèk lafwa, pou montre ke Kayen petèt pat fè li konsa (11 :4).

Men, avèk tout sa, vèsè 7 la di ke Kayen te gen opòtinite pou li evite pyèj peche a. Li te chwazi pa anpeche li epi li te komèt peche a. Konsa li te dechaje fristrasyon espiyèl li a kont frè l la ki te inosan. Malgre jijman Bondye kont peche l la, Kayen tou te eksperimante gwo mizèrikòd san parèy Seyè a. Li pa t touye Kayen, ni pèmèt lòt moun fè li; olye de sa, li te gen pitye epi mete yon mak sou li ki te pèmèt li viv.

DEVLOPMAN LESON AN

Pwoblèm ak plis pwoblèm

Divize timoun yo fè twa gwoup epi dirije atansyon yo nan aktivite ki nan liv Elèv la (leson 26). Bay chak gwoup youn nan evènman yo pou yo konplete. Bay plizyè minit pou yo travay. Lè w fin fè yo rasanble, mande pou yo li kòmantè yo, pandan y ap kòmanse avèk “Zanmi yo te fache youn avèk lòt lòt...”. Rès klas la ap koute epi patisipe avèk lide ki tounèf. Ou dwe ekri sa timoun yo di yo nan tablo a. Fè menm bagay la avèk de lòt gwoup yo.

Di konsa: “Relasyon ant moun avèk moun yo enpòtan pou nou tout, men gen anpil sitiyasyon ki kapab mal entèprete oubyen mal konprann epi mete nou nan sitiyasyon pou fè kont. Finalman, olye pou relasyon yo vin bon oubyen pifò, yo kraze epi fini mal... tout sa se akòz de peche. Jodi a nou pral aprann osijè de de relasyon ki te kraze epi kòman yo te vin restore”.

Ann sonje Jenèz

Avèk tout timoun yo chita sou fòm yon wonn, fè jwèt sa pou w fè yo sonje premye evènman liv Jenèz la rakonte yo. Mete disponib yon boul ki mou oswa yon sakit ki ranpli ak ti grenn semans. W'ap deklare yon afimasyon (epi voye boul la sou yon timoun ki dwe reponn, apre sa timoun nan ap voye boul la tounen ba ou). Timoun yo dwe konplete afimasyon an avèk fraz ki andedan parantèz la.

Ou kapab ajoute lòt ki vini nan lespri w (prepare w depi davans):

1. Bondye te kreye premye moun yo epi li te fè yo (avèk imaj li).
2. Bondye pat vle pou Adan te viv poukont li, konsa, li te ba li yon (madanm).
3. Non madanm Adan te rele (Èv).
4. Bondye te di li ke yo te dwe travay epi (bay bèt yo non).
5. Bondye te di yo ke yo te dwe gouvène (zwazo nan syèl yo, pwason nan lanmè ak tout sa ki nan jaden an).
6. Bondye te vini nan jaden an epi li te (vizite yo).
7. Liv Jenèz la montre nou ke Bondye te vle genyen yon relasyon (lanmou) avèk pèp la.

Ajoute lòt fraz si w gen tan. Apre sa, ajoute: “Malgre bèl plan Bondye pou pèp la, gen yon bagay ki te soti mal. Ann gade sa ki te pase nan istwa bibliik la”.

Vokabilè enpòtan yo

Ekri vokabilè enpòtan yo nan yon papye bristol ki gen bèl gwose pou w koke yo sou tablo a, epi pou fè etid sou yo pandan inite a.

Peche: kòmanse avèk rebelyon kont Bondye. Moun nan fè sa li vle, olye pou li fè volonte Seyè a. Sa fè li

dezobeyi Bondye. Dezobeyisans vle di pa fè oubyen fè sa ki kontrè, de sa Bondye atann de nou an.

Chite: se tankou jan nou rele sa ki te pase Adan avèk Èv la. Yo te dezobeyisan anvè Bondye. Déjà yo pat kapab genyen yon bon relasyon avèk li. Pou rezon sa, tout kreyasyon an te soufri.

Vyole oubyen vyolasyon: konnen epi chwazi dezobeyi Bondye.

Jis: se moun ki genyen yon relasyon ki kòrèk avèk Bondye. Moun ki obeyisan epi fè volonte Seyè a.

Enjis: se moun ki separe ak Bondye akòz de peche, epi k'ap viv nan dezobeyisans.

ISTWA BIBLIK

Divize klas la fè de gwoup pou yo kapab li pasaj bibliik etid yo: Jenèz 3 ak 4 : 1-16 pou yo kapab reponn kesyon yo ki nan dezyèm aktivite nan liv Elèv la (leson 26).

Nan jaden an:

1. Kisa Bondye te defann Adan avèk Èv fè? (manje fwi pye bwa konesans byen avèk mal la).
2. Kisa ki te fè fwi entèdi a te tèlman tantatè pou Èv ? (Li te atiran, bon manje, sous konesans). Fè konprann ke, pifò nan tantasyon Satan yo se tankou sa. Li tante nou pandan li fè nou anvi yon bann posesyon atiran, oubyen pou satisfè dezi fizik nòmal yo nan fason ki pa kòrèk. Li tante nou tou pou ke nou transfòme an dye pwòp lavi nou olye pou nou depann de vrè Bondye a.
3. Kòman dezobeyisans Adan avèk Èv la te afekte relasyon ak kominyon yo avèk Bondye ? (Li te kraze relasyon lanmou ak konfyans ke yo te genyen oparavan an. Kounye a yo te santi yo wont ak pè e menm rive lage nan kache pou Kreyatè a, olye pou yo ta ap jwi avèk li, kòm li te fè sa jiske la).
4. Kisa ankò ki te rezilta dezobeyisans yo a? (Diskisyon ant Adan avèk Èv nan rann lòt responsab, doulè, travay di ak dekourajman epi, pa konsekan, lanmò).
5. Kòman Bondye te fè mizèrikòd li manifeste malgre Adan avèk Èv te peche? (Fè rad mete sou yo). Sa te sanble kriyèl, nan kòmansman, lè Bondye te mete yo deyò nan jaden an Edèn nan. Reyèlman, sa se te yon jès lanmou ak mizèrikòd, deja ke nan jaden an te genyen lòt pye bwa: pye bwa lavi a. Si yo te manje li, yo ta viv nan peche yo a pou toutan, avèk lapèrez epi separe avèk Bondye.

Seyè a pat vle pou sa te pase.

Nan chan an

1. Kisa ki te lakòz pwoblèm ant Kayen avèk Abèl la? (Jalouzi Kayen yo, paske Bondye pat aksepte ofrann li a jan li te fè sa ak pa Abèl la) Wè v.3 ak 4.

2. Kòman Kayen te peche? (Li te fache kont Abèl, li te touye li epi bay Bondye manti).
3. Kòman Bondye te montre Kayen mizèrikòd li? (Li te mete yon mak espesyal sou li pou lòt moun pa t touye li).

Pou fini, ou kapab di ke, nan kèk fason, sanble ke Adan avèk Èv te peye yon pri ki tèrib pou fwi entèdi yo te manje a. Pou ki rezon ke Bondye konsidere peche a kòm yon bagay ki tèlman tèrib epi grav? Kite elèv yo bay opinyon yo. Fè yo sonje ke Bondye te kreye nou pou nou gen relasyon avèk li epi avèk pwochen nou.

Peche a kraze epi detwi kapasite sa, se sa ki fè peche a se yon bagay tèlman serye.

AKTIVITE YO

Kisa peche a ye ?

Distribye kat pou ke elèv yo ekri definisyon peche a, ke yo te déjà etidye vokabilè enpòtan yo, epi ou te eksplike pandan dewoulman leson an. Apre sa, mande pou moun ki vle li definisyon pa yo a leve men yo. Eksplike epi eklèsi konsèp la si gen dout. Fè konnen ke yo pral kontinye etidye inite a sou kijan konsekans

peche a tris ak mal. Apre sa, pale sou afimasyon ki parèt nan dènye aktivite leson ki nan liv Elèv la.

Memorizasyon

Ekri tèks bibliik la ak nimewo ki nan kat yo, yon vokabilè nan yo chak. Avan klas la kòmanse, kache yo nan plizyè kwen nan salon an. Prati ke w te déjà ekri nan tablo a plizyè fwa. Eksplike enpòtans sakrifis Kris la pou retabli relasyon ant Bondye avèk lòm, detwi akòz de peche a avèk chit Adan avèk Èv. Mande timoun yo pou yo chèche kat yo. Lè yo jwenn yo, yo dwe fòme vèsè bibliik la, nan fòm ki kòrèk, sou yon tab.

Pou fini

Demontre timoun primè yo ke sa se te yon istwa tris epi serye, men ki pat fini avèk peche Adan avèk Èv la, ni avèk lanmò Abèl la. Bondye te déjà genyen Pitit li a nan lespri li, li menm ki ta vini kòm Sovè mond lan: Jezi. Fè timoun yo sonje ke lanmou avèk gras Bondye pi gwo pase nenpòt peche. Li te prepare chemen an pou li te libere nou anba peche.

Chante yon kè chan oubyen yon kantik ki gen pou wè avèk tèm nan epi priye pou w voye timoun yo ale.

Leson 27

Kisa yon sakrifis ye?

Baz bibliik: Levitik 1 :1-9; 9 :1-24 ; 1 Jan 4 :9-10

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke, menm si peche a se yon bagay ki koute chè, Bondye te toujou ofri yon mwayen pou ke nou jwenn padon.

Vèsè pou aprann: *Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò (1 Pyè 3:18).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Sakrifis se yon mo ki vrèman enteresan. Ki imaj ki vini nan lespri nou lè nou sonje li? Èske sa kapab yon lotèl ki plen avèk san ? Èske se petèt san yon misyonè byen popilè ki kite fanmi avèk zanmi pou ale yon kote byen lwen?

Imaj sa yo montre ke anpil nan nou wè dosye sakrifis la ak distans, tankou yon konsèp ki konsidere san gwo enpòtans oubyen ki pa fè gwo

enpak nan lavi nou chak jou.

Pou anpil moun, non sèlman sakrifis la manke enpòtans, men tou li eksprime yon bagay ki negatif. Sa kapab yon verite pou kèk elèv nan klas ou a. Y'ap viv nan yon mond ki konsantre sou privilèj ak konsomasyon, non ak renons. Lide sakrifis la kapab sanble yon bagay ki pase mòd, pou nou pa di dezagreyab. Sepoutèt sa ke elèv yo dwe konprann konsèp sakrifis la.

Nan leson sa yo gen pou aprann ke sakrifis la se objektif gras Bondye, epi se atravè sa li te fè restorasyon relasyon ant li menm avèk ras limanite ki te tonbe anba peche posib. Olye pou Bondye te pèmèt lanmò Adan avèk Èv, li te pèmèt sakrifis animal ak pwodwi latè yo pou ranplase lavi moun. Pita, Kreyatè a, nan Jezikris, ta bay lavi li kòm sakrifis final pou peche.

KÒMANTÈ BIBLIK

Se enpresyonan ke Bib la pa eklèsi ki kote sakrifis la te kòmanse. Apre ke Adan avèk Èv te fin peche, li rezonab pou nou ta espere jwenn kèk enstriksyon nan men Bondye sou fason ke yo te antre nan relasyon avèk li apre. Men li pa di anyen. Menm konsa, nou jwenn ke yo te konn prati ke ofrann sakrifis yo bay Bondye depi nan kòmansman. Nan Jenèz 4 nou wè Kayen avèk Abèl k'ap prezante ofrann yo.

Anpil moun te konprann ke Bondye te refize

sakrifis Kayen an paske li pat fèt avèk san, men sa genyen dout ladan li. Lè Bondye te etabli sistèm sakrifis la, apre egzòd, te genyen ofrann grenn nan jaden tou. Li plis pwobab pou ke dispozisyon kè ak motif Kayen yo pat kòrèk. Sa enpòtan, lè ebre yo te konn ofri sakrifis bay Bondye san enterè pou fè li plezi, li pat satisfè avèk sa.

Sakrifye vle di pote yon ofrann tankou yon kado pou Bondye. Vokabilè pote ak ofrann nan sanble anpil avèk langaj ebre a. Yo toude demontre ke se bay volontèman, epi twa nan pigwo ofrann yo se te volontè. Yon lòt fwa ankò, la nou kapab devwale byen klè enpòtans pou genyen yon konpòtman ki kòrèk devan Bondye.

Nòmalmàn, nou panse avèk sakrifis yo kòm yon fòm pou nou resevwa padon pou peche yo. Men, anreyalite, te gen plizyè kalite, senbolize diferan aspè nan relasyon avèk Bondye. Gen kèk ki te gen pou wè ak chèche favè li, gen lòt se te pou rekonèt pwovizyon Bondye epi eksprime remèsiman yo.

Men fòk nou sonje ke Kreyatè a pran peche pou yo bagay ki serye anpil. Pou yon moun restore relasyon li avèk li, li dwe renonse yon bagay ki gen vale. Se rezon sa ki fè ke te genyen plizyè dimansyon sakrifis ki te ekri pou moun ki rich ak moun ki pòv yo tou. Yon siyal ki ajoute pou nou endike seryozite peche a se te, pi fò nan ka yo, sakrifis lavi yon animal.

Konpòtman nou yo fas ak peche a pa gen anpil valè Jodi a.

Nou di konsa: “Se dyab la ki te fòse m fè li”.

Bondye pa dakò avèk sa. Peche a se yon bagay ki serye epi koute chè.

Pechè yo dwe rekonèt peche yo.

Nan chak sakrifis animal, adoratè a te dwe mete men li sou tèt bèt k’ap sakrifye a. Lè l fè sa, moun nan te admèt li te gen peche epi animal sa t’ap mouri nan plas li.

Byen souvan, moun ki nan sosyete nou yo eseye lage tò a sou move travay yon moun oubyen yon bagay ki pa yo menm. Nou pa kapab nye kantite bagay ki kontribye pou fè nou aji mal. Men nou dwe sonje ke peche a se vyole lalwa Bondye a ki byen koni, epi sa fè nou responsab devan li.

“Peche a peye kach, li bay lanmò”. Animal pou sakrifis yo te dwe mouri, senbolize ke pechè a te merite lanmò pou peche l la. Finalman, Jezikris te sakrifye lavi li pou libere nou anba peche nou. Nou pa dwe janm bliye ke se nou menm ki te dwe koke sou kwa ki tache avèk san an.

Sèl sa ki pibon ke nou genyen an li ase pou Bondye. Nan ofrann boule yo, kominyon avèk tò, animal ki dwe ofri a pat dwe gen okenn defo.

Animal pafè sa te senbolize pèfeksyon moral ke Bondye sen an te mande ak nati sakrifis reyèl ke Jezikris ta ofri a.

Men m si jodi a nou pa ofri animal san defo nan sakrifis, prensip la egziste toujou. Nou dwe ofri Bondye sa nou genyen ki pi bon an, tout kè nou, nanm, lespri avèk fòs kòm sakrifis vivan (Women 12 :1-2).

DEVLOPMAN LESON AN

Chazi kèk nan aktivite sa yo ki pou ede timoun yo konprann verite bibliik jodi a.

Kisa sakrifis ye?

Trase yon liy pou chak lèt ki fòmè mo “sakrifis”. Pande timoun yo pou yo devine lèt yo, youn pa youn, jiskaske yo dekouvri mo ki kache a. Remèt premye aktivite nan leson 27 ki nan liv Elèv la. Pèmèt ke timoun yo ekri definisyon “sakrifis”. Apre sa yo kapab resite li pou rès klas la. Kòmante definisyon sakrifis: bay oubyen pèdi yon bagay ki gen anpil valè, pou nou kapab resevwa yon bagay ki pibon. Pafwa, moun ki bay sakrifis la konn benefisyè. Nan kèk lòt okazyon li konn bon pou medyatè yo.

Apre sa, fè elèv yo al gade imaj ki nan paj yo epi mande yo pou yo kòmante sou ki kalite sakrifis moun ki la yo te fè, pou yo rive moun yo ye nan lavi a. (Pa egzanp, yon atlet ap gen pou li sispann konsonmen manje li pi renmen an yon fason pou l kapab genyen bon kondisyon fizik. Pwofesyonèl la ap gen pou l sakrifye tan pou l etidye, li pap soti avèk zanmi l yo pou li kapab jwenn tan pou l etidye epi rive genyen yon diplòm ak yon karyè. Koup la ap gen pou l sakrifye paran li yo pou l marye epi fòmè pwòp fwaye pa li, elatriye.).

Poze kesyon: “Kisa nou panse lè nou koute mo sakrifis? Èske se yon bon mo oubyen yon mo ki lèd pou nou? Semèn pase a nou te aprann kijan peche a se yon bagay ki serye. Nou tout ta dwe mouri pou peche nou yo. Men Bondye te gen lòt plan pou sove nou. Plan sa te mande sakrifis. Nou pral aprann plis sou sa”.

Sakrifis : Wi oubyen Non?

Remèt timoun yo dezyèm aktivite leson 27 ki nan liv Elèv la. Ou kapab divize klas la fè kat gwoup pou yo trete kat sitiyasyon ki parèt yo. Yon fwa ke yo te fin pale epi fè chanjman lide yo, y’ap kapab regwoupe yo epi kòmante pou bay opinyon sou Sakrifis ki annaksyon an.

ISTWA BIBLIK

Sakrifis pou peche a

Ou kapab kòmanse site yon bagay ki gen

karaktè sakrifis yo avèk kòmantè sa yo:

1. Bib la pa di nou kilè Bondye te mande pou pèp la te ofri li sakrifis.
2. Men nou konnen ke sa te pase depi byen bonè nan listwa, déjà ke Kayen avèk Abèl te ofri sakrifis gadinay avèk rekòt yo.
3. Koutim pou ofri sakrifis endividyèl yo, oubyen famiyal, te kontinye jiskaske Bondye te libere pèp la anba esklavaj nan peyi Lejip. Pa egzanp: Noye te ofri yon sakrifis apre yo te fin soti nan lach la (Jenèz 8:20).
4. Lè pèp la te kanpe nan pye mòn Sinai a, Bondye te ba yo detay ki byen detaye sou ki fason sakrifis yo ta fèt pi devan.

Li ansanm avèk elèv yo Levitik 1:1-9 ki dekrive siyifikasyon ofrann boule a.

Ofrann sa prezante twa aspè ki te verite prèske pou tout sakrifis.

Oryante elèv yo pou y'al konplete aktivite ki nan leson 27 nan liv Elèv la ki pote non: Kisa ki te pase nan yon sakrifis? Mo ki manke nan premye kolòn yo genyen yon tras anba yo:

1. Moun nan vini avèk yon animal san defo pou sakrifis la.
2. Moun nan mete men li sou tèt animal ki pou sakrifye a.
3. Moun nan te touye animal la. Sakrifikatè a te wouze lotèl la avèk san bèt la.

Ou kapab di ke petèt sa parèt dwòl pou nou, men Bondye vle montre nou twa verite ki enpòtan anpil atravè mwayen sa.

Ekri nan kolòn ki anfas la:

- A. Peche a koute chè. (Li koresponn ak pwen 1).
- B. Moun nan admèt tò li epi animal la peye pou peche l la. (Li koresponn ak pwen 2).
- C. Peche a bay lanmò. (Li koresponn ak pwen 3).

Se pou elèv yo li Levitik 9:22-24 ansanm. Mete fen avèk etid bibliik la pandan w ap di konsa: "Bondye te kreye yon pèp ki pou te genyen yon relasyon entim avèk li. Sistèm sakrifis Ansyen Testaman yo te bay pèp Bondye a yon fason pou

restore relasyon sa epi resevwa kè poze ak kè kontan ke li bay; jiskaske Bondye te voye Pitit li a.

Jezi kòm sakrifis final epi san tach pou peche tout moun ki repanti yo.

AKTIVITE YO

Sakrifis enpresyonan Bondye a

Remèt timoun yo katrityèm aktivite ki nan liv Elèv la (leson 27). Mande pou yo ouvè Bib yo nan 1 Jan 4:9-10 pou konplete vèsè bibliik la. Yon fwa li fin konplete, se pou timoun yo eksplike sa yo konprann osijè de vèsè a. Eklèsi konsèp ki difisil yo. Enpòtans vèsè a pou yo se ke Bondye te voye Pitit li a Jezikris kòm sakrifis pou peche nou yo. Sa vle di ke Kris te mouri (ofrann ak sakrifis ki san tach) nan plas nou.

Memorizasyon

Ou deja gen vèsè pou aprann nan ekri nan kat yo. Pratike vèsè ke w te déjà ekri nan tablo a plizyè fwa. Eksplike enpòtans sakrifis Kris pou retabli relasyon Bondye avèk lòm nan ankò, li menm ki te deja detwi akòz de peche avèk chit Adan e Èv. Mete kat yo nan yon sakit oubyen yon bwat. Mande timoun yo retire yon mo epi eseye sonje sa ki vini avan ak apre a.

Anmezi y'ap kontinye retire mo diferan, y'ap kapab mete yo sou liy jiska konplete vèsè a. Si gen yon timoun ki pa konn mo yo, lòt timoun kapab ede li.

Pou fini

Ankouraje timoun yo pou ke pandan semèn nan, panse avèk konbyen sakrifis yo t'ap gen pou ofri si yo t'ap viv nan tan Ansyen Testaman. Di yo konsa ke yo kapab rakonte eksperyans yo nan pwochen klas la.

Ankouraje timoun yo panse ke Bondye te voye Jezi kòm sakrifis pafè pou peche nou yo. Epi nou dwe rekonesan pou sa. Di Bondye mèsè paske Kris kouvri tout peche nou yo avèk san li epi nou pa gen pou nou ofri sakrifis animal ankò.

Pa bliye remèt yo travay yo te fè yo yon fason pou yo pote l lakay yo.

 **Nòt mwen yo:**

Chèche lanmou

Baz biblik: Ezayi 1:13-17, 19-20; Jeremi 7:21-26; Miche 6:8; Malachi 1:6-14; Women 12:1-2.

Objektif lesan an: Ede timoun yo konprann ke aktivite relijye, sakrifis ak adorasyon ki pa soti nan yon kè ki plen ak lanmou avèk obeyisans, pa fè Bondye plezi.

Vèsè pou aprann: *Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò (1 Pyè 3:18).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Bagay yo pa toujou jan yo parèt la. Malgre tandans nou genyen pou nou jije moun ak objè pou aparans ekstèn yo, li difisil pou sa rive posib nan yon fason ki egzat.

Yon pòm kapab parèt san defo sou po, men andedan li kapab pouri. Prensip sa aplikab nan lavi espiyèl nou tou. Li byen fasil pou sanble espiyèl, ap di bèl fraz ki kòrèk epi aji tankou si Bondye te plis enpòtan nan lavi nou, san ke sa se verite.

Timoun primè yo pa egzan pou pratike “jwèt relijyon an”. Presyon espiyèl ki pou konfòmen yon moun gen pou wè avèk pwoblèm sa. Si pou vin yon bon timoun fòk li gen apwobasyon lòt yo, gen kèk nan yo k'ap aji nan fason sa, san li pa enkyete l pou lavi entèn li. Timoun primè k'ap batay pou jwenn yon kapasite espiyèl ki reyèl, anpil fwa konn santi yo koupab. Yo pa vle pou lòt yo dekouvri feblès ke yo genyen nan lavi yo.

Atravè lesan sa a, timoun yo ap aprann ke Bondye vle pou nou renmen ak obeye li avèk tout kè nou, se pa atravè aktivite relijye. Priye pou timoun yo. Mande Seyè a pou ke yo chak eksperimante yon lavi espiyèl ki vrè ak pwofon.

KÒMANTÈ BIBLIK

Rekonèt ke genyen “kreyen reyèl” ak lòt ki pa reyèl, se pa yon kesyon nèt.

Nan ane 700 Av.K anviwon., pwofèt Bondye yo te avèti pèp la ke relijyon ki “pa reyèl” pa fè Bondye plezi. Fòm relijye yo, menm si yo byen òganize, yo pa kapab ranplase lafwa, lanmou ak obeyisans.

Ezayi 1:13-17, 19-20. Nan syèk VIII Av.K., Jerizalèm

te sibi atak vyolan ak echèk anba men moun peyi Lasiri yo, yo te deja konn sa. Pandan tan sa, moun yo te konn prepare seremoni yo dapre lalwa Moyiz la, men yo te kontinye viv nan imoralite ak koripsyon. Yo te konn touye moun, twonpe moun, yo te konn maltre pòv yo epi repouse Bondye nan kè yo. Yo te kwè ke lè yo pratike yon “relijyon ekstèn” yo ta jwenn pwoteksyon kont kòlè Bondye.

Ezayi te kondane pèp la pou mank de angajman sense yo epi avèti yo ke “fòm” adorasyon an pa kapab ranplase vrè bonte a. Bondye mande moralite, jistis sosyal ak endividyèl epi sentete pèsònèl.

Jeremi 7:21-26. Malgre ke Jeremi te preche nan ane 626-580 Av.K., ni sitiasyon politik ak sosyal, kòm mesaj li yo te sanble avèk pa Ezayi yo. Wayòm Sid la te anba menas Babilòn epi menm konsa, pèp la te mete konfyans li nan yon seremoni san obeyisans. Men, san yon repantans sensè ak dezi pou fè Bondye plezi, sa pat genyen okenn valè.

Malachi 1:6-14. Pasaj sa te ekri ant lane 458 ak 400 av.K. Pèp Bondye a te konnen yon moman dekourajman ak desepsyon. Yo te retounen soti nan esklavaj, men rèv yo sou vini Mesi yo t'ap tann nan pat akonpli.

Pwofèt yo te kondane sakrifikatè yo dèske yo te aksepte animal avèg epi malad. Lalwa te mande pou ke okenn animal ki te pou ofri kòm sakrifis devan Bondye te genyen defo (Levitik 22:20-22; Detewonòm 15:21; 17:1).

Atravè sakrifis sa yo, pèp la avèk sakrifikatè yo pat kapab bay Bondye yon bagay ki gen gwo valè. Premye fot yo se te kwè ke yon seremoni te kapab ranplase angajman yon kè sense. Dezyèm fot yo se te konprann ke Bondye ta aksepte nenpòt ofrann pou ranplase yon relasyon lanmou ak obeyisans.

Miche 6:8 ak Women 12:1-2. Byen brèf prezante sa Bondye vle nan men pèp li a: obeyisans relijye ki genyen jistis nan relasyon nou avèk li ak frè parèy nou yo.

DEVLOPMAN LESAN AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w santre atansyon timoun yo epi prepare yo pou yo aprann verite biblik jodi a.

Sak pase la?

Remèt timoun yo premye aktivite ki nan liv Elèv la (leson 28), pou yo travay. (Ti fi a vle bwè lèt, men li pa bon. Ti gason an vle manje yon pòm epi li wè ke gen yon vè k'ap gade li). Poze kesyon: “èske sa te rive w yon fwa?” distribye fèy papyè pou yo bay eksperyans yo. Di yo konsa: “Sa anseye nou yon verite ki enpòtan: nou pa toujou kapab dekouvri sa ki andedan paske

nou wè deyò a. Leson jodi a anseye nou ke prensip sa aplike ak moun tou, nan anpil okazyon”.

ISTWA BIBLIK

Kat ekriven ki pa popilè nan mond lan

Dram prezantasyon sa dwe itilize avan epi pandan dewoulman klas la kòm entwodiksyon liv Ezayi, Jeremi, Miche ak Malachi yo.

Materyèl pou sipò: demonstrasyon dokiman, oubyen woulo, avèk non kat otè yo sou po yo. Nou kapab itilize liv ki kouvri ak papyè nwa, pandan n'ap demontre non moun ki ekri yo byen klè.

Mesaje. – (Avèk chalè). “Mesyedam, n'ap di nou byenvini nan evènman Ekriven ki plis pa popilè yo nan Mond lan jodi a. Chak semèn, nou revize liv ke mwen moun li ak apresye yo avèk anpil swen, epi nou chwazi kat sa ki plis pa popilè yo pou nou. Epi kounye a, n'ap di prezantatè Ekriven ki plis pa popilè nan Mond lan byenvini”. (Mesaje a bat bravo epi ankouraje piblik la fè menm bagay la).

Prezantatè: –“Mesyedam Bonjou! Jodi a nou genyen yon pwogram espesyal pou ou.

Nou pral fè yon entèvyou avèk kat ekriven ki reprezante vokabilè “plis pa popilè a” pafètman.

Adolesan sa yo konnen vrèman kòman enpresyone yon piblik! Mwen pa kapab imajine kòman yo rive fè liv yo enprime e menm nan bibliyotèk yo. Ann bay bat yon gwo bravo pou di byenvini avèk Ezayi, Jeremi, Miche ak Malachi”. (Siyale kat elèv, youn apre lòt ki pou reprezante pèsonaj sa yo kòrèkteman).

Piblik la. –(Chante) “Nou rayi liv nou ekri yo. Wi, nou rayi yo malgre nou poko janm li yo. Bouou, Bouou, Bouou!

Prezantatè. –Ezayi, n'ap kòmanse avèk ou. Mwen t'ap obsève liv ou a epi mwen kapab asire ke li vrèman san enpòtans. Lè w t'ap ekri l la, èske w t'ap eseye fè moun fache? Mwen vle di, lè w di yon bagay konsa:

“Nou mèt sispann fè bann ofrann sa yo ki p'ap sèvi nou anyen. Mwen pa ka sipòte lafimen lansan n'ap ofri m' lan. Mwen pa vle wè fèt lalin nouvel nou yo, jou repo nou yo ak tout lòt reyinyon n'ap fè yo. M' pa ka sipòte fèt moun k'ap fè mechanste yo ap fè pou mwen”.

Nòmalmann, ou te dwe bay pèp la yon mesaj ki soti nan Bondye, men, ou mèt kwè mwen, sa pa sanble yon mesaj ki soti nan Bondye lanmou ke nou kwè nan li a.

Ezayi. –Li pa t'ap eseye fè moun fache, men li t'ap eseye fè yo reveye yo. Gade...Bondye se yon Bondye ki sen. Li pa kapab antre nan kontak avèk yon pèp ki kenbe tèt avèk li, ki dezobeyi l epi k'ap fè sa ki mal. Epi se sa tout pèp la te fè. Yo te montre yo renmen Bondye

sou lafòm, pandan yo t'ap ofri li tout kalite sakrifis, epi nan menm tan tou, yo t'ap touye moun, vòlò byen pòv yo epi tout kalite bagay ki mal. Epi menm konsa, yo t'ap tann pou Bondye pwoteje yo kont lènmi yo.

Prezantatè. – (Ap reflechi). –oummm...bon, mwen kwè ke se byen. Men malgre sa, ou pa popilè avèk lektè w yo. Men mwen vle asire w ke fiti envite nou an mwens popilè pase w.

Jeremi...Kisa w vle di pou w defann tèt ou?

Jeremi. –Kisa mwen kapab di? Ou deja konnen ke mwen te konsidere kòm pwofèt kriyadò epi liv mwen an te tèlman pa popilè yo te mennenm al fèmèn nan prizon pou yon tan.

Prezantatè. –Bon, reyèlman mwen pa kapab di ke mwen bay moun sa yo tò. Men ann koute opinyon piblik la. Zanmi, ki repons nou genyen konfòm ak egzans pou pran nan pasaj Jeremi ekri yo?

“Men sa Seyè ki gen tout pouvwa a, Bondye pèp Izrayèl la, di ankò: -Pran tout vyann nou te konn ofri pou boule nan dife, mete yo sou vyann bèt nou touye yo. Lèfini, manje tout. Lè mwen t'ap fè zansèt nou yo soti peyi Lejip, mwen pa t' ba yo ankenn lòd sou bèt pou yo te boule nan dife pou mwen, ni sou bèt pou yo te touye pou mwen. Sèl bagay mwen te mande yo, se pou yo te koute m' lè m'ap pale ak yo. Konsa m'a toujou Bondye yo. Yo menm y'a pèp mwen. Mwen te di pou yo te swiv chemen mwen t'ap mete devan yo, pou tout bagay te ka mache byen pou yo. Men, yo pa t' vle koute m', yo te bouche zòrèy yo. Yo fè sa ki nan lide yo, yo fè tèt di. Pase yo vin pi bon, yo vin pi mal”.

Piblik la. – (Tout moun ansanm) “Jeremi, ou fè gwo progre nan ekri bagay ke nou pap janm li! Bouou! Bouou! Bouou!”

Prezantatè. –Bon...ou wè Jeremi. Piblik nou an te chwazi w pou w fè pati lis ekriven ki plis rekonèt kòm moun ki mwens popilè yo nan tout peryòd istwa.

Ki refleksyon final ou?

Jeremi. –Sèlman sa: Bondye toujou renmen pèp li a malgre peche ak ipokrezi. Tout sa li mande, se ke lè y'ap ofri sakrifis yo ba li, se pou yo renmen ak obeyi li. Mesaj mwen yo pa popilè, men si nou te obeyi yo, nou t'ap evite 70 ane byen long nou te pase nan esklavaj nan peyi Babilòn nan.

Prezantatè. – (Yon konfizyon). –Bon, si...men... nou dwe kontinye. Nou pral koute fiti envite nou an kounye a: Malachi.

Miche. –(Entèdiksyon). –Ey!, Kilè n'ap banm pale? Mwen te ekri, plizoumwenn nan menm epòk avèk Ezayi ak Jeremi. Èske m pa ta dwe pale avan?

Prezantatè. –Kounye a Miche, kite liv ki pa popilè

w la fèmen pandan yon minit anplis. Nou pral pale de sa lè nou gen tan (ak pli nan fwon). Epi kounye a, ann retounen nan Malachi...

Malachi, ou te ekri kèk ane pita pase Ezayi ak Jeremi. Men, sanble ke w te kontinye pale de menm vye tèm san enpòtans la. Èske w pat ka jwenn yon bagay ki fre, nouvo epi ki plis fè lektè yo plezi ?

Malachi. –Bon, mwen te yon pwofèt, se pat yon moun ki anchaje pou travay nan relasyon piblik. Mesaj mwen an te soti dirèkteman nan Bondye pou pèp dezobeyisan li a. Yo te la, yo te retounen nan peyi yo, men...èske yo te aprann yon bagay sou esklavaj la? Anyen ki klè.

Prezantatè. –Mwen rankontre kèk okazyon ki byen fò nan liv li a. Piblik la, prezantasyon: “Mwen ta swete yonn nan nou ta fèmen tout pòt tanp lan pou nou pa limen dife pou gremesi sou lotèl mwen an. Mwen pa kontan menm ak nou. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa. Mwen p’ap asepte ankenn ofrann nan men nou”. Malachi, kisa w kapab di pou w defann sa ?

Malachi. –Pèp la t’ap plede ofri sakrifis avèk animal ki malad epi avèg nan yon kondisyon ke ni pi move lènmi w lan ou pa t’ap fè kado yo, epi apre sa yo t’ap pretann pou Bondye beni yo. Se te tèrib!

Prezantatè. –Bon, sa w di a sanble byen reyèl Malachi. Men, menm konsa, mwen imajine ke si pa ta genyen yon mesaj ki plis pozitif... (Miche kouri leve men li pou mande lapawòl). –Kilè m’ap pale? Mwen kwè ke se lè pam nan. Mwen genyen yon mesaj ki pozitif. Koute sa: “Non monchè. Seyè a te moutre ou sa ki byen. Tou sa li mande ou, se pou ou fè sa ki dwat, se pou ou gen kè sansib nan tout sa w’ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li”.

Prezantatè. –Se pa mal, Miche, se pa mal. Ala wont paske ni liv pa w la nonplis te popilè, paske sanble li genyen kèk konsèy pratik.

(Prezantatè a gade piblik la). “Bon, mezanmi, tan pa nou an fini, men ann bat yon ti bravo pou n ankouraje soti ekriven ki plis popilè ak plis pa popilè nan mond lan.

Piblik la (Yo tout ansanm) “Nou renmen mesaj yo. Wi, nou renmen yo epi nou pral li yo konplètman. Wi, wi, wi...”

Prezantatè (byen sezi). –Ey!, se pa konsa nou toujou di orevwa. Operatè, kanpe ! ...Orevwa mesyedam. Nou va rankontre semèn pwochèn.

Eksplike klas la ke si se verite ke dram nan se te yon bagay enteresan, li te anseye nou reyalite yon pèp dezobeyisan ak yon mesaj pwofetik ki te vle egzòte li seryozite peche ak dezobeyisans devan Bondye a.

Pwofèt yo te bay mesaj la, yo te obeyi Bondye, men moun yo te kontinye plonje nan basen mechanste yo, se poutèt sa yo te soufri konsekans ki te tris.

Sakrifis san enpòtans

Divize klas la fè twa gwoup epi remèt twa pati dezyèm aktivite diferan yo ki nan liv Elèv la (leson 28). Bay yon gwoup Ezayi, yon lòt Jeremi epi yon twazyèm, Malachi. Mande yo pou yo li pasaj bibliik yo epi reponn kesyon yo.

Apre sa, lè yo rasanble, kòmante repons yo ansanm.

Poze timoun yo kesyon: “Si nou ta dwe bay pèp nan Ansyen Testaman yo yon konsèy, kisa li t’ap ye?” Kite timoun yo reponn.

(Repons posib yo: obeyi Bondye. Bay Seyè a sa ki pi bon. Renmen Bondye ak tout kè. Fè sa li di, elatriye.).

AKTIVITE YO

Èske sakrifis la ase

Mande timoun yo pou yo konplete akwostich ki gen mo oubyen fraz ki dekrive:

1. Sakrifis Jezi sou Bwa kalvè a pou yo chak.
2. Repons li fas ak sakrifis sa

Akwostich “Sakrifis”

Oryante elèv yo nan aktivite nan liv Elèv la (leson 28). Si w vle ou kapab ba yo kèk lide tankou sa ki anba yo pou konplete akwostich la. Men li ta pibon pou se yo menm ki ekri pwòp opinyon yo.

Jezi se te sakrifis pafè a
Lanmou li mennen li sou kwa pou mwen
Se te mouton san defo a
Nou dwe aprann fè byen
Bondye mande m pou m obeyisan
Jezi te doufri pou mwen
Bondye vle tout lanmou nou
Kris te renmen m’epi mouri pou mwen
Kè mwen dwe pwòp
Se sèlman konsa Seyè a ap resevwa yo

Memorizasyon

Itilize aktivite memorizasyon klas pase a. Nan nivo sa a timoun yo dwe konn vèsè a de memwa konplèt. Mande yo pou yo resite li. Ede sa ki poko konnen l yo. Òganize konpetisyon pandan w ap divize klas la fè plizyè gwoup pou ke yo di li san gade.

Pou fini

Ankouraje timoun yo toujou vin patisipe nan klas yo.

Priye pou e avèk yo pou ke verite jodi a kapab vin yon reyalite nan lavi yo. Bondye pa bezwen sakrifis nou yo. Seyè a vle lanmou ak obeyisans nou, sa ki soti nan yon kè ki pwòp.

Jezi, sakrifis ki pafè a

Baz biblik: Ebre 9:23-10:14, 19-25; 1 Jan 4:10

Objektif leson an: Ede elèv yo konprann rezon ki fè ke lanmò Jezi a se te pi bon sakrifis posib epi yo dwe santi yo rekonesan paske Jezi te mouri pou yo.

Vèsè pou aprann: *Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò (1 Pyè 3:18).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

De leson avan yo prepare chemen an pou leson sa. Ladan yo, timoun primè yo te wè kijan li te difisil pou moun te kenbe yon relasyon avèk Bondye pou pèp nan Ansyen Testaman. Pandan ke sistèm sakrifis yo se te yon kado gras Bondye, ki te fè restorasyon relasyon avèk li a te posib, san dout ke sa pat repons final Seyè a pou kesyon peche a.

Leson sa pral demontre byen klè kijan elèv yo gen privilèj viv nan “fen tan yo” (Ebre 9:26), avèk prezans ak sakrifis Kris la. Yon fòm ke moun nan Ansyen Testaman yo pat eksperimente, nou genyen aksè dirab, pwisan epi padon efikas pou peche byen serye. Genyen lòt ki soufri tò ki dirab, ki bay entèpretasyon legal pou demand biblik yo pou yon lavi ki san peche kòm rezilta.

Pandan w ap prepare leson sa, priye pou elèv yo kapab santi lanmou Kris la pou yo epi konnen kòman koresponn li. Pou kèk nan yo, sa vle di ofri Bondye louwanj pou Jezi; pou lòt l'ap vle di chèche lavi ki pap janm fini an ke sèlman li menm li kapab bay.

KÒMANTÈ BIBLIK

Yon nan kòmantè yo te plis fè sou mwen lè m te timoun se te: “Li orijinal”. Nan gade dèyè, yo sèlman t'ap eseye di sa yo panse osijè de mwen. Mwen te alèz nan eksprime sa m santi nan yon fason ki byen klè, enkòrèk epi nan moman ki pi mal posib. Se te yon vrè mirak ke manman m pat sikonbe ak wont avan mwen te genyen 10 zan.

Nòmalmman, lè nou pale de yon bagay orijinal, konpare li avèk yon kopi, n'ap fè referans ak yon bagay ki pozitif. Pasaj nou an nan ebre, konpare travay ke Kris akonpli sou kwa pou Sali nou an (orijinal la) avèk sistèm sakrifis pwovizwa nan Ansyen Testaman

(kopi a). Ann gade poukisa.

Nan menm fason ke travay yon manman pa janm fini, travay gran prèt Ansyen Testaman pat janm fin akonpli. Chak jou, ane apre ane, sakrifkastè yo te ofri menm sakrifis yo. Okontrè, zèv Kris la fini, akonpli. Kris te sakrifye lavi li yon fwa epi pou toutan, apre sa li te monte nan syèl epi “li chita sou bò dwat Papa a” (Ebre 10:12) pou montre ke misyon li a akonpli tout bon.

Misyon Kris la “pafè”. Pou pifò nan nou, vokabilè “pafè” vle di “konplètman pafè”, “san mank”.

Men nan lèt Ebre yo, tankou nan kèk lòt pati nan Nouvo Testaman, “pafè” vle di “yon bagay ki rive reyalize objektif ke li te kreye pou reyalize a”.

Sakrifis Kris la te pafè pou moun li ye a. Pa gen okenn kabrit oubyen mouton ki kapab ranplase lòm ki fèt avèk imaj Bondye. Jezi, kòm lòm san peche, epi nan menm tan li se Bondye, li te sakrifis pafè a pou nou.

Sakrifis Kris la te pafè paske li te ofri sa ke Bondye te vrèman vle a, obeyisans volonte li totalman. Nan diferans ak adoratè Ansyen Testaman yo, Kris la te obeyi Bondye pafètman nan tout bagay epi konsa li te transfòme an sakrifis pafè pou peche a.

Finalman, sakrifis Kris la te pafè pou sa li te fè posib, déjà ke li te retire peche ak kilpabilite nan nou. Sakrifis Ansyen Testaman yo te bay yon fòm pou abòde peche a epi resevwa padon jiskaske Bondye ta voye sakrifis pafè a. Men pou menm repetisyon an, sakrifis sa yo te vin transfòme plis kòm yon souvni pase yon remèd pou peche. Sakrifis Jezi a elimine you tou de: kilpabilite ak pouvwa peche a nan lavi lèzòm.

Misyon Kris la “fè pwogrè”. Ebre 10 :4 di konsa: “Tou sa, paske san bouk ak san jenn towò bèf p'ap janm ka wete peche moun”.

Sa dekrive travay jistifikasyon nou an, sa ki fè peche nou an efase epi nou antre nan yon relasyon ki kòrèk avèk Bondye. Men, sakrifis sa, non sèlman li fè nou akseptab devan je Seyè a, li fè nou san peche tou. Sa fè referans ak pwosesis sanntifikasyon dirab ki fè kwayan vin tankou Kris la. Pou nou, sa se akonpli objektif Bondye a, sa vle di, nou san pafè.

Pran yon ti tan pou w reflechi sou sa Kris te fè pou ou epi eksprime vrè rekonesans ou.

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w santre atansyon timoun yo epi prepare yo pou yo aprann verite biblik jodi a.

Kisa w te pote legliz la jodi a?

Oryante elèv yo nan premye aktivite ki nan liv Elèv la (leson 29). Mande yo pou yo drese yon lis oubyen ti desen de tout sa yo te pote nan legliz la. Apre sa mande pou kèk volontè kòmante sa yo te ekri oubyen desine. Obsève atik ki gen pou wè avèk legliz la ak adorasyon an. (Bib, chan, kreyon, kaye nòt, ofrann,

elatriye.). Mete aksan sou tifi k ap rale bèf la antre nan sanntye a. Poze kesyon: “èske gen yon moun ki pote yon bagay konsa jodi a? Poukisa?”

Mande pou kèk volontè li nòt yo ki nan paj la epi reponn oubyen kòmante kesyon yo. Aksepte repons ki pale sou rezon ki fè nou pa pote kalite sakrifis sa yo. Li posib pou kèk pami yo byen konprann rezon ki fè nou pa bezwen fè sa paske Kris te mouri sou kwa pou peche nou yo.

Di yo: “Vèsè Ebre 10 :10 la di konsa: “Kifè nou netwaye anba peche nou yo, se paske Jezikri te fè tou sa Bondye te vle, li ofri kò pa li bay Bondye yon sèl fwa, epi l’

fini”; li bannou yon lide sou sa ke etid jodi a pral montre nou an; rezon ki fè ke nou menm kretyen yo nou pa ofri animal sakrifye. Nou pral dekouvri tou rezon ki fè ke sakrifis Jezi a pibon pase sakrifis Ansyen Testaman yo”.

Tablo “Kris se pon an”

Prepare yon tablo ki byen laj avèk timoun yo. W ap bezwen paye koulè bwa, makè, kreyon, yon imaj Kris, lakòl, sizo, papyè bristòl, elatriye.

Vlope baz tablo a avèk yon papyè ki klè.

Prepare katèl ki di: 1. Kris travèse tout fwontye; 2. Bondye; 3. Moun. Nan mitan tablo a, fè yon gwo kwa avèk papyè bristòl ki gen koulè mawon (kafe) oubyen koulè bwa. Mete katèl nimewo 1 kòm tit nan tablo a. Mete mo Bondye nan pwent agoch la, epi nan pye kwa a, mete mo moun sou bò dwat. Mete imaj Kris la nan mitan kwa. Tablo sa kapab dire plizyè semèn. Si w vle, ou kapab mete yon lotèl sakrifis sou kote goch oubyen dwat li, yon sakrifikatè, ak plizyè ti katèl ki genyen fraz ki bèl ak mo enpòtan nan leson inite a. Pa egzanp: peche, sakrifis, Kris : sakrifis pafè, belye san defo, yon mouton, yon kabrit, yon pijon, elatriye.

ISTWA BIBLIK

Seryozite peche a avèk konsekans li yo!

Remèt timoun yo aktivite ki nan liv Elèv la (leson 29). Di konsa: “Leson an montre seryozite peche a. Li montre tou ke nan Ansyen Testaman, pou kèk peche, pat genyen sakrifis ki te akseptab epi, se sa ki fè ke, yo pat jwenn padon”.

Bay elèv yo tout pasaj bibliik etid yo (Nonb 15:32-36 ; Detewonòm 13 :6-16; Detewonòm 21 :18-21; Egzòd 20 :2 ak Mak 7 :10), sof Jan 1 :29. Yon fwa ke yo jwenn li epi yo fin li l, kòmmanse gade kat premye referans yo. Se pou elèv yo di kisa ki te konsekans chak peche ki te komèt.

- Pa repoze nan jou repo a: Mouri anba kout wòch
- Adore zidòl : destriksyon vil la konplètman, moun yo ak byen yo
- Dezobeyi paran yo : Mouri anba kout wòch

- Modi paran yo: Mouri

Aprè sa, mennen elèv yo nan Levitik 5:1-7. La yo pral dekouvri ke te genyen peche ki pat entansyonèl. Epi ofrann ki te dwe bay pou kalite peche sa se te yon femèl mouton oubyen yon femèl kabrit. Epi si yo pat gen lajan pou ofrann sa, li te kapab yon toutwèl oubyen de pijon (v.7).

Mansyone ke jodi a, lè nou tande pale sou ni Bondye lanmou avèk padon an, li kapab difisil pou nou konprann konsekans grav peche a rale. Men nou dwe sonje ke Bondye te eseye anseye pèp la –ki t’ap viv nan gwo peche pandan plizyè syèk –sou sentete li ak nesosite pou ke yo genyen yon lavi ki pwòp. Chak peche sa yo se te dezobeyisans liberal kont yon kòmandman byen klè ke Bondye te bay.

Finalman, se pou tout elèv yo li Jan 1:29. Aprè sa, poze yo kesyon: “Pou ki rezon nou panse ke Jan te konpare Jezi avèk yon mouton?”

(Paske menm jan avèk yon mouton sakrifis, li te bay lavi li pou pechè a).

Mansyone tou ke sakrifis Jezi pou limanite a te rive reyelize sa sakrifis animal yo pat janm kapab fè. Menm si jodi a nou gen padon pou peche nou, nou pa dwe janm fè eksprè pou nou fè peche kont Bondye.

Yon jou, lakay Roubenn ak Sara

Roubenn. –Sara, mwen dwe ale nan tanp lan demen maten pou m al pote yon ofrann.

Sara. –Kisa w te fè menm kounye a?

Roubenn. –Mwen te fè yon fo sèman devan vwazen nou an Eli. Kounye a mwen rann mwen kont ke mwen te komèt peche, kidonk mwen dwe pote ofrann sa bay Bondye.

Sara. (Ap gade mari li avèk entansyon) –Kisa w’ap pote kòm ofrann fwa sa?

Roubenn –Mwen regrèt sa anpil Sara, paske mwen dwe pote Tamara, kabrit ou pi renmen an. Mwen konnen ke w renmen li anpil pou tout lèt ke li bannou... anplis de sa, se li menm sèlman ki nan kondisyon pou m bay kòm ofrann. Li pa gen zo kase, ni li pa avèg.

Sara. –Bon Roubenn, kisa mwen kapab fè? Mwen pa kwè ke w te komèt peche a pa eksprè, anplis de sa ou dwe resevwa padon Bondye.

Roubenn –Wi, se vre. Mwen tèlman vle sispann dezobeyi Bondye. Anplis de sa, chak fwa lèm bay yon sakrifis, mwen poze tèt mwen kesyon èske reyèlman mwen resevwa padon ak netwayaj vre.

Sara. –Epi mwen menm m’ap poze tèt mwen kesyon, kisa n’ap fè lè nou pa gen plis animal pou nou ofri...!

Menm si dyalòg ant Roubenn avèk Sara te parèt enteresan; sa ta kapab sanble ak sityasyon byen sanble ak sa ki te konn pase nan Ansyen Testaman. Epi si nou te timoun nan tan sa, petèt nou ta kapab mande si bagay sa ta fini yon jou. Kalite ofrann, sakrifis ak sityasyon sa yo ta pase chak jou, chak semèn, chak mwa, pandan plis pase 1.500 ane. Men anlès de sa, te genyen jou espesyal ki te rekòmande yon seri varyete de ofrann. Èske nou kapab imajine nou kantite mouton, belye, towò, pijon, ki te konn mouri akòz de peche yo? Men ofrann sa yo se pat plan final Bondye pou l te abòde peche yo. Bèl jou a te rive, kote ke Pitit Bondye a, Jezikris, te vini nan mond lan pou vin tounen sakrifis pafè, epi avèk sa, nesite plizyè milye ofrann nan te pran fen. Kris la se te SAKRIFIS pafè a. San li ki te koule sou Bwa Kalvè a te kouvri “anpil” peche. Li te pote sou kwa a peche nou tout ki repanti, nou mande padon avèk lafwa epi nou kwè nan sakrifis pafè, Kris Pitit Bondye a.

Bon nouvèl liv Ebre yo

Kontinye travay avèk timoun yo nan de pwochen aktivite ki nan liv Elèv la. Mande pou yo chèche epi li Ebre 9:24-28. Yo dwe konplete enstriksyon ak kesyon ki nan de paj ki vini aprè yo.

Memorizasyon

Reyalize yon kous “vèsè biblik” nan lakou a. Separe tifi yo de ti gason yo. Mete yon limit (chèz limit). Endike timoun yo pou yo kouri vit, sa vle di byen epi nan fòm ki konpreyansif pou vèsè biblik la. Si yo twonpe, bliye oubyen sote kèk pati, li dwe kouri retounen al kanpe nan ke liy nan jiskaske lè pa l la rive ankò.

Ekip ki fini avan avèk tout patisipan li yo apiye sou “chèz limit” la se li ki genyen.

Avètisman: Pèsòn pa dwe ede kamarad li. Si yon moun fè li, yo tou de timoun yo dwe retounen al kanpe nan ke liy nan paske yo pa respekte règ jwèt la.

Pou fini

Nou tout kapab di Bondye mèsi paske pa gen kesyon bay animal kòm ofrann.

- Di mèsi pou sakrifis pafè ke Kris te reyalize sou Bwa Kalvè a.
- Di mèsi pou san Kris la ki te koule pou nou chak.
- Chante yon chan louvan pou sakrifis konplèt ak pou toutan an : Jezikris
- Mete fen avèk yon kantik remèsiman pou Seyè a.

Leson 30

Jezi, sakrifikatè pafè a

Baz biblik: 1 Timote 2:5; Ebre 2 :9-18; 4 :14-5 :10

Objektif leson an: Konprann wòl granprèt la, prensipalman pa Jezi a kòm Granprèt pafè a, kòm medyatè ant Bondye avèk pèp la.

Vèsè pou aprann: *Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò (1 Pyè 3:18).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo ap abitye avèk konsèp aksè limite a. Avi “Prive” a nan pòt yon biwo, sèvis ajan sekre k'ap pworeje yon lidè politik ak mwayen sekirite ki toujou itilize nan aryopò fè nou sonje limitasyon nou yo.

Li pwobab pou timoun nan laj sa yo deja fè eksperyans ak fristrasyon yon “aksè limite” bay. Pa egzanp, petèt yo te vle salye kèk pèsònaj pèsònèlman epi yon moun

bare yo pou sa pa fèt. Privilej pou moun nan rive gen aksè ak sityasyon sa depann de plizyè faktè, tankou laj, edikasyon, pozisyon sosyal ak plizyè lòt ankò.

“Aksè limite Bondye a” se te yon reyalite pou limanite anjeneral avan vini Jezikris la. Nan kèk okazyon, Bondye te rankontre avèk pèp la nòmalmman. Men pifò nan moun yo te depann de sakrifkastè yo pou rive kote li, nou te dwe kouri al kote yon moun k'ap viv sou latè. Sa posib paske Kris chita adwat Papa a epi nan menm tan, bò kote nou. Avèk Jezi kòm Granprèt nou epi moun k'ap priye pou nou, timoun primè yo kapab apwoche bò kote Bondye libe pi avèk konfyans, konnen ke li toujou konprann yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Bondye te kreye ministè sakrifis la pou sèvi, konsòle ak ede pèp li epi rann relasyon li menm avèk pèp li a posib. Benefis devwa ministeryèl yo te manifeste konplètman nan Jezi. La, genyen kèk rezon ki demontre ke li se Granprèt la (Ebre 4:14) epi yon medyatè efektif ant Bondye avèk nou.

Jezi te konplete misyon pou rekonsilye Bondye avèk pèp la (ebre 2:9) epi, jan nou te wè sa nan leson pase a, sakrifis li a te fèt yon fwa ak pou toutan (Ebre 9).

Kòm diferans granprèt jwif yo, Jezi la pou reprezante nou devan Bondye pou toutan.

Jezi te kapab idantifye li konplètman avèk moun sa

yo ke li svvi kòm granprèt la. Nan Nouvo Testaman, (Ebre 5 :1) siyale ke granprèt tèrès yo se te moun yo te chwazi pami lèzòm. Rezon yo se ke granprèt la te dwe idantifye li ak soufrans moun li t'ap sèvi a.

Jezi te vin tounen moun, yon fason pou li te idantifye li avèk nou.

Avèk eksepsyon peche a, li te eksperimante tout aspè nan lavi lòm: grangou, swaf, soufrans ak ak tantasyon ki pi rèd tou.

Anreyalite, li te sipòte plis tantasyon pase sa nou pral fè fas nan tout lavi nou paske, kòm diferans avèk nou, li pat janm bay legen. Kòm li te soufri soufrans ki pi mal ke Satan te kapab kreye, li konnen kijan li difisil pou moun kenbe tèt ak tantasyon yo. Ède ke li kapab ofri nou genyen ladan li konpreyansyon, enstriksyon, sipò, kouraj ak yon egzanp pafè sou kòman reyaji fas ak soufrans avèk tantasyon an.

Jezi te "pwogrese" atravè soufrans. Kòman yon moun ki te déjà pafè moral ak espiyèlman kapab rive genyen pèfeksyon plis toujou? Avan Jezi te vin yon nonm li pat janm eksperimante grangou, swaf, soufrans, ni tantasyon.

Li pat genyen okenn egzijans pou li te rete fidèl ak Bondye nan mitan opozisyon difisil epi dirab. Sa ki fè Jezi "pafè" se sa li te eksperimante sou latè.

Ann sonje ke "pafè" vle di resevwa matirite, konplè epi kapab rive genyen objektif Bondye vle a.

Rèv Bondye pou Jezi se te "moun ki pou kenbe nou jouk sa kaba a" (Ebre 12 :2). Sèl fason ke li te kapab reyalize sa se te fè eksperyans ak chak aspè lavi lòm epi kenbe tèt ak tantasyon an jiskalafen.

Jezi se yon granprèt ki fidèl. Li te viv lavi li ap sèvi Bondye fidèlman epi kounye a, l'ap defann nou. Li pa yon èd ki enkonfyab, twonpe oubyen kaprisye, men pito yon moun ki konfyab totalman epi toujou konfòm pou ede nou nan chak eksperyans nan lavi nou.

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w oryante atansyon timoun primè yo nan tèm jodi a.

Siyifikasyon Avoka ak Vokabilè enpòtan yo

Ekri Vokabilè Enpòtan yo avèk definisyon yo nan yon papye bristol ki gen yon gwosè nòminal epi mete katèl yo nan tablo a, nan pye kwa a.

Oryante timoun yo nan leson ki nan liv Elèv la (leson 30). Di yo pou yo chwazi sa yo kwè ki se siyifikasyon mo "Entèmedyè" (repons lan se imaj N0.3). Entèmedyè vle di: yon moun k'ap ede yon moun gen kè poze oubyen rive fè de moun siyen yon akò ak yon moun oubyen yon gwoup ki nan diskisyon. Entèmedyè a enkyete li pou enterè tou de pati yo. Nou rekonèt Jezi kòm entèmedyè nou. (Ekri mo sa nan yon papye bristol epi kole li sou tablo a, akote kwa a). Jezi, atravè sakrifis ak lanmò li sou kwa, li ta fè kè poze ak

zanmitay la posib ant Bondye avèk nou menm lèzòm. Kounye a, Kris ap plede pou nou bò kote Papa a.

Plede: prezante nesosite oubyen enterè yon moun devan yon lòt. Ede yon moun konprann yon lòt. Priye pou nesosite moun. Jezi se moun k'ap plede pou nou devan Bondye nan syèl la.

Sakrifikatè / granprèt: se moun ki la pou pale ak Bondye osijè de moun epi visevèsa.

Se sakrifikatè a ki priye mande Bondye pou moun yo. Ede Bondye avèk moun yo antre nan yon relasyon ki etwat. Granprèt la se sakrifikatè ki pi enpòtan. Nou rele Jezi granprèt la, paske li enpòtan epi li se pibon ki egziste.

Sonje ke, yon entèmedyè la pou li defann enterè tou de moun yo oubyen gwoup ke l'ap travay yo.

Bay elèv yo yon egzanp sou kòman entèmedyè a travay. Di konsa: "Imajine nou ke Adòlf te di kèk manti sou Rawoul, epi kounye a li santi li enkyete. Men Rawoul tèlman fache, li pa aksepte padon Adòlf ap mande l la. Medyatè a pale avèk tou de jennonm yo, epi eseye fè Rawoul konprann rezon ki fè Adòlf te fè sa.

Li ankouraje Rawoul padone Adòlf tou. Depi avan li te pale avèk Adòlf epi ofri li kèk lide k'ap ede li amelyore sitiyasyon an avèk Rawoul".

Pèmèt ke twa volontè reyalize yon dram sou sitiyasyon sa. Lè fini, bay kèk minit pou poze kesyon.

Pale di: "Travay entèmedyè a enpòtan anpil. Li toujou vle pou relasyon yo amelyore, pou genyen padon ak konpreyansyon youn anvè lòt, epi al final pou genyen kè poze ant tou de pati yo.

Etid bibliik nou an se sou yon moun, ki te entèmedyè ant Bondye avèk lèzòm. Kimoun nou kwè moun sa ye? (Jezi).

Nan etid bibliik nou an, nou pral dekouvri pou ki rezon ke Jezi se entèmedyè pafè ant Bondye avèk nou.

"Pa pase"

Depi avan klas la kòmanse, prepare plizyè katèl avèk papye bristol de 50 cm. x 20 cm. Ekri fraz sa yo:

- Pasaj entèdi
- Sèlman Anplwaye yo
- Pa Travèse
- Antre Entèdi
- Chemen Fèmen
- Pa Antre
- Prive

Montre timoun yo katèl yo. Poze yo kesyon: "Lè nou wè katèl sa yo, ki mesaj nou resevwa?" (Nou pa kapab pase, si nou pa anplwaye nou pa kapab antre, travèse entèdi, elatriye.) "èske nou kapab panse ak lòt katèl nou te wè? Kòman nou santi nou lè yo pa kite nou antre kote sa yo?"

Nan Ansyen Testaman se konsa moun yo te santi yo avèk Bondye. Yo pat kapab rive kote li dirèkteman oubyen nan yon fason ki senp. Pèp la te kapab rive kote Bondye sèlman atravè sakrifikatè a. Pa egzanp, si moun nan te dwe ofri yon sakrifis, li pat kapab fè li nan pwòp

lakou lakay li. Yo te dwe pote ofrann an ale nan tanp lan epi kite sakrifikatè a ofri animal la. Li te mande Bondye pou l te padone moun sa. Jodi a, sa chanje. Nan etid nou an nou pral dekouvri ke nou kapab pale avèk Bondye dirèkteman, san èd yon sakrifikatè sou latè.

ISTWA BIBLIK

Kilès yon sakrifikatè ye egzaktaman? Epi kisa ministè sakrifikatè a ye?

Bay chak timoun yon fèy papyè ak yon kreyon. Di konsa: “Kisa ki vini nan lespri nou lè nou tande mo sakrifikatè?” Pèmèt yo ekri definisyon yo. Mande pou yo rakonte sa yo te ekri yo. “Èske nou kwè ke se yon lide pozitif oubyen negatif? Èske nou konnen ki wòl yon sakrifikatè?”

Oryante timoun yo ale nan de paj liv Elèv la (leson 30). Divize klas la fè de gwoup. Eksplike ke la a genyen enfòmasyon sou sakrifikatè ak ministè sakrifikatè a.

Sa sakrifikatè a ye avèk responsablite li yo. Mande yo pou yo trase yon wonn alantou vokabilè ki nouvo oubyen konsèp ki enteresan oubyen yo pa konnen yo. Eksplike yo sa yo pa konprann yo epi eklèsi dout yo.

Ajoute: “Nan tan Ansyen Testaman, lè Bondye te konn bay pèp la ansèyman sou li menm ak fason ke yo te dwe antre nan yon relasyon avèk li, moun yo te konn santi yo limite epi yo pat gen aksè pou rive kote Seyè a dirèkteman. Entansyon se ke Bondye te vle pou yo te respekte li. Li pat vle pou yo te trete li nenpòt jan oubyen san respè. Se rezon sa ki te fè Bondye ba yo sakrifikatè pou ede moun yo apwoche kote li nan fason ki kòrèk la.

Jodi a nou pa genyen sakrifikatè, nan menm fason an nou pa gen pou nou ofri sakrifis animal. Se paske Jezi se granprèt nou an, sakrifis pafè a.

Mwen gen bezwen yon granprèt!

Divize gwoup la fè kat ekip. Mande elèv yo pou yo chèche vèsè sa yo nan Bibd yo a. Swiv enstriksyon liv Elèv la, dènye paj nan leson sa.

- Ebre 2 :14-16. Lè Jezi te mouri epi resisite, detwi pouvwa satan. Pouvwa sa fini lè nou obeye Satan epi nou peche, nou merite lapèn peche a, pinisyon ak lanmò. Men Kris te mouri epi leve vivan paske nou te mete konfyans nou nan li epi nou jwenn padon. Kounye a nou pa bezwen pè pinisyon peche ak lanmò. Atravè li menm nou resevwa padon ak lavi ki pap janm fini an.
- Ebre 2:17-18. Jezi te soufri tantasyon tout kalite. Sepandan, li pat komèt okenn peche. Se sa ki fè, li kapab montre nou kenbe tèt ak tantasyon. Li kapab ankouraje nou tou lè nou anba tantasyon epi bannou viktwa.
- Ebre 4:14-16. Kòm Jezi te eksperimante epi pote viktwa sou tantasyon, nou kapab vini devan li avèk imilite ak konfyans, pou ede nou pote viktwa.
- Ebre 5:7-10. Menm si sa parèt etranj, Jezi, Pitit Bondye a, te rive vin “pafè” atravè sa li te viv sou latè kòm moun. Se poutèt sa li kapab konprann epi ede nou

nan tout fason. Li pa ta kapab ede nou si li pat travèse eprèv sa yo. Nan fason sa ke li rive Sovè “pafè” nou an. Menm si tèks sa pa nan liv Elèv la, l’ap ede w konplete ansèyman an. Mande pou yo tout chèche:

- 1 Timote 2:5. Pasaj sa fè nou sonje ke Jezi se sèl entèmedyè ke nou genyen epi bezwen. Paske li se Bondye, li kapab ede nou konnen kreyatè a. Paske li se lòm, li konprann nou epi kapab ede nou viv pou Bondye.

Prezante: “Si w ta jwenn pou w di ak pwòp mo pa w yo ke Jezi se yon sakrifikatè pafè epi entèmedyè, kisa w t’ap di?” Kite plizyè elèv reponn (Jezi te fè tout kalite eksperyans lòm ki nesèsè pou li vin sakrifikatè nou. Li se moun, epi li se Bondye tou. Li te pase pa tout sikonstans ke nou menm tou nou pase. Li konprann Bondye, epi nou menm tou).

Mande pou yo kòmante konklizyon yo a sou chak sa yo te jwenn nan pasaj yo te li yo.

AKTIVITE YO

Memorizasyon

Reyalize yon kous “vèsè bibli” nan lakou a. separe tifi yo de ti gason yo. Mete yon limit (chèz limit). Endike timoun yo pou yo kouri vit, sa vle di byen epi nan fòm ki konpreyansif pou vèsè bibli la. Si yo twonpe, bliye oubyen sote kèk pati, li dwe kouri retounen al kanpe nan ke liy nan jiskaske lè pa l la rive ankò.

Ekip ki fini avan avèk tout patisipan li yo apiye sou “chèz limit” la se li ki genyen.

Avètisman : Pèsòn pa dwe ede kamarad li. Si yon moun fè li, yo tou de timoun yo dwe retounen al kanpe nan ke liy nan paske yo pa respekte règ jwèt la.

Pou fini

Pliske sa se dènye leson inite a, Prepare kèk prim ki senp pou w ofri timoun ki te aprann vèsè bibli la. Li kapab yon fwi oubyen bonbon (li pa oblije toujou dous). Yon kreyon, plim, imaj, elatriye.

Ou kapab òganize yon konpetisyon ki gen kesyon ak repons kòm revizyon inite a epi remèt prima k moun ki pran premye, dezyèm ak twazyèm plas. Itilize dinamik pou w fè klas ou a enteresan epi atiran pou elèv yo.

- Mete fen avèk yon lapriyè remèsiman pou Jezikris, granprèt nou an.
- Paske li te bay lavi li kòm pibon ofrann nan.
- Paske deja nou pa bezwen pote animal pou sakrifye pou peche nou yo.
- Paske Kris la ap plede pou nou devan Papa a.
- Paske li te lave tout peche nou yo atravè lanmò li.
- Paske nou kapab ale devan Papa nan lapriyè chak fwa nou vle, san nesèsite lòt sakrifikatè.
- Paske Bondye tande nou nan yon fòm ki dirèk.

Ankouraje timoun yo retounen nan klas la lè pwochen inite a ap kòmmanse, ki pral pale sou “lavi ke Jezi transfòme yo”.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite VIII

LAVI KE JEZI TRANSFÒME YO

Baz biblik: Jan 4:1-30, 39-42; Jan 9; Lik 8:26-39; Jan 3:1-18

Verite biblik: Jezi fè diferans nan lavi tout moun sa yo ki konnen li.

Vèsè inite a: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo. Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Pitit Bondye a (Jan 3:16-18).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Konprann ke yon rankont pèsònèl avèk Kris kapab pwodwi yon chanjman enpòtan nan lavi moun yo.
- Dekouvri diferans devlope yon relasyon avèk Kris bay kòm rezilta.
- Swiv egzanp Jezikris la epi make yon diferans nan mond ki antoure yo a.

Leson inite a

Leson 31: Fanm nan avèk yon pase

Leson 32: Yon nonm ki avèg depi lè li fèt

Leson 33 : Yon viktim mechanste

Leson 34 : Yon pwofesè anvi konnen

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Timoun primè yo kapab panse ke mond lan se yon kote ki tèrib. Krim, maladi, povrete ak imoralite ki pwodwi koz katastwofik. Anpil nan yo panse ke yo pap kapab fè anyen pou sa, se pou rezon sa yo santi yo fristre. Nan yon fòm rize, presyon timoun ke yo genyen kòm zanmi yo kapab pouse yo pran angajman pou yo kwè. Gen anpil nan yo k'ap santi yo wont pou kwayans yo. Men li enpòtan pou yo konnen ke genyen yon moun ki papab pwodwi yon chanjman enpòtan. Jezikris make diferans nan lavi chak moun ki reponn li pèsònèlman.

Bib la plis pase yon liv istwa enteresan. Chak moun nan kat leson yo ke timoun yo pral rankontre la te genyen yon rankont pèsònèl avèk Kris. Li te chanje fason ke yo te konsidere tèt yo. Epi yo te fè fas ak opozisyon, yo te ranpli avèk fòs entèn lè yo te rankontre avèk li.

Timoun primè nan moman sa yo bezwen genyen konfyans ki sèlman kapab twouve lè yo fè yon rankont pèsònèl avèk Kris. Priye pou ke yo chak kapab resevwa kado Bondye sa ki se lavi ki pap janm fini an, epi pou yo bay Kris lavi yo konplètman.

Bon nouvèl pou yon etyopyen

Baz biblik: Jan 4:1-30, 39-42

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konnen ke Jezi renmen tout moun epi vle pote chanjman nan lavi yo. Se pou yo kapab santi lanmou li lè yo konnen ke li konn padone tout peche.

Vèsè pou aprann: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannan lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo. Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannan. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannan, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Pitit Bondye a (Jan 3:16-18).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Fanm Samaritèn nan pat gen valè epi li te konnen sa. Se poutèt sa li te rive nan pi a vè midi. Nan lè sa pat gen okenn gwoup moun ki pou fawouche li, lonje dwèt sou li, ri li, oubyen meprize li. Kilpabilite ak solitid se te sèl konpany li nan moman sa nan jounen an, Se la, bò kote pi a li te rankontre avèk Jezi.

Asireman ke gen kèk nan timoun primè ki nan klas ou yo k'ap santi yo menm jan avèk li: sèl, pèdi, san lanmou epi san zanmi. Yo te kòmanse yon etap nan lavi yo kote ke okenn gwoup pa aksepte yo. Kounye a yo pa timoun, ni adolesan. Yo sonje gwo libète, men yo pa gen matirite pou yo fè kèk bagay, tankou kondwi machin, oubyen pran desizyon ki pi serye.

Timoun primè yo fè fas ak anpil presyon nan etap sa nan lavi yo. Nan lekòl la, pwofesè tankou direktè ap preche sou “tolerans”, men nan lakou a oubyen salòn pou manje a dinamik la byen diferan.

Se menm jan, timoun primè yo avèk sansiblite espiyèl yo kapab santi yon gwo distans ant yo menm avèk Bondye. Men leson sa ap ede yo wè ke genyen yon moun ki vle detwi baryè ki separe yo avèk Bondye yo. Moun sa se Jezi. Li kapab chanje lavi yo, si yo pèmèt li fè sa.

KÒMANTÈ BIBLIK

Sèk avèk mi yo

Èske kèk fwa ou konn panse kòman mi avèk ou wè yo ye?

Mwen wè kèk ki menm tankou dram. Pa egzanp, mwen te konnen kèk prizon avèk mi ki byen wo ak gwo sèk ki gen pikan sou yo. Yon fwa mwen te wè pati anlè sou deyò yon kay, yo menm ki te genyen anpil moso boutèy ki gen gwoès diferan.

Nan kèk moman mwen te mache alantou de ti rès ki te rete nan mi Bèlen an, epi mwen te rann mwen kont ladiferans ki te genyen ant gwo kay ke yo te wè youn ak lòt pati nan mi an (pati lès la te kraze, epi pati lwès la byen pwòp epi pentire). Mwen te wè sèk komen ki gen koulè blan, lòt avèk fè nwa, epi gen lòt ki fèt ak bwa kanpèch, ki te divize yon kay de lòt la.

Poukisa nou leve sèk avèk mi nan antouraj nou? Si nou fè deba sou tèm sa, n ap jwenn de opinyon diferan. Gen kèk k ap di: “Nou bezwen sèk avèk baryè pou nou elwaye moun ki vle detwi oubyen kraze epi vòlò byen nou yo”.

Gen lòt ki kapab agimante: “Li pa bèl pou nou mete sèk oubyen antiraj, y'ap panse ke nou pè”.

Nou kapab debat si li pibon pou mi yo fèt ak bwa oubyen brik. Men nou dwe rann nou kont ke gen lòt baryè, anpil fwa envizib, ki koze pwoblèm pami moun yo. Langaj la, espesyalman pou sa yo di ak pwòp vokabilè zòn nan, kapab fè diferans ant sa yo ki “andedan” de sa ki “deyò yo”. Konpòtman pèsone oubyen gwoup sa yo kapab kreye baryè ant moun ak moun. Diskriminasyon tou ke sa prezante (pou koulè po, peyi kote li te fèt la, ras la, nivo entelijans oubyen kilti, nivo ekonomik, elatriye.) kapab kreye baryè ki kanpe, epi anpil fwa yo konn paka franchi.

Li pa bon pou nou kache dèyè “eskiz” koze kiltirèl, ap di : “Sa se fason ke nou fè d i:oubyen tèt bagay”.

Nan sèn ke Jan 4 dekrive a, Jezi te kraze de nan baryè kiltirèl sa yo. Fanm ki te bò pi a te poze li kesyon: “Kòman fè ou menm ki se jwif, w'ap vin mande m dlo pou w bwè, epoutan mwen se yon fanm samaritèn?” (v. 9).

Fason ke Jezi te reponn li an te kraze baryè ki te egziste ant “moun chwazi yo” avèk “moun yo refize yo”, menm jan tou avèk fanm ak gason. Jezi pat kite pou règ kiltirèl yo te anpeche temwayaj verite Levanjil la. Lè nou li pasaj la avèk atansyon, nou wè ke Jezi pat janm kondane fanm nan. Li te deklare li kalite lavi li t'ap mennen an byen klè, men li pat janm mansyone mo “pechè”. Jezi te kòmanse depi kote li te ye a. Avèk konpòtman e aksyon li yo li te libere li pou ke li te kapab kòmanse yon nouvo etap nan lavi li. Li te ba li kapasite tou pou li te kapab wè ke li se yon moun ke Bondye renmen, malgre sikonstans li yo. Pou rezon sa, li te rekonèt Jezi kòm Mesi a (yon nouvo

revelasyon pou li) epi li te kapab konsidere tèt li kòm yon temwen Kris (yon fen ekstraòdinè).

Medite sou sa:

Ki sèk envizib ke timoun primè yo leve nan antouraj yo pou fè “moun ki etranj” yo rete lwen yo?

Epi poze tèt ou kesyon sa kòm antrenè: Ki règ kiltirèl oubyen prejije ki kanpe kont mwen nan chemen an pou m abòde nesesitye reyèl timoun nan klas mwen yo?

Vokabilè enpòtan yo “Lanmou san kondisyon”: Lanmou ki pa gen limitasyon ni mete kondisyon; lanmou san merit. Moun ki deside renmen san kondisyon an fè li san li pa gade sou sa lòt moun nan ye, kòman li ye oubyen sa li te fè. Lanmou san kondisyon an pa fini menm si li pa koresponn pou lòt moun nan. Sa se kalite lanmou ke Bondye genyen pou nou.

DEVLOPMAN LESON AN

Jou ki plis enpòtan an

Remèt premye fèy aktivite ki nan liv Elèv la, leson 31. W’ap bezwen kreyon oubyen plim pou ke elèv ou yo ekri oubyen desine sa ki te pase nan jou ki plis enpòtan nan lavi yo a.

Eksprime: “Menm jan ke nou menm nou te genyen yon jou byen enpòtan nan lavi nou, te genyen yon fanm ki te wè yon jou espesyal tou. Jodi a nou pral aprann sou lavi fanm sa ki te viv nan tan bibliki yo. Nou pral wè sa ki te pase nan jou ki te plis enpòtan nan lavi li a”.

ISTWA BIBLIK

Jezi avèk fanm nan (dramatizasyon)

Fè kopi dramatizasyon sa depi avan klas la kòmmanse.

Nan klas la, separe bay plizyè timoun wòl tankou: rakontè, fanm samaritèn nan avèk Jezi. Bay tan pou yo chak li sesyon pa yo a.

Après sa, mande yo pou yo li oubyen reprezante dramatizasyon an.

Rakontè. “Istwa sa te pase nan peyi Izrayèl depi lontan. Jezi avèk disip li yo te fè yon diskisyon avèk lidè relijye jwif yo, konsidere kòm farizyen. Apre sa Jezi te deside mennen disip li yo depi nan Sid peyi Jide pou rive nan Nò peyi Galile. Li te chwazi pase nan peyi Samari, men depi avan sa, jwif yo pat byen avèk samariten yo, se te yon chemen ke jwif pat janm konn itilize. Lè yo te rive nan lavil Sika, Jezi te chita bò kote pi Jakòb la pou li repoze. Li te vè midi konsa. Apre yon ti tan, yon fanm samaritèn te vin chèche dlo”.

Jezi. –Bonjou, èske w kapab fè m kado yon ti gout dlo?

Fanm samaritèn nan. –Kòman fè ou menm ki

se jwif, w’ap vin mande m dlo pou w bwè mwen menm ki se yon fanm samaritèn? Ou konnen byen ke jwif yo pa byen avèk samariten yo.

Jezi. –Ou pa konnen kilès mwen ye. Si w te konnen, se ou menm ki ta mande m dlo, epi mwen ta ba ou dlo vivan.

Fanm samaritèn nan. –Ou pa gen bagay pou w pran li, ou pa genyen menm yon bokit epi pi a fon anpil.

Ki kote w’ap jwenn dlo vivan an? Se papa nou Jakòb ki te bannou pi sa. Èske w genyen pibon dlo pase sa?

Jezi. –Nenpòt moun ki bwè dlo sa ap tounen swaf ankò; men moun ki bwè dlo ke m’ap ba li a pap janm swaf ankò. Dlo pa m nan se dlo lavi ki pap janm fini an.

Fanm samaritèn nan. –Mesye, banm ti gout nan dlo sa, pou m pa swaf epi vini jous la pou m vin pran li.

Jezi. –Ale, chèche mari w pou m ka pale avèk li.

Fanm samaritèn nan. –Mwen pa genyen mari non.

Jezi. –Ou byen di wi, paske ou te pase senk mari déjà epi sa w genyen kounye a se pa pou ou li ye.

Fanm samaritèn nan. –Mesye, kòman w fè konnen tout bagay sa? Sanble w se pwofèt. Mwen genyen yon kesyon pou m poze w: paran nou yo te konn adore sou mòn sa, men nou menm jwif yo nou di ke se Jerizalèm lye kote moun dwe adore a ye. Kimoun ki nan verite a?

Jezi. –Madanm, se pa kote a ki enpòtan pou nou adore. Sa ki enpòtan se pou w adore Bondye avèk tout kè w.

Lè dramatizasyon an fini, mande pou kèk volontè li pasaj sa yo ke n ap jwenn nan liv Elèv la, pou dekouvri kòman istwa sa te fini: Jan 4 :25-30, 39-42.

Après sa, mande yo pou yo reponn kesyon ki parèt la yo:

1. Fanm samariten an te genyen anpil bagay ki te anpeche li. Kisa yo te ye? (Li te soti nan peyi Samari, li te fanm, li te yon pechè).
2. Pou ki rezon nou kwè ke Jezi te pale avèk li ? (Jezi te renmen tout moun san kondisyon, san gade ki kalite moun moun nan ye, kòman li te ye, oubyen sa li te fè).
3. Disip yo t’al nan bouk la pou achte bagay pou yo manje. Kisa yo ta fè si yo te rive pi bonè epi jwenn Jezi ap pale ak fanm nan? (Petèt yo ta kapab sezi, fache sou fanm nan, poze Jezi kesyon).
4. Ki gwo chanjman Jezi te pote nan lavi fanm nan? (Jezi te pale avèk li sou lanmou Bondye. Menm si Bib la pa rakonte nou chanjman ke li te eksperimante yo, nou kapab asire nou ke

chanjman nan lavi li a te gwo anpil. Li te fini ap bay lòt moun temwayaj sou Jezi epi li te fè sa avèk anpil kè kontan).

AKTIVITE YO

Kisa w ta fè?

Mande timoun yo pou yo panse ak sitiyasyon sa yo epi apre sa pou yo eksplike kisa yo ta fè nan chak ka sa yo. Ou kapab divize klas la fè kat gwoup. Soti de foto pou chak sitiyasyon (youn pou ou epi lòt la pou moun k'ap panse sou li a).

Sitiyasyon 1: Ou antre nan salon manje lekòl la. Kamarad klas ou a, Mari te chita bò yon tab. Li chita poukont li. Ou te pran nouvel ke gran li malab byen grav. Bò lòt tab la genyen gwoup ti medam ke w vle vin zanmi yo a. Avèk kilès nan yo ou t'ap chita?

Sitiyasyon 2: Ou te fè yon gwo diskisyon avèk zanmi w lan Pòl. Li te mande w padon, men ou kontinye avèk ofans lan. Jodi a apre klas li te rive lakay ou a pou li jwe nan òdinatè a avèk ou, Kisa w t'ap fè ?

Sitiyasyon 3: Youn nan ti medam ki nan lekòl ou yo fè kouri yon rimè kont ou. Kounye a pèsòn pa pale avèk li, sa vle di ke tout rès yo fache avèk li. Yon jou, ou wè l k'ap mache poukont li pou l ale lakay li. Ni ou menm ou pa byen avèk li, men ou kòmanse ap poze tèt ou kesyon sou kisa Jezi vle pou w fè osijè de sa.

Sitiyasyon 4: Plizyè moun ki soti nan lòt kilti vin rete nan katye w'ap viv la. Gen anpil nan timoun sa yo nan klas ou a. Yo diferan de zanmi w yo. Se pa tout ki pale lang lan byen. Timoun ki plis "popilè" nan klas ou yo pase lwen yo. Kisa w t'ap fè?

Mete fen pandan w'ap priye pou timoun ki nan klas ou yo. Mande Seyè a pou li ede yo vin janti avèk lòt moun, san gade sou kilti oubyen koulè po ke yo genyen, oubyen lang ke yo pale, elatriye.

Bondye genyen pouvwa pou li bay nou tout yon kè damou anvè pwochen nou.

Jezi renmen tout moun

W'ap bezwen yon ti boul. Fè elèv ou yo al li Jan 3:16-18. Mande yo pou yo kanpe sou fòm yon sèk. Remèt boul la (li menm k'ap reprezante mond lan).

Premye moun ou bay boul la dwe site yon kalite moun ke Bondye renmen (pa egzanp: yon dwogè). Apre sa, timoun sa gen pou pase boul la bay lòt ki bò kote l la. Timoun ki resevwa boul la dwe repete sa timoun ki te vini avan an te di a epi ajoute lòt kategori anplis (pa egzanp: yon mantè). Epi se konsa pou li kontinye jiskaske boul la rive jwenn premye elèv la. Yo kapab kontinye fè boul la mache jiskaske pa gen plis lide ki monte nan lespri yo.

Di konsa: "Mesaj bibliik sa se ke Bondye renmen tout moun menm jan, ni ou menm avèk mwen tou. Sa pa vle di ke li dakò avèk aksyon oubyen atitid peche yo. Li pa janm sispann renmen nou epi li pa janm sispann chèche nou. Jezi vle pou tout moun vin jwenn li".

Memorizasyon

Ekri plizyè kat avèk vèsè bibliik pou aprann nan: Kòm li long anpil, l'ap difisil pou kèk timoun rive fè li. Men si w ekri li separeman nan plizyè kat, lè inite a fini, timoun yo ap konnen l de memwa. Inite sa genyen kat leson ladan li. N'ap repete menm aktivite memorizasyon an nan chak leson.

Ekri nan 11 kat, epi nan chak fraz ki separe avèk trè:

Klas #1: Paske, Bondye sitèlman renmen

Lèzòm / li bay sèl Pitit li a pou yo / Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo /

Klas #2 : Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an / Bondye pa voye Pitit li a sou latè / pou kondannen lèzòm/

Klas #3: men pito pou l' te kapab delivre yo / Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen / Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen /

Klas #4: paske yo pa t' gen konfyans / nan sèl Pitit Bondye a" (Jan 3:16-18).

- Fè yon sèk epi pase yon boul oubyen yon sakit ki plen ak ti grenn nan men chak timoun, pandan y ap repete sesyon vèsè yo.
- Mache nan lakou a epi chante make pa ak yon rap ipòp.
- Òganize konpetisyon ant ti gason avèk ti fi.
- Melanje sesyon yo pou ranje yo tankou si se te yon devinèt.
- Ekri mo yo nan tablo a epi efase yo pandan y'ap aprann vèsè a.

Pou fini

Mande elèv yo pou yo fè kòmantè sou dènye paj aktivite leson sa, nan liv Elèv la. Mande yo pou yo obsève diferans ki genyen ant tout moun ki nan desen yo. Bay chans pou yo kòmante li devan klas la. Fè timoun ou yo sonje ke Bondye renmen tout moun, san gade nan ki ras li soti, pozisyon sosyal li oubyen peche yo te komèt nan tan pase yo.

Mete fen pandan w ap priye pou elèv ou yo pou ke yo kapab vin janti epi gen pasyans anvè tout moun lòt kilti ak tout moun ki diferan de yo menm.

Di konsa: "Nou tout se kreyati Bondye epi li renmen nou tout menm jan. Jezi te renmen yon fanm samaritèn epi pechè. Li kite pibon egzanp lan pou nou swiv, se poutèt sa nou dwe imite li".

Yon nonm ki avèg depi lè li fèt

Baz bibliik: Jan 9

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo konprann siyifikasyon “avègman espiyityèl” ye, epi yo dwe konnen ke avègman espiyityèl la pi serye pase pa fizik la.

Vèsè pou aprann: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannan lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo. Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannan. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannan, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Pitit Bondye a (Jan 3:16-18).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

N'ap viv nan yon mond ki ranpli ak fènwa. Lòm, san espwa lage ap kouri tout kote al chèche repons, kè poze ak trankilite. Liv èd pèsònèl, byen materyèl, edikasyon, dwòg, relijyon, divèsyon, sa yo se kèk bagay lòm ap kouri dèyè pou yo eseye genyen yon lavi ki plen ak felisite.

Jounen jodi a gen anpil ki konfonn “avègman espiyityèl” avèk asepsasyon e tolerans. Yo anseye timoun primè yo pou yo vin toleran, men se pa nan sans pou yo respekte dwa ak opinyon lòt moun, men pito se aksepte ke nenpòt kwayans se yon bon bagay epi kòrèk. Pa genyen verite enkonidisyonèl. Tout bagay relatif: sa ki “byen pou lòt yo”, li “byen pou mwen”.

Leson sa montre ke Jezi se vrè limyè a nan yon mond ki nan fènwa.

Timoun primè yo ap deside nan kimoun oubyen kisa yo pral kwè. Li nesèsè pou yo konnen ke, si yo pèmèt li, Jezi ap eklere lavi yo epi ouvè je yo avèk verite a.

KÒMANTÈ BIBLIK

Li te rive nan fèt resepsyon an avèk bèl machin dore li, avèk cheve li byen penyen, epi vètman li byen detire avèk anpil atansyon. Nan moman kote ke li te antre nan salon an, tout je te vire gade li. Tout moun t'ap poze kesyon: “Kilès bèl fanm sa a”? Malgre dout yo te genyen yo, yo te dwe admèt li: wi, se youn nan sèvant yo, se te lavandyèz la. Moun sa yo ki te konn inyore oubyen maltre li, kounye a yo te dwe rekonèt majeste li.

Se nan menm fason sa a, lè li te retounen lakay li, tout je te fikse sou li. Li te mache san sipò. Vwazen li

yo, ki te rekonèt li kòm “pòv avèg la”, yo te apwoche pou yo wè li. Yon rimè te eklate nan mitan moun yo: No, se pa vre...li te avèg depi li fèt...men...wi, wi, li sanble avèk li...èske se li menm?”

Nonm ki te avèg la te pran lapawòl menm kote a epi deklare ke se te li menm. Vwazen li yo te vle konnen epi mande pou rekonèt moun ki te geri li a.

Nan Ansyen Testaman, moun yo te toujou kwè ke maladi yo te vini akòz de peche moun yo te konn komèt. “Pa gen soufrans si pat gen peche”, se sa kèk sakrifikatè te konn di.

Anpil moun te kwè ke peche paran yo te konn make pitit yo. Lòt moun te kwè ke timoun yo te kapab komèt peche depi avan yo te fèt. Nan fason sa, yon gerizon mirak jan sa te pase avèk avègman, li te genyen enplikasyon li fizik tankou espiyityèl.

Jezi te refize prejije nan epòk li yo. Anplis de sa, geri yon moun avèg se te yon mirak ki te plis komen. Ezayi te deja fè konnen ke sa se ta youn nan plizyè siyal Mesi a.

San konnen kilès Mesi a te ye egzakteman, nonm nan te bay foul moun yo temwayaj sou gerizon li, labou, basen an, ak fason li te resevwa vizyon an. Fas avèk sipriz epi rega mefyan, nonm nan te rete atache avèk istwa li.

Se Jezi ki te geri li!

Yo mennen li devan farizyen yo pou lòt seri kesyon, sa ki bay nesans ak yon deba teyolojik. Moun sa yo te fòmalis, epi yo te genyen yon li “ou pa dwe” byen long pou jou repo a. Yo te konsidere brase yon ti labou ak geri kòm yon travay, epi sa te entèdi.

Men pwoblèm reyèl farizyen yo te gen pou wè avèk prejije epi jalouzi yo anvè Jezi. Yo pat rive reyalize anpil sekirite pou konvenk yo de ke Jezi te bon, oubyen li pat enteresan pou mirak te reyalize nan jou repo a. Yo te deside rete “avèg” fas ak verite a.

Se konsa ke yo te poze paran nonm ki te avèg la kesyon. Moun sa yo te afime idantite pitit yo a, yo te asire byen klè ke gen yon mirak ki te fèt.

Men, akòz de krent pou sa ke farizyen yo ta kapab fè yo, yo te deside pa pale de lafwa yo.

Kisa pitit yo a te fè pandan moman sa? Menm si farizyen yo te poze li kesyon, yo te fawouche li, epi yo te mete l deyò, nonm nan te rete fidèl ak istwa li a avèk Jezi. Vèsè 27 la di ke li te déjà konsidere tèt li kòm yon disip Jezi. Lafwa li te kontinye grandi.

Aprè sa, Jezi te parèt ankò. Fwa sa a, li te vin geri nanm nonm sa ki te vin wè a, epi dirije li vè wayòm Bondye a. Nan tou de opòtinite yo, nonm nan te aksepte avk pwòp volonte li pou ke Jezi te travay nan lavi li jiskaske lavi li te vin konvèti annadorasyon (v.38).

Pouvwa transfòmasyon Kris la kapab ede nou vin nouvo kreyati, pote limyè nan lavi fènwa nou an. Men menm jan ak sa ki te pase nonm avèg la ak farizyen

yo, nou chak genyen opsyon pou nou chwazi. Nou pa kapab evite pou nou “avèg de nesans” fizikman. Men wi, nou kapab refize “chwazi vin avèg”.

Pou refleksyon pèsònèl ou, antrenè:

Ki diferans ou fè ant lavi geri ke ou genyen kounye a avèk sa w te genyen avan w te konnen Jezi a?

Èske w te pèmèt ke Kris deplase tout “pwèn avèg” nan lavi w, oubyen menm kounye a genyen zòn ki kontinye rete “avègman chwazi”?

Kilès nan elèv ou yo ki vle wè sa Kris kapab fè nan lavi w?

DEVLOPMAN LESON AN

Kòman lavi w ta ye...si w pa ta kapab wè?

Remèt timoun primè yo premye fèy aktivite ki nan liv Elèv la, leson 32.

Ankouraje yo imajine ak panse kòman lavi yo ta ye si yo pa ta kapab wè. Di yo pou yo panse tou ak kòman sa ta ye si yo pa ta kapab abiye, manje, soti al pwomennen, ale lekòl, oubyen jwe espò nou plis renmen an paske nou avèg. Kisa nou ta fè nan yon sitiyasyon konsa? Kòman sa ta afekte lavi nou?

Ou kapab mande yo pou yo pase yon moman ap mache, ekri, oubyen reyalize kèk lòt aksyon avèk je yo fèmen.

Di konsa: “Avègman se yon bagay ki serye. Nou repoze sou kapasite nou pou nou kapab wè pou nou fè tout sa n’ap fè, depi nan abiye jous nan kondwi yon bisiklèt oubyen li yon liv. Moun ki avèg yo aprann degaje yo nan lavi, men se pa yon bagay ki fasil.

Istwa biblik nou an jodi a pale sou yon nonm ki te fèt tou avèg. Nou pral wè tou kòman Jezi te rele kèk moun ki pat avèg fizikman “avèg”. Kisa nou kwè ke Seyè a te vle di lè l te rele yo konsa?

ISTWA BIBLIK

Jounalis dominikal la

Oryante timoun yo nan aktivite ki nan liv Elèv la. Bay tan pou yo li pasaj Jan 9:1-12.

Poze kesyon: “Kòman w t’ap santi w si tout moun ta panse ke se paske paran w yo te komèt peche se sak fè w avèg, oubyen ou avèg paske w te dezobeyi Bondye avan ke w te fèt?” Kite timoun yo reponn (pa site non kèk moun ki gen kèk pwoblèm fizik). Mande timoun yo pou yo ekri repons yo a nan fèy aktivite leson sa.

Aprè sa, li Jan 9:13-34 ansanm. Eksplike yo ke farizyen yo yo te eseye obsève lalwa Moyiz la avèk pèfeksyon. Se poutèt sa yo te kreye anpil règ pou moun yo pat vyole lalwa Moyiz yo. Pa egzanp: katrityèm kòmandman di konsa: “Toujou chonje jou repo a pou nou mete l apa pou mwen”. Moyiz te di pèp li a ke nan jou repo a yo pat dwe travay. Farizyen yo te ekri anpil règ, nan dekrive kalite aktivite ki te gen pou wè ak travay ak sa ki te kapab fèt. Pou farizyen yo, fè yon melanj ant krache avèk labou se te yon travay. Geri yon moun te ladan l

tou. Se poutèt sa, dapre yo menm, Jezi pat respekte jou repo a epi, pa konsekan, li te yon move moun.

Mande timoun yo pou yo ekri sa ki pase nan pasaj sa avèk pwòp pawòl yo.

Finalman li Jan 9 :35-41 ansanm.

Eksplike yo ke pwoblèm reyèl farizyen yo se ke yo te plis renmen règ yo plis pase Bondye. Yo te plis enkyete yo pou yo te akonpli ti règ yo a pase pou yo te aplike gwo kòmandman Bondye te bay la ki se renmen frè parèy ou menm jan ak pwòp tèt ou.

Yo pat kapab aksepte ke yo te nan erè.

Yo te “avèg” fas ak verite a. Epi olye yo te mete konfyans yo nan Jezi, yo te deside rayi li epi fè jalouzi lè yo te vin dekouvri ki kalite moun li te ye.

- De kisa Jezi te geri nonm avèg la? (li te geri je li pou li te kapab wè. Men apre yon titan, li te geri je espiyèl li, pandan li t’ap ede li konprann ke se Bondye ki te voye l vin sove li).
- Poukisa farizyen yo pat kwè nan gerizon ke Jezi te reyalize a? (Yo te refize kwè ke li te Ptit Bondye a epi ki te kapab fè mirak yo. Yo te avèg pou yo te wè verite a sou Jezi).
- Kimoun ki te vrèman avèg nan istwa sa? (Nonm nan te avèg fizikman, men li te mete konfyans li nan Jezi. Farizyen yo te rete avèg paske yo te refize mete konfyans yo nan Kris la). Mete fen pandan w’ap poze kesyon:
- Pou ki rezon li enpòtan pou nou kapab “wè” espiyèlman? (Nou dwe konnen verite sou Jezikris la, nou dwe mete konfyans nou nan li pou nou kapab devlope yon relasyon avèk Bondye).
- Kisa nou kapab fè si nou “avèg espiyèlman”? (Mande Jezi pou li ede nou konnen li, pou nou kwè nan verite a, epi renmen li).

AKTIVITE YO

Kisa ki pi mal?

Divize tablo a fè de epi ekri de mo sa yo ki nan twazyèm aktivite a (leson 32) ki nan liv Elèv la. Ekri youn sou bò goch ak lòt sou bò dwat tablo a, pou ke elèv ou yo li yo, panse epi fè dyalòg:

1. Kisa nou kwè ki pi mal, avègman fizik oubyen espiyèl? (Pèmèt ke elèv yo reponn). Ki avantaj tou de avègman yo genyen? (Ekri sa yo di yo anba chak kesyon).
2. De kilès nan yo de a Jezi te geri nonm nan nan istwa a? (Pèmèt elèv yo reponn). Kisa nonm nan te fè pou ke Jezi te geri li? (Pèmèt ke elèv yo reponn. Pale de lafwa nonm nan. Nonm nan te kwè ke Jezi te kapab geri avègman fizik li a epi li te kwè tou ke Jezi se Pitit Bondye, atravè li menm li te jwenn gerizon espiyèl li).

Lòt karakteristik pou aktivite sa ta kapab ou menm ki pou ekri kesyon sa yo nan kat papye. Divize klas la fè kat gwoup, distribye kesyon yo epi mande pou timoun primè yo ekri opinyon yo.

Aprè sa yo pral rasanble yo tout ansanm epi chak gwoup ap rakonte rès klas la sa yo te panse sou chak kesyon.

Memorizasyon

Kontinye repete sesyon vèsè ki te bay nan klas pase a epi ajoute pòsyon ki nan leson jodi a. Ba yo endike kote w kapab separe fraz yo pou w ekri yo nan plizyè kat diferan, epi konsa, w'ap rann etid la plis enteresan; olye pou yo se fraz ki byen long.

Premye klas la: Paske, Bondye sitèlman renmen

Lèzòm / li bay sèl Pitit li a pou yo / Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo /

Dezyèm klas la: Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an / Bondye pa voye Pitit li a sou latè / pou kondannen lèzòm /

Twazyèm klas la: men pito pou l' te kapab delivre yo / Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen / Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen /

Katriyèm klas la: paske yo pa t' gen konfyans / nan sèl Pitit Bondye a" (Jan 3:16-18).

- a. Fè yon sèk epi pase yon boul oubyen yon sakit ki plen ak ti grenn nan men chak timoun, pandan y ap repete sesyon vèsè yo.
- b. Mache nan lakou a epi chante make pa ak yon rap ipòp.

c. Òganize konpetisyon ant ti gason avèk ti fi.

d. Melanje sesyon yo pou ranje yo tankou si se te yon devinèt.

e. Ekri mo yo nan tablo a epi efase yo pandan y'ap aprann vèsè a.

Pou aprann vèsè bibliik la, pote yon ti boul nan klas la ki pa lou, ki fèt avèk ti grenn oubyen sab ki byen lejè. Pratike vèsè pou aprann nan plizyè fwa.

Pou fini

Li enpòtan pou chak timoun primè konprann siyifikasyon ak enpòtans avègman espirituel la genyen. Se pou yo konnen ke nou tout nou se "avèg espirituelman" de nesans, epi jou ke nou te konnen, kwè epi aksepte Jezi nan lavi nou, nou te resevwa gerizon epi nou te kapab kòmanse wè.

Ede yo konprann tou ijans ki genyen pou yo kapab ede tout moun ki nan antouraj yo ki "avèg espirituelman", paske yo pa konnen Jezi, pou yo kapab resevwa vizyon espirituel. Mande yo pou yo priye pou moun sa yo, mande Bondye pou yo chak, epi se pou yo kwè ke tout moun ki mete konfyans yo nan Jezi resevwa gerizon pou avègman espirituel yo a.

Mete fen pandan n'ap chante yon kè oubyen yon kantik ki sanble ak tèm nan epi pou yo dekouvri vokabilè kle dènye aktivite leson sa.

Leson 33

Yon viktim mechanste

Baz bibliik: Lik 8:26-39

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke pouvwa Jezi a pi gwo pase nenpòt kalite mechanste, epi yo kapab konte sou li lè y ap fè fas ak peche avèk mal.

Vèsè pou aprann: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo. Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Pitit Bondye a (Jan 3:16-18).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo ap viv nan yon mond ki nye pouvwa Bondye jeneralman, e menm egzistans li; anplis de sa ki glorifye pouvwa lemal.

Nou gen tout rezon nou pou nou enkyete nou sou enfliyans mal ki nan lavi elèv nou yo.

Menm si timoun yo ap pran matirite, pifò nan timoun primè yo pa wè konsekans peche ak mal la. Kiryozite li kòm jèn ki melanje avèk presyon zanmi yo, kapab enfliyans li fè eksperyans ak nouvo sansasyon. Timoun yo bezwen paran kretyen, antrenè ak modèl ki pou ede yo rekonèt danje ki antoure yo.

Yon lòt kote, yo pa bezwen viv avèk krent. Pouvwa Jezi a pi fò pase nenpòt kalite mal. Satan avèk demon li yo te detwi paske Jezi te mouri sou kwa. Menm si lènmi an travay di pou twonpe ak fè mal, Bondye bannou gras li avèk pouvwa pou nou venk li.

Sekrè pou detwi peche a avèk mechanste a se relasyon kretyen an avèk Seyè a. Sa fè tout diferans

lan ant reyisit ak echèk espiyèl. Anmezi li rete pi pre Kris, li vin pifò toujou. Ankouraje timoun primè yo ranfòse relasyon pèsonèl yo avèk Seyè a pou ke yo kapab venk lemal.

Refleksyon pèsonèl pou ou:

1. Ki kalite mechanste ou obsève ki enfliyanse elèv ou yo?
2. Kòman w kapab priye pou yo semèn sa?
3. Ki zam ou itilize pou w venk mechanste nan lavi w?

KÒMANTÈ BIBLIK

Istwa panik yo se bagay ki enpresyonan nan kilti nou an. Anpil moun rejwi epi santi yo kontan lè yo tande kont ki fè kè yo sote.

Nan rejyon moun lòt nasyon jerazyen yo, li pwobab pou te genyen anpil kont ki bay panik, ki te konn fè moun yo tranble oubyen ki te konn fè moun yo gade sou zèpòl yo, oubyen ki te evite pase nan kwen lari ki fènwa. Tou pre a, te genyen yon nonm ki te genyen plizyè demon sou li. Rejyon jerazyen yo te toupren lanmè Galile a. Te genyen 10 vil grèk endepandan nan zòn sa, ki te pote non Dekapolis. Youn nan vil enpòtan yo se te Gadara; nonm ki te gen demon an t'ap viv nan alantou yo. Kondisyon nonm nan se youn nan imaj ki plis chèlbè nan sa ke Satan avèk mal la pwomèt ak ofri.

- Peche a pwomèt libète, men nonm nan t'ap viv anba chèn.
- Peche a di: “Se ou k'ap dirije, ou genyen yolàn, se oumenm k'ap kondwi”, men moun ki gen demon andedan yo pa genyen okenn pouvwa, menm pou li pwoteje pwòp tèt li.
- Peche a pwomèt: “Ou se youn anplis nan gwoup la”, men nonm nan istwa a te viv poukont li, nan “dezè yo”, (Lik 8:29).
- Peche a di: “Ou se sant atansyon epi ou pral pran plezi w”, men lejyon yo te konn viv nan simetyèl, kote mò yo rete.
- Peche a di: “Ou enpòtan”, men non ke li te bay nonm ki te gen demon an te deja bliye. Li te tèlman domine pa demon yo, tout moun te konnen li sou non “lejyon”.

Lè Jezi te pale avèk nonm ki te gen move lespri yo sou li a, move lespri yo te reponn: “Kisa nou gen avè w, kite nou trankil non?”. Nan yon sans iwonik, demon yo t'ap mande favè Bondye. Yo konnen ke pouvwa Bondye a pi gwo pase pa Satan an.

Men, poukisa Jezi pat detwi ni fèmen demon

yo? Nan lòt mo, pou ki rezon Bondye te kite mal la kontinye? Repons lan se, jiskaprezan lè a poko rive (8:29), pou destriksyon malen an. Jou a gen pou rive, men annatandan, Bondye ap travay pou li detwi mechanste ki nan lavi nou yo, jiskaske li jije ak detwi li finalman.

Moun yo te “pè” epi yo te mande Jezi pou l te ale (v.34). Malgre yo te sipòte lapèrèz fas ak move lespri ke nonm nan te gen sou li yo, yo pat kapab familiarize yo avèk krent sinatirèl ke pouvwa Bondye t'ap pwodwi a.

Nan pifò nan ka yo, Jezi te di moun li te geri yo pou yo pat rakonte anyen sou mirak li te fè yo. Men nan okazyon sa, li te ankouraje nonm nan ale lakay li, epi rakonte sa ki te pase li.

Gen plizyè rezon pou sa.

Premyeman. Sa ta elaji ministè Jezi nan mitan moun lòt nasyon yo.

Dezyèmman. Pliske moun lòt nasyon yo t'ap tann Mesi a tou, yo pat eseye fòse Jezi pran yon responsablite politik menm jan jwif yo t'ap fè l la.

Finalman. Chanjman ekstraòdinè nan lavi nonm nan, ta yon demonstrasyon pozitif de ke genyen yon mirak ki te pwodwi. Mak 5 :20 di ke nonm nan te bay nouvèl la nan tout rejyon Dekapolis la.

Nou dwe pè mechanste a ase pou nou rete byen lwen li. Men nou dwe sonje tou ke pouvwa Jezi a pi gwo pase pouvwa fènwa a. Seyè a genyen pouvwa ak otorite pou chanje lavi nou, epi bale tout sa ki ansyen epi pote sa ki nouvo. Nan ki pouvwa tout lavi w baze ?

DEVLOPMAN LESON AN

Kisa mal la ye?

Kisa nou vle di lè yon bagay mal?

Remèt elèv yo fèy aktivite leson 33, ki nan liv Elèv la. Mande yo pou yo reponn. Di konsa : “Mond nou an ranpli ak mechanste epi enfliyan mal. Anpil fwa nou pa kapab deside si yon bagay mal. Antoure tout bagay ou kwè ke se yon bagay ki mal”.

Lè yo fini, poze kesyon: Poukisa nou kwè ke sa mal? Poukisa nou te chwazi sa? Di konsa: Mal la pwisan epi li fè moun pè. Nou pa kapab kontwole l. Men nou pa bezwen viv avèk lapèrèz. Nou pral wè rezon an jodi a.

Pòm pouri!

Depi avnan klas kòmanse, chèche yon pòm oubyen lòt fwi ki bèl epi byen klere nan yon bò, epi genyen lòt bò a pouri. Ou dwe kache oubyen kouvri pati fwi ki pa bon an avèk men w.

Montre timoun yo bèl fwi ke w te pote nan klas la (kouvri pati ki lèd la) epi poze kesyon:

- Èske sa se yon bèl fwi epi ki dous?
- Kisa ki fè nou panse ke se yon fwi ki bèl epi dous ?

Après sa vire fwi a pou ke timoun yo wè bò ki pouri a. Poze kesyon :

- Èske se yon bon fwi?
- Kòman nou fè konnen ke fwi sa nan move kondisyon, pouri?

Di konsa: peche avèk mechanste a se tankou yon fwi ki pouri. Nan kòmansman nou pap wè pati ki pouri a yo. Anpil fwa, pati ki pouri a konn andedan fwi a, epi nou pap rann nou kont jiskaske nou ba li premye kout dan epi...se pa ti lèd!, nou genyen yon moso fwi nwa nan bouch nou, lèd epi nan move kondisyon. Kisa k'ap pase si nou pa koupe bò ki pouri a, (sa ki mal la ap fin gate rès fwi a). Si nou genyen yon panye fwi, kisa k'ap pase si nou kite fwi ki pa bon an touche rès fwi ki bon yo? (tout rès fwi yo ap vin pouri tou).

Jodi a nou pral wè kòman mechanste te afekte yon nonm epi mete li anba chenn jiskaske yon moun ki gen anpil pouvwa (Jezi), te rive pou libere li.

ISTWA BIBLIK

Enkwayab men se verite! Kochon fou yo

Pandan w ap kòmanse avèk istwa a, montre elèv yo ki kote nan Bib la istwa sa te kòmanse. Mande elèv yo pou yo li istwa a nan liv Elèv la, leson 33.

Remèt pòsyon Tit ak lejyon an. Rès elèv yo ap reprezante piblik ki pral asiste repòtaj yo. Si w vle ou kapab prepare yon makijaj pou lejyon epi yon lòt pou Tit.

Après dram nan fini, diskite sou kesyon sa yo:

1. Kòman mal la te afekte nonm ki te pote non lejyon an? (mal la te kangrennen li, li te pèdi kontwòl li totalman, li t'ap viv poukont li, li te yon danje pou tèt li ak lòt moun. Li posib pou li te genyen tout bagay, men se pa sa ke Bondye te vle pou li).
2. Kisa ki te plis pwisan pase lejyon an ? (Jezi)
3. Dekrive kòman lavi nonm nan te chanje, apre rankont li a avèk Jezi (ede timoun yo panse ak tout bagay pozitif ke nonm nan te reyalize:
 - a. Relasyon avèk Bondye, kè poze, aji ak pwòp volonte li, libète kont lemal.
 - b. Yon kay, rad pwòp ak manje, yon travay, elatriye.

- c. Familyarize li avèk lòt moun
- d. Genyen yon fanmi ki te renmen li epi ki pat pè li ankò.
- e. Zanmi, fè pati kominote a

Mande pou yon timoun li Mak 5 :18-20. Eksplike ke Dekapolis se yon vil ki te chaje ak moun lòt nasyon ki pat konnen vrè Bondye a byen. Ki efè koze nonm ki te geri sa te fè nan vil la pandan li t ap bay temwayaj sou pouvwa Jezi a?

Gwo verite ke Pawòl Bondye a kite pou nou se sa: “Jezi genyen pouvwa sou nenpòt kalite mal”.

Tablo: “Kochon fou yo”

Fè desen yon gwo kochon nan yon fèy papye bristol, mande pou timoun yo desine li avèk kreyon koulè. Yo kapab pentire oubyen bay koulè labou nan alantou pye bèt la. Après sa, fè yo desine oubyen rekoupe jounal ak magazin plizyè bagay ki mal pou nenpòt moun. Si yo pa genyen emaj, yo kapab ekri mo tankou vòlò, bay manti, elatriye. Mande yo pou yo kòmante sou foto oubyen imaj ke yo mete nan antouraj kochon an (pousou).

AKTIVITE YO

Bay tan pou yo reyalize mo ki kwaze yo nan liv Elèv la (leson 33).

Venk lemal (Mo kwaze)

1. (Sòm 34:14. Sispann)
2. (Lik 8:30. Lejyon)
5. (Lik 8:32. Kochon)
7. (1 Tesalonisyen 5:22. Egzante)
8. (Lik 8:29. Jezi)
3. (Women 12:21. Byen)
4. (3 Jan 1:11. Fè tankou moun)
5. (1 Jan 5:5. Kwè)
6. (Lik 8:38. Move lespri)
9. (Jan 16:33. Pèdi).

Lè egzèsis mo kwaze yo fini, distribye repons 1, 3, 4, 5, 7 ak 8 bay elèv yo oubyen gwoup yo. Mande timoun yo pou yo kòmante ansanm, après sa, yo dwe rankonte klas la. Ede yo panse sou bagay ki mal yo pral fè fas pandan semèn nan. Ankouraje yo sonje sa yo te aprann nan klas la, epi lè y'ap fè fas ak lemal, se pou yo priye epi mande Seyè a pou li ede ak pwoteje yo. L'ap ba yo fòs pou yo pote viktwa sou “mal la, avèk byen”.

Memorizasyon

Kontinye repete sesyon vèsè ki te bay nan klas pase a epi ajoute pòsyon leson sa. Ba yo (/) endike kote w kapab separe fraz yo pou w ekri yo nan plizyè kat diferan, epi konsa, w'ap rann etid la plis enteresan; olye pou yo se fraz ki byen long.

Premye klas la: Paske, Bondye sitèlman renmen Lèzòm / li bay sèl Pitit li a pou yo / Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo /

Dezyèm klas la: Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an / Bondye pa voye Pitit li a sou latè / pou kondannen lèzòm/

Twazyèm klas la: men pito pou l' te kapab delivre yo / Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen / Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen /

Katriyèm klas la: paske yo pa t' gen konfyans / nan sèl Pitit Bondye a" (Jan 3:16-18).

- Fè yon sèk epi pase yon boul oubyen yon sakit ki plen ak ti grenn nan men chak timoun, pandan y ap repete sesyon vèsè yo.

- Mache nan lakou a epi chante make pa ak yon rap ipòp.
- Òganize konpetisyon ant ti gason avèk ti fi.
- Melanje sesyon yo pou ranje yo tankou si se te yon devinèt.
- Ekri mo yo nan tablo a epi efase yo pandan y'ap aprann vèsè a.

Pou fini

Fè yon sèk avèk timoun yo. De ti gason oubyen de tifi dwe kenbe mene pi priye youn pou lòt. Youn dwe priye pou lòt epi di konsa: "Seyè mwen priye w pou w ede (non) pou li kapab vanyan chak jou, pou l venk lemal". Lòt konpanyan lan ap priye nan menm fason an.

Mete fen avèk yon kèk chan ki gen pou wè ak tèm nan epi yon kantik pou timoun yo.

Envite yo retounen pou vin asiste dènye klas inite a. Si w vle ou kapab prepare yon ti fèt nan memwa sa yo ki pa janm rate yon klas, oubyen sa yo ki te aprann tout vèsè a de memwa.

Leson 34

Yon antrenè ki bezwen konnen

Baz biblik: Jan 3:1-18

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann siyifikasyon "fèt yon lòt fwa" epi, nan fè sa, moun nan kòmanse relasyon pèsònèl li avèk Jezi.

Vèsè pou aprann: *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. Bondye pa voye Pitit li a sou latè pou kondannen lèzòm, men pito pou l' te kapab delivre yo. Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannen. Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannen, paske yo pa t' gen konfyans nan sèl Pitit Bondye a (Jan 3:16-18).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Adolesans lan deja toupre elèv ou yo. Yo te deja kòmanse fè rechèch pou dekouvri kimoun yo ye. Gen kèk k'ap gade sou zanmi yo, atlèt oubyen zetwal

sinema kòm modèl de sa yo vle ye. Gen anpil lòt k'ap jwenn difinasyon nan yo fè, espò, bon nòt nan etid oubyen afeksyon. Gen anpil ki pral idantifye yo avèk fanmi yo oubyen kèk moun ki nan legliz yo. Nenpòt chemen yo pran, pwosesis sa kapab pwodwi krent nan timoun ki nan laj sa yo, men m si yo pa admèt li. Sonje lè w te gen laj sa!

Legliz la kapab founi yon kote ki asire kote timoun primè yo kapab fè rechèch idantite yo. Kimoun ki pi byen plase pou ede ti mesyedam yo rejwenn yo ak objektif yo nan lavi ke Bondye ak kretyen ki fidèl yo kòm modèl? Nan twa premye leson inite a, timoun primè yo te aprann sou diferans ke Jezi te reyalize nan lavi moun ke li te rankontre yo. Leson sa ap ede elèv yo idantifye diferans ki plis enpòtan ke Jezi vle pwodwi nan lavi yo.

Menm jan avèk tout moun, yo bezwen genyen yon relasyon pèsònèl avèk Kris kòm Sovè ak Seyè yo.

Semèn sa a, panse avèk chak elèv yo. Kilès nan yo ki kretyen? Kilès tou ki pa kretyen? Nan ki pwen enkyetid ou a rive? Mande Bondye pou li ede w sèvi avèk yo chak espiyèlman.

KÒMANTÈ BIBLIK

Si kèk fwa ou te kenbe yon ti bebe ki fenk fèt, ou déjà konnen sa k pse nou menm kote a. Lè nou gade ti bebe sa ki tèlman piti epi ranpli ak kè kontan epi inosans, yon

bèl souri parèt nan vizaj nou. Lè nou wè ekspresyon li yo, nou kòmanse ap panse avèk kapasite li. Kisa li va ye lè li grandi? Ki kote li pral viv lè li soti kite kay la? Ki gwo bagay li gen pou l reyalize? Ki repitasyon l'ap genyen?

Ti bebe yo fè nou sonje ke chak moun rive nan lavi sa avèk yon kòmansman ki tounèf epi pwòp. Yo pa genyen chay pou yo pote, yo pa genyen memwa oubyen istwa. Lavi apèn kòmansse pou yo. Yo gen tout bagay nan vwayaj lavi a devan yo, yo pa gen yon pase ki pou toumante yo.

Jan ekri sou yon nonm ki te aprann ke wayòm Bondye a plen ak ti bebe ki fenk fèt, moun ki te eksperimante yon kòmansman ki frèch ak yon nouvo jou. Nenpòt sa ki te nan istwa li rete dèyè, se avni sèlman ki enterese li. Nikodèm te vin kote Jezi pandan li t ap panse avèk tan pase li. Jezi te di li ke sa ki te enpòtan reyèlman se avni an. Yon fiti ki pral kòmansse frèch epi tou nèf.

Nikodèm te yon nonm enpòtan nan mond li a. Li te tankou yon pwofesè ki t ap anseye jenerasyon etidyan yo. Li te pran pozisyon li avèk seryozite kòm manm konsèy jwif yo epi kòm farizyen.

Anplis de konviksyon avèk devwa relijye li yo, Nikodèm pat kapab inyore mirak ke Jezi t'ap plede fè yo. Epi ankachèt, nan nwit, li te chèche Seyè a avèk anvi pou li jwenn repons kesyon ak dout nan lòt antrenè a, yon kamarad pwofesyon ki te soti nan Bondye.

Jezi te reponn kesyon li a depi avan li te poze li: “Pèsòn pap kapab wè peyi kote Bondye Wa a, si li pa fèt yon dezyèm fwa” (Jan 3:3). Nikodèm te rete byen konfonn. Kòman moun nan kapab fèt yon dezyèm fwa a? Kisa Jezi te mande Nikodèm an reyalyte?

Nan yon ti tan ki te byen kout, Jezi te mete de kote, tout konesans Nikodèm yo, gwo anseyan peyi Izrayèl sa, epi li di l konsa ke li te dwe kòmansse azewo; paske li te bezwen fèt yon dezyèm fwa. Imajine konprann, nan yon titan tou kout, ke li dwe bliye tout sa l te konnen epi kòmansse yon lòt fwa konplètman.

Antre nan peyi kote Bondye wa a pa depann de aksyon lòm. Nou pa kapab pouse oubyen konstwi yon mwayen pou nou antre. Men wi, lè nou fèt yon dezyèm fwa, nou bay Bondye libète pou li transfòme ak dirije lavi nou. Peche ansyen avèk kilpabilite nou yo vin efase epi nou konprann ke nou pwòp epi inosan yon lòt fwa ankò, kòm yon ti bebe ki fenk fèt. Tout sa ki pa bon ki rive defini moun yo:

Sa li ye, erè li yo, lògèy, istwa li; yo vin transfòme kòm bagay ki pase lè li pèmèt ke Bondye reyalize mirak nouvo kòmansman avèk yon lavi egzantplè.

Refleksyon pèsònèl pou ou:

- Kisa ki te pase w lè w te vin fèt pou yon dezyèm

fwa nan fanmi Bondye a ?

- Nan ki fòm lavi w te vin diferan depi lè sa?
- Kòman w kapab rakonte timoun primè yo istwa sa?

DEVLOPMAN LESON AN

Pibon kado a

Di konsa: “Kado yo toujou espesyal epi nou kontan anpil lè nou resevwa yo. Desine oubyen eksplike nan bwat kado ki nan liv Elèv la (leson 34), pibon kado a ke w te resevwa nan lavi w”. Bay tan pou elèv yo fini. Apre sa poze kesyon: Kisa ki te pibon kado a?, yo dwe eksplike sa yo te santi lè yo te resevwa l.

Siyale: “Kado yo kapab de plizyè kalite. Yo genyen tout fòm, koulè, kalite ak pri. Jodi a nou pral aprann sou yon kado ki pa koute anyen, ki soti nan Bondye, epi ki se pibon kado ke yon moun kapab resevwa nan lavi li”.

Kimoun li ye?

Depi avan klas la kòmansse, kole yon fèy papye bristol nan yon moso katon (oubyen ou kapab itilize yon katon dirèkteman) kote w ap kapab kole oubyen pike fotografi elèv ou yo avèk pa w yo tou. Yo tout dwe pote foto lè yo te piti oubyen ti bebe nan klas sa (mande yo li depi kèk jou davans).

Anmezi y'ap rive nan klas la, kole yon nimewo dèyè chak foto, epi remèt menm nimewo ak elèv ki ba w fotografi a (avèk objektif pou li pa pèdi, espesyalman si klas vin gen anpil elèv). Kole foto chak timoun nan tablo a, jouskaske moman espesyal la rive. Kite espas ant chak foto pou w kapab ekri non yo.

Di konsa : “Nou chak te ti bebe yon jou. Jodi a nou pral gade foto nan epòk nou te timoun piti oubyen bebe”.

Kounye a, montre tablo a epi pèmèt ke timoun yo devine ki timoun sa yo ki nan foto yo. Ri avèk yo epi rete koute kòmantè yo.

Yon fwa ke fotografi yo fin rekonèt, oubyen ke finalman timoun yo fin di kimoun sa yo ki nan imaj yo, ekri non yo anba yo chak. Ou kapab koke tablo a nan youn nan mi ki nan salòn an pou kèk semèn, epi apre sa remèt chak timoun foto pa yo a.

Kòmante: “Kòman nou t'ap santi nou si yon moun ta di nou pou nou vin tounen ti bebe ankò? Nou t'ap dakò oswa non? Kite timoun yo reponn, epi yo dwe di poukisa wi oubyen poukisa non.

Kontinye: “Pou kèk moun, vin tankou ti bebe se yon move lide. Apre tout bagay, ti bebe yo prèske pa fè anyen. Yo dwe rete tann pou lòt moun ede yo. Men gen yon fwa, Jezi te di yon antrenè ki te gen anpil respè pou pawòl sa. Li di l konsa: “Ou dwe fèt yon dezyèm fwa. Ann wè kisa Jezi te vle di l avèk pawòl sa yo”.

ISTWA BIBLIK

Mande de timoun ki konn li byen pou yo prepare yo pou yo li istwa biblik la sou fòm dyalòg. Youn ap reprezante pati pa Jezi a epi lòt la pa Nikodèm nan. Ou kapab li vèsè 1 ak 2. Ankouraje elèv ou yo byen.

Fèt yon dezyèm fwa?

Yon fwa ke yo te fin li Bib la; poze kesyon sa pou w ka ede timoun primè yo konprann fraz “Fèt yon dezyèm fwa”.

- Ki relasyon ki genyen nan mete konfyans nan Jezi ak fèt yon dezyèm fwa? (Lè yon bebe fèt, li kòmanse yon lavi tounèf. Se menm bagay la ki pase lè nou di “fèt yon dezyèm fwa”. Avan “fèt yon dezyèm fwa”, nou pat genyen lavi espirityèl. Nan lòt mo, nou pat konnen Bondye, epi nou pat remen ni obeyi li. Men lè nou te kwè pou Jezi te vin Sovè nou, Bondye chanje lavi nou. Kounye a nou vle renmen ak obeyi li. Sa vle di gen yon nouvo relasyon ki kòmanse avèk Bondye. Sa se “fèt yon dezyèm fwa”. Sa se yon lòt kalite nesans, se nesans espirityèl).
- Vèsè 16 la di ke moun sa yo ki mete konfyans yo nan Jezi va resevwa lavi ki pap janm fini an. Ebyen, kisa “kwè” nan Jezi vle di? (Nou kwè ke Jezi se Pitit Bondye a, epi lanmò li sou kwa, fè Bondye padone peche nou yo. Nou kwè ke li renmen nou epi ede nou chanje. Mal ke nou te konn fè nan tan lontan (peche) kounye a nou pa fè li ankò. Nan tan lontan nou te konn fè peche, kounye a non. Pwomès pou yon nouvo nesans se pou nou kounye a. Paske nou kwè, kounye a nou kapab mande Jezi pou l padone peche nou yo, epi fè nou “fèt yon dezyèm fwa”. Nan fason sa nou genyen yon relasyon tounèf avèk Bondye).
- Kisa nou kwè “lavi ki papa janm fini an” ye ? (Se lavi ki pa genyen fen an oubyen ki pap janm fini an. Men se yon yon bagay anplis, se yon lavi diferan ke Bondye bannou. Nan nouvo lavi sa, nou jwi yon relasyon pèsonèl avèk Seyè a, se yon relasyon lanmou ak obeyisans devan li).

Lè pati sa fini, chèche konnen si elèv yo gen kesyon. Apre sa ou menm ou kapab poze kesyon oubyen fè revizyon pou w wè si tout konprann sa w sot di a. Mande yo pou yo menm eksplike kòman yo ta anseye yon zanmi sou “fèt yon dezyèm fwa”.

Mete fen pandan w ap di: “Fèt nan mond sa se yon evènman ki mèveye. Nou kòmanse yon lavi avèk plizyè milye opòtinite. Epi fèt nan lavi espirityèl se yon bagay ekstraòdinè, li bannou posiblite pou nou genyen yon relasyon avèk Bondye la sou latè epi pou tout letènite”.

AKTIVITE YO

Yon nòt pou zanmi m nan

Distribye kat ki tou fèt ak papyè de 10 cm. X 10 cm. Mande timoun yo pou yo ekri zanmi yo ki pa konnen Jezi.

Mande yo pou yo panse avèk yon non. Kounye a, moun ki gen non yo dwe ekri lide “fèt yon dezyèm fwa”. Lè yo fini, yo kapab li nòt yo a nan klas la. (Eklèsi konsèp ki konfonn yo).

Memorizasyon

Sa se dènye klas inite a. San dout ou te déjà planifye yon ti fèt. Mande elèv ki te aprann tout vèsè biblik la resite li nan klas la. Ankouraje lòt ki manke yon ti bagay pou aprann li yo. Pale sou enpòtans konsève Pawòl nan lespri ak kè nou genyen. Ou kapab ajoute yon ti kado pou timoun ki te aprann pasaj biblik la.

Premye klas la: Paske, Bondye sitèlman renmen Lèzòm / li bay sèl Pitit li a pou yo / Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo /

Dezyèm klas la: Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an / Bondye pa voye Pitit li a sou latè / pou kondannan lèzòm/

Twazyèm klas la: men pito pou l' te kapab delivre yo / Moun ki mete konfyans yo nan Pitit Bondye a p'ap kondannan / Men, moun ki pa kwè nan li, yo deja kondannan /

Katriyèm klas la: paske yo pa t' gen konfyans / nan sèl Pitit Bondye a” (Jan 3:16-18).

Pou fini

Kat lanmou

Remèt dènye aktivite leson 34 ki nan liv Elèv la. Oryante timoun yo pandan y'ap ekri nan yon bò kat yo. Mande yo pou yo panse ak non yo gen pou bay kat yo espesifikman.

Sa se yon bon moman pou lapriyè pou moun sa yo ki pral resevwa kat lanmou yo.

Apre sa, eksplike vèsè ki nan yon bò kat yo. Fè timoun yo sonje ke li enpòtan pou yo konfese peche yo devan Jezi. Li pare pou l padone yo epi ba yo opòtinite pou “fèt yon dezyèm fwa”jan li te di Nikodèm nan. Nou tout kapab resevwa kado lavi ki pap janm fini an.

Sa se moman pou ke timoun yo jwi eksperyans lavi ki pap janm fini an. Fè yon apèl pou “lotèl” epi pèmèt palafwa, timoun sa yo kapab jwi nouvo nesans sa. Di yo pou yo aksepte bèl kado mèveye lavi ki pap janm fini sa. Priye avèk yo. Si gen timoun ki te aksepte Jezi, mande pou yo rakonte nouvo eksperyans yo a. Fè yo konnen ke kounye a yo genyen yon lavi ki tounèf, paske “yo te fèt yon dezyèm fwa” nan lavi espirityèl yo.

Mete fen avèk yon lapriyè remèsiman devan Seyè a ak yon chan louwanj pou lanmou ak padon li.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite IX

NESANS LEGLIZ LA

Baz bibliik: Travay 2:1-47; 2:42-47; 4:32-37; 10:1-48; 12:1-24

Verite bibliik: Sentespri a bay Legliz la pouwa pou li akonpli ke misyon ke Bondye te mande li reyalize a, kontinye viv epi grandi.

Vèsè inite a: *Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.* (Matye 28 :19-20).

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Resevwa yon pibon konpreyansyon sou kòman Sentespri a reyalize misyon li nan legliz la.
- Devlope konfyans yo nan Bondye, lè yo konprann ke li pwoteje nou epi bannou kapasite pou nou reyalize misyon Legliz la.

Leson inite a

Leson 35 : Legliz la : Nesans ekstraòdinè a

Leson 36 : Legliz la : aprann mache

Leson 37 : Legliz la : kominote lanmou

Leson 38 : Legliz : fas ak defi yo

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

“Sa ki pa koute chè, pa gen valè”. Pwovèb lari sa kapab aplike prèske nan tout konpatiman nan lavi nou. Sa vle di ke nou pa jwenn enpòtans bagay yo toutotan nou pa envesti lajan ladan yo, tan, enèji oubyen refleksyon.

Anpil nan timoun primè yo pa tèlman renmen pwofite chans yon jwenn pou yo toujou reyini nan legliz la. Petèt yo pa konnen ke nan kèk pati nan mond lan kretyen yo ap soufri epi riske lavi yo paske yo sèlman eksprime kwayans yo.

Inite sa ap ede yo apresye legliz la epi pou devwa ke Sentespri a ap reyalize andedan li. Se te atravè Sentespri a sèlman ke kwayan yo te rete fidèl apre gwo jenerasyon pèsekisyon an. Kretyen sa yo te gen kouraj pou sipòte li, paske yo te renmen Bondye epi yo te vle pataje mesaj Kris la avèk lòt yo.

Legliz la: Nesans ekstraòdinè a

Baz bibliik: Travay 2:1-47

Objektif lesan: Rekonèt ke larive Sentespri a te transfòmè lavi disip yo epi òdone nesans Legliz la.

Vèsè pou aprann: *Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.* (Matye 28 :19-20).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Grandi nan asiste sèvis legliz la pa sifi pou fè yon moun vin kretyen. Yon eksperyans ki transfòmè kè a nesèsè anpil. Prezans Sentespri a endispansab tou, li menm ki bannou pouvwa pou nou viv ak bay temwayaj ki klè osijè de Kris la. Leson sa ap anseye timoun primè yo ke Bondye te voye Sentespri avèk objektif pou li bay kretyen yo kapasite pou viv yon lavi ki onèt nan Levanjil la. Pou avansman Legliz la, manm yo dwe ranpli ak Sentespri a epi resevwa kapasite nan men li. Se atravè pouvwa Sentespri a ke Legliz la ap kontinye viv ak grandi. Timoun nan laj sa yo bezwen sipò Sentespri a pou yo kontinye viv kòm kretyen. Yo déjà fè pati legliz la. Yo kapab konte yo kòm fiti lidè Legliz la. Leson sa ap ede yo kapte atansyon enpòtan prezans Sentespri a nan lavi yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Evènman ki te pase nan jou Lapannkòt yo, ke n ap jwenn nan liv Travay 2, enpòtan pou konpreyansyon nou sou kijan Legliz la dwe ye ak sa li dwe fè. Lè nou li 47 vèsè sa yo n'ap dekouvri, pou pipiti, sèt lide enpòtan:

Kwayan yo te rete tann Sentespri a. Anviwon 120 nan yo te nan yon chanm kay anlè ki pote non “chanm anwo a”, kote “you tout te konn mete tèt yo ansanm pou yo priye” (Travay 1 :14). Yo t'ap tann Bondye akonpli pwomès li a: voye Sentespri a epi restore wayòm Izrayèl la nan yon tan ke li fikse. Se sèlman Bondye ki kapab bay sa legliz la bezwen. Efò lèzòm pap janm kapab ranplase Sentespri a.

Premye don ke Sentespri a te bay se kapasite pou Levanjil la preche nan lòt lang. Menm kote a yo te kapab preche Bon Nouvèl la nan plizyè lang diferan,

menm si yo pat janm konn pale li avan. Menm jodi a, Legliz la bay Levanjil la nan yon fòm kote tout moun kapab konprann.

Gen kèk moun ki mal entèprete kwayan yo lè yo te tande y'ap pale. Preche levanjil la nan plizyè lang diferan nan menm moman, moun ki te la yo te rete byen sezi. Verite levanjil la se toujou yon menas pou yon kalite lavi egosantrik. Moun sa yo ki te konfonn te jwenn yon eksplikasyon pou sa ki te pase a: yo te di ke disip yo te sou, kidonk yo pat kwè nan Sentespri a. Krisyanis la jwenn refi tou nan kèk fason jounen jodi a.

Predikasyon Pyè a revele pouvwa transfòmè Sentespri a. Pyè te kandida ki te mwens endike pou vin premye predikatè. Li menm ki te nye Jezi malgre li te rekonèt li, kounye a, avèk imilite ap pwoklame verite ke Jezi se Kris la bay tout moun ki t'ap tann li yo.

Sentespri a se pou tout moun. Se pat sèlman Pyè avèk kwayan legliz yo ki te resevwa pouvwa sa. “Paske pwomès la, Bondye fè l' pou nou, pou pitit nou yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout moun Bondye, Mètnou, va rele vin jwenn li” (Travay 2 :39). De mil ane pa twòp tan ni twòp distans, sa vle di, nou menm tou nou fè pati de pwomès sa tou.

Bondye rele tout kretyen pou yo vin minis, ranpli ak kapasite atravè Sentespri a. 120 disip ki te reyini yo te preche Levanjil la, nan jou sa ak ane ki te vini apre yo. Se Sentespri a ki te prepare Legliz la pou l te preche levanjil la nan mitan piblik, pou atire yon foul moun epi di yon bagay ki bon pou moun koute. Jodi a tou, se Sentespri a ki bay kretyen yo plizyè kalite don pou ministè a. Gen kèk ki resevwa apèl pou preche ak anseye, se yo menm ki la pou prepare rès moun yo pou devlope ministè ke Bondye bay yo.

Sentespri a kreye yon kominote. Yon lekti avèk atansyon nan Travay 2:41-47 revele kòman premye kretyen yo te konn viv lavi yo nan tèt ansanm. Yo pat yon gwoup moun ki t'ap fè manifestasyon. Okontrè, yo montre nou ke “kominote” se lide santral liv Travay la, epi se Lespri Sen Bondye a ki aktè prensipal travay sa.

Chapit Travay sa se yon kòmansman etid sou Legliz la. Malgre Lapannkòt sa te yon bagay ekstraòdinè epi ki pap ka repete ankò, li revele kòman eksperyans nòmal Legliz la dwe ye, epi langaj ki te itilize nan jou sa yo kapab se sèl eksperyans san parèy. Men, Sentespri a te pote, lavi ki tounèf, akonpayman, adorasyon, libète, imilite ak pouvwa; dwe yon pati vital pou legliz la... toutan.

DEVLOPMAN LESON AN

Itilize kèk nan aktivite sa yo pou ke elèv yo anrichi konnesans yo osijè de kòmansman legliz kreyen nan.

Ann fonde pwisans

Remèt timoun yo premye aktivite liv Elèv la (leson 35). Mande timoun yo pou yo swiv enstriksyon yo pou yo kapab ranpli mo kle ki anba paj la.

Mansyone pwisans ke Sentespri a te bay premye kreyen yo pou yo te preche Pawòl Bondye a. Pwisans sa te kle fòs ke nouvo disip yo te santi. Pote istwa Pyè a kòm egzanp, yon nonm ki pè epi ki te nye Sovè a, kounye a li se yon moun ki te ranpli ak pwisans Sentespri a, li menm ki preche Bon Nouvel la bay gwo foul moun yo...

Soti nan lapèrèz pou rive gen lafwa

W'ap bezwen yon ti boul oubyen yon sakit ki plena k tigrenn oswa sab. Mande elèv yo pou yo chita nan antouraj ou pandan y'ap fòme yon sèk. Di konsa: "Ann pase sou lè nou te konn santi lapèrèz". Kòmansman avèk yon eksperyans pa w kote w te santi lapèrèz. Kisa nou kapab fè lè n'ap travèse sikonstans ki fè nou pè? Kisa k'ap ede nou vin brav? Kòman nou rive domine santiman sa?

Aprè w fin tande plizyè kalite repons yo, mande yo si yo rekonèt kèk pèsonaj nan Bib la ki te santi lapèrèz. (Pyè ak lòt disip yo lè yo te arete Seyè a; bèje yo lè zanj yo te anonse nesans Jezi a; Izrayelit yo lè yo te dwe antre nan peyi Kanaran).

Poze kesyon: "Èske nou konn santi nou pè pou nou bay lòt moun temwayaj sou Jezi?"

Ajoute apre: "Lè Jezi te nan mitan jijman an, Pyè te pè admèt ke li te rekonèt li epi li te youn nan disip li yo. Men gen yon bagay ki te rive li yon ti moman pita ki te ede li venk lapèrèz li a. Ann wè kisa ki te pwodwi chanjman sa nan lavi Pyè; yon nonm pè ki vin ranpli ak lafwa".

Legliz ki fèt ak labou / siman

Chèche kèk bagay enpòtan ki te rive lè legliz ou a te konstwi. Chèche konnen non kèk kreyen ki t'ap viv nan epòk sa yo. Non pastè yo, pa egzanp, epi si w kapab, pote kèk foto.

Nan klas la, ekri mo "Legliz" nan tablo a avèk lèt majiskil avèk mo "legliz" avèk lèt miniskil.

Poze timoun yo kesyon sou si yo konnen siyifikasyon de mo sa yo.

Aprè sa, eksplike yo ke mo "legliz" fè referans ak kongregasyon lokal yo nenpòt kote nan mond lan. Se

yon gwo gwoup oubyen ti gwoup kwayan ki rasanble nan plas sa; tankou pa egzanp legliz lokal ou a. Mo "Legliz" avèk lèt majiskil fè referans ak legliz kreyen, ak tout moun ki mete konfyans yo nan Jezikris, epi sa genyen ladan l menm kreyen ki te deja mouri yo. Chak kreyen ki kwè nan Kris la epi ki sove, nan chak denominasyon, fè pati kò Kris la: Legliz la.

Bay chak elèv yon moso pat (règ nan kòmansman liv sa), epi di konsa: "Reflech sou sa nou konnen sou legliz lokal la avèk Legliz la, kò Kris la. Apre sa yo dwe fè yon senbòl ki dekrive legliz sa yo" (senbòl ki posib yo: blad, yon kwa, gwo kay, elatriye.). Kreye kè kontan pami yo pou yo kapab kreyatif nan desen yo a.

Yon fwa ke yo fini, yo dwe montre desen yo a epi eksplike rezon ki fè yo chwazi senbòl sa ak sa li siyifi pou yo. Bay yon eksplikasyon sou legliz ou a epi bay tan pou yo poze kesyon.

Aprè sa, di konsa: "Jodi a nou pral aprann kòman Legliz la te pran nesans, avèk majiskil".

Vokabilè enpòtan yo

Ekri vokabilè yo ansanm avèk siyifikasyon yo nan papye bristol pou w kole yo nan tablo a.

Pouvwa: nan Nouvo Testaman, yon moun ki te pote otorite, gwo aksyon. Jezi te genyen epi genyen pouvwa pou padone peche. Disip yo avèk legliz la te genyen epi genyen pouvwa pou anonse Levanjil la.

Lapannkòt: Yon festival relijye ki make Ansyen Testaman. Li selebre 50 jou apre Pak la. Nou menm kreyen yo nou selebre li kòm larive Sentespri a epi kòm jou ke Legliz Primitif la te pran nesans. Nan Ansyen Testaman se te yon selebrasyon ki te montre lajwa ak remèsiman pou anpil rekòt.

ISTWA BIBLIK

Pouvwa nan jou Lapannkòt la

Se pou timoun yo chèche lekti bibliik la avèk aktivite ki vini apre a ki nan liv Elèv la (leson 35). Chwazi de volontè: youn ap jwe wòl rakontè epi lòt la ap jwe wòl Pyè a. Yo dwe li epi fè montaj ak Travay 2. Se pou yo fè li ak anpil ekspresyon epi dinamik. Sonje ke Pyè se te yon nonm brav epi ki te demontre gwo otorite.

Lè lekti a fini, oryante elèv yo nan travay "Avan ak Apre" nan liv Elèv la.

Bay tan pou yo chèche nan pasaj bibliik yo kòman yo te ye avan Lapannkòt la epi kòman yo te aji apre ke Sentespri a te fin desann sou yo.

AKTIVITE YO

Legliz la: Tablo

W'ap bezwen papye afich ki gen koulè klè pou w kouvri tablo a (mete yon bò ki menm jan), foto, desen oubyen imaj yon tanp / legliz, sizo, lakòl, adezif, foto elèv lè yo te ti bebe, katèl avèk vokabilè enpòtan chak leson, elatriye. Mande elèv yo èd yo pou w monte tablo a. De oubyen twa pami yo, yo menm ki renmen fè desen, yo kapab fè tanp lan pou mete li nan mitan tablo a. Kite plas pou vokabilè enpòtan yo nan yon bò. Kole foto elèv ou yo, foto pa w ak imaj apot yo akote tanp lan. W'ap kapab ajoute imaj ki gen pou wè nan chak ansèyman.

Eksplike: “Nan mwa sa nou pral aprann kòman legliz primitif la te kòmanse bay premye pa li yo tankou bebe epi kòman Bondye te aji nan chak aspè avèk Sentespri l la. Deja ke nou pral pale de yon legliz ki fenk fèt, se ke nou pral mete foto lè nou te tou piti”.

Bay elèv yo papye oubyen papye bristol pou yo fè yon plat fòm ki bèl ki pral kole dèyè foto yo. Se pou yo rekoupe rebò yo epi kole yo. Ekri non timoun yo nan chak fotografi.

Legliz ki grandi a

Di konsa: “Tout ti bebe bezwen atansyon, lanmou, manje, jwèt, chanjman kouchèt ak rad ki nèf tou paske yo grandi vit. Nan menm fason sa tou, legliz nou an bezwen atansyon paske li toujou ap grandi. Si yon bebe pa grandi, touswit li gen pou l malad epi mouri. Nan menm fason an, legliz la bezwen atansyon nou, li bezwen nouvo konvèti, li vle nourri nan Pawòl Bondye a pou li pa tonbe malad epi mouri (sa vle di fèmen pòt li yo). Konsa, yo tout, se pa sèlman granmoun yo (menm timoun tankou nou yo) nou kapab fè anpil pou nou pran swen ak fè legliz la grandi.

Poze kesyon: “Kisa nou menm nou kapab fè pou nou ede legliz la grandi?” (Priye pou ke Sentespri a bannou pwisans, preche, asiste sèvis yo, anonse Levanjil Jezi a bay lòt moun, envite lòt moun viv patisipe nan sèvis yo, netwaye tanp lan, dekore, ranje flè, bay ofrann nou yo epi mete talan nou yo deyò pou nou sèvi, chante, okipe plas responsablite ak lidèchip, elatriye.).

Ankouraje elèv yo epi di yo konsa ke yo pa dwe tann jous lè yo granmoun pou yo patisipe nan lavi legliz la. Gen anpil bagay yo kapab fè kounye a. (L'ap bon pou yo si w pale ak presidan Ministè Lekòl Dominikal la oubyen pastè w la, pou planifye kèk aktivite ki senp. Li kapab: netwaye alantou tanp lan, pentire, dekore, prepare kèk patisipasyon espesyal pou timoun ou yo pandan sèvis kèk dimanch nan mwa). Pèmèt ke timoun yo santi yo fè pati legliz lan

kòrèkteman, epi se pa sèlman kòm asistan oubyen vizit pandan inèdtan pa semèn.

Sipò a la!

Remèt timoun yo dènye aktivite lev Elèv la ki nan leson sa. Yo dwe swiv enstriksyon yo. Ede timoun ki pipiti yo jwenn vokabilè ki bon yo. Di konsa: “Sa se kèk fason ke Sentespri a ede nou fè sa Bondye mande nou fè. Jwenn vokabilè yo epi ekri yo nan liy yo bay yo”. Ede timoun ki pa konnen siyifikasyon kèk nan vokabilè yo. Bay egzanp. Yo se: 1. Kouraj, 2. Konpresyon, 3. Lafwa, 4. Fòs, 5. Direksyon, 6. Detèminasyon, 7. Domèn, 8. Pasyan an, 9. Temwayaj.

Memorizasyon

Divize vèsè a fè de pati. Yo pral aprann premye pati a pandan de premye klas yo epi y'ap aprann dezyèm nan, nan de k'ap rete yo.

Premye pati a: “Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a”

Dezyèm pati a: “Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.” (Matye 28 :19-20).

Pou moman memorizasyon an, ekri premye pati vèsè a nan tablo a. Repete li ansanm avèk elèv yo plizyè fwa. Divize klas la fè de gwoup. Apre sa, remèt chak gwoup yon fèy papye blan ak kreyon pou chak timoun. Premye timoun nan ap ekri premye mo ki nan vèsè a, l ap bay yon lòt timoun papye a, li menm ki va fè menm bagay la youn apre lòt. Ekip ki fini avan an se li ki genyen. Prepare kèk prim pou timoun ki aprann li de memwa. Nan premye pati vèsè a genyen 18 mo. Nan dezyèm nan genyen 24 mo, plis nimewo vèsè a.

Pou fini

Priye ansanm avèk objektif de ke Bondye dirije w kom antrenè pou w ede timoun yo fè pati legliz la jodi a. Se pou yo santi lanmou ak enkyetid pou legliz yo kòm si se ta dezyèm fwaye yo. Timoun primè yo kapab grandi pandan y ap renmen legliz yo nan yon nivo kote yo menm deside patisipe epi fè pati ministè a.

Ankouraje elèv yo pou yo mande Seyè a pou li ede yo sèvi nan domèn yo santi yo byen yo. Mete yo nan gwoup kè adorasyon, nan gwoup pou fè lekti Pawòl la, pou ranmase ofrann, pou akeyi moun ki vin legliz, nan ekip netwayaj, elatriye. Yo kapab fè pati devwa ki pou timoun ki nan laj yo. Prete atansyon pou w rekonèt sa yo ki gen apèl nan sèvis kretyen oubyen sèvis misyonè.

Fini leson sa avèk yon lapriyè ak yon kè chan ki gen pou wè ak tèm nan.

Legliz la: aprann mache

Baz biblik: Travay 2:42-47 ak 4 :32-37

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konnen kèk nan premye pa legliz primitiv la ak kòman nou kapab imite yo jodi a.

Vèsè pou aprann: *Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba. (Matye 28 :19-20).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Sans nou bay leson sa enpòtan anpil. Si w rakonte timoun primè yo ke fason premye kretyen yo kòm “si se te yon istwa” ki te déjà pase, rezilta gen pou l negatif.

Men si w prezante li kòm yon modèl pou imite jounen jodi a, l'ap byen diferan.

Nou sèten ke si Seyè a ta jwenn pou l bannou yon konsèy sou pwèn sa li ta di: “Fè menm jan avèk yo, paske yo te konprann Levanjil Jezikris la byen klè!”

Ou menm kòm antrenè ou konnen byen klè ke gen kèk ansèyman biblik ki genyen yon verite “kontkilti” nan anpil aspè. Ta sanble ke nou dwe toujou naje kont kouran dlo a.

Se poutèt sa, anpil bagay ki sanble “nòmal” pou mond lan, Bondye pa pran plezi ladan yo. Epi yon lòt kote, kalite lavi Levanjil la anseye nou an se yon foli pou mond san Kris la.

Leson sa espesyal pou tan k'ap pase a epi kapab parèt byen etranj, toudepann de sans ke antrenè a ba li a.

Detache de sa yo te genyen pou konprann nesite frè nan lafwa yo, viv ansanm chak jou nan lanmou, viv nan obeyisans nan ansèyman Kris yo epi genyen yon temwayaj piblik tèlman pozitif pa sanble ak sa n'ap viv nan legliz nou yo jodi a.

Kòm antrenè, itilize kapasite ak kreyativite w pou w mete nan lide timoun primè yo sa ki epi k'ap kontinye kòrèk. Apot yo avèk premye kretyen yo te konn travay tankou moun ki ranpli ak Sentespri a. San dout, se te yon gwo sekre. Linyon avèk lanmou sa nan mitan yo te ba yo kapasite pou pataje plis pase yon mesaj nan bouch, yo te konn pataje posesyon tèrès yo. Sa se te yon mesaj yo te konn viv.

KÒMANTÈ BIBLIK

Fòm ke kretyen legliz primitiv yo t'ap viv yo se fason ke Bondye te planifye pou pitit Bondye yo viv.

Jezikris pat vin sou latè pou fonde yon nouvo relijyon. Deja te genyen anpil nan epòk sa.

Li te vini pou pote yon kalite lavi ki diferan. Pou chanje kè moun yo. Epi lè kè a chanje, konpòtman an vin konplètman diferan.

Jenewozite a vin pran plas egoyis la. Nou kòmanse dekouvri lajwa pliske nou sispann panse avèk nenesite nou yo epi ofri tèt nou pou sèvis lòt yo.

Li byen enpòtan pou ke timoun primè yo konprann ke lavi kretyèn nan se sa, yon kalite lavi epi se pa yon relijyon ki ranpli ak règ avèk yon lis bagay byen long ki kapab reyalize ak yon lòt ki non.

Lavi sa, senp, jenere, pwòp, se li menm ki fè Seyè a plezi epi se li nou wè byen klè nan Travay 2:42.

Yo di la: “Yo pase tout tan yo ap koute sa apòt yo t'ap moutre yo”. Vèsyon Bondye pale jodi a eksprime konsa: “Epi yo te rete fidèl nan obsève ansèyman apot yo”.

Sa vle di ke te genyen yon konyensidans ak inite kwayans ak lespri ki total. Epi sa te pwodwi tèt ansanm nan mitan yo.

Men anpil de pratike inite nan kwayans sa, Pawòl la di ke yo te fidèl ak ansèyman ke apot yo te konn bay yo.

Sa vle di ke yo te konn konsève ak obeyi prensip sa yo.

Li bon pou fè yon ti kanpe nan mwen sa pou nou anrejistre yon bagay ki vital nan lespri ak kè timoun primè yo: ke Bib la pa yon liv ki sèvi pou konnen li, men pito viv li.

Se konsa premye kretyen sa yo te konn ajì. Yo te konn viv sa yo te kwè a.

Se poutèt sa, chak ansèyman nou wè nan Bib la, yo dwe mete yo anpratik pou ke Bib la kapab akonpli fonksyon Bondye te mete li nan menm lòm pou l te akonpli a.

Byen eksprime menm Pawòl la: “Koulye a nou konn bagay sa yo. Benediksyon pou nou si nou fè menm jan an tou” Jan 13:17. Vèsyon Bondye pale jodi a di konsa: “Si w konprann bagay sa yo epi mete yo anpratik, nou gen pou nou beni”.

Men genyen yon pwèn ki byen defini nan vèsè n'ap gade a.

Se gwo jenewozite ke premye kretyen sa yo t'ap demontre.

Jenewozite a toujou mache avèk sansiblite. Si nou sansib pou sa k'ap pase pwochen nou, konsa èd la ap kòmanse mache, jenewozite, bay.

Vèsè 45 lan di konsa yo konn vann byen yo, teren ak posesyon yo epi remèt apot yo lajan yo pou yo te distribye konfòm ak nesite kwayan yo.

Yo anseye nou rasanble pou nou sèlman nan mond lan, pou nou gen pi plis, Bib la okontrè pale nou de ouvè men, pou pataje.

Li di nou ke moun ki bay plis, l'ap gen plis epi egoyis yo gen pou fini pòv. “Moun ki bay san gad dèyè, sa pa anpeche yo vin pi rich. Men, moun ki penng, se pòv y'ap vin pi pòv. Lè ou bay ak kè kontan, ou p'ap janm manke anyen. Lè ou manje ak moun, ou pa janm

rete grangou” (Pwovèb 11 :24-25).

Kòm yo te ranpli avèk Sentespri a, yo te santi yo kontan pou yo te ale nan tanp lan chak jou pou adore Bondye epi di l mèsè pou tout byenfè li yo.

Anplis de sa, kòm yo te genyen tout bagay yo pou yo tout, tout bagay te pataje ant yo tout. Konsa yo te konn rasanble nan kay yo epi kase pen an pou manje li avèk kè kontan ak yon kè ki sensè (v.46).

Youn te alèz avèk lòt epi onèt epi renmen rann moun sèvis. Tout moun te renmen yo! “Yo te konn louwe Bondye epi tout moun te remen yo” (v.47. Bondye pale jodi a)

Nan yon sèl mo, kreyen legliz primitiv yo, te viv sa yo te kwè a, yo te fidèl.

Jounen jodi a, nou jwenn nan anpil kreyen yon divòs ant sa yo di yo kwè a avèk sa y’ap viv la. Sa fè moun ale lwen Levanjil la.

Nan premye jou legliz la, Seyè a te bay pouvwa pou fè mirak, kòm siyal agreyab pou lavi sa yo ki kòrèk, li pèmèt yo reyalize pwodij ak mèyè tèlman ke moun yo te konn sezi wè koze yo t’ap fè yo. Epi sa te bay predikasyon yo a plis otorite epi chak jou moun te konn ajoute pou swiv Jezi. “Chak jou Seyè a te konn fè kominote ogmante avèk nimewo ke li t’ap rele pou vin sen”. (v.47 Bondye pale jodi a).

Antrenè, pwofite inite sa epi ankouraje timoun yo pou yo vin jenere avèk sa ke Bondye ba yo. Ankouraje yo pataje “yon bagay” nan anpil byen yo genyen (li posib pou se yon jwèt ki sèvi déjà, ki bon epi pwòp; yon sachè bonbon; oubyen kòm klas, ale lakay yon tigranmoun epi netwaye lakou ou byen jaden an pou li). Ankouraje yo pou yo menm menm aprann panse ak “pwojè” yo, petèt yo kapab konnen yon moun ki nan nesite oubyen yon timoun ke yo vle ede.

Asire w ke timoun yo pap janm bliye leson pratik sa yo. Li kapab yon pwoj ki pran tout yon samdi konplèt avèk piknik lakay yon moun oubyen yon samdi nan apremidi, yo dezèdan konsa, itilize entelijans ou.

Pale avèk pastè w la, pale avèk mèt kay la tou avanw reyalize pwojè a, y’ap ede w avèk lide ki pi klè.

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w prepare elèv ou yo pou istwa bibliik jodi a.

Avan ak Kounye a

Remèt timoun yo premye aktivite liv Elèv la (leson 36). Se pou yo swiv enstriksyon yo pou yo konplete sesyon ki nesèsè yo. Mande timoun yo pou yo li vèsè ki endike yo epi make imaj yo. Lè sesyon sa fini, yo kapab bay imaj yo koulè. Chèche kreyon avèk koulè pou yo.

Vokabilè enpòtan

Ekri vokabilè enpòtan an nan yon papye bristòl ki byen laj, ansanm avèk siyifikasyon li. Apre sa, kole li nan tablo inite sa ki pale sou Legliz la.

Yo pèsèvere: Yo kontinye, pèsiste. Sa vle di ke apot yo avèk premye kreyen yo, menm si kèk nan yo te anba pèsèksyon, yo pat abandone lafwa. Yo te kontinye renmen sa yo te konnen yo epi renmen moun sa yo ki te aksepte mesaj Bon Nouvèl la. Pouvwa Sentespri a te reyèl, se poutèt sa yo te konn pataje byen yo te genyen yo avèk tout kè yo anfavè moun ki te nan nesite yo.

Nan liv Elèv la (leson 36), w’ap jwenn ke genyen de pasaj bibliik: Travay 2:42-47 ak Travay 4:31-37. Mande timoun yo pou yo li yo epi konplete fraz ki anba chak paj. Fè kòmantè sou chak repons.

Ankouraje yo pou ke yo santi yo responsab pou pataje benediksyon ke Bondye ba yo a avèk lòt moun.

Di konsa: “Èpòk sa te espesyal anpil pou tout kreyen yo. Te genyen linyon ak zanmitay. Prezans Seyè a te la avèk yo”.

Konplete vèsè yo

Ekri de vèsè sa yo nan ti moso papye, youn pou chak timoun. Divize klas la fè de gwoup: tifi ak tigason. Distribue ti moso papye ak vèsè yo, yon Bib avèk yon kreyon pou chak elèv.

Ekip ki fin konplete de vèsè yo avan an se li menm ki genyen.

1. Travay 4:32. Tout _____kwè yo te fè yon sèl kò, yo te gen _____yon pou lòt, yo _____lòt. Pesonn _____ men tou sa yonn te genyen te _____.
2. Travay 4:34-35. Pesonn _____nesesite. Sa ki te gen jaden, sa _____ kay, yo vann sa, yo _____renmèt apòt yo. Apre sa, yo te separe lajan an bay chak moun dapre _____ yo.

Montre ke lòt yo enpòtan pou ou (kat)

Ede timoun yo prepare ti kat pou moun enpòtan nan lavi yo oubyen pou moun oswa timoun ki nan nesite pou konnen Jezi. Mande pou yo swiv enstriksyon yo. Chèche papye bristòl, sizo, koulè, kreyon ak makè, lakòl, elatriye. Pou fabrike kat yo.

Memorizasyon

Divize vèsè a fè de pati. Y’ap aprann premye pati a nan de klas inite sa epi dezyèm nan, nan de lòt ki rete yo.

Premye pati a: “Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a”

Dezyèm pati a: “Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba. Amèn” (Matye 28 :19-20). Pou moman memorizasyon an, ekri premye pati vèsè a nan tablo a. Repete li ansanm avèk elèv yo plizyè fwa. Divize klas la fè de gwoup. Apre sa, remèt chak gwoup yon fèy papye blan ak kreyon pou chak timoun. Premye timoun nan ap ekri premye mo ki nan vèsè a, l ap bay yon lòt timoun papye a, li menm ki va fè menm bagay la youn apre lòt. Ekip ki fini avan an se li ki genyen.

Prepare kèk prim pou timoun ki aprann li de memwa. Nan premye pati vèsè a genyen 18 mo. Nan dezyèm nan genyen 24 mo, plis nimewo vèsè a.

Pou fini

Di Seyè a mèsì pou opòtinite ke li bannou pou nou kapab bay, pataje ak ede lòt moun ki nan neseseite. Òganize yon panye oubyen yon bwat lanmou pou moun k'ap travèse moman difisil nan legliz la. Si yo panse avèk yon fanmi avèk timoun ki nan lekòl, petèt yo kapab ede avèk atik eskolè. Pèmèt ke se timoun yo ki òganize pwojè a, se pral plis enpresyonan pou yo.

Priye pou fanmi yo pral ede yo. Priye tou pou timoun ki byen kontan pou patisipe yo.

Pou mete fen avèk klas la, mande pou chak timoun

priye pou di Bondye mèsì pou:

- Fanmi an
- Zanmi yo
- Lavi ki pap janm fini an, elatriye.

Yo tout dwe fèmen je yo epi site yon bagay ki fè yo rekonesan. Kontinye avèk lapriyè a sou fòm sèk la. Rete tann sa k'ap reflechi yo. Sa pa fè anyen si yo repete menm remèsiman. Alafen, site bagay sa yo ke yo pa sonje, petèt lasante, libète pou adore Bondye (genyen anpil kote yo pa kapab fè li), lekòl, legliz, moun ki renmen nou yo, elatriye. Mete fen pandan w'ap priye, si li posib epi gen tan, pou chak timoun, pandan w'ap site non yo.

Di Seyè a mèsì pou yo. Chante yon kè chan ki gen pou wè avèk tèm nan.

Leson 37

Legliz la: Kominote lanmou

Baz bibliik: Travay 10:1-48

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke Bondye pa konn nan patipri, se sa ki fè ke nou menm, nou dwe aprann venk prejije nou yo epi montre lanmou anvè tout moun, e menm anvè moun ki diferan de nou menm.

Vèsè pou aprann: *Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.* (Matye 28 :19-20).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Menm jan avèk tout moun, timoun primè yo eksperimante prejije ak move tretman nan de fòm: (1) prejije anvè yo ak (2) prejije ke yo menm yo eksperimante anvè lòt moun.

Menm jan avèk nou tou, yo jwenn li fasil pou yo idantifye yo avèk sa yo ki plis sanble avèk yo nan yon fason ki espesyal.

Sa kapab fè yo inyore e menm maltrete sa yo ki diferan. Elèv ou yo bezwen konnen tandans sa epi travay pou evite li.

Byen souvan nou grandi avèk fòm konsiderasyon anvè moun yo, epi petèt nou pa rann kont ke pwèn devi nou yo se prejije yo ye.

Anpil fwa, sa mande èd Bondye pou nou kapan venk atitud sa yo. De tout fason, legliz la dwe pare pou byen akeyi tout kalite moun. Kreyen yo dwe toujou pare pou pataje levanjil la ak tout moun. Yo

dwe aksepte tout kwayan nan akonpayman yo tou, san gade ki kalite diferans ki genyen, menm si se pou ras li, kilti, ran sosyal oubyen ekonomik.

Pandan w'ap anseye leson sa a, ou dwe sansib fas ak manm nan klas ou yo ki petèt ap eksperimante plis prejije pase yon lòt. Ankouraje yo pale sou eksperyans yo si yo santi yo alèz pou yo fè sa, pou ke lòt timoun primè yo kòmanse konprann kijan prejije yo se yon bagay ki mal avèk move tretman ak doule ke yo lakòz tou.

KÒMANTÈ BIBLIK

Chapit 10 liv Travay la se yon chapit enteresan ki montre kòman baryè yo te kraze. Yon vizyon ki tounèf pou peyi kote Bondye Wa a ki ouvè devan je nou.

*Nan levanjil selon Sen Matye, Jezi te bay Pyè kle peyi wa ki nan syèl yo (16:19). Kounye a, nan Travay, nou wè Jezi ki ouvè pòt lafwa kreyen yo atravè Pyè pou anpil nan "moun ki deyò yo". Nan chapit 2 a nou wè pòt yo ki ouvè pou jwif yo, kounye a, nan chapit 10 la, pòt wayòm yo ouvè konplètman pou moun lòt nasyon yo.

- Asireman, sa se te yon devlopman dramatik nan lavi nouvo legliz la paske konsève idantite te yon dosye byen serye pou pèp jwif la. Akò ki te kòmanse a se te yon gwo angajman pou legliz la. Nan tan n'ap viv la, manje yon moso vyann kochon, oubyen fè yon maryaj avèk yon moun ki genyen lòt nasyonalite, oubyen ras, kapab parèt kòm yon bagay ki pa telman gen anpil enpòtans pou nou. Men, dosye sa yo te genyen anpil enpòtans akòz de idantite ak estabilite nasyon jwif la ak nouvo legliz la.
- Men, ki kote tout chanjman sa yo rive ? Pyè pat genyen okenn lide, sèlman li te konnen ke Setespri a t'ap gide l. Lè li te swiv mesye sa yo ke Kònèy te voye yo, apot la, li te montre obeyisans li fas a Setespri a. Vèsè 28 la di konsa: "Nou konnen sa pa fèt: jwif pa gen dwa mele ak moun lòt nasyon ni mete pye lakay yo. Relijyon l' pa penmèt sa. Men,

Bondye fè m' konnen, mwen pa gen dwa gade pesonn pou move moun ni pou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi Bondye" ...men, Sentespri a pa kite Lwa Bondye a sou kote, men pito li ogmante limit ki kreye pou lèzòm yo.

- Nan yon moman konsa li te klè ke la a tèm ki t'ap debat la se pat sou manje ki pa pirifye, men pito sou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi Bondye. Nou kapab poze tèt nou kesyon: "Poukisa Bondye te pèmèt jwif ki "sen" vin kreyen ak moun lòt nasyon ki "pa sen" vin kreyen tou ? Reyèlman, Bondye ap rele tout moun vini chita sou menm tab avèk li, pou pataje pen an epi antre nan kominyon nan non li.
- Evèn sa yo ki te pase kapab bay nesans ak yon bèl kesyon, kòman nou kapab foute tout moun jan Bondye fè l la epi, nan menm tan, rive fè legliz la vin yon kominote ki gen mizèrikòd? Sèl fason pou reponn sa se pou nou poze tèt nou kèk kesyon.
- Kòman nou fè konnen lè Lespri Bondye a ap dirije li nan yon nouvo direksyon?
- Ki "vye règ" ki enpòtan pou nou konsève?
- Kilès nan "vye règ yo" ki pa itilize ankò ?
- Si nou menm, n'ap mache dapre "vye règ yo" èske n'ap montre nou anfavè kèk epi repouse lòt yo?
- Odyans Pyè a te chanje, men, mesaj li a pat chanje. Li te preche menm mesaj la pou ni jwif yo ni pou moun lòt nasyon yo: nesesite lafwa nan Jezikris pou resevwa lavi ki pap janm fini an.
- Kònèy avèk fanmi li te fè pati moun lòt nasyon yo, "li te gen bon kè epi gen krentif pou Bondye" (10 :2). Apre rankont sa, li te byen klè ke malgre Kònèy te fè pati moun lòt nasyon yo li te akseptab devan Bondye, li pat oblije konvèti nan relijyon jidayis la. Egalman, pwòp jistis li pat ase; li te bezwen, moun tankou nou chak, pou li konvèti nan Kris la.
- Moun ki diferan de nou menm jodi a, yo nan menm sitiasyon an. Koulè po diferan, kilti oubyen lang, sa pa fè yo pa kapab vin kreyen.
- Bon nouvèl la seke n'ap swiv Sentespri a, Bondye ap òdone tout detay yo. Si nou preche levanjil la bay tout moun, kominote lafwa a (legliz la) ap kapab trete moun ki reponn Bondye yo avèk de bra ouvè.

DEVLOPMAN LESON AN

Diferan tankou jou avèk nwit la

Distribye fèy blan ak kreyon. Mande elèv yo pou yo chèche yon kamarad, yo kapab tifi avèk tifi epi tigasou avèk tigasou, oubyen jan yo vle l la. Mande yo pou yo desine oubyen ekri de zanmi ke yo rekonèt epi ki diferan tankou jou avèk nwit.

Sa kapab tankou youn kout epi lòt la wo, ki pa pale menm lang, se pou koulè po yo diferan, se pou karaktè

yo diferan, elatriye.

Lè travay yo a fini, mande pou kèk volontè rakonte klas la kèk bagay sou de zanmi sa yo. (Endike ke sèlman yo pral pale osijè de karakteristik ak bon konpòtman zanmi yo a, epi se pa avèk yon anvè pou fawouche lòt yo).

Après sa, di konsa: Menm jan nou dekouvri diferans ant zanmi avèk moun ke nou rekonèt yo, jodi a nou pral etidye de pèsonaj nan Bib la ki te diferan tankou jou avèk nwit. Nòmalmman, li te enposib pou yo te fè zanmi.

Men, gen yon bagay ki te pase ki chanje tout sa. Ann wè sa ki te pase nan chapit 10 liv Travay la.

Vokabilè enpòtan yo

Ekri vokabilè sa yo avèk sifikasyon yo nan yon papye bristol ki byen laj. Eksplike yo chak pou elèv yo kapab konnen yo lè w'ap anseye leson an. Ou kapab ekri yo yon fason ke timoun yo kapab desine oubyen pentire yo. Kite espas ase nan alantou yo pou ke timoun yo kapab travay. Yon fwa ke yo fini, mete ankadreman yo avèk mo yo sou tablo a afich la. Di konsa: tout vokabilè sa yo pa sèlman gen relasyon avèk legliz primitiv, men legliz nan tan n'ap viv la tou.

Akseptasyon: montre lòt yo lanmou pou sa yo ye. Kòm kreyen, nou dwe montre tout lanmou, e menm sa yo ki diferan de nou menm.

Kominyon: Zanmitay kòm rezilta genyen tout bagay ansanm; linyon nan mitan nou tout ki mete konfyans nou nan Jezi.

Separasyon: abandon, absans, distans, san kontak avèk lòt moun. Sinspann fè zanmi, elatriye.

Enpi: Dapre lalwa jwif la gen kèk manje ki te entèdi.

Sipriz!

Remèt timoun yo premye aktivite ki nan liv Elèv la. Mande yo pou yo dekouvri mo ki se bon sipriz yo (lanmou, akseptasyon ak kominikasyon) oubyen move sipriz yo (peche, separasyon, enpi). Di konsa: Nan lavi anpil fwa nou resevwa anpil move sipriz ke nou pa kapab evite. Men gen kèk move sipriz ke nou kapab chanje, tankou pa egzanp peche, separasyon ak sa ki pa pwòp. Si nou renmèt Seyè a lavi nou, move sipriz yo kapab vin tounen bon sipriz. Nou tout nou renmen bon sipriz. Nan istwa bibliik jodi a nou genyen de pèsonaj enpòtan ki te resevwa yon bon sipriz nan men Bondye. Seyè a te fè youn renmen lòt, pou youn te aksepte lòt epi mete tèt yo ansanm youn avèk lòt. Eksperyans sa te fè pati legliz la lè li te fenk kòmanse fonksyone.

ISTWA BIBLIK

Nou zanmi!

Après dialòg yo epi konnen evènman ki te pase ant Pyè avèk Kònèy, pèmèt timoun primè yo reponn pwen sa yo avèk pwòp opinyon yo dapre sa yo te li ak koute.

1. Èske nou kwè ke si Pyè avèk Kònèy te déjà rekonèt youn lòt pou Bondye ta manifeste, pwobableman

t'ap gen kiryoziye sou yo? (San dout, men nou dwe sonje ke Sentepri a t'ap travay nan legliz la, sa vle di nan chak kwayan. Moun yo te konn chèche Bondye. Peche yo te padone. Lavi yo te chanje).

2. Èske nou kwè ke ta genyen yon divizyon malgre Kònèy te konn adore Bondye? (Li posib pou si Pyè avèk Kònèy pat obeyi vizyon Bondye a. Pyè te kite Lespri Bondye a dirije li, menm jan avèk Kònèy).
3. Èske nou kwè ke Pyè te konsidere Kònèy kòm yon sitwayen dezyèm klas, oubyen enferyè? (Non)
4. Èske li posib ke Pyè pat kole tèt li avèk Kònèy paske li te pè pou li pat vin enpi? (Li posib, men vizyon ke Bondye te ba li a te espesyal, epi Pyè te vle obeyi Seyè a).
5. Èske nou kwè ke Kònèy pat tèlman gen prejije? (san dout li te genyen prejije pa li, men li te renmen Bondye epi li te obeyisan). Fè timoun yo sonje ke pifò nan women yo pat respekte jwif yo. Seyè a t'ap travay nan kè Kònèy, se poutèt sa li te voye rele Pyè. Kònèy te enb pou li te kite Pyè anseye li Bon Nouvèl la).
6. Apre patisipasyon Bondye a, èske Pyè te trete Kònèy kòm nenpòt lòt nouvo kwayan? (Li posib ke wi, men tou li te pare pou li te aseye Kònèy, fanmi li avèk rès kwayan ki te la yo).
7. Èske nou kwè ke Pyè te pare pou ale lakay Kònèy? (Li te ale avèk yon bon atitid).
8. Kisa ki te reyaksyon Kònèy fas ak Pyè? (Akseptasyon. Pyè te rete lakay Kònèy pandan plizyè jou, li te anseye epi preche moun ki te la yo).
9. Kisa ki te repons de mesye sa yo? (Bondye te ede yo tou de. Pyè ak Kònèy te kapab venk prejije yo a. Yo te pare pou konsidere lide ki tounèf epi Bondye te montre tou de verite a, olye pou yo te kontinye avèk prejije yo a, sa ki te pote divizyon nan mitan yo a).

Venk prejije a se te yon devwa ki te enpòtan anpil pou legliz primitif la. Si legliz sa ta pral preche levanjil la bay jwif yo sèlman, li pa t'ap janm akonpli Gran Komisyon an, Matye 28:19-20. Apre yon titan, te genyen plis moun lòt nasyon ki te konn patisipe nan sèvis yo pase jwif, levanjil la te gaye nan tout mond lan.

Fè yo konprann ke si levanjil la pat gaye nan tout mond lan, li posib pou nou menm nou pat janm tande pale de Jezi.

Ou dwe asire w ke yo byen konprann mo "akseptasyon" ak "zanmitay". Pale di kòman kalite sa yo te ede legliz la grandi nan tan lontan, epi kòman l'ap ede kounye a.

Mande timoun yo pou yo ouvè aktivite ki nan liv Elèv la (leson 37), epi pou yo reponn kesyon ki anba istwa biblika la.

AKTIVITE YO

Èske m'ap kapab antre?

Mande timoun yo pou yo swiv enstriksyon ki nan liv Elèv la (leson 37), pou fè dènnye aktivite a.

Memorizasyon

Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentepri a.

Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba." (Matye 28:19-20).

Mande elèv yo pou yo li vèsè biblika la ansanm. Mete aksan sou mo ki souliye yo epi poze kesyon:

1. Kimoun nou dwe fè tounen disip? (tout nasyon yo).
2. Kòman? (Fè disip, moun k'ap swiv Jezi, batize ak anseye yo).
3. Pou kimoun? (Pou Jezi).

Poze kesyon : èske genyen yon moun ki fè pati plan Bondye sa? (non) epi si se verite, ebyen, kòman nou dwe sèvi ak moun ki diferan de nou yo? (avèk lanmou, konpasyon, ak respè. Genyen kèk ladan yo ki deja frè nou nan lafwa atravè Jezikris oubyen yo se disip kandida ki pral aksepte Jezi kòm Sovè pèsònèl yo).

N'ap kontinye avèk modalite inite sa.

Kounye a yo pral aprann dezyèm pati vèsè a, men revize premye pati a. Nan sa avèk lòt klas la yo pral aprann rès vèsè biblika la avèk nimewo a.

Premye pati a: Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentepri a, ///

Dezyèm pati a: Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba." (Matye 28 :19-20).

Pou moman memorizasyon an, ekri premye pati vèsè a nan tablo a. Repete li ansanm avèk elèv yo plizyè fwa. Divize klas la fè de gwoup. Apre sa, remèt chak gwoup yon fèy papye blan ak kreyon pou chak timoun. Premye timoun nan ap ekri premye mo ki nan vèsè a, l'ap bay yon lòt timoun papye a, li menm ki va fè menm bagay la youn apre lòt. Ekip ki fini avan an se li ki genyen. Prepare kèk prim pou timoun ki aprann li de memwa. Nan premye pati vèsè a genyen 18 mo. Nan dezyèm nan genyen 24 mo, plis nimewo vèsè a.

Pou fini

Mande timoun yo pou yo priye epi mande Seyè a pou li ede yo renmen tout moun, menm si yo diferan de yo. Di yo pou yo sonje ke Bondye "pa nan patipri", ki renmen nou tout menm jan.

Bondye vle vin Sovè nou, san gade sou ras, koulè po, lang ke nou pale, estati sosyal ke nou genyen, oubyen etid ke nou fè.

Priye pou klas ou a pou ke yo kapab pwoklame levanjil la bay tout moun.

Legliz la: Fas ak defi yo

Baz biblik: Travay 12:1-24

Objektif leson an: Rekonèt ke malgre Bondye pa delivre nou tout kretyen yo anba soufrans pèsekisyon, li kontinye kenbe Legliz la vivan epi pwogrese.

Vèsè pou aprann: *Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba.* (Matye 28 :19-20).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Pifò timoun nan laj sa yo poko janm fè fas ak lanmò. Anpil nan yo pat eksperimante lanmò yon bon zanmi oubyen yon manm nan fanmi yo. L'ap difisil pou yo konprann sa kretyen nan Legliz ki t'ap grandi a t'ap sipòte.

De tout fason, timoun primè yo dwe konnen, omwens, yon limyè sou batay la, difikilte ak gwo pèsekisyon ke Legliz la te eksperimante pandan tout istwa. Konprann aspè sa nan lavi Legliz la pral yon bon “kontradiksyon” kont “levanjil lasante, richès ak byennèt” ki tèlman popilè pami kretyen yo nan tan n'ap viv la.

Y'ap grandi tou avèk konfyans ke Legliz la anba antrènman Sentespri a, gen pou kontinye viv fas ak defi l'ap fè fas yo. L'ap ede yo rete fèm nan lafwa yo, menm si sa kapab fè yo santi santiman ki dezagreyab.

Timoun yo bezwen konprann gwo fòs ekstèn avèk entèn k'ap twoke kòn yo avèk Legliz la, kòm egzanp nou genyen divizyon ak manke lafwa ki se bagay ki parèt pi serye yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Malgre opozisyon, legliz la te kontinye avèk misyon li. Yo te konprann ke Levanjil la te pou tout moun, konsa yo te fè tout sa ki te depann de yo pou ke tout moun te tande mesaj la (Travay 11:19-21). Kretyen lavil Jerizalèm yo te voye Banabas nan peyi Antyòch, epi li te rive mete tèt li ansanm avèk Pòl pou li te kapab ede li nan ansèyman (11:22-26).

Pòl avèk Banabas te santi ke Sentespri a t'ap travay avèk gwo pouvwa nan Antyòch, men bagay yo te difisil nan lavil Jerizalèm. Wa Ewòd

te kòmanse pèsekite kretyen yo, eseye fè jwif yo plezi. Li te voye touye Jak.

Aprè sa li te mete Pyè nan prizon avèk entansyon pou touye li aprè Pak la. Ewòd te panse li t'ap kapab bloke avansman Levanjil la avèk pwojè touye predikatè li a.

Sa fè nou debouche sou yon kesyon enpòtan:

Èske kèk pami nou te soufri menas lanmò pou nou sispann pale de Jezi?

Asireman, nan 99 pousan repons yo se non. Men, èske kèk fwa nou te poze tèt nou kesyon ki rezon ki fè nou pa jwenn menas?

Li pwobab ke se paske pawòl nou yo pa sekwe yon estrikti pouvwa oubyen kèk moun ki gen anpil enfliyans.

Ansèyman Legliz primitiv la, avèk Pyè kòm lidè, sekirite gwo zotobre yo te menase. Akòz de sa, gwo chèf yo te vle bloke avansman levanjil la epi se akòz de sa, Ewòd te bay lòd pou pèsekite reprezantan ki te plis enfliyan li yo (Yo te touye Jak avèk yon epe epi Pyè te chape poul li).

Bondye te pwoteje legliz la kont pèsekisyon. Menm si kretyen yo te soufri nan anpil fason, Bondye te garanti ke legliz la pa t'ap kanpe sou misyon preche Levanjil la (Travay 12). Li te ede Pyè soti nan prizon an epi maspinen pèsekite prensipal li a: Ewòd.

Kòman legliz la te reyaji aprè lanmò Jak ak kout prizon Pyè a?

Kisa yon Legliz fèb ak san defans ta fè kont gwo pouvwa women an?

Kretyen yo te mete tèt yo ansanm pou yo priye.

Anpil moun pa ta panse avèk yon reyinyon lapriyè kòm premye altènativ kont pèsekisyon. “Difè kont difè” kapab sanble pi rezonab. Men Legliz la pat konte sou yon lame. Li pat genyen okenn enfliyans politik nonplis. Menm zam yo pat genyen pou yo te defann tèt yo konn lènmi ki te vin atake yo.

Men yo te priye.

Lapriyè a te fè pòt prizon yo te ouvè. Lapriyè a te libere Pyè anba chèn yo epi mennen li nan kay kote reyinyon priyè a te ye a. Lapriyè a kraze mekanste a plis pase sa nenpòt lòt zam ta kapab fè l. Lapriyè te soutni legliz la nan yon moman ki te gen gwo menas.

Travay 12 se yon chapit ki pwisan, paske li fè nou sonje ke Bondye pran swen nou nan mitan pwoblèm yo. “Chapit la kòmanse avèk lanmò Jak,

Pyè nan prizon epi Ewòd ap triyonfe; epi li fini avèk lanmò Ewòd, Pyè libere epi Pawòl Bondye ap triyonfe”*

Li pwobab pou lavi kretyèn nou an pa dramatik menm jan ak pa Pyè a. Pèsekisyon nou an pwobableman pa tèlman sevè menm jan ak pa Jak la. Sa bay dout, menm si li pa enposib, ke yon moun vle touye nou pou bloke ansèyman nou an.

Men, avèk gwo chanjman ke mond nou an ap eksperimente, li bon pou nou sonje tou de bagay ke nou pral aprann nan pasaj sa jodi a:

- Ke kretyen yo pa egzan devan pèsekisyon, men lè l’ap fè fas avèk li, Bondye pap abandone yo.
- Ke pèsekisyon pap detwi Legliz la. Bondye garanti li.

John R. W. Stott, Mesaj Travay la, nan Bib Bondye pale jodi a (Downers Grove, III. : Intervarsity Press, 1990), 213.

DEVLOPMAN LESON AN

Legliz nan Antyòch la

Se pou timoun yo li pasaj biblik yo ki nan liv Elèv la. Siw vle, fè kòmantè osijè de pasaj ki li a. Apre sa, poze kesyon sou pèsònaj prensipal yo ki nan pasaj la. Mansyone ke anpil moun lòt nasyon te aksepte Jezi kòm Sovè yo. Moun yo te kwè nan mesaj apot yo te bay la. Mesaj Levanjil la te gaye nan lòt peyi.

Vokabilè enpòtan yo

Ekri vokabilè yo avèk siyifikasyon yo nan yon papye bristòl pou w mete yo nan tablo afich legliz la.

Ou kapab fè yon jwèt anplis pou ke lè w rive ou kache vokabilè yo nan salon an epi apre sa voye timoun yo al chèche yo.

Priye: Kominikasyon pèsònèl avèk Bondye.

Pèsekisyon: abi fizik, fawouch avèk lòt kalite soufrans ke yon lòt moun eksperimente anba men lòt moun, akòz de sa yo kwè.

Di konsa: “Kòmansman Legliz la te vrèman difisil pou apot yo avèk disip Jezi yo. Yo te soufri fawouch, kout fwèt, tout kalite pinisyon, prizon e menm lanmò paske yo te mete konfyans yo nan Kris la epi yo pat vle abandone lafwa yo.

Yo te kenbe fèm nan lafwa, nan lapriyè avèk konfyans ke Seyè a pa t’ap kite yo poukont yo. Yo t’ap eksperimente nan kòmansman, pwomès ki te fèt yon ti tan avan: “Men, lè Sentespri a va desann sou nou...” (Travay 1:8a)

ISTWA BIBLIK

“Gwo sovtaj la”, dram

Depi yon semèn davans avan klas la, remèt pati ke w pran nan Bib yo pou elèv ou yo etidye yo. Ou kapab itilize metòd jès (siy) pandan w’ap li chapit 12 Travay la. Ou kapab sèvi kòm rakontè a. Bay sèt elèv sèt wòl diferan: Ewòd, Pyè, zanj lan, gadyen yo, Mari, Wòd. Rès klas la ap sèvi kòm yon pati nan gwoup kwayan yo. Ankouraje yo vin kreyatif. Yo kapab itilize rad ki fèt ak prela epi dra.

Lè dram nan fini, itilize kesyon sa yo kòm mwayen pou fè revizyon:

- Kisa Pyè t’ap fè, lè zanj lan te antre nan prizon an yon sware avan jijman ak posib lanmò li a? (Dòmi).
- Èske nou kwè ke wa Ewòd te gen plis pouvwa pase Pyè ak lòt kretyen ki t’ap priye yo? (Non, yo te mete konfyans yo nan Bondye).
- Kisa nou kwè ki te atitid Pyè fas ak pwoblèm li a? (Malgre nou pa konnen li avèk sètitud, sanble ke Pyè pat pè. Li te konnen ke Jak te gentan mouri. Pwobableman li t’ap tann pou li te pwochen moun ki ta mouri a. Menm konsa, li te dòmi ak kè poze. Li te mete konfyans li nan Bondye, malgre li ta mouri nan demen maten).
- Kisa nou panse de pouvwa gouvènè ak wa yo genyen an? Kimoun ki gen plis pouvwa? (Rete koute repons yo epi eklèsi konsèp yo a).

Kòmante devan elèv yo ke te gen yon moman nan lavi Legliz la kote kretyen yo te konfonn ak fè pèsekite yo pase wont. Yo te fè fas ak soufrans ak lanmò avèk kè kontan epi kouraj.

- Kisa kretyen yo te fè pou yo te eseye retire Pyè nan prizon an? (Yo te priye, se te pibon bagay yo te kapab fè. Ale devan Seyè a avèk pwoblèm li yo te yon fason pou demontre pou tout moun mete konfyans yo nan Bondye epi depann de li).
- Èske nou panse ke yo te fè tout sa yo te kapab pou ke Pyè te libere? Èske pat genyen lòt bagay tankou prezante yon demann devan Ewòd oubyen òganize yon manifestasyon devan palè a? (Priye se pibon bagay ke yo te kapab fè. Lè yo te prezante yo devan Bondye avèk pwoblèm yo a, li toujou pi saj pase eseye soti nan pwoblèm yo avèk repons ki soti nan lòm).
- Ki atitid nou dwe genyen devan pèsekisyon an? (Nou kapab konfyè ke Bondye ap rete bò kote kretyen yo toutotan pèsekisyon an dire.

Malgre li pa toujou libere lavi yo, li ba yo fòs pou yo fè fas ak sitiasyon an).

Mande pou de elèv li Matye 16:16-18 epi Travay 12:24. Kisa vèsè sa yo di osijè de kapasite Bondye pou kenbe Legliz la fèm malgre pèsekisyon? (Nou kapab konfyè nou ke Bondye ap fè sa. Li te pwomèt ke ni pèsòn ni anyen pap kapab detwi Legliz la).

Antrenè: Si byen tèm sou pèsekisyon an kapab fè timoun yo sezi ak fè timoun yo enkyete; ou dwe byen pozitif nan prezantasyon w lan. Nou konnen byen avèk sètitud ke Bondye ansanm avèk nou, menm nan moman pi difisil yo. Se sa timoun piti yo dwe mete nan kè ak panse yo. Yo dwe gen lafwa ak sekirite de ke Seyè a gen tout pouvwa pou ede yo fè fas ak pèsekisyon an, san gade sou ki fòm sa prezante.

AKTIVITE YO

Enparab!

Dirije timoun yo nan aktivite kat jewografik la, nan liv Elèv la (leson 38). Mande yo pou yo swiv enstriksyon yo. Sa se yon bon moman pou w fè yon revizyon ki senp osijè de vwayaj Pòl yo.

Elèv yo pral konprann ke mesaj la pat kanpe malgre pèsekisyon, men se te lekotrè. Kretyen yo t'ap chèche kote pou yo preche. Yo t'al viv nan lòt vil kote yo te kapab pale de Jezi, nan fason sa a mesaj la te gaye.

Si Legliz la pat gaye avèk mesaj Sali a, li pa t'ap janm rive jwenn nou jodi a. Nou dwe di Bondye mèsi pou kouraj premye kretyen yo, paske malgre pèsekisyon, yo te kontinye preche Bon Nouvèl lavi ki pap janm fini an...jous nan dènye bout latè''.

Separatè liv oubyen makè Bib

Avan klas la kòmanse, ekri nimewo vèsè bibliki yo nan yon ti kare papye, pou ke timoun yo kole yo nan yon separatè liv. Objektif travay sa se pou timoun primè yo kapab li nimewo vèsè yo lè yon moun ap fawouche yo oubyen di yo bagay ki mal dèske yo se disip Jezi.

Pandan dewoulman klas la, yo tout ka li pasaj bibliki yo.

Sa ap ba yo konfyans epi fè yo sonje ke yo pa poukont yo.

Pandan klas sa, bay ti moso papye bristòl ki genyen 20 cm x 5 cm. Mande timoun yo pou nan yon bò, yo bay koulè, pentire oubyen kole imaj pou dekore separatè Bib la. Nan lòt bò a y'ap kole ti kare papye yo avèk nimewo vèsè bibliki yo. Mete fen avèk separatè a nan yon bò sou fòm pwent, epi nan lòt la sou fòm ''V'' vire. Yo kapab fè yon ti twou nan pwent la epi mete yon ti riban fen oubyen yon

ti twal koulè ladan li.

Nimewo vèsè bibliki yo:

- Sòm 23:4. Bondye toujou avèk nou.
- Matye 28:20. Jezi pwomèt pou li rete avèk nou.
- 1 Pyè 4:19. Nou kapab lage nou nan men Bondye.
- Revelasyon 2 :10. Bondye pwomèt rekonpans pou nou menm ki soufri pou li.

Memorizasyon

Sa se dènye klas inite a. Nou rete kwè ke timoun yo te aprann vèsè a konplèt. Ankouraje timoun ki te aprann li de memwa yo resite li. Ou kapab òganize yon konpetisyon pou w wè konbyen tifi ak tigason ki te aprann li kòrèkteman.

Premye pati a: ''Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentepri a...''

Dezyèm pati a: ''...Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba. Amèn'' (Matye 28 :19-20).

Ekri vèsè a konplèt nan tablo a. Repete li ansanm avèk elèv yo plizyè fwa. Divize klas la fè de gwoup. Apre sa, remèt chak gwoup yon fèy papye blan ak kreyon pou chak timoun. Premye timoun nan ap ekri premye mo ki nan vèsè a, l ap bay yon lòt timoun papye a, li menm ki va fè menm bagay la youn apre lòt. Ekip ki fini avan an se li ki genyen. Prepare kèk prim pou timoun ki aprann li de memwa.

Mande timoun yo pou yo konplete dènye aktivite leson an.

Pou fini

Chante yon kè chan oubyen kantik ki sanble ak sesyon leson sou Legliz la.

Priye nou tout ansanm pou ke Bondye ede nou vin vanyan epi gen kouraj ki nesèsè pou nou anonse mesaj Jezi a bay tout moun. Priye pou timoun yo pou yo pa santi wont pou yo rakonte lòt moun sou lafwa ak lanmou yo pou Seyè a.

Poze kesyon pou w konnen si gen kèk timoun ki vle sonje non kèk moun ki bay fawouch oubyen imilye yo paske yo se kretyen. Priye pou moun sa yo, paske petèt pa inosans, li fè timoun nan soufri.

Sa se yon bon moman pou priye pou moun k'ap soufri pèsekisyon nan peyi ki pa pèmèt predikasyon Levanjil yo. Anpil misyonè ak kretyen viktim pèsekisyon pou lafwa yo nan Kris la.

Ane 3

Entwodiksyon – Inite X

ABIYE W AVÈK ZAM BONDYE YO

Baz bibliik: Efezyen 6:14; Matye 4:1-11; Ebre 2:18; Efezyen 6:15-16; Filemon; Efezyen 6:17; Efezyen 6:18-20; Jak 5:13-20

Verite bibliik: Zam Bondye yo ede nou kenbe fèm kont lemal.

Vèsè inite a: *Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive, nà ka kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, nà kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou (Efezyen 6 :13).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Konprann ke nan mond lan gen yon mal ki pigwo pase sa nou kapab wè oubyen eksperimante a.
- Konnen ke Bondye pi pwisan pase nenpòt mal epi se li menm ki bannou tout zam ki nesèsè pou nou venk li.
- Idantifye pyès zam Bondye yo epi kòm yo chak ede nou batay kont lemal.

Leson inite a

Leson 39: Itilize sentiwon an avèk plak pwotèj la

Leson 40: Itilize sandal yo avèk pwotèj kont flèch yo

Leson 41: Itilize kas ak epe a

Leson 42: Ame epi pare pou aksyon an!

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Timoun ki nan laj sa yo fè fas ak mal byen souvan. Yo riske fas ak vyolans ak imoralite nan televizyon, fim, videyo [egzajerasyon] epi nan nouèl yo. Anplis de sa yo wè rezilta mal la nan lavi vwazen yo, kamarad lekòl, zanmi e menm nan pwòp fwaye yo.

Inite sa ap ede yo rekonèt lènmi k'ap pwodwi tout dezòd sa epi idantifye plan Bondye pou detwi li. Y'ap konnen ki zouti yo dwe sèvi pou yo kenbe fèm kont lemal epi grandi kòm kretyen. Leson sa yo ap ede yo konprann valè ak nesèsite lapriyè nan batay yo kont lemal.

Itilize sentiwon an avèk plak pwotèj la

Baz biblik: Rit 1, 2

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke Jezi te pote viktwa sou tantasyon an epi pou rezon sa, si yo mete konfyans yo nan verite ak jistis Bondye a, y'ap kapab kenbe fèm kont tantasyon an tou.

Vèsè pou aprann: *Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive, n'a ka kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, n'a kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou (Efezyen 6 :13).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Lemonn kapab yon kote ki vrèman danjere pou timoun yo. Y'ap fè fas ak anpil presyon lè y'ap chwazi zanmitay oubyen bagay ki pa gen anyen pou wè avèk Bondye. Yo plonje nan yon batay espiyityèl epi yo bezwen zouti pou yo goumen. Leson sa yo sou zam Bondye yo ap ba yo zouti sa yo avèk fòs ki nesèsè lè yo konfyè nan li, verite ak jistis li. Y'ap grandi avèk konfyans lè yo aprann itilize yo ak aplike yo pandan etid Pawòl la avèk lapriyè.

Lè yo konprann kòman Jezi te kenbe tèt ak tantasyon an, yo kapab konfyè yo ke l'ap ede yo fè menm bagay la. Preparasyon bonè a kapab fè diferans ant dezespwa ak laviktwa.

KÒMANTÈ BIBLIK

Lavi kretyèn nan plis pase sa k'ap pase nan perimèt fizik. Se vre n ap fè fas ak defi ki baze sou presyon ak pwoblèm ke mond lan avèk lòt moun prezante. Men nou gen apèl pou nou livre yon pi gwo batay, se yon batay espiyityèl kont lemal. Nou dekouvri ke nou dwe kontrekare sa ki opoze ak Bondye dirèkteman, e sa se Satan.

Avan nou te rive konnen Kris la, lènmi an te konsidere nou kòm moun ki pèdi konplètman. Pèdi fas ak lajwa Sali a epi pèdi fas ak pouvwa redanmtè a pou posede yon relasyon ki kòrèk avèk Kris. Satan pat gen anpil batay pou li te deklare pou l te genyen nou. Nou pat yon menas. Men lè nou te rive vin jwenn Kris bagay yo te chanje. Nou vin pa pèdi ankò; Bondye te jwenn nou epi reklame nou. Satan pat kontan avèk sa ditou.

Se konsa nou dekouvri ke nou toujou ap sibi

atak espiyityèl. Men sa pa vle di ke nou dwe viv nan dezespwa, ni nan echèk. Kounye a nou gen apèl pou nou depann de fòs Bondye ak chak pyès zam ke li bannou pou nou kenbe tèt avèk malen an.

Menm si nou santi nou fò oubyen an feblès, gen yon leson sou zam Bondye yo ke nou dwe aprann. Se pa osijè de sa ke nou kapab fè, se osijè de sa Bondye kapab fè atravè nou menm. Sa parèt byen klè nan Jezi, Pitit Bondye a.

Jezi te pran tan ki nesèsè pou li te prepare l avan li te kòmanse ministè li sou tè a, li te fè jèn epi priye, li te ale nan dezè a epi pase 40 jou ak 40 nwit poukont li. Feblès te anpare li akòz de grangou ak manje, li te fatigue epi sanble san resous.

Nan moman sa Satan te wè yon gran opòtinite pou l te chanje plan redanmsyon Bondye a pou limanite. Gwo koken an te panse li t'ap kapab gate misyon Jezi a.

Li te mete yon defi devan Seyè a pandan li t'ap chanje verite ki nan Bib la. Agiman yo te sanble rezonab, men se pat vre. Jezi te kontrekare manti a avèk laverite. Li te konnen sa ki te ekri nan Liv la "sentiwon verite a". Nou menm tou nou dwe prepare, se poutèt sa nou dwe konnen verite a.

Men Satan pat kanpe nan manti yo.

Li te atake relasyon Jezi avèk Papa a. Li te menm kreye dout osijè de sa Bondye te genyen sa ki pibon nan lespri li pou Pitit li ak kreyasyon l lan. Sa se te lòt gwo pyèj la, epi Jezi te konnen sa. Satan pa kapab bannou kè poze, kè kontan, jistis, oubyen lavi ki pap janm fini an. Seyè a te mete "plak pwotèj jistis la" epi li te chwazi mete konfyans li nan relasyon li avèk Papa a.

Pandan w'ap prepare w pou leson sa, konsidere si batay ak lit ou yo se fizik oubyen espiyityèl.

Zam Bondye yo se yon garanti pou nou fè fas ak atak de nenpòt kalite ke Satan ta kòmanse. Ou pa poukont ou. Ou kapab kanpe fèm. Ou kapab reziste.

DEVLOPMAN LESON AN

Itilize kèk nan aktivite sa yo pou w gide elèv yo nan verite Pawòl Bondye a.

Reziste! Kenbe fèm!

Remèt timoun yo premye paj aktivite ki nan liv Elèv la. Divize klas la fè de gwoup epi bay chak gwoup yon sitiyasyon. Pèmèt ke gwoup yo diskite sitiyasyon yo epi apre sa pou yo deside si se te yo menm, kòman yo t'ap aji. Di konsa: "Li posib pou

nou pa fè fas ak kalite tantasyon sa yo, men petèt nou fè fas ak lòt kalite”.

Se pou timoun yo ekri nan kare blan oubyen fè desen osijè de tantasyon ke y’ap sibi yo ou sa yo pral fè fas yo. Avèti: “Nou tout nou kapab abiye nou avèk zam Bondye yo, pou ke lè dyab la vini, nou kapab kenbe fèm” (Efezyen 6:13).

Vokabilè enpòtan

Ekri mo enpòtan yo nan yon papye bristol pou w mete nan tablo afich la. Si l posib, desine oubyen kopye minisyon yon sòlda, chak pati apa. Ou kapab mande youn nan elèv ou yo ki byen konn fè desen pou l ede w nan travay sa. Mete non ak definisyon chak pyès anba yo.

Zam Bondye yo: sòlda sèvi ak zam nan pou l pwoteje tèt li nan batay. Zam Bondye yo se pwoteksyon nou kont lemal. Lè nou itilize zam sa, nou kenbe fèm kont tantasyon yo epi nou fè bon chwa chak jou.

Sentiwon verite a (Efezyen 6:14): pyès sa nan zam Bondye yo fè nou sonje ke li toujou pale laverite, sa vle di ke li toujou di sa ki vrè.

Lè nou mete sentiwon verite a, nou chwazi pou nou viv avèk verite Bondye a epi obeyi Pawòl li. Nou prefere di laverite paske sa se lòt fòm pou nou obeyi Bondye.

Plak pwotèj jistis (Efezyen 6:14): pyès sa nan zam Bondye yo fè nou sonje ke kòm kretyen, nou chwazi fè sa ki dwat, sa vle di, fè volonte Bondye epi rete fèm nan yon relasyon entim avèk li. Plak pwotèj jistis la se pou nou paske nou mete konfyans nou nan Jezikris, Pitit li a, epi nou chwazi swiv li.

Mal / mechanste: nenpòt moun oubyen nenpòt bagay ki opoze ak Bondye. Mal la se kontrè avèk bon, epi Bondye bon. Dyab la opoze ak Bondye. Dyab la pa bon.

Tantasyon: sa yo ki elwanye nou de Bondye. Tout sa ki pran plas Bondye nan lavi nou.

Jèn: Bay yon bagay avèk objektif pou adore Bondye. Jezi te refize manje lè li te nan dezè a.

Tablo afich: Zam Bondye yo

Mande tout elèv yo pou yo ede w mete yon papye baz pou vlope tablo afich la. Sa kapab yon pwojè pou yon jou samdi. Prepare yon ti fèt pou tout klas la. Yo chak kapab pote yon sakit manje epi ou menm ou kapab chèche bwason an. Fè moman sa vin bèl kote yo tout kapab rejwi. Si oumenm oubyen kèk elèv te fè desen zam sòlda a, mande timoun yo kolore oubyen pentire li. Apre sa, kole

chak pati yo nan tablo afich la, avèk non e vokabilè enpòtan yo. Mete kòm tit: Zam Bondye yo. Pandan y ap kolore a, kole epi monte tablo afich la, eksplike ke nan klas la, epi pandan tout inite kat lesan yo, yo pral aprann siyifikasyon chak pati zam yo andetay. Ankouraje yo pou yo vini nan chak klas yo.

ISTWA BIBLIK

Tantasyon Jezi a

Matye 4:1-11; Ebre 2:18.

Divize klas la fè twa gwoup. Distribye yon sesyon istwa bay yo chak.

Ou menm kòm antrenè ou kapab prezante premye sesyon istwa a. Pèmèt ke gwoup yo prezante istwa a nan lòd.

Antrenè (Sesyon 1)

Apre sa, Lespri Bondye pouse Jezi ale nan dezè a pou Satan te ka tante l. Jezi pase 40 jou ak 40 nwit san manje. Apre sa, li vin grangou.

Gwoup 1 (Sesyon 2)

Pandan Seyè a te nan dezè a, dyab la te vin tante li. Satan te vle separe Pitit la de Papa a.

Dyab la te gade Jezi. Li pwobab ke li t’ap obsève li avèk move rega. “Li di l’ konsa: Si ou se Pitit Bondye, bay wòch sa yo lòd pou yo tounen pen”.

Jezi te konnen kisa dyab la t’ap bat pou l fè a, li te konnen li kòm mechan. Konsa, li te itiliz Pawòl ki nan Bib la pou l te reponn li: “Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye tou”. Seyè a te konnen vèsè enpòtan sa yo. Nou tout nou kapab li yo nan Ansyen Testaman, Detewonòm 8:3. Li te itilize Pawòl la pou li te kenbe tèt ak tantasyon an. Pawòl la se yon zam ki gen anpil pouvwa.

Gwoup 2 (Sesyon 3)

Dyab la pat pare pou l kite sa. Li t’ap fòse Jezi trayi Bondye. Apre sa, “grandyab la mennen l’ lavil Jerizalèm. Li mete l’ kanpe sou pwent fetay tanp lan”. Lè Seyè a te gade lavil Jerizalèm, Satan te eseye itilize Pawòl la kont li. “Si ou se Pitit Bondye, lage kò ou anba. Paske, men sa ki ekri: Bondye va bay zanj li yo lòd pou yo veye sou ou. y’a pote ou nan men yo, pou ou pa kase zòtèy pye ou sou okenn wòch”.

Avèk riz, dyab la te panse, “kounye a wi, aaaaa, mwen pran l. Li pa kapab kontrekare m si m itilize Pawòl la”.

Men li te twonpe. Jezi te konnen vrè siyifikasyon

pasaj la epi li te reponn li: “Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, Bondye ou”. Vèsè sa nan Detewonòm 6:16. Seyè a te konnen de kisa lènmi an t’ap pale.

Gwoup 3 (Sesyon 4)

Èske nou kwè ke avèk sa dyab la te sispann misyon l lan ? Non. Li te kontinye tante Jezi pou li te ka trayi Bondye. Li te eseye tante li yon fwa ankò.

“Satan mennen Jezi ankò sou yon mòn ki byen wo. Li moutre l’ tout peyi ki sou latè ansanm ak tout riches yo”. Yon bagay ki bèl pou moun wè. “M’ap ba ou tout bagay sa yo, si ou mete ou ajenou devan m’ pou ou adore m”. Sa se manti ki te pi gwo a. Dyab la pa mèt mond lan, konsa, li pa kapab bay li ni pran l. Mond lan se kreyasyon Bondye li ye. Jezi reponn li: “Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi...”. Fwa sa a li te itilize pasaj sa ki nan Detewonòm chapit 6 :13 pou di dyab la: “Kite m trankil. Sispann. Pa gen anyen ke w kapab di oubyen fè pou w separe m avèk Bondye”. Se pa ti gwo viktwa!

Satan te kapte mesaj la. Li te ale kite Jezi epi Bondye te voye zanj li yo vin pwoteje Pitit li a. Seyè a te sèvi ak Pawòl la pou l te kraze tantasyon an. Nou menm tou nou kapab itilize Bib la pou nou kenbe tèt ak li.

Après istwa a, itilize kesyon ki nan liv Elèv la (leson 39), pou w ede elèv yo revize leson an. Poze kesyon: “Kòman Jezi te itilize zam Bondye yo lè li te fè fas ak tantasyon an?” (Li te chwazi mete konfyans li nan Bondye epi reponn dyab la avèk Pawòl li a).

“Kòman Jesi te itilize sentiwon verite a?” (Li te sonje epi pran vèsè ki nan Bib la). “Ki manti Satan te itilize kont Jezi?” (Dyab la te fè Jezi konnen ke li te genyen pouvwa si li te nye otorite Bondye epi mete konfyans li nan li). “Kòman Jezi te reponn ?” (Seyè a te chwazi konfyè ak obeyi Bondye).

“Jistis, vle di viv yon relasyon ki kòrèk ak Bondye. Sa vle di tou fè sa l mande. Kòman Jezi te itilize plak pwotèj jistis la? Kòman Jezi te reyaji ak jistis lè li te tante a?” (Li te chwazi mete konfyans li nan Bondye olye pou l te chèche solisyon pou pwòp tèt li. Jistis la genyen andedan li konfyè nan

Bondye ak obeyi li. Jezi te fè li fas ak tantasyon nan dezè a). “Li te sipòte tantasyon yo, se poutèt sa li konnen sa n’ap sibe li nou anba tantasyon”.

Li Ebre 2:18 ansanm avèk elèv yo. Se li menm ki di ke nou kapab mete konfyans nou nan li pou nou fè fas ak tantasyon an, epi venk li avèk sekou li.

AKTIVITE YO

Angajman mwen

Remèt timoun yo dènye aktivite ki nan liv Elèv la (leson 39). Mande yo pou yo konplete angajman an. Eksplike: “Nou kapab mete konfyans nou nan Bondye lè nou abiye avèk zam li yo. Kanpe byen fèm nan verite li a. Etidye Pawòl li. Mete konfyans nou nan lanmou li epi pase tan ap pale avèk li atravè lapriyè”.

Aprè sa, mande yo pou yo chèche nan Bib yo a: Matye 4:4, 4:7 ak 4:10. Poze timoun yo kesyon sou kòman yo ta di vèsè sa yo avèk pwòp mo pa yo. Di konsa: “Vèsè sa yo di nou kòman Jezi te kenbe tèt ak tantasyon an. Nou menm tou nou kapab fè li”. Siyale sa Matye 4:10 vle di pou ou. Aprè sa, li Ebre 2:18. Poze kesyon: “Kote ki moun nou kapab ale lè n ap sibi tantasyon?” (Kote Jezi). “Seyè a te sibi tantasyon, li konnen epi konprann trèbyen lè n’ap sibi tantasyon. Nou kapab sèten ke Jezi ap ede nou kanpe fèm fas ak tantasyon an”.

Memorizasyon

Depi anvan klas la kòmanse, ekri vèsè pou aprann nan nan plizyè kat, chak mo dwe separe. Sere yo nan divès plas nan sal la. Mande elèv yo pou y al chèche yo. Lè yo resi jwenn yo, mande yo pou yo ranje yo youn bò kote lòt yon fason pou yo fòme vèsè a kòrèkteman.

Ou kapab itilize aktivite sa nan lòt klas yo ki nan inite sa.

Pou fini

Priye ansanm pou mande Seyè a pou li ede nou kenbe fèm fas ak nenpòt tantasyon ke satan prezante nou.

Si gen tan, pale avèk timoun ki gen batay difisil yo. Asire yo chak ke Jezi konprann yo epi kapab ba yo fòs nesèsè pou yo pote laviktwa sou tantasyon yo. Mete fen avèk yon kè chan ki gen pou wè ak tèm nan.

 **Nòt mwen yo:**

Itilize sandal yo avèk pwotèj kont flèch yo

Baz bibliik: Efezyen 6:15-16; Filemon

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo konprann ke Sali a libere nou anba krent ak peche. Onezim se yon bon egzanp sou kòman atravè konfyans li nan Bondye, li pat pè retounen al fè fas ak yon sitiyasyon difisil.

Vèsè pou aprann: *Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive, n'a ka kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, n'a kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou* (Efezyen 6 :13).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Goumen oubyen chape! Lè Onezim te nan pwoblèm, li te chwazi chape poul li. Lè timoun yo nan pwoblèm, mond lan fè yo konnen ke yo genyen de opsyon: goumen oubyen chape poul yo. Onezim te dekouvri yon twazyèm opsyon : Li te konprann ke konfyans nan Bondye pote liberasyon. Epi Sali a bay valè pou kontrekare lapèrèz epi anbrase libète, refize presyon peche a.

Leson sa bay opòtinite pou prezante twazyèm opsyon sa pou timoun primè yo. Yo pa genyen pou yo reziyen yo pou yo goumen. Yo pa genyen pou yo kouri akòz de lapèrèz nonplis. Yo kapab jwenn fòs nan pouvwa Bondye, abiye avèk zam Bondye bay yo, epi mete konfyans yo nan Bondye lè bagay yo ap mache mal.

Ankouraje elèv yo pandan w'ap rakonte yo yon sitiyasyon difisil (konfòm avèk laj yo) ke w te fè fas epi venk avèk sekou Bondye. Ankouraje yo panse avèk sitiyasyon ke yo kapab fè fas. Itilize istwa sa pou w ede yo mete yo prè epi itilize lafwa ke Bondye te ba yo a, pou yo pèsevè nan nenpòt sikonstans.

KÒMANTÈ BIBLIK

Pwoblèm nan

Esklavaj la se yon bagay ke sosyete a te toujou ap batay kont li depi lontan. Se te koz anpil batay atravè syèk yo avèk Legliz primitiv la pat fè eksepsyon, déjà ke depi lè gouvènman women an te parèt, li te aksepte esklavaj kòm yon pratik ki nòmal.

Istwa nou an jodi a se sou esklavaj yon moun: Onezim. Li te yon esklav, yon objè ke yon mèt te posede li menm ki te pèdi yon bagay ke Onezim te vòlò epi chape poul li pou chèche libète li. Nonm

nan te kòmanse kouri depi nan lavil Kolòs pou rive jous nan lavil Wòm. Sa Onezim te rankontre nan lavil Wòm nan se vrè libète li a nan Kris la. Pandan ke mèt li Filemon te rete nan lavil Kolòs. Konsa lè li te vin mete konfyans li nan Jezi kòm Sovè pèsònèl li, li te eksperimante yon libète ki tounèf. Kounye a li te vin yon kreyen, yon nouvo kreyati nan Kris la, yon lidè nan legliz Kolòs la epi li te ouvè pòt kay li pou fè reyinyon epi genyen kominyon avèk lòt kwayan yo. Pandan setan li te toujou mèt plizyè esklav, li t'ap reponn yon apèl ki te piwo pou lavi li, apèl Kris la.

Demann

Pòl te konnen sitiyasyon ke Onezim t'ap fè fas nan lavil Kolòs. Lalwa women an te deklare si yon esklav te vòlò epi kouri kite kay mèt li, li te kapab kondane jiska lanmò. Moun ki te kapab fè yon zak konsa li te konsidere kòm yon pa itil pou mèt li. Pòl tou te konprann ke itilite Onezim pat baze sou benefis ke li ta kapab bay kòm esklav ak objè, men se te pito fè pati yon kominote kwayan. Sa se demann ke Pòl te prezante nan yon lèt li te ekri Filemon pèsònèlman, pandan li te nan prizon nan yon kay ki te nan lavil Wòm. Apot la te ekri: "Ou pa janm konnen si Onezim pa t' kite ou pou yon tan, pou ou te ka jwenn li (Onezim) ankò pou tout tan. Paske, se pa tankou yon senp esklav ou jwenn li ankò. Koulye a, li plis pase yon esklav pou ou (Filemon), se yon frè li ye pou nou nan Kris la, yon frè mwen (Pòl) renmen anpil. Men, ou menm ou dwe renmen li pi plis pase m' ankò. Pa sèlman tankou nenpòt ki moun, men tankou yon frè nan Seyè a" (Filemon 15-16).

Pòl te kapab pase Filemon lòd pou li te trete Onezim tankou yon moun ki menm jan avèk li (Pòl). Men nan plas sa, li te pale ak Filemon sou lanmou li genyen pou Kris la. Apot la te fè sa pandan li te konnen ke si li te bay Filemon libète pou li te chwazi sa li te dwe fè avèk Onezim, li t'ap trete li menm jan, san rankin akòz de lanmou Jezi a. Sa Pòl t'ap tann nan se pou ke Filemon te pwolonje padon li te resevwa nan men Jezikris la anvè ansyen esklav li a, pandan li t'ap resevwa li kòm yon frè nan Kris la.

Libète a

Onezim te déjà eksperimante vrè libète a nan Kris la. Li te resevwa padon Bondye a epi kòmanse yon relasyon entim avèk li. Men tou, li te nan nesite pou li te restore relasyon li avèk Filemon. Se pou rezon sa ke Onezim retounen nan lavil Kolòs.

Sali a pat anpeche li retounen fè fas ak konsekans atitid pase yo. Nenpòt jan sa ye, se konfyans li nan Bondye ki te fè li retounen lakay mèt li. Pòl te konfyans, lè li te voye Onezim retounen al jwenn Filemon, ke legliz primitiv la t'ap devlope kòm yon kote ki gen padon, gras avèk libète. Déjà la, pa ta gen ni esklav ni lib, sèlman ta genyen moun ke Kris te padone yo.

Sa ki konte a se lanmou ki depase diferans nou yo ak lafwa ki libere nou anba peche.

Montre elèv ou yo renmen, aksepte epi pataje gras Bondye a bay tout moun ke yo jwenn sou chemen yo.

DEVLOPMAN LESON AN

Sapat ak k libète

Depi avan klas la kòmanse chwazi yon bon kantite sapat. Kòmanse avèk sapat ti bebe yo, atlèt, travay, dam, fèt, pou nèj, sandal pou plaj/ lete, elatriye. Si w pa gen tout kalite sapat sa yo, chèche mande prete kèk.

Koke yo nan yon kwen nan salon an. Mande timoun yo pou yo gade yo byen epi eksplike itilite chak sapat sa yo epi nan ki okazyon yo ta itilize yo. Poze kesyon: “Èske nou konn eseye travèse yon lari san sapat, nan tan lete? Atè a vrèman cho. Èske nou konn eseye mache nan plaj san sandal? Se prèske enposib, sab la boule pye yo epi li bay doule. Èske kèk nan nou konn mache sou glas san sapat? Li ensipòtab...fredi a rèd anpil! Ki libète itilize sapat yo bannou?”

Oryante timoun yo nan aktivite ki nan liv Elèv la (leson 40). Remèt kreyon, plim, makè, kreyon senp, elatriye. Di yo pou yo panse ak pawòl epi bagay ki dekrive libète.

Ki libète Bondye bannou? Bay tan pou yo reflechi, ekri, fè desen epi reponn.

Vokabilè enpòtan

Ekri vokabilè yo nan kat ak siyifikasyon yo. Apre w fin montre timoun yo epi bay egzamp, ou kapab plase yo akote chak imaj ki pral nan tablo afich ki deja prepare pou inite sa: “Zam Bondye yo”.

Pantouf / sansal (Efezyen 6:15): pyès sa nan zam Bondye yo fè nou sonje ke kòm pitit li, nou dwe toujou pare pou nou rakonte Bon Nouvèl lavi ki pap janm fini atravè Jezikris a bay lòt yo. Pale avèk lòt moun de Jezi, se pibon nouvèl ke nou kapab bay yon moun.

Konfyans lan (Efezyen 6:16): pyès sa nan zam Bondye yo pwoteje nou kont moman ki kapab dekouraje nou yo oubyen k’ap pouse nou retounen nan fason nou t’ap viv nan tan lontan epi bay Seyè a do. Lè nou chwazi gen lafwa epi mete konfyans nou nan Bondye, nou deside viv tankou brav, avèk kouraj ke li bannou. Menm si lòt yo ri nou, fawouche nou oubyen pèsekite nou.

Si w vle, ou kapab fè lòt jwèt mo avèk vokabilè enpòtan yo ke yo te wè nan klas pase yo epi nan sa jodi a tou. Ekri yo nan kat ki gen gwoès mwayen (10 cm. X 10 cm.), epi mete yo nan yon valiz oubyen anvlòp. Mande timoun yo pou yo fòme yon sèk. Pandan w’ap rete deyò wonn nan de do epi ap bat men w pandan timoun yo ap fè valiz la oubyen anvlòp la mache. Lè w vire epi sispann aplodi, gade gwoup la byen vit, timoun

ki gen valiz la ap retire yon kat epi bay siyifikasyon vokabilè li jwenn ladan l lan. Si li pa konnen l, li kapab ale kote tablo afich la ye a epi li l. Kontinye avèk jwèt la pandan plizyè minit oubyen jous kote tan pèmèt li.

ISTWA BIBLIK

Filemon

Depi avan klas la kòmanse, fè kopi epi koupe sesyon ki pale sou evènman lavi Filemon ak Onezim nan. Kole yo chak sou yon papyè ki sanble yon woulo oubyen yon papyè ansyen. Double yo epi nimewote yo: 1, 2, 3, ak 4.

Remèt kat volontè woulo yo nan klas la. Se pou yo chak ouvè li (nan lòd soti nan 1 pou rive nan 4) epi li l. Ede rèz elèv yo reponn.

1. Salitasyon an

Lektè 1:

Filemon bon zanmi mwen, se yon plezi pou mwen ekri yon kanmarad mwen nan misyon Kris la. Mwen se prizonye pou koz Seyè a, men Timote avèk kèk lòt frè sèvi m yon gwo sipò. Nou mande Bondye, “Papa nou, ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, pou yo ban nou benediksyon ak

Kè poze” (v.1).

Klas: Pòl kòmanse lèt li a pandan l’ap fè Filemon yon demann kòm yon frè ak kamarad nan travay Kris la.

2. Ekspresyon remèsiman ak lapriyè

Lektè 2: Chak fwa m’ap lapriyè, mwen nonmen non ou, mwen di Bondye mèsi pou ou. Paske m’ tande jan ou renmen tout pèp Bondye a, jan ou gen konfyans nan Seyè Jezi. M’ap mande Bondye “pou konfyans nou gen ansanm nan li a ka fè nou konprann pi byen tout benediksyon nou jwenn nan lavi n’ap mennen ansanm nan Kris la” (v.6). Lè w gen tan pou w pataje lafwa nan Jezi w la avèk lòt moun, lanmou Bondye ap grandi pi plis toujou nan lavi w. Nou gen gwo kè kontan avèk konsolasyon nan lanmou w ; mwen di w mèsi pou tout sa w te ban mwen.

Klas 2. Pòl te pale sou lanmou Filemon pou lòt yo epi konsa li te ankouraje li. Li te ekri lapriyè li yo pou Filemon ak tout sa li te fè pou li yo.

3. Demann lan

Lektè 3: Se gwo lanmou ou ki ede m konnen ke mwen kapab ekri w lèt sa epi mande w yon bagay ki tèlman gwo. Mwen se yon vye granmoun epi yon prizonye, mwen kwè ke w’ap fè sa ki kòrèk. Mwen kwè ke w’ap fè sa ke Bondye mande w fè, ak sa mwen mande w tou akoz de lanmou ou genyen anvè Jezi a.

M’ap ekri w sou yon moun ou menm avèk mwen rekonèt. Mwen fè referans ak Onezim li menm ki te

esklav ou. Li te ansanm avèk mwen epi li te rive vin tankou yon pitit pou mwen. Ou pap kapab kwè gwo chanjman ke Bondye te reyalize nan lavi li! Kounye a li se yon kwayan nan Kris la. Li renmen Jezi epi li rekonèt mal ke li te fè w la. Mwen rekonèt ke nan lòt moman li pat itil ou anyen, men kounye a li itil ni pou ou ni pou mwen (v.11). Se rezon sa ki fè mwen “voye nonm sa retounen ba ou”. Mwen ta byen renmen kenbe li avèk mwen pou li ta ede m nan prizon an (v.13) nan plas ou, pou pale avèk lòt yo de Kris, men mwen pap fè sa toutotan mwen pa pale sa avèk ou avan.

Ou dwe deside sa w’ap fè avèk Onezim. Mwen konnen, epi mwen kwè ke w’ap fè sa ki kòrèk la. Èske se pa yon gwo koze wè li retounen al jwenn ou ? Se pa tankou esklav ankò, men se pito plis pase yon esklav, se tankou yon frè byenneme (v.17). Si l’ te fè ou kèk bagay mal, osinon si l’ dwe ou kichòy, mete sa sou kont mwen. Mwen menm Pòl, m’ap ekri sa ak men pa mwen: m’a renmèt ou sa. Mwen pa kwè m’ bezwen fè ou chonje jan ou dwe m’ lavi. Wi, frè m’, fè m’ favè sa a nan non Seyè a. Soulaje kè m’ tankou yon frè nan Kris la dwe fè li. Se paske mwen konnen w’ap fè sa m’ mande ou la ki fè m’ ekri ou lèt sa a. Mwen konnen ou va fè pi plis pase sa m’ mande ou la (v.21).

Klas 3: Pòl fè demann lan atravè lanmou Filemon pou Jezi avèk zanmitay li te genyen avèk li. Li konfyè li ke l’ap trete ansyen esklav li a menm jan li ta trete li pèsònèlman.

Orevwa

Lektè 4: Se tout sa mwen te genyen pou m ekri w. An menm tan, pare yon chanm pou mwen, paske, pou lapriye mwen konnen nou fè pou mwen, mkwè Bondye va tandè nou, la fè m’ favè vin jwenn nou ankò. Mèsi paske w’ap resevwa Onezim avèk lanmou Jezi a, m’ap priye pou ou. Jezi avè w.

Siyen: Pòl.

Klas 4: Pòl mete fen ak lèt li a avèk espwa ke li ta pral vizite Filemon. Li beni li epi rete kwè ke Filemon ta yon benediksyon pou Onezim.

Aprè istwa a, itilize kesyon sa yo, pou w ede elèv yo revize istwa bibliik la. Ou kapab di konsa: Kòm yon esklav ki te vòlò bagay mèt li epi ki te chape poul li, si Onezim te retounen, li te kapab konnen lanmò. Kisa ki te libere Onezim anba lapèrèz li a? (Sali a, lafwa li nan Jezi).

Kisa ki te chanje nan Onezim ? (Li te rive vin yon kwayan, yon disip Jezi. Li te rekonèt peche li epi li te repanti. Li te konnen ke nenpòt sa ki ta rive, Jezi t’ap ansanm avèk li). Kòmman zam Bondye yo antre nan relasyon avèk leson sa ? (Pantouf la fè nou pare pou Sali a epi Onezim te pare pou sa). Pòl te pale de Levanjil la avèk li. Konfyans lan se liberasyon anba lapèrèz pa mwayen lafwa nan Bondye. Onezim te konnen ke li te

kapab genyen libète nan Kris la, libète pou l te retounen nan yon sitiyasyon difisil san pè, paske Bondye ta ansanm avèk li. Nou menm, kòmman nou kapab genyen menm libète avèk Onezim ? (Lè nou mete konfyans nou nan Jezi epi rive vin disip li, nou vin pitit Bondye. Konsa, nenpòt sa ki rive, li la avèk nou. Nou kapab libere anba lapèrèz lè nou mete konfyans nou nan Seyè a).

AKTIVITE YO

Chè _____ (non w)

Remèt timoun yo aktivite ki nan liv Elèv la (leson 40). Mande yo pou yo ekri non yo nan espas ki plase pou sa, nan lèt Bondye ekri yo a. Pèmèt ke yo chak li ansilans.

Eksplike: “Nou kapab mete konfyans nou nan Bondye lè nou abiye nou avèk zam yo. Nou kapab konfyè nou de ke li renmen nou, ke li vle sa ki pibon an pou nou epi vle pou nou tout kwè nan Pitit li a Jezikris. Li vle wè nou tout vin pitit li tou.

Pandan Sentespri a ap gide w, envite elèv yo bese tèt yo pou yo priye. Mande si kèk nan yo gen enterè pou vin sove. Itilize envitasyon pou ke timoun yo aksepte Jezi kòm Sovè yo. ABC lavi ki pap janm fini an nan leson 3.

Bat pou w fè moman sa tounen moman ki plis enpòtan nan lavi w, ou menm kòm antrenè espesyalman. Panse kòm si moman sa pap janm repete ankò. Toujou konte avèk yon asistan ki kapab kontinye avèk klas la lè w gen kalite envitasyon sa. Priye avèk yo epi pou yo. Rakonte paran yo desizyon ke pitit yo a pran. Klas ou a, legliz ak paran yo, se pi bon santinèl ki la pou pwoteje ak pouli lavi timoun piti sa yo ki kòmmanse mache avèk Kris.

Di Seyè a mèsi paske w fè yon pati kle nan lavi timoun yo.

Memorizasyon

Depi anvan klas la kòmmanse, ekri vèsè pou aprann nan nan plizyè kat, chak mo dwe separe. Sere yo nan divès plas nan sal la. Mande elèv yo pou y al chèche yo. Lè yo resi jwenn yo, mande yo pou yo ranje yo youn bò kote lòt yon fason pou yo fòme vèsè a kòrèkteman.

Ou kapab itilize aktivite sa nan lòt klas yo ki nan inite sa.

Pou fini

Chante yon kè chan oubyen yon kantik ki sanble avèk tèm nan. Apre sa, priye ansanm avèk timoun yo pou ke Seyè a ede yo toujou genyen zam yo pare pou yo venk Satan. Priye mande pou Bondye ba yo fòs ki nesesè pou anonse lanmou Bondye bay lòt moun.

Envite elèv yo retounen nan pwochen klas la pou yo kontinye aprann plis sou zam Bondye yo.

Itilize kaskèt la avèk epe a

Baz biblik: Efezyen 6:17; Travay 8:26-40

Objektif leson an: Ede timoun yo konprann ke nou kapab jwenn repons, espesyalman sou lavi ki pap janm fini an, nan pawòl Bondye a. Nou dwe di lòt yo sa tou.

Vèsè pou aprann: *Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive, n'a ka kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, n'a kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou (Efezyen 6 :13).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Nan mond ke n'ap viv la, timoun yo resevwa mesaj byen souvan de ke verite a se yon bagay ki relatif oubyen, nan pibon nan ka yo, se sa nou vle ye. Kisa ki verite nan yon sitiyasyon detèmine? Se yon fòm ki nòmal pou tante rezoud sitiyasyon ke y'ap fè fas yo. Sa timoun yo bezwen konnen se ke verite a pa relative pou nou. Verite a definitif pou Bondye, Kreyatè ak Pwotektè linivè a avèk tout sa ki ladan l lan.

Sa vle di, si se Bondye ki defini verite a pou nou, ki kote nou kapab jwenn verite sa?

Repons lan la nan Pawòl li. Nou jwenn verite a nan Bib la pou yon lavi ki pwòp epi san repwòch.

Pawòl Bondye a se yon tras ke nou dwe swiv. Nou aprann sa ki se renmen ak sèvi ladan li, li menm ki se Kris la, kòman nou kapab vin disip li epi kisa Bondye ap atann de nou. Pandan w'ap anseye leson sa, itilize Bib la epi ankouraje elèv yo fè sa byen souvan. Konsa w'ap ba yo yon kat ki gen tras ke y'ap kapab swiv pou rès lavi yo pou yo jwenn verite a.

KÒMANTÈ BIBLIK

Lavi ki pap janm fini an se yon kado ke Bondye bay. Se yon kado ke nou menm kretyen yo nou dwe pataje avèk lòt moun, nou pa dwe kenbe li pou nou sèlman. Pafwa apèl pou pataje sa kapab parèt fatigan. Nou kapab santi ke devwa a enposib. Lè nou santi nou pa kapab oubyen fatige, nou dwe fè yon ti kanpe, fè yon ti bak, pran souf, epi sispann depann de pwòp tèt nou. N'ap eklèsi pou nou fè sonje ke li pa depann de nou menm sèlman, nou pa poukont nou.

Lè n'ap viv tou abiye avèk zam Bondye yo, nou antoure, ranpli, prepare avèk pouvwa Sentespri a. Lè dout yo vini, nou kapab itilize kaskèt Sali a pou pwoteje nou kont yo. Sonje ke Bondye ap travay nan antouraj ou chak jou epi li pa la pou l defann non, li la pou li atake. Apiye w nan Pawòl Bondye epi priye. Apre sa, ann kite li fòm nou pou nou temwaye ak prepare moun ki pral aksepte mesaj la. Se tèlman senp tankou sa!

Tankou Filip, nou kapab vin obeyisan epi pale de lavi ki pap janm fini an, menm si yon bagay enkwayab kapab rive. Filip pat planifye fini nan yon chemen nan dezè a nan pale avèk etyopyen an chèf gouvènman an, men se konsa li te pase. Li te ofri obeyisans li bay nonm sa, chèchè verite a, èd pou konprann sa li te bezwen an. Pwochen pa li a se te pa peleren espiritiyèl la, li te nan nesosite pou li te resevwa lavi ki pap janm fini an.

Kisa rezilta te ye? Etyopyen an te retounen lakay li ak kè kontan akòz de lafwa tounèf li te vin genyen an. Li te konprann Pawòl la pi byen, li te konprann ke akonplisman pwofesi nan Ezayi a se Jezikris epi li te chanje mond li an (Etyopi) pou Kris.

Kisa nou kapab aprann de istwa sa?

Premyeman. Bondye sèlman mande obeyisans pou reponn apèl li. Li prepare teren an. Li fè plan yo. Nou sèlman bezwen reponn epi swiv li.

Dezyèmman. Lè li mande pou nou ale, nou dwe ale, chèche jwenn moun yo kote yo nan nesosite a. Koute sa y'ap mande konnen. Apre sa, poze tèt ou kesyon, kòman Bondye kapab itilize m pou m satisfè bezwen sa ? Ale, se repons pou yon mond ki pèdi epi k'ap soufri. Devwa nou se ale nan mond sa.

Finalman. Lè nou obeyi, kilè nou prale, lè nou di... li la. Seyè a va ouvè pòt epi li va chanje lavi yo. Nou kapab konfye ak obeyi Bondye, paske nou konnen l'ap travay nan lavi nou epi nan pa moun nou jwenn sou chemen nou yo tou.

DEVLOPMAN LESON AN

Ki kote w'ap chèche repons yo?

Se pou timoun yo chèche aktivite ki nan liv Elèv la (leson 41). Mande pou yo fè yon sèk alantou kote y'ap chèche èd oubyen repons lè yo nan bezwen. Poze kesyon: "Èske genyen yon moun oubyen bagay kote w konn chèche repons?" (Repons timoun yo ap diferan). Asire: Gen yon kote ke nou tout kapab ale epi n'ap toujou jwenn repons yo. Ann gade kisa Bib la anseye nou sou sa".

Vokabilè enpòtan

Menm jan avèk klas pase yo, ekri vokabilè

enpòtan yo avèk siyifikasyon yo nan yon papye bristòl ak siyifikasyon yo pou w mete yo sou tablo afich la epi fè referans avèk yo chak fwa w'ap site yo nan leson yo.

Envante lòt jwèt kat pou w mete nan valiz oubyen anvlòp epi apre sa, itilize yo pou aprantisaj la, nan fè jwèt avèk elèv yo. Ou kapab sèvi ak metòd klas pase a: jwe sou fòm sèk epi retire yon kat, si se konsa w vle li.

Kas / kaskèt Sali a (Efezyen 6:17): pyès sa nan zam Bondye yo ede nou chwazi Sali a. Bondye kolabore avèk ou pou nou kapab fè sa ki bon epi kòrèk. Li ede nou viv pou li chak jou, epi li apiye nou pou nou kapab chwazi sa li vle pou nou. Epe Lespri a (Efezyen 6:17): pyès sa nan zam Bondye yo ede nou depann de fòs ke Bondye ofri nou nan moman n'ap fè fas ak difikilte yo. Lè nou priye epi nou pale avèk Seyè a, li la avèk nou toutan epi nenpòt ki kote. Nou pa janm poukont nou!

Konpetisyon desen

Remèt timoun yo yon fèy papye bristòl. Chèche koulè pou yo, kreyon, penti, elatriye. Mande pou yo desine diferan pyès zam Bondye yo. Mete non yo chak sou kote yo avèk siyifikasyon yo. Anmezi ke y'ap fini, yo kapab kanpe epi montre klas la travay yo a pandan y'ap kòmante sa yo te aprann.

Ou dwe prepare kèk bèl kesyon ki enpòtan sou de klas pase yo depi davans, kòm metòd pou revizyon.

Si gen timoun ki entèlijan nan fè desen oubyen pentire, yo kapab ekri yon lèt pou rakonte yon zanmi sa yo konnen sou zam Bondye yo. Objektif aktivite sa se pou yo sonje sa yo te aprann yo epi pou yo kapab di non zam yo byen fò, siyifikasyon ak sa chak pyès reprezante pou yo menm.

ISTWA BIBLIK

Yon etyopyen k'ap chèche verite

Apre istwa Filip avèk etyopyen an, se pou elèv yo ouvè Bib yo nan Travay 8:26-40. Divize klas la fè de gwoup. Se pou yon gwoup prepare twa kesyon sou Filip epi lòt la ap fè menm bagay la sou etyopyen an. Yon patisipan nan chak gwoup ap prezante lòt la twa kesyon yo. Li kapab di: "Bondye di Filip pou l ale kote etyopyen an epi pale avèk li de Jezi. Kisa ki te pase lè Filip te obeyi? Bondye rele disip li yo jodi a tou pou y'al rakonte lòt yo sou Jezi. Kòm kretyen, nou dwe pale avèk lòt moun osijè de Zanmi ak Sovè nou an Jezikris".

AKTIVITE YO

Verite nan pawòl Bondye a

Divize klas la fè twa gwoup. Divize ba yo lèt A, B ak C. Mande yo pou yo li ak panse avèk pasaj ki endike yo nan dènye aktivite liv Elèv la (leson 41). Se pou yo reponn kesyon chak gwoup.

Siyale: "Nou dwe chwazi. Nou kapab viv nan yon relasyon ki kòrèk avèk Bondye. Nou kapab renmen ak sèvi Jezi. Nou kapab deside swiv epi ale kote Jezi pou repons yo". Pèmèt ke elèv yo pran yon angajman avèk Seyè a. Kèk minit silans ap vrèman itil pou yo konplete espas ki di "Pwomès mwen an".

Ankouraje yo: "Yon fwa ke yo deside viv pou Jezi, yo kapab al rakonte lòt yo sa, jan Filip te fè sa avèk etyopyen an".

Konpetisyon pou revizyon

Ekri yon bann kesyon sou leson jodi a nan plizyè ti moso papye. Pa egzanp: Ki kote nonm ki t'ap vwayaje nan cha a te moun? (Nan peyi Etyopi).

Mete kesyon yo nan yon panye oubyen yon bwat. Divize gwoup la fè de, yo kapab tifi ak tigason, oubyen jan w kwè k'ap pibon an. Yo dwe retire kesyon yo, yon ekip avan epi lòt aprè, epi yon timoun ap la pou bay pwèn pou chak repons ki kòrèk. Ekip ki reponn plis kesyon yo –sa vle di ke ki gen plis pwèn an –se li menm ki genyen.

Ou kapab prepare prim pou yo tout. Sonje ke yon fwi plis gen lasante pase yon bonbon oubyen sirèt.

Memorizasyon

Divize klas la fè de gwoup. Remèt yon fèy papye blan ak kreyon.

Se pou yo tout ansanm revise vèsè a plizyè fwa. Lè yo fini, se pou chak timoun ekri yon mo nan vèsè a nan lòd kòrèk ak nimewo vèsè bibliik la nan fen an.

Ekip ki fini anpremye a san komèt erè, se li menm ki genyen.

Pou fini

Chante yon kè chan ki gen pou wè ak tèm nan. Apre sa, priye pou tout misyonè k'ap akonpli devwa preche ak anseye lòt yo, jan Filip te fè l la. Si w gen opòtinite, mande Seyè a pou li gide w pou w fè yon envitasyon pou timoun ki vle sèvi Bondye nan ministè espesyal yo, jan paste ak misyonè yo ye a. Ankouraje yo kontinye chèche volonte Bondye pou lavi yo. Yo kapab kòmanse sèvi Seyè a depi kounye a pandan y'ap rakonte lòt yo koze sou Jezi ak lavi ki pap janm fini an ke li menm sèlman kapab bay.

Ame epi pare pou aksyon an!

Baz biblik: Efezyen 6:18-20; Jak 5:13-20

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke lapriyè se yon resous endispansab nan lit nou kont lemal epi nou kapab priye pou tout bezwen nou yo.

Vèsè pou aprann: *Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive, n'a ka kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, n'a kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou (Efezyen 6 :13).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Gen kèk timoun ki konsidere lapriyè tankou yon bagay ki pratike avan moun manje, al dòmi, oubyen nan tan devosyon avèk fanmi an. Yo repete lapriyè ke yo te aprann lè yo te piti san panse osijè de gwo resous ke lapriyè a ye. Timoun primè yo dwe konprann ke lapriyè se aksè dirèk pou rive kote Bondye. Priye se pi plis pase repete pawòl san sans. Se plis pase di mèsi pou manje a, oubyen se pou Bondye akonpanye nou pandan rès jounen an san gwo konplikasyon. Priye se pale, kòm chita pale nou konn fè avèk paran nou yo, frè oubyen zanmi.

Pou ke reyèlman yo konprann pouvwa ak enpòtans lapriyè a, elèv ou yo bezwen wè l'annaksyon. Dezyèmman, ekri demann yo, oubyen bezwen yo, ak repons priyè yo. Mete pwòp demann pa w yo. Konsève yon ajanda lapriyè. Pandan klas la, ale nan semen avan yo. Revize demann yo epi envite elèv yo konte repons yo resevwa yo. Kontinye priye pou bezwen sa yo "ki toujou san repons". Chanjman sa nan lapriyè dwe yon bagay ki byen defini, yon priyorite, nan sal klas ou yo. Li enpòtan nan tan sa yo pou ke elèv ou yo grandi nan konpreyansyon pouvwa epi nan privilèj pou lapriyè.

KÒMANTÈ BIBLIK

Byen souvan nou menm kretyen yo nou wè lapriyè kòm dènye rekou. Se sa ke nou kouri al chèche lè tout lòt rès yo echwe.

Pèspektiv sa kontrè ak sa ki kòrèk la. Lapriyè se pi gwo zam atak nou nan yon mond ki konplike

avèk peche. Lapriyè se konte nou jwenn sa ki ekstraòdinè, nou antre nan yon konvèsasyon ki ale nan de direksyon, pèsònèl avèk Bondye.

Krisyanis la san parèy nan sans ke li se sèl relijyon ki genyen yon Bondye pèsònèl epi vivan. Se sèl relijyon kote li posib pou w gen aksè vè Kreyatè a. Se sèl relijyon ki bay moun li yo aksè pou antre nan konvèsasyon avèk Bondye. Kòm repons pou kado enpresyonan sa, nou dwe viv nan lapriyè san rete. Kòman sa fè posib? Lavi nou kapab byen atache ak Bondye plis pase tout sa n'ap fè, nou di epi nou chwazi, se yon lapriyè. Anplis de sa, lapriyè a kapab tou de bagay yo, yon seremoni ak yon abitud. Pandan tan ap pase, tan dispoze, tan planifye avèk Bondye chak jou, lapriyè a vin transfòme kòm yon reyaksyon dirèk pou chak sityasyon ak tout sityasyon yo.

Èske nou resevwa yon apèl telefonik yon zanmi? Repons nou an kapab se ofri yon lapriyè ki tou brèf. Nou resevwa yon lèt, oubyen yon imèl elektwonik ke yon manm nan fanmi an voye nan yon moman kriz? Nou priye.

Nan kreye abitud lapriyè a, n'ap jwenn pi gwo depandans nou nan Bondye. Chak chwa, chak anv, chak nesosite kapab prezante devan Seyè a nan lapriyè.

Priye san rete, priye avèk lafwa, epi jan Jak di l'la, priye youn pou lòt. Viv yon vi de priyè devan elèv ou yo. Sitou, priye pou zanmi w genyen ki kretyen yo. Se sipò nan lapriyè ki bannou disènman espiyèl ke nou bezwen pou viv yon vi de viktwa kont peche. Se lapriyè k'ap bannou fòs nou gen bezwen an pou nou kanpe fèm pou Bondye menm lè n'ap fè fas ak mal ke nou pa konprann.

Pouvwa Bondye pi gwo pase nenpòt sa nou ta kapab imajine nou. Rezilta lapriyè yo, repons ke nou resevwa yo, ale pi lwen pase sa panse nou kapab imajine. Priye san rete se genyen esperans san limit.

Retrèt lapriyè

Pandan w'ap prepare leson sou lapriyè a, mete yon tan apa pou w priye. Rezève kèk èdtan, yon jou oubyen tan ke w kapab, pou ou menm avèk Bondye. Pase yon bèl nwit san dòmi epi pale avèk li. Pèmèt ke Bondye dirije lapriyè w la. Pèmèt li dirije li nan kisa, poukisa ak pou ki moun ou dwe priye.

DEVLOPMAN LESON AN

Vokabilè enpòtan

Ekri vokabilè enpòtan yo avèk tout siyifikasyon yo nan papyè bristòl, pou w ajoute nan tablo afich zam Bondye yo.

Lapriyè/priye: Pale avèk Bondye. Li gen ladan li yon entwodiksyon tankou yon salitasyon : “Chè Bondye...”.

Li genyen tou adorasyon oubyen louwanj ak moman remèsiman. Pa gen yon lòd ki etabli sou ki fòm nou dwe priye.

Lapriyè avèk demann: bezwen pèsònèl epi kòm yon pati nan kò Kris la, pou sa nou mande pou entèvansyon Bondye a.

Lafwa: Konfye ke Bondye ap fè sa li te pwomèt la.

Nou gen lafwa nan Bondye se lè nou mete li nan premye plas nan lavi nou epi pèmèt li dirije nou lè n'ap pran desizyon yo.

Lèt ak mo kache

Mande elèv yo pou yo chèche lèt ki kache nan premye aktivite ki nan liv Elèv la (leson 42), pou dechifre mo kache a (priye). Poze kesyon : Nan ki moman nou prefere pale ak Bondye ? Èske nou genyen moman espesyal pou nou priye avèk fanmi nou yo? Ki demann ki pi espesyal nou te fè Seyè a? Èske nou kapab temwaye sou sa? Ou menm menm ou kapab rakonte timoun yo kèk bagay sou demann ou te fè Seyè a ke li te reponn ou oubyen pat reponn, epi kòman w te santi w. Pwofite pou w di yo ke lapriyè a pa vle di ke Seyè a ap kouri reponn avèk yon wi tout sa nou mande li. Oubyen Seyè a pa tande nou paske pa gen repons ki konfòm ak sa nou vle a, oubyen ak fòm nou vle a.

ISTWA BIBLIK

Lapriyè ki fèt avèk lafwa baze li nan Jak 5:13-20

Aprè aktivite liv Elèv la (leson 42), di konsa: Se sa Bondye rele nou pou nou fè yon fwa ke nou fin abiye nou avèk zam yo epi pare pou nou kanpe fèm pou li. Poze kesyon: Poukisa nou panse Bondye mande nou pou nou priye? (Lapriyè a se opòtinite nou genyen pou nou pale avèk li. Se atravè lapriyè nou jwenn fòs ak konpreyansyon). Priye se pale avèk Bondye. Lè nou renmen yon moun, nou toujou vle pale avèk li. Kòman nou menm nou fè konnen si paran nou yo vle pou nou fè yon bagay ? (Paran nou yo di nou sa). Èske nou t'ap konnen sa paran nou yo vle si nou pa ta janm pale avèk yo ? (Non) Se menm bagay la ki pase avèk Bondye. Nou bezwen pase tan ap pale avèk li pou nou konnen

kisa li vle pou nou fè. Nou dwe koute sa l di nou pa mwayen Bib la, atravè lòt moun epi tou, pa konvèsasyon nou avèk li pa mwayen lapriyè.

AKTIVITE YO

Yo te pale avèk Bondye

Depi avan klas la kòmanse, ekri non plizyè pèsònaj nan Bib la ki te priye/pale avèk Bondye nan plizyè ti moso papyè. Ekri menm kantite papyè yo, bay yon ti jòf sou sa ki te pase avèk moun sa yo. Mete ti moso papyè yo avèk non nan yon bwat, epi jòf yo nan lòt bwat la.

Prepare yon bon kantite pou ke kapab genyen yon ti papyè pou chak timoun.

Jòf ak pèsònaj:

1. Wa sa te mande pou Bondye te ba li sajès (Salomon).
2. Wa sa te mande pou Bondye te pran swen disip li yo (Jezi).
3. Profèt sa te mande pou Bondye te ede li dechifre rèv wa te fè a (Danyèl).
4. Mesye sa yo ki te louwe epi pale avèk Bondye, yo te lage yo nan gwo founèz dife a epi Seyè a te pwoteje yo (Sadrak, Mesak ak Abèd-nego).
5. Fanm obeyisan sa te di: “Men sèvant ou a Seyè, ou mèt fè sa pawòl ou di a” (Mari manman Jezi).
6. Nonm sa te pale avèk Bondye epi pòt prizon yo te ouvè (Pyè).
7. Nonm sa te pale avèk Bondye epi Lejip te kite izrayelit yo soti (Moyiz).
8. Fanm sa te pale avèk Bondye epi Bondye te ba li yon pitit gason (An manman Samyèl).
9. Nonm sa te pare epi li di konsa: “Men mwen, ou mèt voye m” epi Bondye te itilize li (Ezayi).
10. Nonm sa te bay Bondye glwa epi li te touye yon gwo zotobre (David).
11. Nonm sa te priye epi di: “Seyè, mwen pa gen moun ki pou lage m nan basen an” (Kokobe Betesda fas ak Jezi avan li te geri a, Jan 5 :7).
12. 10 mesye sa yo te mande Jezi pitye epi yo te jwenn gerizon (10 mesye ki te gen lèp yo, Lik 17:13-14).
13. Nonm sa te rele di Jezi konsa: Kisa w gen avèk mwen Jezi...? Epi li te jwenn liberasyon (non ki te gen move lespri a).
14. Fanm sa te koute Pòl. Li te chwazi priye epi remèt Jezi lavi li (Lidi).

Si w vle ou kapab ajoute plis evènman ki gen pou wè ak repons lapriyè yo.

Di nan klas la: Jodi a nou te aprann sou youn nan pati enpòtan nan zam Bondye yo. Kisa li ye? (Lapriyè). Kimoun ki kapab pale avèk Bondye? (Nenpòt moun) èske moun nan Bib yo te konn pale avèk Bondye? (Kite timoun yo reponn). Nou pral fè yon jwèt k'ap ede nou sonje plizyè pèsonaj ki te priye Seyè a. Mande pou chak elèv al pran yon ti papye nan bwat la. Di konsa: nou chak genyen yon ti papye nan men nou ki di yon bagay sou yon pèsonaj nan Bib la ki te priye Bondye. Genyen lòt timoun pami nou ki genyen non pèsonaj sa. Kounye a, nan yon fason ki byen trankil, epi san pale fò, nou dwe chèche pèsonaj ki gen pou wè ak jòf ki bay la. Bay tan pou ke timoun yo jwenn kamarad yo a. Di konsa: Bib la se Pawòl Bondye. Nou jwenn nan paj li yo kote gen anpil moun ki te priye Bondye epi Bondye te reponn demann yo. Nou kapab aprann sou egzanp sa yo. Nou kapab priye Bondye toutan epi nenpòt kote.

Piramid lapriyè

Remèt timoun yo aktivite ki nan liv Elèv la (leson 42). Mande yo pou yo swiv entriksyon yo.

Ankouraje timoun ou yo itilize kat lapriyè yo a pou yo kapab sonje demann y'ap prezante devan Seyè a. Y'ap kapab sonje demann yo pi fasil chak jou si yo genyen yo tou ekri.

Yo kapab mete kat sa sou yon tab bò kabann yo oubyen sou yon tab kote yo toujou dejene.

Memorizasyon

Kòm sa se dènye leson inite a, prepare kèk prim espesyal epi ki senp nan mezi w gen posiblite pou timoun ki te aprann vèsè bibliik la.

Si w vle, ou kapab fè yon ti fèt pou timoun ki te aprann tout zam Bondye yo avèk siyifikasyon yo.

Pou fini

Priye pou timoun ou yo. Di mèsi pou sa ki te kolabore pou ranje tablo afich la. Poze kesyon pou w konnen si yo vle di Bondye mèsi pou bonte li ak tout sa yo te aprann nan inite a. Ou menm menm ou kapab pase yon ti tan ap di Seyè a mèsi.

Mete fen avèk yon priyè espesyal pou timoun ou yo epi mande yo pou yo priye pou ou.

Remèt travay yo pou yo pote lakay yo. Envite yo chak nan pwochen inite a.

Mis notas:

Ane 3

Entwodiksyon – Inite XI

CHEMEN POU JWENN KÈ KONTAN

Baz bibliik: Mateo 5:1-12; Lucas 14:1, 7-11; Matye 5:4,6; Lik18:9-14; Matye 5:7,9; 18:21-35; Matye 5:8; 13:44-46; Matye 5:10-12, 43-48; Lik 23:26-27, 32-43

Verite bibliik: Kreyen yo eksperimente vrè kè kontan an lè yo genyen yon relasyon ki entim avèk Bondye epi lòt moun.

Vèsè inite a: *Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a* (Matye 5:6).

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Dekouvri kòman pèp Bondye a –avèk limyè benediksyon yo-atitid ak priyorite ki ede nou viv yon lavi k'ap grandi nan kè kontan.
- Konnen konsèp ke mond lan genyen osijè de felisite ak lajwa ke kreyen yo eksperimente.

Leson inite a

Leson 43: Chemen imilite ak jenewozite

Leson 44: Chemen Jistis la

Leson 45 : Chemen mizèrikòd ak kè poze

Leson 46: Chemen yon kè ki sen

Leson 47: Chemen pèsekisyon an

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Nan mond nou an, anpil moun ta di ke felisite a se genyen tout sa yo bezwen nan menm moman yo vle l' la. Anpil jounalis reveye santiman sa nan lespri timoun primè yo, fè yo santi yo pa alèz si yo wè yo pa gen aksè ak tout bagay lamòd la enpoze yo. Byen fasil yo konvenk yo de ke felisite a chita nan byen materyèl. Nan prèch sou mòn nan, Jezi anseye kisa ki vrè sous lajwa.

Nan etid beyatitid yo, timoun primè yo pral aprann viv yon kalite lavi ki kontrè ak tout kilti sa. Li enpòtan pou yo evalye motivasyon ak dezi yo, epi yo dwe konnen kijan Bondye vle pou yo viv nan yon mond anbisye, k'ap chèche plezi ki pap janm fè yo santi yo satisfè vrèman.

Chemen imilite ak jenewozite

Baz bibliik: Matye 5:1-12; Lik 14:1, 7-11

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann ke beyatitid yo se pou viv la epi kounye a; epi pou yo konprann espesyalman siyifikasyon vin “pòv nan lespri” ak “dou”.

Vèsè pou aprann: *Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a* (Matye 5:6).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Yon magazen ki ranpli ak atik te gen yon ansèy ki di: pou fè kado: “Chè Bondye, mwen ta renmen jwenn opòtinite pou m goute sa ke lajan pa kapab achte felisite a”.

Kisa ki pote felisite nan mond sa? Twò souvan, tankou panse ki konseye anlè a, nou fikse je nou sou lajan, byen materyèl, reyalizasyon pèsònèl oubyen nan sikonstans ekstèn yo. Nou panse ke si nou jwenn travay ki kòrèk la, oubyen posede dènye mak aparèy elektwonik la, n'ap gen felisite. Genyen anpil timoun primè ki twouve yo nan sitiyasyon sa kote yo baze felisite yo nan posesyon ak reyalizasyon, espesyalman lè yo konpare sa yo genyen ak sa zanmi yo posede.

Bondye gen yon plan diferan. Vrè kontantman avèk lajwa pa soti nan sa nou fè oubyen genyen, men se pito nan moun n'ap sèvi a. Jezi devlope mesaj Beyatitid yo.

Timoun primè yo ap devlope konsèp lavi yo. Y'ap kòmanse chwazi poukont yo konfòm ak sa yo bay plis valè, pou bagay ke li vo lapèn pou yo batay epi sou sa lafwa siyifi pou yo. Y'ap konstwi yon imaj pwòp ki anba atak brital kamarad yo ki opoze fas avèk yo epi imilye yo byen souvan.

Pawòl Jezi yo se verite epi yo bon pou nou pran kòm règ lavi nou. Timoun nan laj sa yo kapab pase tout lavi yo ap tante jwenn yon imaj ki pou ba yo kè poze ki pa menm pote fwi, oubyen yo kapab dekouvri ke vrè lajwa ak lapè a posib lè nou rive konnen gwo nesosite nou genyen de Bondye epi nou viv lavi nou nan imilite ak jenewozite.

KÒMANTÈ BIBLIK

Yon moman ki te sansib nan anfantiyay mwen se lè nou te fòme “Bann lwès la”. Menm si pou moman an li pa sanble, bann sa te fòme avèk yon douzèn timoun ki te monte bisiklèt yo, yo te kouri tèlman vit jan yo te kapab epi yo t'ap rele byen fò, kouri monte desann nan tout lari nan katye a. Gwoup la te byen gran.

Aprè yon titan, bann sa te bezwen kèk kondisyon

pou manm li yo ki pat anpil men ki te byen espesifik. Chak manm te dwe gen yon bisiklèt, pran angajman pou kouri sou li avèk raj epi fè gwo bri ki fè zòrèy sonnen. Se te yon gwo foul pandan li te dire: anviwon demi jounen. Malgre li pat dire anpil tan, mwen wè nan li yon paralèl ant Prèch sou montay la avèk Beyatitid yo.

Beyatitid yo (Matye 5 :1-12) make kòmansman apèl prèch sou mòn nan. Mo beyatitid la pa nan Bib la. Li soti nan mo laten ki se benediksyon. Gen kèk tradiksyon nan Bib la ki itilize mo kontan. Men anpil fwa felisite a kon gen relasyon avèk sikonstans yon lavi ki ranpli ak byennèt. Pandan setan ke benediksyon an fè referans ak byennèt pwofon an avèk kè kontan esprityèl ki rive etabli yon relasyon ki kòrèk avèk Bondye. Sans Beyatitid yo genyen se ke nou menm ki se kretyen nou kapab eksperimente kè poze ak kè kontan entèn malgre sikonstans ekstèn yo. Se pa yon emosyon nan li menm, malgre li bay lajwa kòm rezilta.

Beyatitid yo te anonse valè enpòtan peyi kote Bondye Wa genyen, ke Jezi te avèti. Richès peyi kote Bondye Wa a enpoze li, menm jan ak sa ki te pase nan “Bann lwès la”, kondisyon espesifik pou manm li yo. Karakteristik sa yo dwe idantifye moun yo reklame pou fè pati gwoup la.

Se klè ke nan yon fason ki brèf valè peyi kote Bondye Wa opoze avèk pa mond lan. Pa egzanp, manm li yo dwe “pòv nan lespri” (Matye 5 :3). Olye pou yo awogan, chèche jistis pèsònèl ak lògèy, pèp Bondye a dwe rekonèt povrete li devan Bondye. Yo konprann ke yo dwe depann de Bondye konplètman pou yo viv lavi, Sali ak jistis yo. Konpòtman sa pa mache avèk lògèy esprityèl la. Vrè imilite a posib sèlman lè nou rekonèt tout sa nou ye, oubyen espere ye, ki soti nan Bondye.

Vokabilè “dou”, ki itilize nan Matye 5:5, se avèk repetisyon ki malentèprete. Anpil moun asosye dosil avèk timidite oubyen fo imilite. Pou byen di, li soti nan konesans sou gwo pouvwa Bondye a avèk akseptasyon enb povrete nou an. Lè nou rekonèt ke nou “pòv”, nou bay tèt nou disiplin pou nou reponn lòt yo avèk jenewozite epi pasyans, men se pa avèk awogans. Akseptasyon sikonstans ki soti nan men Bondye yo san remò. Sa kapab genyen ladan l tou yon ran sosyal ki byen ba, tankou sa parèt nan Lik 14 :1, 7-11, nan parabòl envite nòs yo.

Beyatitid yo gen menm valè jodi a jan li te genyen l sa fè depi pase 2 000 ane. Priye pou ou menm avèk elèv ou yo dekouvri lajwa ki genyen nan viv tankou manm peyi kote Bondye Wa.

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ede elèv yo konprann verite bibliik jodi a.

Tablo afich: Etap pou rive nan lajwa

N'ap bezwen sizo, papye afich oubyen papye

konstriksyon koulè bwa pou vlope tablo a, papye ki genyen plizyè koulè diferan pou tras sapat, plizyè mezi tras ki fotokopye yo oubyen ki fèt an katon pou trase an papye, lakòl oubyen kwòk, elatriye. Kouvri andedan tablo a. Apre sa mande timoun yo pou yo koupe plizyè kalite mezi tras. Sa yo se pou kole arebò tablo a epi kreye yon may avèk yo. Ekri nan yon gwo fèy papye bristòl: Beyatitid yo. Mande elèv yo pou yo leve yon lis bagay ki fè moun viv ak kè kontan. Apre sa, yo dwe kole li nan tablo a kòmanse depi nan sa ki plis gen valè a pou rive nan sa ki pa gen twòp enpòtans lan. Yo kapab kole yon imaj Jezi nan mitan tablo afich la.

Nan moman y'ap travay la, mande elèv yo kisa ki kapab fè yon moun viv ak kè kontan. Di konsa, nou tout ki se moun ta renmen viv nan felisite. Nou pase pifò nan tan nou pou eseye reyalize sa. Etid jodi a pral anseye nou ke gen yon sèl bagay ki kapab rann nou viv nan felisite. Nan senk pwochen semèn yo, nou pral etidye pasaj bibliik ke Matye rele Beyatitid yo. Sa se ansèyman Jezi sou sa k'ap bannou vrè lajwa a. Chak semèn, n'ap ajoute lide tounèf nan tablo a ki gen pou soti nan etid Beyatitid yo. Pasaj sa nan Bib la se youn nan pi bèl pasaj pou moun etidye epi ranmase ansèyman.

M'ap chèche travay

Oryante elèv yo nan premye aktivite liv Elèv la (leson 43). Mande yo pou yo fè yon wonn nan antouraj moun / pwofesyon ke yo ta renmen yo lè yo vin gran. Kesyon: Kisa w vle ye lè w vin gran?

Apre sa, dirije atansyon yo vè dezyèm kesyon an: Kimoun ou vle vin ye lè w gran? Fè konnen ke premye kesyon an fè referans ak aksyon nou, wòl ak responsablite nan lavi yo. Okontrè, dezyèm nan gen pou wè avèk lavi entèn nou, avèk karaktè nou. Mande elèv yo pou yo dekrive kalite karaktè yo ta renmen genyen.

Di konsa: Deside sa “nou pral fè” nan lavi a enpòtan anpil. Epi nou kapab sèvi Bondye avèk nenpòt ki karyè nou chwazi. Moun n'ap ye lè nou granmoun se yon tèm ki plis enpòtan toujou. Y'ap depann de desizyon nou pran depi jodi a menm. Semèn pwochen, nou pral aprann sa Jezi anseye nou sou kalite lavi yon moun ki deside sèvi Bondye. Nan Beyatitid yo, yo menm ke nou jwenn nan Matye 5 :1-12, Jezi dekrive karaktè, kalite ak aksyon ke kretyen an dwe afiche.

Vokabilè enpòtan

Beni: Jwi konsantman Bondye epi eksperimante plezi espiyèl kòm rezilta. Moun sa yo ki se manm peyi kote Bondye Wa a epi ki fè sa li vle, yo se moun ki beni.

Pòv nan lespri: Se konsa yo rele moun ki dou yo. Moun sa yo ki rann yo kont ke yo pa kapab fè ansyen san sekou Seyè a. Moun sa yo ki depann de Bondye olye pou yo depann de pwòp tèt pa yo.

Dou: Se konsa yo rele moun ki enb devan Bondye epi pasyan avèk lòt moun. Se moun ki dou yo ki rann

yo kont ke nan tout bagay yo depann de Bondye.

Ekri vokabilè enpòtan yo avèk siyifikasyon yo nan plizyè papye bristòl koulè ki atiran pou ke yo kole yo nan yon pati arebò tablo afich la.

Si w vle, fè lòt jwèt avèk vokabilè pou w kache nan sal la epi òganize yon konpetisyon ant tigason ak tifi. Mande pou yo chèche vokabilè yo, se pou yo di kisa li vle di. Moun ki jwenn yo avan epi konnen siyifikasyon li, se yo menm ki genyen. Prepare kèk ti prim pou ke nan fen inite a, ou kapab fè sa ki te patisipe yo kado, fè menm jan pou sa yo ki te aprann vèsè a yo.

Tout pasaj Beyatitid yo se yon bèl pòsyon bibliik pou ke timoun yo aprann de memwa.

ISTWA BIBLIK

“Batay pou chita nan fèt la”

Prepare yon envite ki pou prezante diskou a pandan dewoulman klas la. W'ap jwenn li nan liv Elèv la (leson 43). Mete disponib yon rad tankou sa ki te konn itilize nan epòk Jezi a, si w vle. Diskou a baze sou Lik 14:1, 7-11

Mande timoun yo si yo te fè yon eksperyans ki sanble ak sa. Pèmèt yo poze kesyon sou istwa a. Aplike ansèyman Beyatitid yo osijè diskou a.

Ann pale sou diskou a

- Di konsa: “Nan echèl 1 a 10, kòman nou ta klasifye atitid moun ki te fèt nòs yo?” Mande pou yo eksplike repons yo a.
- Ki atitid ki te fè moun yo konpòte yo konsa jan yo te fè l la? (lògèy, li posib pou yo te panse ke yo te pi enpòtan pase lòt yo epi yo te merite chèz ki pi bon yo).
- Ki kalite moun sa yo ta kapab genyen ki ta plis sanble avèk sa Jezi te anseye nan Beyatitid yo? (dou, panse ke lòt yo enpòtan).

Mande elèv yo pou yo li Matye 5:3 ak 5. Mete aksan sou benediksyon ki pou moun sa yo ki so unan lespri ak dou yo.

- Se pou elèv yo konprann ke pòv nan lespri avèk moun ki dou yo deja ap jwi peyi kote Bondye wa depi sou latè; “paske peyi wa ki nan syèl la se pou yo li ye” (v.3).

AKTIVITE YO

Beyatitid yo

Sa se yon bèl inite ki genyen senk leson. Timoun yo ap gen tan pou yo aprann tout Beyatitid Matye 5:3-12. Prepare yon prim espesyal pou sa yo ki sonje tout vèsè a yo de memwa. Ankouraje yo pou yo fè li. Pwomèt ke nan fen inite a, y'ap resevwa yon rekonpans. Si w vle ou kapab mete prim nan yon kote nan sal la pou yo kapab wè li chak jou lè yo nan klas la. Yo kapab prim pou premye, dezyèm ak twazyèm plas.

Sèvi avèk entelijans epi resous ou pou w fè kado.

Objektif la se pou timoun yo aprann pòsyon Pawòl enpòtan an, li menm ki anvlope yon gwo ansèyman pou yon lavi kretyèn ki nan felisite. Remèt prim nan nan fen inite a.

Panse avèk yon ti kado pou rès timoun yo. Pale avèk lidè lekòl dominikal ou a pou sa ki konsène resous nesèsè ak bezwen klas la. Lè fini tou, gen paran ak granmoun ki anvi kolabore pou kalite pwojè sa yo. Ou pa bezwen santi w poukont ou.

Ann al glise

Dirije klas la pou ke yo kapab reyalize aktivite ki nan liv Elèv la (leson 43). Li nesèsè pou yo li Lik 14:7-11, apre sa konplete aktivite ki nan paj la. Lè yo fini, kòmante repons yo ansanm. Diskite avèk elèv yo kesyon ki pale de atitid yo nan liv Elèv la. Bay opòtinite pou yo poze kesyon. (Eklèsi konsèp yo).

- Èske w'ap viv tankou ou bezwen Bondye, oubyen jeneralman ou eseye fè bagay yo poukont ou?
- Èske w toujou vle premye nan tout bagay, oubyen pa gen pwoblèm si w sa?
- Èske w imilye lòt moun pou w tire avantaj, oubyen ou sèlman di sa ki bon osijè lòt moun epi ou trete

yo jan yo merite l la ?

Memorizasyon

Ekri vèsè pou aprann nan nan 13 kat. Depi avan klas la kòmmanse, kache yo nan plizyè kote nan sal la. Ekri pasaj la nan tablo a pou yo repase li plizyè fwa. Apre sa mande timoun yo pou yo chèche epi ranje devinèt yo. Si w vle fè yon konpetisyon ant tifi ak tigason, prepare de blòk kat. Sonje ke y'ap aprann jwe pandan y'ap divèti yo.

Di yo pawòl ki bay ankourajman sou sa yo te aprann yo. Sonje ke se pa yo tout k'ap fè li avèk menm vitès la.

Pou fini

Priye ansanm pou ke Seyè a kapab fè nou pòv nan lespri epi dou, kalite endispansab pou viv ak kè poze ak tèt ansanm ak lòt yo. Epi sitou, kondisyon ki byen espesyal pou ke Seyè a kontinye travay nan lavi w ak lavi elèv ou yo.

Si gen yon kè chan oubyen yon kantik ki gen pou wè ak tèm nan, nou kapab chante li nan moman sa.

Fè timoun yo ale epi di yo pou yo li Matye 5:4, 6 ak Lik 18:9-14 pou dimanch pwochen.

Leson 44

Chemen pou jwenn jistis la

Baz bibliik: Matye 5:4, 6; Lik 18:9-14

Objektif leson an: Ede timoun primè yo konprann konsèp ak siyifikasyon “kriye” (santi doulè) ak “grangou ak swaf jistis”, dapre Beyatitid yo; paske Bondye pwomèt ke yo pral resevwa benediksyon.

Vèsè pou aprann: *Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a (Matye 5:6).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun nan laj sa yo konsidere lafwa sou fòm diferan. Anpil wè asistans yo nan legliz la kòm yon opòtinite pou yo rankontre avèk ti zanmi yo. Gen kèk ki fèt epi grandi nan legliz la, yo kòmmanse ap reflechi, èske gen yon bagay ki plis pase sa? Gen lòt menm ki konsidere vin kretyen an se obeyi avèk anpil atansyon yon lis bagay ki kapab fèt epi refize lòt ki entèdi yo.

Jezi te klè lè li anseye ke lavi kretyèn nan plis pase sa. Timoun primè yo deja pare pou pran responsablite yo

pou yo devlope yon relasyon pèsònèl avèk Bondye. Vin sa Bondye vle nou ye mande yon angajman konplèt: renmen ak obeyi Bondye. Se dezi a, se pa sèlman janti tankou moun, men pito se travay aktivman pou elaji wayòm Bondye a sou latè.

Timoun primè yo pa twò piti pou yo pa ta konprann konsèp sa. Okontrè si yo pa jwenn ankourajman avèk mesaj Levanjil reyèl la, yo kapab fini pa abandone lafwa paske yo konsidere li kòm yon bagay ki pa gen twòp enpòtans, epi konsa li pa ase pou pase nenesite ki genyen nan lavi yo. Leson ak ankouraje yo chèche satisfaksyon ak lajwa nan angajman yo avèk Bondye ak jistis ke li vle a.

KÒMANTÈ BIBLIK

Matye 5:4-6. Pafwa nou fè yon bon travay pandan n'ap kouvri vrè nesèsite nou yo, kache yo sou kèk fòm pou yo kapab parèt kòm bon, epi kòm rezilta, yo fè nou bliye ke se sèlman nan Bondye lavi nou jwenn siyifikasyon ak reyalizasyon.

Premye etap pou apwoche bò kote Bondye a se “kriye” (oubyen santi doulè). Sa genyen ladan li tristès pou peche nou yo ak repiyans pou peche ki enfekte tout mond lan. Menm nan mitan tristès sa, genyen konsolasyon, paske Bondye te voye yon Sovè ki padone peche nou yo. Yon jou, Seyè a gen pou li detwi tout lènmi l yo.

Mo “jistis” gen anpil siyifikasyon. Premyeman, se viv nan yon relasyon ki kòrèk avèk Bondye. Men vèsè

6 la anglobe lòt de aspè yo: jistis pèsònèl, sa vle di, fè sa Bondye mande san gade dèyè. Ak jistis sosyal, oubyen dezi pou tout moun eksperimente sa ki jis ak kòrèk. Poutèt sa, nou pa kontante nou avèk yon sèl kalite jistis, nou dwe pratike tou de.

Pou nou konprann konsèp “grangou ak swaf” la pi byen, nou dwe mete aksan sou epòk Jezi a. Nan epòk sa salè yon jounen te ase sèlman pou moun nan pat tonbe mouri anba feblès, oubyen grangou. Jwenn dlo klè epi ki bon pou bwè te byen difisil, epi klima te cho anpil pandan setan ten gen anpil pousyè.

Lè Jezi pale la de “grangou” ak “swaf”, li fè referans ak apeti ak swaf moun sa yo ki santi yo dezespere pou yon ti kras manje oubyen k’ap mouri si yo pa jwenn yon ti dlo pou yo bwè. Se konsa, beyatitid sa se yon demann, yon defi ak priyè. Èske nou anvi bonte a reyèlman? Èske nou anvi li tèlman tankou yon moun k’ap mouri ak grangou e swaf ?

Lik 18 :9-14. Vèsè sa yo montre diferans ki genyen ant jistis entèn nan avèk ipokrizi ekstèn nan. Diferans sa pa toujou klè nan lavi nou. Farizyen yo se moun ki te eseye sèvi Bondye ak tout kè yo. Anreyalite yo te egzanp yon lavi espiyèl ki echwe nan kilti yo a. Men, pafwa, sa ki parèt bon sou deyò, li konn pa bon andedan.

Sekrè pou nou konprann pasaj sa se kòman nou apwoche nou bò kote Bondye. Lapriyè farizyen yo se te yon lis bon zèv yo avèk konparezon, ke yo te konn fè ant yo menm ak lòt moun, pou yo te parèt kòm bon moun. Men, lapriyè piblikan an (pèseptè kontribisyon an) te montre yon gwo rekonesans de ke li te bezwen Bondye avèk tout fòs li. Li te kriye pou mizèrikòd.

Lè nou apwoche bò kote Bondye, sa dwe fèt avèk yon konsyans ki klè de kòman nou bezwen gras ak padon li. Tante demontre diyite nou atravè zèv, konpare nou avèk lòt moun, ap fè nou vin pechè ki pi mal. Epi itilize lapriyè pou nou eseye konvenk Bondye de ke gen yon bagay ki bon nan nou, se pa sa li vle.

Men, prezante nou devan Bondye grangou ak swaf jistis, ap pèmèt nou resevwa pwovizyon li.

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w prezante konsèp bibliik klas la jodi a.

Vokabilè enpòtan

Ekri vokabilè enpòtan ak siyifikasyon yo nan kat ki fèt ak papyè bristol.

Kriye: santi gwo doulè pou peche ki komèt yo, epi pou tout peche ak mekanste ki nan tout mond lan.

Jis ak dwat : siyifi viv nan yon relasyon ki kòrèk avèk Bondye epi obeyi li.

Jistis : Moun ki chèche li se moun ki dwat ak jis nan panse, nan pawòl ak aksyon yo. Li genyen ladan l tou dezi pou ke tout moun eksperimente sa ki bon epi jis.

Lè w rive nan klas la, mete yo sou tablo afich la.

Bay egzanp sou yo chak. Ou kapab itilize yo pou w òganize kèk konpetisyon avèk timoun yo nan klas ou a pou yo kapab abitwe avèk yo.

Istwa salamanje yo

Di konsa: “Nan liv Elèv la (leson 44), n’ap jwenn twa sèn ki montre twa mannyè ki posib pou satisfè grangou ak swaf”.

Mande timoun yo pou yo dramatize sèn yo.

Poze kesyon:

- ‘Kilès nan metòd sa yo ki bon pou pase grangou ak swa pi byen ?’ (Okenn metòd montre fason kòrèk pou fè li).
- “Kisa ki mal nan metòd sa yo pou pase grangou ak swaf la?”
- “Si nou dwe pale ak lòt timoun, Kisa w ta di yo sou koze satisfè grangou ak swaf la?” (Fè vye blag pap ede nou lè nou grangou ak swaf; pa pale, pa enpòtan pou pase grangou ak swaf ou; pa enkyete w, ou kapab sipòte grangou avèk swaf la, elatriye.).

Kòmante: “Kòm moun, nou tout gen nesite pou nou satisfè grangou ak swaf nou. Men gen lòt kalite grangou ak swa ke nou menm lòm nou soufri, sa yo se grangou ak swaf espiyèl. Nan istwa bibliik jodi a, nou pral aprann de yo. Nou pral dekouvri kòman nou kapab satisfè nesite sa yo avèk sipò Bondye”.

Mwen santi m konsa chak fwa m grangou ak swaf ekri fraz sa de fwa sou tablo a, youn agoch epi lòt la adwat. Divize klas la fè de gwoup. Tout timoun yo dwe panse kòman yo santi yo lè yo grangou ak swaf, youn apre lòt, epi ekri nan tablo a. Pa gen pran poul sou lòt moun. Lè yo fini, konpare de lis yo.

Ekip ki ekri plis deskripsyon yo kapab resevwa de bonbon epi dezyèm nan ap jwenn yon sèl sirèt oubyen yon lòt ti prim. Pou w make tan an, itilize mont ou oubyen mete fen lè yon gwoup fin ekri.

Pale di kòman sa di lè moun santi grangou. Mande timoun yo pou yo rakonte kèk sitiyasyon kote ke yo te soufri grangou ak swaf. Rakonte pwòp eksperyans pèsònèl ou. Kòman w te santi w ?

Pale di : “Soufri grangou ak swaf se pa yon bon eksperyans. Lè nou grangou, nou anvi manje epi satisfè vant nou youn ak yon lòt fwa. Lè nou swaf, nou anvi bwè dlo ak tout fòs nou. Etid bibliik nou an pale sou santi grangou ak swaf sa. Nou pral dekouvri kòman nou kapab satisfè nesite sa yo. Anmezi n’ap etidye pawòl Bondye a, sonje sa n’ap pale a sou santi grangou ak swaf la”.

ISTWA BIBLIK

Avan w kòmanse etid bibliik la, eksplike elèv yo ke gen kèk vokabilè yo dwe konnen pou yo kapab konprann sa Bib la di. Vokabilè sa yo nan Matye 5 :4 ak 6. Youn nan yo se “kriye”, li menm ki se sinonim ak doulè epi tristès; lòt yo se “grangou ak swaf” epi dènye a se “jistis” (w’ap

déjà ge vokabilè yo ekri sou tablo afich la).

Mande yo si yo konnen siyifikasyon an. Ajoute kòmantè yo fè yo.

Eksplike: “Kriye, nan Matye 5:4, se santi yon gwo doulè pou peche nou yo, epi pou tout mechanste ki egziste nan tout mond lan. Nan Matye 5:6, grangou, se sa nou menm moun nou santi lè manke manje. Swaf la se anvi nou santi lè nou pa gen dlo pou nou bwè. Jistis la se bon rezilta ki soti nan yon relasyon kòrèk avèk Bondye pou volonte li ki fèt. Mete pawòl sa nan lespri nou lè n’ap pale de istwa biblika la”.

Farizyen an avèk pèseptè kontribisyon an

Mande pou kèk volontè li istwa biblika la. Mande yo pou yo pale lè y’ap fè li. Fè yo konprann ke: “Dezòm sa yo se te de moun ki te grangou ak swaf bagay espiyèl. Yo tou de te anvi resevwa sipò Bondye. Yo tou de te anvi genyen kè poze ak kè kontan sèlman Seyè a kapab bay. Menm si yo te fè l nan yon fason ki diferan. Nou pral diskite ki moun ki te fè l pi byen epi pou ki rezon”. Kreye yon deba sou kesyon yo ki nan fen istwa farizyen ak pèseptè kontribisyon an, nan liv Elèv la (leson 44).

- Kisa farizyen an te fè mal? (Li te jije pwòp tèt li. Li te fè konprann ke li te jis, epi pèseptè kontribisyon an te yon vòlè, enjis).
- Kisa farizyen an ta panse si li te tande lè Jezi t’ap di ke li te nan erè a epi pèseptè kontribisyon an te nan kòrèk la? (Li pa t’ap kwè nan sa Jezi t’ap di a. Li posib pou li ta santi li fache epi move paske li te sèten ke li te jis. Asireman li ta byen fache sou Jezi).
- Pou ki rezon atitud pèseptè kontribisyon an te kòrèk ? (Li te enb devan Bondye. Byen vit li te admèt ke li te devane pi li te bezwen èd Seyè a). (Beyatitid 1, Matye 5 :3). Li te santi doulè / li te kriye pou peche li yo (Beyatitid 2, Matye 5:4). Li te “grangou” pou jistis, li te bliye lògèy li epi mande Bondye pou l te ede li. (Beyatitid 4, Matye 5 :6).
- Kòman nou menm ki kretyen nou kapab plis sanble ak pèseptè kontribisyon an epi mwens ak farizyen an nan wòl nou yo ? (Eseye viv jan Beyatitid yo anseye nou an: vin enb, santi doulè / kriye pou peche nou yo, epi santi grangou ak swaf pou jistis Bondye).

Mete fen avèk istwa a epi mande elèv yo pou yo site Matye 5:6. Di konsa: “Jezi te pwomèt ke si nou grangou ak swaf jistis, li gen pou l ede nou vin rasazyè. Anplis de sa, si nou santi doulè ki reyèl pou peche a epi anvi jwenn jistis jan nou pale a, bonte nou gen pou ogmante. Nan fason sa lajwa nou gen pou grandi lè nou vin konnen ke Kris padone nou epi apiye sa nou fè a. Tout sa, ap bannou asirans de ke lè Kris retounen, l’ap jwenn nou fidèl epi jis”.

AKTIVITE YO

Jwèt ak revizyon

Fè yon sèk ansanm ak tout elèv yo.

Pote yon boul nan sal klas la ki byen mou oubyen yon ti sakit ki plen ak ti grenn oubye sab. W’ap kanpe nan mitan wonn nan, w’ap voye ti boul la tou dousman sou yon timoun epi w’ap poze youn nan kesyon ki anba a yo. Timoun ki pa konn repons lan dwe soti nan sèk la epi chèche epi li repons lan nan liv li a. Yon fwa li fin jwenn li, l’ap leve men li epi mande pèmision pou retounen nan sèk la, l’ap repete kesyon an avèk repons li a, epi l’ap retounen nan jwèt la. Sa ki retouten epi ki bliye kesyon an avèk repons li a, dwe soti nan sèk la, retounen al chita sou chèz la epi li istwa farizyen ak pèseptè kontribisyon an ankò.

Kesyon:

1. Kimoun sa yo ki se pèsonaj istwa a? (Farizyen ak pèseptè kontribisyon an).
2. Kisa dezòm sa yo t’ap chèche? (Konsantman Bondye, kè poze enteryè, satisfè grangou ak swaf espiyèl, vin jis).
3. Kòman farizyen an te chèche konsantman Bondye? (Li te fè Bondye konnen “jan li te bon moun” ; li te konpare tèt li avèk biblika an ; li te konsidere li avèk repiyans).
4. Kòman pèseptè kontribisyon an te chèche vin jis? (Avèk doulè epi imilite li te konfese peche li yo devan Bondye epi li te mande Seyè a sekou).
5. Ki lapriyè ki te agreyab devan Bondye epi pou ki rezon? (Lapriyè pèseptè kontribisyon an, paske li te rekonèt nesite li, li te santi doulè pou peche li yo epi li te depann de Bondye pou resevwa mizèrikòd ak lavi ki pap janm fini an).
6. Di youn nan Beyatitid kote farizyen an te echwe (4 ke nou etidye yo).
7. Di Beyatitid ke pèseptè kontribisyon an te konn viv yo (1, 2 ak 4).
8. Kisa “kriye” vle di (santi doulè, soufri pou peche nou yo avèk mechanste ki genyen nan tout mond lan).
9. Ki kalite konsolasyon Bondye pwomèt moun sa yo k’ap kriye? (Konsolasyon de ke Jezi padone peche yo epi gen yon jou Bondye ap elimine tout mechanste).
10. Kisa jistis ye? (Antre nan yon bon relasyon avèk Bondye epi fè sa ki fè l plezi. Sa gen ladan l tante fè lòt moun vin jis tou).
11. Kisa sa vle di santi “grangou ak swaf pou jistis?” (Anvi fè volante Bondye ak tout kè epi chèche sekou li pou reyalize li).
12. Kisa Jezi te vle di lè li te di: “Moun sa yo ki grangou

ak swaf jistis gen pou rasazyè" ? (Yo gen pou yo vin jis, pafètman jis sitou lè wayòm Bondye a va vini sou latè).

Ankadreman: Benediksyon pou...

Distribye kreyon koulè, papyè bristòl, fèy jounal, lakòl, elatriye. Remèt dènve fèy aktivite leson sa ki nan liv Elèv la (leson 44). Mande timoun yo pou yo desine li epi pote l lakay yo, yo kapab koke li nan yon mi ki nan chanm kote y'ap dòmi an. Si yo vle yo kapab kole li nan yon moso papyè bristòl oubyen katon ki gen menm gwosè a pou li kapab rete pi solid. Di konsa: "Sa ap fè yo sonje ke nou pral rasazyè ak benediksyon espiritèl. Sa se yon pwomès ki soti nan Seyè a pou nou tout ki chèche li. "Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a" (Matye 5:6).

Memorizasyon

Ou deja genyen vèsè biblik pou memorize a ekri nan 13 kat depi nan klas pase a.

Depi avan klas la kòmanse, kache yo nan plizyè

kote nan sal la. Ekri pasaj la nan tablo a pou yo repase li plizyè fwa. Apre sa mande timoun yo pou yo chèche epi ranje devinèt yo. Si w vle fè yon konpetisyon ant tifi ak tigason, prepare de blòk kat. Ou kapab bay timoun ki konnen l yo yon ti kado.

Pou fini

Mete fen avèk klas la avèk yon envitasyon pou timoun sa yo ki vle chèche jistis ke leson an pale de li a. San dout ap gen kè grangou ak swaf ki pare pou resevwa. Mande Seyè a direksyon pou li gide w nan envitasyon sa.

Si gen timoun ki te aksepte envitasyon an, mande sipò lòt antrenè oubyen asistan pou kite timoun yo soti, epi konsa li kapab pale epi priye avèk kè poze apre klas la fin lage.

Priye pou timoun yo. Pou ke Jezi kontinye transfòmè kè dosil yo.

Fini klas la avèk yon kè chan oubyen kantik ki gen pou wè ak tèm nan.

Leson 45

Chemen mizèrikòd ak kè poze

Baz biblik: Matye 5:7, 9 ; 18 :21-35

Objektif leson an: Ede timoun primè yo rekonèt enpòtans siyifikasyon "gen kè sansib" epi rive etabli kè poze ant moun ki nan antouraj yo.

Vèsè pou aprann: *Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a* (Matye 5:6).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Gen kèk timoun nan laj sa yo ki fè fas ak anpil ofans dirab nan men frè ak sè yo, zanmi e menm nan men granmoun yo. Lè nou ofanse yo konsa, reyaksyon ki natirèl la se reponn menm jan tou. Pawòl sal yo sanble règ, se pa eksepsyon pou laj sa. San sekou Bondye, anpil nan timoun primè yo riske konsève rankin kont moun sa yo ki ofanse yo. Yo kapab fè plan pou yo vanje tèt yo kont moun k'ap maltrete yo a menm jan yo te soufri l la.

Gen kèk paran ki montre pitit yo remèt kou yo resevwa epi defann tèt yo lè yo resevwa atak. Menm si leson sa pap di elèv yo ke yo dwe kite lòt moun bat yo, l'ap ede yo konprann ke Jezi te anseye sou sansiblité, padon epi mande pou gen lapè nan mitan moun ak moun.

Padon an se sant relasyon nou avèk Bondye epi pwochen nou. Padon pou peche nou yo se sa ki fè padon moun ki fè nou kichòy yo posib. Timoun primè

yo dwe konnen ke atravè gras Bondye a, nou kapab montre mizèrikòd sa. Yo kapab ede lòt yo dekouvri kòman yo kapab viv nan lanmou ak kè poze tou.

KÒMANTÈ BIBLIK

Matye 5:7. Mizèrikòd la plis pase konpasyon. Konpasyon se yon repons emosyonèl fas ak yon sitiyoasyon ki pouse moun nan santi tristès, men li pa antre kò li nan pwoblèm nan. Mizèrikòd la egal rekonèt nesite a epi aksepte responsablité pou fè yon bagay nan sa. Mizèrikòd la aktif, li pa pasif; se yon bagay ke nou fè.

Mo ebre ki tradwi mizèrikòd la se chesed, epi li vle di ke yon moun ki mete tèt li nan plas lòt epi panse ak santi menm bagay la.

Chesed (mizèrikòd) genyen ladan l tou lide pou chèche rasin reyaksyon lòt moun nan, konprann rezon ki fè li aji nan fason sa. Sa se pa yon bagay ki fasil, lè yon moun ofanse nou, li natirèl pou nou santi nou fache ak ofanse.

Nan epòk Jezi t'ap viv sou tè a, women yo pat montre okenn kalite mizèrikòd oubyen tristès, yo pat konsidere anyen kòm siyal feblès ak frajilite. Farizyen yo pat konn montre mizèrikòd fas ak moun ki pat nan menm ran avèk yo. Soufrans lan se te pinisyon ki te la pou peche moun yo, epi "je pou je" se te règ epòk li a. Mond nou an pa diferan. Mesaj Jezi a se menm bagay la pou nou jodi a. Menm lè yo ofanse nou, montre mizèrikòd se chemen pou viv jan Bondye te etabli l la.

Pwen sa devwale nan Matye 18 :21-35, nan parabòl sèvitè ki pat vle padone a. Kapasite pou montre mizèrikòd la gen rasin li nan reyalizasyon mizèrikòd

ke Bondye te montre nou an. Nou dwe rekonèt kòman kondisyon nou grav kòm pechè kondane, si se pat pou mizèrikòd Bondye. Kòm sèvitè san mizèrikòd la, nou pap janm ka peye Bondye dèt nou an. Nou dwe genyen mizèrikòd oubyen nou peri.

Pwen prensipal parabòl sa twò klè. Si nou bezwen padon yon Bondye ki pafè epi nou pa kapab pwopaje menm gras la bay yon moun ki fè nou mal, nou pèdi vizyon sou sa ke Jezi te vin fè ak sa nou kapab fè a. Bondye vle pou nou wè bagay yo atravè je li yo, ki se je lanmou ak gras. Nou padone lòt yo, se pa paske nou pè konsekans yo dèske nou pa fè li, men pito se paske nou dwe imite Papa nou ki nan syèl la avèk Pitit li a, Jezi.

Matye 5 :9. Tankou nan ka pou montre mizèrikòd la, chèche fè moun viv byen youn ak lòt se yon aktivite lib. Konsèp ebre a sou kè poze –shalom-se pa sèlman absans konfli oubyen pwoblèm. Vèsè sa te ekri pou moun ki t'ap viv anba “Lapè women an”, sa vle di, lapè ki enpoze pa dominasyon lame women an. Avèk lejyon li yo, yo te rive mete fen avèk lagè a, men yo pat rive etabli shalom, sa vle di, koperasyon tèt ansanm ki dirije nan byennèt tout moun. Sa se travay Bondye epi sa dwe travay pèp li a tou.

Medyatè yo se moun sa yo ki konsakre yo nan travay rekonsilye moun ki nan diskisyon (endividi, fanmi, gwoup ak nasyon). Sa ka rive nou pa rive mete lapè ke nou vle a, men akòz de efò nou yo, nou konsève vizyon, lanmou ak byennèt pou tout moun Bondye a vivan.

DEVLOPMAN LESON AN

Vokabilè enpòtan

Mizèrikòd / Kè sansib: mizèrikòd la gen kè zansib andedan li, konpreyansyon, pasyans, jantiyès, lanmou, sipò, ak padon youn pou lòt.

Medyatè: se moun ki mete lapè ak etabli lapè; ki mete trankilite nan tèt moun k'ap diskite yo oubyen moun ki lènmi yo.

Ekri vokabilè enpòtan yo nan katèl ki bon epi ki gen bèl gwosè pou koke nan tablo afich la.

Kimoun ki nan nesosite mizèrikòd?

Dirije atansyon timoun yo nan premye aktivite leson 45, nan liv Elèv la.

Diskite siyifikasyon mizèrikòd. Apre sa poze kesyon: “Kimoun ki te nan nesosite mizèrikòd nan parabòl la?” (Yo tout nan nesosite pou mizèrikòd Bondye ak lòt moun). Ajoute: “Petèt yo pat janm panse ke w bezwen resevwa ak bay mizèrikòd. Jodi a nou pral aprann plis sou sa ki se mizèrikòd epi pou ki rezon li tèlman enpòtan?”

Mizèrikòd. Kisa sa ye?

Divize klas la fè de gwoup. Bay kèk minit pou yo jwenn youn oubyen de definisyon pou mizèrikòd. Mande pou yo eksplike definisyon yo a. “Mizèrikòd se...” Koriye nenpòt erè. (Li posib pou yo bay lide tankou: vin janti avèk lòt moun, pa tire revanaj, ede lòt moun, trete lòt moun plis pase sa yo merite).

Nan tèks orijinal yo, mo mizèrikòd la genyen plizyè siyifikasyon. Mizèrikòd la plis pase yon senp santiman anvè lòt moun. Mizèrikòd se yon pawòl oubyen vèb aktif. Pafwa, se bay yon moun yon bagay ke li bezwen, li menm ki kapab lajan oubyen manje. Mizèrikòd bibliik la tou vle di ke nou dwe eseye konprann moun, pou ki sa li fè sa l fè a pou nou kapab renmen yo lè yo ofanse nou. Moun ki gen kè sansib yo sonje jan Bondye renmen yo ak konbyen fwa ke Bondye padone yo. Sa ap ede yo padone lòt yo. Nan etid bibliik nou an, n'ap aprann pi plis osijè de vin gen kè sansib.

ISTWA BIBLIK

Sèvitè ki pat vle padone a

Mande pou elèv yo fè plizyè gwoup de kat patisipan. Eksplike: “Nan gwoup nou yo, n'ap gen chans koute Bondye ak kamarad nou yo lè n'ap aprann istwa bibliik la. Mwen pral li yon istwa de fwa (parabòl) nan Bib la. Jezi te anseye istwa sa apre Pyè te fin mande li konbyen fwa li te dwe padone yon moun. Pyè te mande: èske se jiska sèt fwa? Kote ke Jezi te reponn li ke li dwe kapab padone jiska swasann disèt fwa sèt fwa”.

Eksplike: “Premye fwa ke m'ap li a, sèlman koute. Rete tande si gen kèk mo oubyen fraz ki enteresan. Li m li istwa a pou yon dezyèm fwa, chwazi mo oubyen fraz ke nou konsidere plis enpòtan an. Avan lekti a, ann priye pou ke Seyè a ede nou koute sa li genyen pou l di nou jodi a”.

Li Matye 18:23-35 de fwa. Dezyèm fwa a, mete aksan sou sou kèk mo. Apre lekti a, di konsa: “M'ap bannou yon minit silans”. Fè referans ak dezyèm aktivite ki nan liv Elèv la (leson 45). Mande timoun yo pou yo kòmante mo oubyen fraz ki enteresan yo dapre yo menm. Di yo pou eksplike rezon ki fè yo chwazi fraz sa yo. Lè w wè yo fin pale, di konsa: “Mèsi pou kòmantè nou yo. Kounye a nou tout bezwen konnen kisa ki te parèt enteresan pou nou nan lekti bibliik la. Kisa nou te panse ke Jezi te vle anseye avèk istwa sa?” Ba yo tan pou yo pale. (Nou espere ke nou konprann pwen prensipal istwa a, nesosite pou montre mizèrikòd youn pou lòt. Gen kèk nan yo k'ap dekouvri opozisyon ki te egziste nan konpòtman sèvitè yo, lòt se pou nesosite pou santi tristès pou lòt yo, twazyèmman y'ap pale de enpòtans pou padone, pou gen pasyans, elatriye.).

Apre sa, dirije yo nan kesyon ki nan menm paj la. Anmezi y'ap pale a, mete aksan sou pwen sa yo:

1. Menm si moun nan merite mizèrikòd oubyen non, nou dwe toujou gen kè sansib anvè yo.
2. Gide timoun yo ale nan Women 5:8 ak 10, kote mizèrikòd Bondye anvè nou an ekri a, nou menm ki pat merite li.
3. Padone avèk kè, gen plis pase yon siyifikasyon. A) Se padone lòt yo avèk yon kè ki ranpli ak lanmou

anvè Bondye, li menm ki te padone nou avan. B) Montre nou ke padone se pa sèlman yon santiman agreyab, men tou se yon santiman anvè lòt moun. Lè lòt moun maltrete nou, sa ap pran yon tan pou ke santiman sa anvè lòt moun nan chanje. Men, nan Bib la, “kè” gen ladan li volonte nou, oubyen detèminasyon pou fè sa ki dwat. Lè nou padone avèk kè, nou pran desizyon pou nou trete moun sa yo jan Jezi ta trete yo: avèk pasyans epi lanmou; c) padone avèk kè, se plis pase di bèl pawòl. Li gen ladan li santiman nou yo, ak detèminasyon nou pou nou fè sa ki kòrèk.

4. Mete fen avèk etid la pandan w’ap mande elèv yo pou yo ekri rezime sa yo te aprann Jodi a nan yon sèl fraz.

AKTIVITE YO

Opinyon piblik la

Divize klas la fè de ekip, sa ki pral pou ak sa ki pral kont.

Eksplike: “Moun sa yo ki pou pral eseye konvenk mwen de ke tout tèm sa ki pale sou mizèrikòd la se pi bon fòm pou jwenn lajwa nan lavi. Moun ki kont yo, ap eseye fè m kwè ke vin gen kè sansib se yon move lidè”.

Bay tan pou timoun yo prepare agiman yo anfavè ak kont. Apre sa mande yo pou yo bay eksplikasyon yo. Nou espere ke timoun yo ap pran plezi yo nan metòd aprantisaj sa. Bay tan pou timoun ki te pote agiman ki kont pou genyen mizèrikòd la. Di yo ke yo te vrèman briye nan prezantasyon yo a, ke yo te fè yon bon rezime sou ekspozisyon an, elatriye. Apre sa, bay “vèdik” ou.

Si li posib, bay kèk eksperyans pèsònèl sou genyen kè sansib anvè yon moun ak rezilta final yo. Mete fen avèk yon bravo pou tout patisipan yo.

Deklarasyon pa m nan

Mande timoun yo pou y’al nan paj ki swiv nan liv Elèv la (leson 45). Di konsa: “Nou pale anpil sou koze montre mizèrikòd anvè lòt yo. Men mizèrikòd la se yon pawòl ki gen aksyon, se yon bagay ke nou fè, se pa sèlman yon bagay ke nou pale. Li enpòtan pou nou pale di kòman nou pral viv beyatitid enpòtan sa”. Di yo pou yo tout ansanm li deklarasyon an byen fò. Mande yo pou yo chèche yon kote nan sal la pou lòt kamarad pa wè sa yo ekri. Mande elèv yo pou yo konplete deklarasyon an epi ekri non moun ke yo pral montre mizèrikòd yo semen sa. Apre sa, se pou yo siyen Deklarasyon an. Yo kapab rekase li nan mitan epi konsa pèsòn pap li sa yo te ekri a.

Memorizasyon

Reyalize aktivite klas pase a. Ankouraje timoun yo di vèsè a poukont yo.

Pou klas sa, yo dwe konnen pasaj la trèbyen. Si gen timoun ki pa konnen li oubyen ki nouvo nan klas la, mande sa ki te deja aprann li yo ede l etidye l. Ou kapab òganize yon konpetisyon ant tifi ak tigason yo. Mande yo pou yon koup pase youn apre lòt epi ekri vèsè a nan tablo a. Ajoute 10 pwen pou moun ki te ekri li san fot la.

Pou fini

Priye epi chante. Mande pou Bondye ede nou vin gen kè sansib epi rive akonpli angajman ki fèt nan Deklarasyon an.

Leson 46

Chemen yon kè ki pwòp

Baz bibliik: Matye 5:6; 13:44-46

Objektif leson an: Se pou timoun yo konprann angajman yo avèk Bondye epi rekonèt plas ke li dwe okipe nan lavi yo.

Vèsè pou aprann: *Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l’ la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a* (Matye 5:6).

PREPARE W’ POU W’ ANSEYE!

Parabòl ke nou genyen pou nou etidye jodi a reprezante sa ki pi enpòtan nan lavi a: Yon relasyon angajman pwofon avèk Bondye. Relasyon se pa sèlman lòt aktivite, se yon pwen santral tout egzistans nou.

Elèv ki nan laj sa yo twouve yo nan yon etap devlopman, epi se kounye a konsyans yo kòmanse ap ofri yo opsyon ki enkòrèk. Anpil fwa yo santi yo vrèman koupab kòm rezilta move desizyon yo pran yo. Byen souvan nou konsidere travay konsyans nou kòm vwa Sentespri a ki enkyete nou avèk jantiyès pou ede nou konsidere aksyon nou yo epi fè sa ki dwat.

Bib la pale osijè de sentete kè a anpil kote. Timoun yo kapab santi ke sa se yon objektif ki enposib pou reyalize; men se sèlman yon apèl pou mete konfyans nan Kris la, pou viv jan li te viv la. Apèl pou viv nan sentete a se yon pwomès ki tankou yon kòmandman.

Objektif ki pi enpòtan ou kapab genyen kòm antrenè, se ede timoun nan laj sa yo pran yon desizyon pou Kris, avan ke yo kòmanse lekòl primè epi pou antre nan teren konfizyon adolesans la. Leson jodi a se yon opòtinite pou ke timoun primè yo evalye relasyon yo avèk Kris epi anbrase dezi ak pouvwa pou genyen yon kè ki sen.

KÒMANTÈ BIBLIK

Matye 5:8. Lide sentete a gaye nan tout Bib la epi se youn nan tèm ki plis gen parèy.

Sentete. Byen souvan li fè nou panse ak aji yon fason ki kòrèk epi agreyab nan je Bondye. Men tou li gen ladan li lide pou vin yon moun ki mache dwat. Vin sen ak tout kè a vle di netwayaj ke Bondye reyalize ki genyen kòm rezilta, linyon nan objektif ak dezi. Sonje byen ke nan epòk bibliki yo, kè a te konsidere kòm wonn sant volante ak emosyon moun nan. Kè a reprezante pi bon echantiyon de ki moun ak kisa yon moun ye.

Anpil fwa nou konsyan de endesizyon ak enkonstans kè nou nan lanvi pou nou vin moun ke Bondye vle nou ye a. Pafwa, konfizyon yo konn vini atravè tantasyon. Nan lòt okazyon, lavi nou chaje ak bagay ki bon ki agreyab nan je nou, epi sa fè nou elwaye nou de Seyè a lantman. Jezi fè nou sonje ke pi gwo trezò ke nou kapab posede se relasyon nou avèk Bondye. Yon kè ki santrè li nan objektif viv avèk Jezi kòm Seyè. Yon kè ki sen, bay demonstrasyon yon angajman total ak kominyon ki sensè avèk Bondye.

Matye 13:44-46. Chapit sa chaje ak bèl parabòl. Yo tou de twouve yo andedan etid nou an, malgre yo fè pati sa ki pi kout yo, yo pale de siyifikasyon pei kote Bondye Wa a, lòt fason pou nou fè referans ak relasyon nou avèk Kris.

Tou de parabòl sa yo se menm bagay nan siyifikasyon yo epi mennen nou nan menm pwèn debaz la. Menm si nou jwenn trezò a sou chans (kache nan yon savann), oubyen apre yon richès avèk anpil atansyon (wòch ki koute chè a), pèsonaj ki nan chak istwa yo demontre ke nan lavi gen bagay ki genyen yon valè ki paka mezire, ki pa kapab mezire ak vokabilè lèzòm. Tout sa ke nou ta kapab genyen pa kapab konpare ak valè ki te deja la. Èske ou te deja eksperimante klète, vizyon klè kote ke Bondye te fè mèvèy lanmou ak gras li? Dezi w yo, menm jan ak moun ki nan parabòl sa yo, yo konsantre yo nan gwo fèt y'ap fè pou trezò enkwayab relasyon yo avèk Bondye.

Yon pwèn ki santral nan istwa sa yo se ke lè yo jwenn wayòm Bondye a (trezò oubyen wòch ki koute chè a), moun ki jwenn li an toujou gen nesite pou li fè yon chwa. Li dwe chwazi ant si l'ap fè efò pou li genyen li oubyen non. Pri a chè anpil, nan sans sa, sa mande pou gen yon konsekasyon total. Men enpòtans desizyon sa san mezi. Parabòl yo anseye nou ke, menm si li koute chè, li vo lapèn.

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou santrè ansèyman jodi a.

Vokabilè enpòtan

Angajman: se yon akò pou fè yon bagay.

Lòt siyifikasyon se pran pozisyon anfavè yon moun oubyen yon bagay epi remèt ou bay moun, aktivite oubyen bagay sa totalman.

Sentete nan kè: Yon moun ki “sen nan kè” li ranpli ak lanmou pou Bondye. Li okipe premye plas nan lavi li. Dèske moun nan renmen Bondye konplètman, li fè volonte Seyè a... toutan!

Ekri vokabilè enpòtan yo ak siyifikasyon yo nan papye bristòl ki gen bèl gwosè pou kole nan tablo afich la.

Kisa ki pi enpòtan? Tablo afich

W'ap bezwen: jounal ki gen anpil ilustrasyon, sizo, papye afich oubyen papye bristòl ki byen laj, lakòl, makè.

Pandan elèv yo rive nan klas la, pèmèt yo fè obsèvasyon nan papye jounal pou te pote nan klas la yo. Di yo pou yo koupe imaj bagay oubyen sitiyasyon ke sosyete a / moun bay anpil valè. Apre sa, yo dwe kole yo nan yon katèl pou fè yon tablo afich. Fè yo konprann ke yo dwe kite yon espas pou yo mete tit la.

Lè ankadremman fini, mansyone ke tout bagay sa yo ki la a, se bagay oubyen sitiyasyon ke moun bay valè. Poze kesyon:

- Kilès nan bagay oubyen sitiyasyon sa yo ki pi enpòtan pou nou?
- Èske gen kèk bagay ki gen anpil valè pou nou ke nou pa kole nan tablo afich la? Kisa li ye? (petèt yo site fanmi an, zanmi yo, lanmou moun ki renmen youn lòt yo, lasante oubyen etid. Aksepte repons yo bay yo).

Kontinye: “Jezi genyen yon bagay pou li anseye nou jodi a, yon bagay ki genyen yon gwo valè. Li tèlman koute chè, pa gen anyen ke nou kapab konpare avèk li”.

Gide timoun yo nan premye paj ki nan liv Elèv la (leson 46). Di yo pou yo li enstriksyon yo epi konplete aktivite a.

Trezò kache a

Avan ke elèv yo rive, sere yon lajan papye ki bon oubyen yon monnen, nan kèk kwen nan sal klas la. Fè desen yon lajan papye oubyen monnen menm jan ak sa w te sere a. Montre elèv yo desen an, pandan w'ap eksplike ke yo dwe “chèche trezò ki kache a”, li menm ki se demonstrasyon sa w gen nan men w lan. Si elèv yo pa jwenn biyè a oubyen monnen an, ou kapab chèche l ou menm. Si yon moun jwenn li, mande pou li konsève li. Mete yon ti prim (bonbon) disponib pou rès gwoup la.

Poze kesyon: “Konbyen nan nou ki te konnen ke mwen te sere lajan vre? Konbyen nan nou ki te kwè ke

nou te kapab rete avèk lajan an ?”

Baze sou repons timoun yo, chwazi kèk nan kesyon sa yo:

- Ki kantite enterè / anvi nou te genyen pou nou te jwenn “trezò” a ? (Eksplike).
- Kòmman nivo enterè nan “trezò” a te afekte fòm ke nou te chèche li a?
- Kisa nou ta fè si nou ta konnen ke lajan te bon epi nou t’ap kapab rete avèk li ?
- Ki kalite trezò nou ta konsidere ki gen valè ase pou chèche avèk tout anvi epi anpil pèsistans?

Siyale: “Etid bibliik nou an baze li sou jwenn yon trezò ki kache. De ki kalite trezò nou kwè ke Bib la pale?”

ISTWA BIBLIK

Kè ki sen ak trezò ki san mezi

Mande pou elèv nan klas ou yo li Matye 5 :8. Poze yo kesyon: “kisa nou panse Jezi eseye anseye nan beyatitid sa?” Eksplike yo siyifikasyon yon kè ki sen. Se yon kè ki apa konplètman pou Bondye. Yon moun ki gen kè sen anvi gen yon relasyon entim avèk Bondye plis pase nenpòt ki bagay nan mond lan. Moun sa yo bay tout sa yo genyen nan lavi pou yo viv jan Bondye vle yo viv la. Avèk sekou li, kè yo rete pwòp epi lib de peche.

“Nan yon okazyon Jezi te rakonte de istwa pou l te montre enpòtans anvi genyen yon kè ki pwòp genyen. Ann wè parabol sa yo”.

Divize klas la fè de gwoup. Chèche Bib pou tou de gwoup yo. Mande yo pou yo chèche fòm pou prezante youn nan istwa yo. Remèt chak gwoup yon istwa ki nan liv Elèv la (leson 46). Mande yo pou yo li pasaj bibliik kote parabol sa ye a tou. (Yo kapab prezante li sou fòm lekti, avèk siyal, kòm dram, elatriye.)

Lè prezantasyon yo fini, mande pou yo reponn kesyon ki nan fen aktivite a.

- Ki diferans ki genyen ant de parabol sa yo? (Trezò yo diferan: yon trezò kache anba tè; wòch ki koute chè a pou vann posiblerman).
- Kisa yo genyen ki sanble? (Tou dezòm yo gen gwo enterè, youn nan trezò li epi lòt la nan wòch ki koute chè a; ni trezò kache a ni wòch ki koute chè a te enpòtan anpil pou yo. Gen enkyetid pou yo tou de vann tout sa yo posede pou achte trezò a avèk wòch ki koute chè a).
- Pou ki rezon w kwè ke Jezi te konpare de istwa sa yo avèk peyi kote Bondye wa a? (Eksplike timoun yo kisa ki wayòm Bondye a: se nenpòt ki kote Seyè a vin Wa. Bondye gouvènè nan lavi ak kè moun ki renmen ak obeyi li, sa vle di kretyen yo. Jezi

di ke fè pati wayòm Bondye a, sa vle di genyen yon relasyon avèk li, se tankou chèche yon trezò ki tèlman enpòtan ke nou ta bay tout sa nou genyen nan lavi yon fason pou nou ka posede li).

- Kisa istwa sa yo di nou osijè de nou menm ki se pitit Bondye yo? (Nou espere ke timoun yo kapte lide prensipal la. Sa vle di ke fè pati wayòm Bondye a, genyen yon relasyon avèk li, se trezò ki pi enpòtan ke nou kapab posede nan lavi).
- Se pou timoun yo li beyatitid ki nan Matye 5:8 la ansanm. Poze yo kesyon: “Kòmman beyatitid sa sanble avèk de istwa nou etidye yo?” (Moun sa yo ki pa gen move lide nan tèt yo va wè Seyè a. Yo va fè sa ki enposib pou yo fè pati wayòm Bondye a, epi yo va renmen ak obeyi li).

Eksplike timoun yo ke beyatitid sa gen yon pwomès pou tan sa avèk tan ki gen pou vini an. Moun sa yo ki renmen Bondye yo “va wè” li nan lavi sa. Yo wè lanmou, swen ak pouvwa Bondye chak jou. Yo “va wè” Bondye tou nan tan k’ap vini an, nan syèl la. Se poutèt sa genyen yon kè ki sen se yon garanti pou resevwa lajwa.

AKTIVITE YO

Èske mwen sen nan kè mwen?

Oryante timoun yo nan dènye aktivite leson 46, liv Elèv la. Di yo pou yo reponn kesyon yo. Pèmèt ke yo tout patisipe nan bay repons. Poze kesyon epi fè kòmantè pou w ede timoun yo konprann leson an.

Memorizasyon

Reyalize aktivite klas pase a. Ankouraje timoun yo di vèsè a poukont yo.

Pou klas sa, yo dwe konnen pasaj la trèbyen. Si gen timoun ki pa konnen li oubyen ki nouvo nan klas la, mande sa ki te deja aprann li yo ede l etidye l. Ou kapab òganize yon konpetisyon ant tifi ak tigason yo. Mande yo pou yon koup pase youn apre lòt epi ekri vèsè a nan tablo a. Ajoute yon pwèn pou gwoup ki te fè li san fot la.

Pou fini

Priye pou timoun yo kapab rejwi ak yon kè ki pwòp nan laj sa depi byen bonè. Sonje kòm antrenè, gwo responsablite ke w genyen pou w oryante timoun primè yo bay Seyè a. Leson sa bon pou w pwofite envite yo aksepte Seyè a kòm Wa lavi yo.

Prepare yon kè chan oubyen yon kantik ki sanble ak ansèyman jodi a.

Aprè lapriyè avèk kantik la, voye timoun yo ale avèk yon bèl envitasyon pou pwochen klas la, dènye a nan inite sa.

Petèt ou vle prepare yon ti fèt pou timoun ki gen bon asistans yo, ak sa ki te aksepte Kris nan kè yo a.

Chemen pèsekisyon an

Baz biblik: Matye 5:10-12, 43-48; Lik 23: 26-27, 32-43

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ke nou menm kretyen yo nou pa dwe sezi si nou jwenn pèsekisyon, se yon privilèj soufri pou Jezi, epi nan menm tan, Bondye ap soutni nou avèk prezans li ak pwomès li yo.

Vèsè pou aprann: *Benediksyon pou moun ki anvi viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a* (Matye 5:6).

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Èske timoun primè yo ap sibi pèsekisyon nan tan sa? Gen kèk ki di wi. Li difisil pou idantifye pèsekisyon relijye a nan yon mond ki pran tolerans kòm yon pibon nan kalite pou li. Kòm sipriz, moun sa yo k'ap pwoklame tolerans ak plis enterè yo se yo menm ki pa tolere kretyen yo. Kretyen yo resevwa fawouch epi reprezante pou mwayen kominikasyon yo kòm yon bagay ki san valè. Pandan ke timoun nan laj sa yo pa soufri pèsekisyon fizik, yo dwe kapab idantifye kòman nan ki lòt fòm pèsekisyon kretyen kont kretyen yo manifeste nan moman sa.

Timoun primè yo ap travèse yon etap nan lavi kote ke yo pa vle diferan de zanmi yo genyen yo. Ale legliz sèlman kreye kèk diferans avèk lòt timoun ki menm laj avèk yo. Elèv nan gwoup sa ki pale de lafwa yo avèk seryozite epi viv konfòm avèk valè sa yo gen pou reziste. Li posib pou kèk sibi fawouch ak kondannasyon pou konviksyon relijye yo.

Bib la pale anpil osijè de dosye sa.

Jezi te pafè epi li pat komèt okenn peche, epi akòz de sa, li te sibi pèsekisyon ata rive konnen lanmò. Li te kite yon model pou nou viv nan angajman serye avèk Bondye, san gade pri oubyen konsekans yo.

Leson sa tou siyale Beyatid yo ke Bondye ofri moun ki eksperimente pèsekisyon yo nan non li. Elèv yo pral aprann ke Seyè a la avèk yo lè sa va rive.

KÒMANTÈ BIBLIK

Matye 5:10-12. Ansèyman Jezi yo osijè de

pèsekisyon nan Predikasyon sou Mòn nan enkyete anpil moun. Rezon an se paske yo pa reprezante panse nòmal tan n'ap viv la, menm jan non plis li pat ye nan premye syèk krisyanis la.

Menm konsa, reprezante kè ansèyman Jezi yo sou kòman Bondye vle pou pitit li yo panse ak viv. Se pa yon sipriz ke Predikasyon sou Mòn nan dekrive kòm “wayòm nan alanvè” oubyen tou kòm “kont kilti kretyen an”; paske anpil nan lide Jezi yo dirèkteman opoze ak fason moun yo panse ke se nòmal. Epi se la dirèkteman kote wayòm Bondye a soti. Sa ki sanble yon foli nan je mond lan, anreyalite se sajès Bondye.

Jezi kòmanse ansèyman kontradiksyon li a pandan li t'ap di ke nou pa bezwen fache oubyen dekouraje lè nou anba pèsekisyon oubyen fè fas ak kòlè kwayan yo, olye de sa, ann fè kè nou kontan. Lè n'ap sibi pèsekisyon, nou fè pati de yon gwo gwoup kwayan ki te sibi atak epi blese anba men moun sa yo ki pat kwè. Lè yo akize pou Kris, nou kapab fè kè nou kontan paske nou konte pami moun ki la pou peyi kote Bondye Wa, se pa wayòm sou tè a.

Nan ka ke sa pa ase, ansèyman “enkonpreyansib” yo ap kontinye. Matye 5:43-48, di ke fè kè nou kontan nan pèsekisyon an pa ase, men ke nou gen responsablite pou nou renmen ak priye pou moun k'ap pèsekite nou yo. Renmen moun sa yo ki renmen nou se yon bagay ki fasil, men renmen moun sa yo ki rayi nou se yon bagay ki byen difisil. Anreyalite, li enposib; tèlman enposib tankou vin “bon nèt... menm jan Bondye Papa nou ki nan syèl la bon nèt”. L'ap enposib si nou limite sèvi ak resous avèk enklinalasyon nou posede kòm lòm. Repons natirèl nou kòm moun se kòlè, rayisman ak vanjans. Se sèlman paske Sentespri Bondye a ranpli kè nou avèk lanmou ak pèspektiv ke nou kapab jwenn fason pou nou fè kè nou kontan nan pèsekisyon epi renmen ak priye pou lènmi nou yo. Nan lòt mo, vin bon nèt nan kè nou jan Bondye ye.

Lik 23:26-43. Jezi te sipòte pawòl ansèyman li yo sou pèsekisyon an, pandan li t'ap bay pibon egzanp lan. Malgre inosans li, li te reziste yon gwo soufrans mantal ak fizik avan krisifikasyon an. Li te soufri anba kou, fawouch ak lòt abi ankò. Menm moun sa yo ke li t'ap bay lavi l pou yo akòz de lanmou, se yo menm ki te blese li tout kò li.

Ou kapab li repons Jezi fas ak pèsekisyon nan Lik 23: 34: “Papa, padone yo, paske yo pa konnen sa y'ap fè”. Jezi te pratike sa l te preche a! Li te priye pou moun sa yo ki te voye li sou yon kwa

pèsekisyon, soufrans, ak lanmò.

Lè li fè sa, li fè nou vin genyen yon relasyon dirèk avèk Bondye. Li merite pou nou konsakre lavi nou ba li, men lè yo pèsekite nou.

Pèsekisyon an se te yon menas reyèl pou Legliz Primitiv la tou. Nou li kote anpil moun te mouri anba agresyon lyon ak epe. Nou pa tèlman tandè pale de pèsekisyon nan tan n'ap viv la.

Men, reyalye a se ke gen plis kretyen ki te mouri pou lafwa yo nan 100 dènye ane yo pase 2.000 avan yo. Anpil peyi nan mond lan pran krisyasnis la kòm yon krim ki merite pinisyon prizon oubyen menm lanmò. Gen kèk nan nou ki eksperimante libète yon gouvènman toleran. Men, de tout fason, lide pèsekisyon an pa tèlman lwen nou jan nou panse a. Mond lan pap janm yon vrè zanmi pou kretyen an; li pa kapab vrè. Tout kretyen atravè mond lan ap toujou kontrè avèk payen yo epi, y'ap toujou santi giyon opozisyon an, se kapab nan opozisyon ke yo ekspriime sou fòm kout rigwaz oubyen atravè pawòl yo.

Li pa fasil ditou pou pratike pawòl ki te soti nan Predikasyon sou Mòn yo, espesyalman sa yo ki pale sou pèsekisyon ak lènmi yo. Men lè nou jwenn ranfòsman espiyèl pou nou fè fas ak dezespwa ke pèsekisyon ak difikilte pou renmen lènmi nou yo a pwodwi, n'ap jwenn ke nou apwoche nou tou pre kè Bondye.

DEVLOPMAN LESON AN

Vokabilè enpòtan

Pèsekisyon: abi fizik, fawouch, kou oubyen lòt kalite soufrans ke yon moun sibi anba men lòt akoz de sa li kwè.

Jistis / senserite: se viv yon relasyon ki kòrèk avèk Bondye epi obeyi li akoz de relasyon sa.

Vin bon / sensè nan panse, pawòl avèk aksyon.

Ekri vokabilè enpòtan yo avèk siyifikasyon yo nan papeyè bristol, pou kole nan tablo afich la.

Pèsekisyon

Oryante timoun primè yo nan premye aktivite liv Elèv la (leson 47). Poze yo kesyon : “Ak kisa w panse lè w tandè mo pèsekisyon?” Rete koute kòmantè yo, eksplike siyifikasyon vokabilè siyifikasyon, rakonte kèk eksperyans ke w te fè sou sa.

Mande pou youn li Matye 5 :10-12. Di konsa: “Lè nou panse sa pèsekisyon siyifi, èske mo “kè kontan” ak “lajwa” vini nan lespri nou ?” Kite elèv yo reponn.

“Se pa sa mwen panse menm kote a; men menm konsa, Jezi di ke se pou nou “rejwi epi fè kè nou kontan”.

Kretyen ki sibi pèsekisyon: tradisyon an fè nou konnen ke anpil disip ak premye kretyen yo te soufri anpil pèsekisyon, tankou yo te trennen Matye jouk li te rive mouri; Yo te mete Jan nan yon gwo chodyè lwil k'ap bouyi, li te rete vivan epi yo de depòte li nan zile patmòs; yo di ke Pyè te klòre tèt anba; yo te koupe tèt Jak; yo te touye Jid avèk flèch; yo te kouvri yo avèk kawotchou epi boule yo tankou flanbo; li menm ki te fèt konsa pou fè Newon gwo chèf women an plezi; gen anpil lòt yo te lage nan twou kote lyon yo te ye a. Nan moman sa yo te voye yon dam ki kretyèn ki gen 23 zan nan yon chan travay fòse epi la yo te peye li chak jou; yo te fòse yon kretyen chita fè twa jou nan yon basen dlo glase, toutouni, pandan yo t'ap poze li kesyon sou lafwa li nan Kris la. Nan yon peyi, youn nan chak kretyen te tonbe nan prizon paske yo kwè nan Jezikris. Nan lòt, yo mennen kretyen yo nan prizon epi resevwa chòk elektrik, ki menm rive touye kèk nan yo.

ISTWA BIBLIK

De predikasyon a soufrans

Remèt timoun yo fèy aktivite ki nan liv Elèv la (leson 47). Mande yo pou yo li Matye 5:10-12 ak 43-48. Apre sa poze kesyon:

- Nan Matye 5 :10, De ki kalite soufrans Jezi ap pale la? (soufrans dèske yon moun ap eseye viv kòrèkteman pou Bondye) Antrenè, ou dwe asire w ke timoun yo konprann kisa ki jistis ak senserite a. Pandan w'ap fè referans ak vokabilè enpòtan ki nan tablo afich la.
- Dapre vèsè 12, pou ki rezon nou dwe “rejwi ak fè kè nou kontan” lè nou anba pèsekisyon paske n'ap fè sa Bondye mande? (Nou kapab gade esperans rekonpans lan nan syèl la; nou fè pati yon gwo gwoup kretyen ki te soufri epi k'ap soufri nan tan sa).
- Dapre v.43-45, kòman nou dwe trete moun k'ap pèsekite nou yo ? (Avèk lanmou, jantiyès ak lapriyè).
- Èske endikasyon sa yo rezonab? Èske li fasil pou l fèt? (Aksepte repons elèv yo. Si w te fè kèk eksperyans, ou kapab rakonte li. Petèt y'ap soufri fawouch oubyen move tretman pou lafwa yo. Sa se pibon moman pou w ankouraje yo epi fòse yo kontinye demontre lanmou ak

pasyans pou moun sa yo ki ofanse yo epi ki pa kwè nan Jezi).

- Kòman Seyè a te trete moun ki te fè l souffri yo? (Jezi te mande Papa a pou li te padone yo. Li pat reponn pèsòn nan moun ki t'ap ofanse li yo avèk kòlè. Li te padone vòlè ki te ansanm avèk li a, lè li te repanti a. Sa ki pi enpòtan an se ke li te mouri pou peche limanite a).
- Kòman nou kapab trete moun ki maltrete nou yo? (Nou gen direksyon an nan tout Matye 5. Nou dwe swiv egzanp Jezi a pou renmen ak padone).
- Kòman soufrans lan ka mennen nou nan lajwa ? (Li pa fasil, men li pa enposib nonplis. Bondye pare pou li ede nou batay avèk zam lanmou Jezi yo. Lè nou rete tou pre Bondye, li bannou panse kè poze anvè moun sa yo ki fè maltrete nou).

Mande yo pou yo konplete kesyon ki nan aktivite nan liv Elèv la epi dekrive yon atik pou Journal Jerizalèm osijè de pèsekisyon Jezi a epi kòman li te ajì avèk moun sa yo ki te fè l souffri).

Bay opòtinite pou ke timoun yo poze kesyon si te manke yon bagay. Ankouraje yo konnen ke menm si li pa fasil pou renmen moun ki fè nou mal, li pa enposib pou nou trete yo jan Jezi te trete moun sa yo ki te pèsekite ak krisifye li.

AKTIVITE YO

Chemen pou jwenn kè kontan

Remèt timoun yo dènye aktivite liv Elèv la ki nan leson 47. Li enstriksyon yo epi ofri yo tan pou yo konplete devwa sou “Chemen pou jwenn kè kontan”. Lè yo fini, konpare si repons yo gen pou wè avèk kòmansman Beyatitid yo.

Prim espesyal

San dout, timoun yo t'ap tann moman sa avèk anpil lajwa, espesyalman sa yo ki te prepare yo epi aprann Beyatitid yo ki nan Matye 5:3-12. Mande yo pou yo chita pou w kòmans “konkou a”. Koute

patisipan yo avèk anpil atansyon epi avèk Bib la ouvè. Aksepte vèsyon kote timoun nan te aprann pasaj la. Chwazi pou premye prim nan elèv ki resite pasaj la san li pa twonpe li nan anyen. Ou kapab bay kondisyon pou w remèt prim yo. Lòt lide a se bay prim ak tout moun ki te aprann pasaj la byen. Pran prekosyon pou pa gen timoun ki ofanse oubyen tris paske li pa resevwa yon prim.

Pou pote lakay

Ekri Beyatitid yo nan yon paj epi remèt chak timoun yon fèy. Apre sa mande yo pou yo kolore maj yo oubyen kole papye journal ki genyen Beyatitid yo sou papye bristòl la. Endike yo pou yo fè de twou pou mete yon fil. Lè yo fini yo kapab pote ankadreman lakay yo, se pou yo li lè lòt moun fawouche yo oubyen fè bagay ki fè yo tris. Se pou yo rakonte paran yo kisa sa vle di Beyatitid yo. Asire yo ke wi nou kapab viv lavi kretyèn nan avèk kè kontan.

Pou fini

Mande elèv yo pou yo di mèsè nan priyè yo pou:

- Sa yo te aprann nan Beyatitid yo.
- Pou egzanp ke Jezi te kite pou nou an.
- Pou istwa yo te aprann yo.
- Pou trezò ak wòch ki koute chè nou genyen nan Sali ke Jezi ofri nou an.
- Paske li pwòmèt nou peyi wa ki nan syèl yo.
- Paske si nou kriye, li konsole nou.
- Paske nou grangou ak swaf jistis, li fè nou rasazyè.
- Paske si nou viv jan Bondye vle a, nou va wè Bondye nan syèl la.

Prepare yon selebrasyon pou mete fen avèk yon inite tèlman espesyal. Ou kapab ofri yo bonbon, fwi ak lèt oubyen dlo. Rejwi avèk timoun yo. Felisite sa ki te aksepte Jezi yo. Envite paran yo, yo se yon pati ki enpòtan nan lavi timoun yo. Sonje, ou pa sèlman ap anseye timoun primè yo, men tou w'ap touche lavi chak fanmi.

 **Nòt mwen yo:**

Ane 3

Entwodiksyon – Inite XII

VRÈ SELEBRASYON AN

Baz biblik: Lik 1:5-25, 57-70, 76-77; Jan 1:6-9; Lik 1: 26-49; Matye 1:18-25; Jan 1:1-18; Lik 2: 1-20; Lik 2:21-40

Verite biblik: Jezi, Pitit Bondye a te vini sou latè kòm Sovè nou.

Vèsè inite a: *Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a (Jan 1:14).*

Objektif inite a

Inite sa ap ede timoun primè yo:

- Konprann ke nan tan nowèl nou selebre plan Bondye a pou li sove lèzòm anba peche li yo.
- Konprann siyifikasyon pèsònifikasyon an epi rezon ki fè li enpòtan pou yo.
- Konsidere fidelite Bondye, li menm ki bannou kapasite pou nou rive akonpli plan li yo.
- Resevwa kado Sali Bondye a, reyafime sa li te fè pou yo reyèlman.
- Selebre Nowèl ane sa pandan y'ap rekonèt vrè siyifikasyon li.

Leson inite a

Leson 48: Ann selebre plan Bondye a

Leson 49: Ann selebre rejenerasyon an

Leson 50: Ann selebre Nesans Sovè a

Leson 51: Ann selebre fidelite Bondye

Pou kisa timoun ki nan primè yo bezwen ansèyman inite sa a

Kòm timoun primè yo plonje nan mond materyalis la ak lòt aspè ki nan mond lan osi jè de nowèl, yo kapab deja pèdi vizyon sou kèk vrè mèvèy moman sa. Inite sa ap ede yo dekouvri epi apresye pi byen chemen ke Bondye te planifye, prepare epi bannou atravè nesans Kris la.

Li bon pou nou ankouraje timoun yo selebre nesans Jezi a, li menm ki te fèt atravè la-vyèy Mari, anplis de ke li se Pitit Bondye a. Pitit Bondye a te vini nan mond lan sou fòm bebe. Jezi te genyen de nati: diven ak imen.

Nan youn nan leson sa yo, yo pral selebre pi gwo nouvèl ki pat janm pwononse avan. Se pat yon jounal yon gwo vil ki te anonse li, men se pito atravè kèk pastè ki byen dou ki te abite nan yon ti katye tou pòv nan Betlyèm. Zanj yo te di konsa: “Jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la,

Seyè a”. Mesi a ke moun t’ap tann sa fè depi lontan, li te vini pou delivre pèp li a anba peche li yo. Lè timoun yo konstate fidelite Bondye ak Simeyon avèk An, y’ap kapab genyen konfyans ke Bondye ap akonpli pwomès li yo tou.

Finalman, lè yon chemen ke Bondye te prepare pou nesans ti bebe Jezi a, y’ap vin gen konfyans paske y’ap wè ke Bondye gen kapasite pou fè volante li nan nenpòt sitiasyon. Atravè inite sa, ede elèv yo pran tan pou yo selebre tout mèvèy istwa nowèl la, nan di Bondye mèsi pou tout sa li te fè, ap fè epi pral fè nan lavi yo.

Ann selebre plan Bondye a

Baz biblik: Lik 1:5-25, 57-70, 76-77; Jan 1:6-9

Objektif leson an: Se pou timoun primè yo konprann ministè Jan Batis la, li menm ki te prepare pèp la pou te resevwa Sovè a, ki li menm tou mete aksan sou selebrasyon vrè siyifikasyon nowèl la: Nesans Jezi a.

Vèsè pou aprann: *Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a (Jan 1:14).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Nowèl se yon moman ki gen anpil aktivite diferan pou pifò nan timoun primè yo. Anpil nan yo foure kò yo nan yon bann pwogram ak fèt, aktivite legliz, avèk fè nowèl tradisyonèl ak fanmi yo.

Pou yo menm, pliske yo kapab ansanm avèk tout fanmi an reprezante anpil tan ak efò.

Se vre ke aspè ki nan lari a osijè de selebrasyon nowèl la ta sanble plis enteresan pou pifò. Ki timoun ki pa renmen pran ti plezi li, resevwa kado ak gen tan lib.

Sa ke nou kapab fè pandan dewoulman istwa sa se ede yo santre atansyon yo sou bèl istwa nesans Kris la avèk Jezi kòm moun. Objektif nou se pa pou ke timoun yo bliye Papa Nowèl (Sen Klaous) ak tout sa ke istwa sa reprezante, men nou kapab eseye chanje vizyon an tèlman fò pou nou selebre nowèl la.

Chak pwochen leson yo genyen kòm objektif ede timoun primè yo konprann pi byen epi di Bondye mèsi pou tout sa li te bannou nan premye aktivite sa.

Priye anpil nan mwa sa pou chak leson. Mande Bondye pou l ede chak timoun selebre nesans Jezi a avèk yon siyifikasyon ki reyèl, epi resevwa li kòm Sovè ak Seyè yo.

Yon refleksyon final: Si timoun primè yo santi yo distrè oubyen konpòte yo pimal pase avan, konprann ke “sa gen pou wè avèk dat la” epi ou dwe pran yon ti pasyans. Gen anpil nan yo ki kapab byen kontan oubyen byen fatige.

KÒMANTÈ BIBLIK

Pou pifò nan nou. Nowèl la se yon tan ki mande gwo preparasyon : kado, manje byen prepare, pwogram espesyal, ak fèt espesyal. Nou menm kretyen yo nou

rele lavèy fèt nowèl la: “moman avètisman”, sa ki vle di ke l’ap “vini” oubyen “rive”. Pandan moman avètisman an nou prepare kè nou pou nou fete nesans Sovè a. Sa genyen ladan li jèn, lapriyè, ak refleksyon sou lavi nou.

Sepandan, preparasyon pou nowèl la pa soti nan nou menm. Nesans Kris la se te rezilta plan ke Bondye te planifye depi avan kreyasyon mond lan, ak yon bon preparasyon ki dewoule atravè letan etap pa etap pandan plizyèn santèn ane. Atravè Abraram, Bondye te fòme yon fanmi ki te vin transfòme an nasyon kote Sovè a ta vin fèt. Atravè pwofèt yo, Bondye te pale sou vini Sovè a avèk misyon ke li ta gen pou l akonpli. Finalman, kòm moman nesans Jezi a t’ap apwoche, Bondye te voye yon premye ki te pou vin ede moun yo prepare yo pou delivrans ke Bondye te ofri yo a. “Preparatè” se te Jan Batis.

Paran Jan yo te yon bèl koup, yo tou de te soti nan fanmi sakrifikatè. Si se vre yo se moun ki gen peche, lizay vokabilè “san reprimand” endike ke kè yo te sensè epi konsantre sou Bondye.

Nan tan sa te genyen yon bon kantite sakrifikatè ki te konn bay sèvis pa relèv nan tan plan. Sakrifikatè yo te òganize yo an 24 gwoup ki te genyen 1.000 de chak. Nan moman istwa sa, gwoup pa Zakari a te sou sèvis, epi yo te chwazi li apre plizyè chwa pou l te limen lansan nan lye sen an. Pou pifò nan sakrifikatè yo, sa se te yon opòtinite ki te bay yon sèl fwa nan lavi. Nou kapab sèten ke kout chans sa ki te pase nan chwazi Zakari nan tan sa anpatikilye se pat yon aza, men se te pito yon plan ak pwojè Bondye.

Apre krentif li te genyen nan kòmansman, Zakari te rete byen trankil epi zanj lan te di li premyeman ke Bondye te tande priyè li yo. Se byen pwobab ke Zakari te tèlman priye pou vini Sovè a tankou pou yon pitit. Nan kilti sa, pat ka gen pitit se te yon gwo advèsite, epi anpil fwa sa te konsidere kòm yon siyal de kondannasyon Bondye. Nesans yon timoun ta retire mistè sa.

Non Jan siyifi “Seyè a chaje avèk gras”. Epi vrèman nesans li a se te yon kado lagras pou Zakari ak Elizabèt. Anplis de sa, youn nan devwa Jan yo se te fè pèp la konnen ke Bondye pat bliye yo, epi li ta pral voye Sovè li te pwomèt yo depi byen lontan.

Wòl Jan te sanble anpil ak travay pwofèt nan Ansyen Testaman yo, patikilyèman ak pwofèt Eli. Nou gen tandans panse ak pwofèt yo kòm moun ki te konn sèlman anonse sa ki gen pou pase.

Sepandan, yon aspè ki enpòtan nan ministè li yo se te preparasyon pèp la pou yon bagay ke Bondye ta pral fè pou yo. Pwofèt yo te eseye elwaye moun yo de peche epi retounen vin jwenn Bondye. Se sa ke Jan ta fè lè li t’ap prepare jwif yo pou vini Jezi a.

Si se vre yo pa t'ap adore zidòl, tankou nan epòk Eli a, pou anpil moun, adorasyon devan Bondye se te plis yon seremoni pase yon reyalyte. Jan ta denonse peche yo, epi ede yo pran konsyans de nesesite yo te genyen pou yo ta konnen yon Sovè.

Aprè sa li ta ede yo reponn avèk repantans.

Premye mesaj Zakari te bay zanj lan te soti nan enkredilite. Men nan moman ke Jan te fèt la li te kapab kapte siyifikasyon evènman sa, epi li te fè referans ak pwofesi Ezayi a sou mesaj a (40:3-5) anpalan de pitit li a.

Preparasyon Bondye a pou premye moman avètisman an te prèske konplèt. Touswit, Sovè a, ak mesaj li, ta vin fèt.

DEVLOPMAN LESON AN

Itilize kèk nan aktivite sa yo pou w ede timoun primè w yo santre atansyon yo epi prepare pou aprann verite bibliik jodi a.

Senbòl nowèl yo

Montre elèv yo imaj Papa Nowèl la oubyen Sen Klaous. Di yo konsa: "Kisa nou panse lè nou wè senbòl nowèl sa?" Kite yo bay opinyon yo (Divèsyon, lajwa, bay oubyen resevwa kado, bonte, chalè santimantal pou felisite). Fè konnen ke genyen Papa Nowèl / Sen Klaous kòm senbòl Nowèl se pa yon bagay ki mal, déjà li te soti nan yon lejand sou yon nonm byen janti ki rele Sen Nikola. Nou kapab di anpil bagay sou Papa Nowèl / Sen Klaous.

Kounye a montre yon imaj ti Jezi ki nan krèch la. Poze kesyon: "Kisa nou panse lè nou wè senbòl Nowèl sa?" (Bondye, delivrans, padon, yon moun ki te kite tout bagay pou vin sou latè pou nou).

Di konsaa: "Ti gwoup leson nou gen pou nou etidye semèn k'ap vini yo se: 'Vrè selebrasyon an.' "Kisa ki monte nan lespri w lè w tandè tit sa?" (Ke nan tan Nowèl nou genyen yon pibon senbòl pase Papa Nowèl. Jezi fè nou sonje vrè siyifikasyon Nowèl la: plan Bondye pou sove nou anba peche. Nou kapab jwi lajwa Papa Nowèl pote / Sen Klaous pote a, men senbòl reyèl la / vrè Nowèl pou kretyen yo se Tibebe ki nan krèch la: Jezi).

Vokabilè enpòtan: mesaj

W'ap bezwen de diksyonè nan klas la: Youn espanyòl epi lòt la bibliik. Eksplike timoun yo ke yon vokabilè enpòtan nan leson sa se "mesaj". Fè youn nan yo chèche li nan diksyonè a, pandan ke yon lòt ap chèche li nan diksyonè bibliik la. Pale sou siyifikasyon vokabilè a. Kòmante pou di ke nan tan lontan, lè yon wa te konn prale yon kote nouvo, li te konn voye yon mesaj espesyal, yon moun ki pou anonse rive li. Mesaj sa te rive sou plas pou di pèp la ke wa a prèske rive, epi konsa

yo te kapab prepare yo pou rive a.

Byen souvan, preparasyon yo te konn ekstraòdinè: aranjman wout yo, rechèch bon kote pou wa fè ladesant, ak pwovizyon manje pou li avèk kòtèj li a.

Di konsa: "Etid bibliik nou an jodi a pale osijè de Jan Batis, li menm ki pote non 'mesaj' Jezi a. Lè n'ap konsidere sa nou fenk sot wè la, Kisa nou panse ki te devwa ke Bondye te bay Jan Batis?" (Prepare pèp la pou vini Jezi a).

"Nou pral aprann plis sou sa jodi a".

ISTWA BIBLIK

"Preparasyon pou premye Nowèl la"

Prezante nan etid bibliik la pandan w'ap di konsa: "Bondye te prepare premye nowèl la byen prepare.

Etid bibliik nou an jodi a dekrive yon pati byen enpòtan nan preparasyon sa yo".

Oryante timoun yo nan dezyèm aktivite ki nan liv Elèv la, leson 48. Bay chak elèv yon pasaj, a de, oubyen yon ti gwoup. Bay tan pou yo li yo, ekri yon paragaf tou kout epi yo dwe ba li yon tit.

Aprè sa, regwoupe yo epi mande pou yo fè kòmantè sou sa yo te ekri yo avèk rès klas la.

Si sa nesesè, ou kapab ajoute kòmantè sa yo sou pa elèv yo.

Gwoup 1: Lik 1:5-17. Anons zanj lan.

Pandan Zakari, yon sakrifikatè byen janti t'ap ofri lansan nan tanp lan, yon zanj te parèt pou ba li yon gwo nouvèl. Zakari avèk madanm li Elizabèt t'ap vin genyen yon pitit gason ki ta pote non Jan. Jan t'ap vin ranpli ak Sentepri epi li ta gen pou ede pèp la rekonsilye ak Bondye. Nan anpil fason, Jan te sanble ak pwofèt Eli.

Gwoup 2: Lik 1:18-25. "Mwen pa kapab kwè li!"

Pliske yo te deja nan laj granmoun, li te difisil pou Zakari te kwè nan mesaj Zanj lan. Gabriyèl te reponn: "Mwen se Gabriyèl ki toujou kanpe nan sèvis devan Bondye. Se Bondye menm ki voye m' pale avè ou, pou m' pote bon nouvèl sa a ba ou. Men, paske ou pa kwè pawòl mwen yo ki gen pou rive nan tan yo, ou pral vin bèbè, ou p'ap ka pale jouk jou bagay sa yo va rive". Sa ki te verite a se ke lè Zakari te soti nan tanp lan li pat kapab pale avèk pèsòn, li te sèlman kapab pale avèy siy. Sepandan, anpil tan pat pase lè Elizabèt avèk li te konnen avèk sètitud ke yo t'ap vin genyen yon pitit gason.

Gwoup 3 : Lik 1 :57-66. "Se yon ti gason, epi non li se Jan". Lè Elizabèt te fin akouche, vwazen li yo te vin fete avèk li ak Zakari. Yo te deklare ke non tibebe a se Jan, menm jan ak papa li. Elizabèt di "Non", "li va pote

non Jan”. Tout moun te rete byen sezi paske li pat leve non pèsòn nan fanmi li yo. Poutèt sa yo t'al pale ak Zakari pou konnen kisa li te panse.

Li te ekri nan yon wòch plat: “non li se Jan”, epi menm kote a li te vin kapab pale ankò. Premye mo li yo se louwanj pou Bondye.

Gwoup 4: Lik 1 :67-70, 76-77. Louwanj ak pwofesi. Ranpli ak pouvwa Sentepri a, Zakari te louwe Bondye paske li te akonpli pwomès li pou sove pèp li a. Epi li te fè referans ak pwomès ke Bondye te fè wa David la avèk pèp la atravè pwofèt yo.

Li te pale tou osijè de gwo wòl pitit li a ta gen pou jwe nan delivrans Bondye a: Jan ta vin prepare pèp la pou resevwa Jezi ; pou fè yo konnen ke li prèt pou rive, epi li te egzòte yo repanti de peche yo.

Gwoup 5: Jan 1:6-9. “Temwayaj limyè a”.

Bondye te voye Jan vin akonpli yon misyon byen espesyal.

Misyon sa se te temwaye (rakonte) moun yo koze sou Jezi, “limyè mond lan”, pou ke yo te aprann mete konfyans yo nan li. Jan pat Sovè ke Bondye te pwomèt la, men li te moun ki te temwaye osijè de Sovè a.

Mete fen avèk etid bibliik la pandan w'ap poze yo kesyon: “Pou ki rezon nou kwè ke Bondye te pran swen pou prepare vini Pitit li a nan Mond lan ? Pou ki rezon li te voye yon mesaj? Pou ki rezon li pat sèlman voye Jezi vin pale pou pwòp tèt pa li?” (Repons ki posib yo: yon evènman enpòtan mande bon preparasyon. Vini Jezi a se te pi gwo evènman nan listwa, epi yon pati enpòtan nan plan delivrans Bondye a).

Fè elèv yo chèche epi li Mak 1 :4-5 ansanm. Demontre ke ministè Jan te efikas paske li te ede anpil moun repanti de peche yo. Sa te pibon preparasyon pou vini Jezi a.

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ede timoun primè yo konekte istwa bibliik la avèk lavi yo.

Plis osijè de Jan

Oryante timoun yo nan twazyèm aktivite ki nan liv Elèv la. Mande yo pou yo chèche vèsè yo pou yo konplete akwostich la. Pran kesyon ki parèt la yo kòm baz epi bay tan ase pou yo kapab reponn.

Preparasyon pou Nowèl sa

Oryante timoun yo pou ke atravè yon koleksyon lide, yo panse kòman yo pral selebre Nowèl la avèk fanmi yo, pandan y'ap mete aksan sou vrè siyifikasyon li. Mande yo pou yo fè yon lis bagay ke yo panse fè pou reyalize fèt sa. (Pa egzanzp: li istwa Nowèl la nan Bib

la; koute ak chante kantik; mete dekorasyon Nowèl ki genyen siyifikasyon espesyal, li ka genyen ladan li yon krèch ak pèsònaj ki nan istwa bibliik ke yo menm yo chwazi; dramatize ant frè ak kouzen pou istwa nowèl la; chwazi kèk fanmi ki nan nesosite pou ede nan dat espesyal sa ; redwi nan depans nan anpil kado pou fanmi yo pou yo kapab ede lòt moun, elatriye.).

Lè yo fini, di yo pou yo konsidere byen sere kisa yo pral fè pou yo prepare fèt nowèl la pèsònèlman pou ane sa. Si li posib, pèmèt ke yo divize fè plizyè gwoup epi pale osijè de sa yo panse, pou yo kapab aplike li nan fanmi yo apre. Apre sa, rasanble yo ankò, epi mande pou yon volontè nan chak gwoup li sa yo te ekri yo.

Memorizasyon

Katèl/Tablo afich: “Zetwal Nowèl”

W'ap bezwen: papye afich oubyen pou vlope, papye bristòl, katon, papye ajan oubyen aliminyòm, lakòl, makè, adezif. Depi avan klas la, prepare 45 zetwal anpapye, epi ekri mo vèsè inite a nan yo chak (anplis nimewo a 45 yèm zetwal la). Si w vle ou kapab fè yon zetwal ki pi gwo pase lòt rès yo, epi mete li nan youn nan kwen tablo a.

Pèmèt timoun primè yo ede w monte katèl inite sa pou yo kapab memorize vèsè a ansanm. Chèche papye bristòl pou yo oubyen papye afich ble fonsè ke yo kapab itilize pou kouvri katèl la, tankou syèl la (ou ta kapab kole l nan youn nan mi sal klas la tou). Pote de oubyen twa echantiyon zetwal katon ke w te déjà reyalize. Chèche fèy papye ajan, kote yo kapab make bò zetwal yo epi rekoupe yo (oubyen se pou yo fè zetwal la nan papye bristòl oubyen katon epi kouvri yo avèk papye aliminyòm). Mande elèv yo pou yo fè 45 zetwal, youn pou chak mo vèsè a (Si w pa deside fè tout zetwal sa yo, divize tèks la epi ekri fraz kout nan chak zetwal).

Apre sa, yo kapab kole yo nan katèl la yon fason pou li rete byen ranje. Lè fini, kole zetwal yo avèk vèsè pou aprann nan, yon fason pou vèsè a rete nan lòd kòrèkteman sou zetwal ajan yo (Kole sa ki gen vèsè yo tou lejè ou bò goch oubyen adwat, tankou pou ajan rete dèyè yo epi vizib). Mete yon tit pou katèl la.

Di konsa: “Yon zetwal te mennen nonm save yo al kote tibebe Jezi ki te fenk fèt la. Zetwal sa yo pral ede nou aprann epi sonje yon verite espesyal osijè de Seyè a. Verite sa se lide ki klè pou inite sa”.

Ede elèv yo prete atansyon ak vèsè pou mwa a. Lè yo fini katèl la, li pasaj bibliik la ansanm oubyen repete li plizyè fwa.

Pou fini

Mete fen avèk yon lapriyè, di Bondye mèsi dèske li te prepare premye fèt nwèl sa. Mande Seyè a pou li ede chak timoun panse avèk Jezi pandan y'ap fè preparasyon pou Nowèl sa.

Ann selebre pèsonifikasyon an

Baz bibliik: Lik 1:26-49; Matye 1:18-25; Jan 1:1-18.

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo konprann sa pèsonifikasyon an vle di. Se pou yo di Bondye mèsi pou sa li te fè lè li idantifye li avèk nou epi sove nou, epi pou yo resevwa padon Jezi pou peche yo.

Vèsè pou aprann: *Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a (Jan 1:14).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Si w mande yo: “Kisa ki fè nowèl la espesyal?” pifò nan timoun primè ki konn ale legliz yo ap reponn: “Jezi te fèt”. Men ou dwe antre pifon pou w mande yo: “Pou ki rezon nesans Jezi a te espesyal?”, bat pou yo pa jwenn anyen pou yo di oubyen pou yo reponn avèk yon: “mwenn pa konnen”.

Leson sa ap ede timoun yo ka reponn kesyon sa.

Kòm Bondye te tounen moun epi vin viv sou latè, li konnen sa ki pase nou. Li konnen kisa lanmou ye, zanmitay, ak pase bon moman. Li konnen kisa doulè ye tou, grangou ak soufrans. Ki konnen pi byen pase nou, epi li konnen kòmman nou kapab kenbe tèt ak tantasyon an. Nan vokabilè aktyèl la, nou ta kapab di ke: “Li te deja pase nan sa epi li te pote laviktwa”.

Sa se yon verite enpòtan kote timoun primè yo kapab asire yo. Yo kòmmanse dekouvri siyifikasyon endepandans, fè kèk chwa ak pran desizyon pèsònèl. Y’ap goumen pou afime idantite yo epi vle pou yon moun konprann sa k’ap pase yo.

Gen yon vye kè chan ki di konsa: “Pèsòn pa kapab konprann nou tankou Jezi”. Elèv yo dwe konnen Bondye ki konprann emosyon ak panse yo a. Moun sa se Jezi, li menm ki te moun epi Bondye anmenm tan. Li pat sèlman vini pou eksperimente lavi tankou moun, men pito pou chanje lavi moun yo. Li te vini pou bannou lavi ki pap janm fini an, pou ede nou pote viktwa sou peche epi restore relasyon nou avèk Bondye.

KÒMANTÈ BIBLIK

Pèsònifikasyon an se youn nan pi gwo mistè lafwa kretyèn nan, pou de rezon:

1. “Pèsònifikasyon” siyifi ke Jezi “te tounen moun”. Se sa ki fè ke premye mistè a se konprann kòmman yon moun ki te Bondye totalman fè vin tounen moun totalman nan menm tan, san retire anyen sou kalite li kòm Bondye.
2. Se menm jan, li difisil tou pou konprann ke Bondye ki gen tout pouvwa a te pran dispozisyon pou imilye li nan kondisyon lòm. Sèl repons ki genyen se: akòz de gwo lanmou li genyen pou lemon. Se yon bagay nou kapab aksepte sèlman palafwa, se pa avèk la rezon.

Kòmman paran Bondye-lòm Jezi yo te dwe ye? Se sèten ke se pat yon bagay ditou fasil. Kareman, Jozèf avèk Mari te aksepte defi a epi vin reprezante kòm paran tèrès Moun ki te vin delivre pèp li a anba peche yo.

Lik 1:26-49. Jozèf avèk Mari te gen angajman (fyanse) pou yo marye. Angajman nan epòk sa yo te gen anpil enpòtans epi sa te kreye yon pi gwo lyen pase sa ki egziste jodi a. Byen souvan, anpil mwa pase ant angajman avèk maryaj la. Anplis de sa, angajman te kapab kraze sèlman avèk divòs.

Mari te rete byen sezi devan mesaj zanj Gabriyèl la ki te di l ke li ta pral gen yon bebe. Li te konnen ke li te vyèy. Kòmman li ta kapab fè vin manman ebyen? Zanj lan te di li se Sentespri a ki va anchaje li bebe a. Li posib pou Mari te konnen pwofesi Ezayi 7 :14: “Jenn tifi ki ansent lan pral fè yon pitit gason, l’a rele l’ Emanwèl (ki vle di: Bondye avèk nou)”. Si li te fè referans ak sa, se sèten li ta kapab rekonfòte li. Lefè ke yon jèn tifi ta vin manman Sovè a se te yon siyal klè de ke vrèman vre ti bebe sa se te Sovè a. Nan chak evènman, Mari te mete konfyans li nan Bondye epi obeye avèk plan li yo, malgre sa te kapab gate fiti nòs li a, lage li nan yon lawont piblik e menm lanmò.

Pita, ranpli avèk Sentespri a, Elizabèt te konfime Mari mesaj la ki te soti nan Bondye.

Li te reponn avèk yon kantik pou fè louwanj Bondye pou pouvwa li, sentete, mizèrikòd, ak fidelite li pou li ak pèp li a.

Matye 1 :18-25. Imajine santiman Jozèf lè li te dekouvri ke Mari ta pral akouche yon ti bebe. Li te konnen se pa li menm ki te papa a. Sepandan li te rekonèt Mari. Kòmman yon bagay konsa te fè rive? Jozèf te gen dwa pou l te fè Mari pran wont piblikman oubyen divòse avèk li ansekrè. Men li te gen konpasyon epi deside pou yon dezyèm opsyon. Sepandan, avan li te rive fè sa, gen yon zanj ki te vin asire li ke Mari te ansent anba pouvwa Sentespri a. Menm jan avèk Mari, Jozèf te aksepte mesaj Bondye a ki te: vin papa tèrès Sovè a, “Bondye avèk nou” an.

Jan 1 :1-18. Jezi se Bondye an pèsòn, Bondye ki tounen moun. Se sèlman sa Bondye vle revele nou ke

nou konnen de li. Jezi devwale nou pwofondè kè ak karaktè Bondye.

“Life Application Study Bibli” (Etid biblik aplikasyon pou lavi) revele ke lè Jezi te tounen moun nan li te vin konvèti kòm antrenè pafè nou an, pandan li t’ap montre nou jan Bondye panse epi kòmman nou menm nou dwe panse. Li te vin tounen pi bon egzanp nou an tou, yon modèl de vi pou nou.

Finalman, kòm sakrifis ki bon nèt la pou nou, pandan li te fè eliminasyon peche nou yo posib.

Refleksyon pèsònèl: Pandan semèn sa, panse avèk tout sikonstans ke lòm dwe travèse, bon avèk move. Reflechi pou w wè kòmman Pitit Bondye a te chwazi viv nan kondisyon sa avèk tout pwoblèm ki gen ladan li, sof peche a-pou li delivre nou anba peche yo. Apre sa, di Bondye mèsì paske li se “Bondye avèk nou” Sovè nou.

DEVLOPMAN LESON AN

Kòmman demach preparasyon w yo ap mache?

Depi avan klas la kòmmanse, ekri non chak timoun primè yo nan yon ti moso papye. Apre sa, double yo epi mete yo nan yon valiz kado.

Di nan klas la: “Semèn pase a nou te pran angajman pou nou te santre preparasyon nou yo nan Jezi. Kite m rakonte nou kisa nou pral fè kounye a”.

Remèt youn nan timoun yo valiz kado a. Mande pou l retire yon ti papye epi li non moun li jwenn nan. Moun sa dwe rakonte kòmman preparasyon li yo ap dewoule pou li mete Jezi kòm sa ki pi enpòtan. Siyale efò ke elèv sa te fè, epi pèmèt ke lòt yo ba li konsèy pou ede li. Apre sa, se li menm ki dwe retire pwochen non an. Kontinye konsa jiskaske yo tout jwenn opòtinite pou yo patisipe.

Eklèsi: “Nou tout te fè efò pou nou santre preparasyon nowèl nou yo nan Jezi. Asireman nou jwenn ke se pat yon devwa ki te fasil. Men bon nowèl nowèl la se ke Jezi te viv tankou moun. Li konnen byen sa ke nou kapab fè ak sa nou pa kapab fè.

Kisa ki t’ap rive si Jezi pat vini nan mond lan?

Divize timoun yo fè kat gwoup. Apre sa, dirije atansyon yo nan kesyon ki nan premye paj aktivite liv Elèv yo. Chak gwoup pral fè deba sou youn nan yo. Bay plizyè minit pou deba a. Apre sa, rasanble yo epi se pou chak ekip pale sou repons yo te jwenn yo.

1. Kòmman mond lan t’ap ye si Jezi pat janm vini? (Pa t’ap gen kretyen, pa t’ap gen legliz, nou pa t’ap jwenn padon, pa t’ap gen lakwa ni okenn lòt senbòl kretyen, pa t’ap gen legliz, pa t’ap gen fèt nowèl, Nouvo Testaman pa t’ap egziste).
2. Kòmman kwayans nou nan Bondye t’ap ye? (Nou pa t’ap gen esperans pou nou konprann gwo lanmou

Bondye a pou nou. Kwayans nou yo t’ap sanble avèk pa moun ki t’ap viv nan Ansyen Testaman yo. Li pwobab pou nou pa ta ni kwè nan Bondye kòm “Papa” nou).

3. Kòmman lavi nan peyi nou t’ap ye? (Pèsòn pa t’ap kretyen, nou tout t’ap fè pati lòt relijyon. Lwa peyi yo pa t’ap resevwa enfluyans kretyen yo. Peyi nou an t’ap yon kote ki pi danjere pou moun ta viv).
4. Kòmman lavi timoun nan laj ou yo ta ye? (Aksepte tout repons yo).

Di konsa: “Mwen kwè ke nou dakò de ke lavi nou t’ap totalman diferan si Jezi pat vini sou latè nan premye nowèl sa. Vokabilè ke nou itilize pou dekrive sa Jezi te fè lè l te vin sou latè kòm yon bebe a se “pèsònifikasyon”. Pèsònifikasyon siyifi ke “li te tounen moun”. Pitit Bondye a te toujou egziste epi l’ap toujou egziste. Men, nan yon moman byen espesyal, li te vini sou latè kòm moun. Evènman sa te chanje listwa nan plizyè fason, plis pase sa nou imajine nou. Sa enpòtan anpil pou nou chak. N’ap dekouvri plis osijè de sa nan etid biblik nou an jodi a.

ISTWA BIBLIK

Mirak pèsònifikasyon an

Ou kapab prezante etid biblik jodi a sou plizyè fòm diferan. Apre lekti chak pasaj, pale sou kesyon pase yo.

Opsyon 1: An ti gwoup

Divize klas la fè twa gwoup. Mande pou youn nan yo twa a reprezante dram ki nan Lik 1:26-49 nan liv Elèv la. Si li posib, chèche rad ki menm jan ak model Ansyen Testaman yo, oubyen yo dwe pote li soti lakay yo. Mande pou yon dezyèm gwoup li pa relèv Matye 1:18-25 nan Bib yo a. Finalman, se pou twazyèm gwoup la resite pasaj ki nan Jan 1:1-5, 10-14 nan liv Elèv la yo tout ansanm.

Bay touletwa gwoup yo tan pou yo prepare yo avan ke yo vin prezante li bay rès klas la.

Opsyon 2: Goup la konplèt

Bay yon wòl pou dramatisasyon Lik 1:26-40 ki nan liv Elèv la pou diferan elèv (W’ap bezwen kat volontè ki pou jwe wòl

Rakontè, zanj, Mari ak Elizabèt).

Apre sa, mande yo pou yo li de lòt pasaj yo (Matye 1:18-25 ak Jan 1:1-5, 10-14).

Kesyon pou fè deba:

Itilize kesyon yo san gade ki opsyon ke w chwazi (ti gwoup oubyen yon sèl gwoup).

1. Apre dramatisasyon Lik 1:26-40:
 - Dapre pasaj sa, kòmman nou kapab konnen ke Jezi

se Bondye? (Li te pote non “Pitit Bondye ki anwo nan syèl la”. elizabèt te rele li Jezi: “Seyè mwen”. Mari te di konsa: “Bondye se Sovè mwen”).

- Kòman nou kapab konnen ke Jezi te moun tou? (Li te fèt atravè yon fanm)
2. Apre lekti Matye 1:18-25:
- Ki de non zanj lan te bay Mari pou ti bebe ki te gen pou vini an? (Jezi ak Emanyèl). “Jezi” vle di “Seyè a delivre”, epi Emanyèl: “Bondye avèk nou”.
 - Nan ki fason “Bondye avèk nou” lè Jezi te vini sou latè a? (Pitit Bondye a te viv sou latè tankou moun).
3. Apre lekti Jan 1:1-5, 10-14 la fin fèt:
- Èske gen kèk enfòmasyon sou Jezi nan pasaj sa ke w rive aprann? (Petèt Jezi te la nan kreyasyon mond lan). Fè timoun primè yo sonje ke avan li te vini nan mond lan kòm Jezi, Pitit Bondye a, li te viv avèk Bondye nan syèl la epi patisipe nan tout sa li t’ap fè.
 - Nan ki lòt fason nou kapab di ke “Pawòl la te tounen moun epi viv nan mitan nou”? (Pitit Bondye a te tounen moun epi viv avèk nou).

Mete fen pandan w’ap di: “Tit etid biblik sa jodi a se ‘Mirak pèsònifikasyon an’. Pandan n’ap mete aksan sou sa nou te li ak diskite yo, kisa ki te ‘mirak la’ dèskri Pitit Bondye a te tounen moun epi viv sou latè?” (Aksepte tout repons elèv yo. “Kòm Jezi te tounen moun, li konnen sa ki nati lòm nan epi li konprann sa k’ap pase yo. Men kòm li se Bondye konplètman tou epi li pat janm komèt peche, li kapab pote peche nou yo epi ede nou viv pou Bondye”).

AKTIVITE YO

Èske Jezi te eksperimente li?

Depi avan klas la kòmanse, ekri aksyon sa yo nan plizyè ti fèy, youn nan chak fèy. Double yo epi mete yo nan yon valiz oubyen bwat:

Santi grangou / Jwe avèk lòt timoun / Fatige / sal / Renmen manman ak papa / Ede nan travay lakay la / Kriye / Domaje / Kontan / Dezobeyi paran yo / Koute ak li Torah (Bib jwif la) / Ale lekòl / sibi tantasyon pou fè yon bagay ki mal / Adore Bondye / Byen aji avèk frè ak sè yo / Dekouraje.

Nan klas la, fè chak timoun primè yo retire yon ti papye nan valiz la youn apre lòt epi di se yon bagay ke Jezi te eksperimente kòm moun lè li t’ap viv sou latè.

Apre sa, di yo ke Jezi te eksperimente tout bagay sa yo –li te menm tante pou li komèt peche –men li pat fè anyen ki gen pou wè ak peche (tankou dezobeyi paran l yo oubyen Bondye).

Mete fen avèk aktivite sa pandan w’ap mande timoun yo pou yo di pou ki rezon Jezi se Sovè pafè nou an. (Lavi li montre nou ke nou kapab renmen ak obeyi Bondye epi pote viktwa sou tantasyon an, san nou pa fè sa ki mal. Li konnen Bondye epi li kapab revele nou li. Li priye pou nou nan syèl la). “Jezi se Sovè pafè nou an paske li se Bondye moun epi Bondye nan menm tan”.

Sa ke Bondye te fè

Bay elèv yo tan pou yo konplete aktivite 4 nan liv Elèv la. Nan espas sa yo dwe ekri yon zanmi yo yon lèt pou rakonte li sa Bondye te fè lè li te vini sou latè tankou moun nan epi sa enpòtan pou yo e pou lòt moun tou. Apre sa mande volontè yo pou yo rakonte sa yo te ekri yo.

Memorizasyon

Si timoun primè yo pat fè katèl zetwal yo semèn pase a, pèmèt yo fè li kounye a. Pratike jwèt sa pou yo kapab aprann vèsè inite a. Chwazi youn nan yo ki pou patisipe anpremye.

Pandan rès klas la ap fèmen je yo, l’ap retire de zetwal nan katèl la. Apre sa w’ap mande pou rès klas la ouvè je yo epi pou yo di ki de mo ki manke yo. Apre sa, se pou nou tout repete vèsè a. Answit, timoun sa ap bay yon lòt timoun zetwal sa yo. Mandan rès gwoup la ap fèmen je yo, timoun sa ap plase youn nan zetwal yo nan katèl la epi retire lòt. Apre sa, lòt timoun yo dwe idantifye ki mo ki te ranplase epi ki mo ki te soti. Yon lòt fwa ankò, nou dwe repete vèsè a. Kontinye fè li konsa ata ke tan pèmèt nou oubyen jiskaske yo tout jwenn opòtinite pou retire epi chanje zetwal yo.

Di konsa: “Mo ki rezime sa vèsè sa di sou Jezi a se ‘Pèsònifikasyon’ Ann repete mo sa ansanm”. “Pèsònifikasyon siyifi ke ‘li te tounen moun’, oubyen nan lòt mo: ‘li te transfòme an moun’. Atravè pèsònifikasyon an, Jezi ki se Bondye, li fè tèt li tounen moun. Li te konplètman Bondye, men kounye a tou li te chanje an moun konplètman. Nou menm nou pa kapab konprann mistè sa, men nou kwè li palafwa”.

Pou fini

Di konsa: “Dezyèm semen avètisman fè nou sonje lanmou Bondye. Li renmen nou tèlman ki fè li te voye yon sèl Pitit li a sou latè tankou moun pou “montre ak rakonte nou” osijè de lanmou li. Nowèl se yon moman espesyal pou nou divèti nou nan lanmou Bondye epi jwi li avèk lòt yo. Pandan semèn sa ann panse avèk lanmou Bondye ak sakrifis ke Jezi te fè lè li te vini sou latè tankou moun. Ann pa bliye pale de lanmou sa avèk moun ki nan antouraj nou yo”.

Pran yon tan pou w priye pou timoun yo. Mande Bondye pou l ede yo konprann mistè pèsònifikasyon an, ki te gen sèl objektif bay nou tout gwo lanmou li a.

Ann selebre nesans Sovè a

Baz biblik: Lik 2:1-20

Objektif leson an: Se pou elèv yo rekonèt ke nesans Jezi a te yon evènman enpòtan nan plan Bondye pou sove mond lan anba peche li yo. Se pou yo fè kè yo kontan epi resevwa kado delivrans lan, lè yo konprann reyèlman sa Bondye te fè pou nou an.

Vèsè pou aprann: *Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a (Jan 1:14).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Jeneralman timoun primè yo rejwi avèk kado yo resevwa pou fèt nowèl la, espesyalman si li gen pou wè ak yon bagay yo te mande. Yo kontan pou yo bay ak resevwa kado. Byen souvan yo konn byen kreyatif lè yo dwe resevwa yo.

Yon jèn ti bray te ekri yon powèm ki te ranpli yon paj konplèt sou chak manm nan fanmi li (10 an total), eksplike sa yo chak te siyifi pou lavi li. Apre sa, li te ekri li nan òdinatè a, li te chèche foto ki bon, li te regle yo epi voye yo. Pou destinatè yo se te yon kado ki pat gen pri, epi ki gen pou konsève kòm yon trezò pou toujou.

Nan leson sa, timoun primè yo pral sonje pigwo nan tout kado yo: pa Sali a, ki te posib atravè Jezi, Sovè nou an. Yo pral koute istwa nesans li ak bèl mesaj zanj yo te bay gadò mouton yo. Epi y'ap konprann ke menm mesaj sa gen enpòtans pou yo jodi a: "Jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la, Seyè a" (Lik 2:11).

Sali a se yon kado ki pi enpòtan ke yon timoun ta kapab janm resevwa. Mande Sentespri a pou li gide w pou w kapab konnen kilès nan klas ou a ki prepare pou resevwa kado sa. Sa ki deja kreyen yo petèt vle reyafime desizyon yo epi chèche yon pwofondè nan relasyon yo avèk Kris la. Genyen kèk petèt ki poko pare pou resevwa Sovè a, men yo bezwen tandè plan delivrans Bondye a. Leson sa ap ofri yo opòtinite sa.

KÒMANTÈ BIBLIK

Deklarasyon yon wa mechan, ranmase lajan kontribisyon, ak yon fanm ki akouche nan yon pak bèt se pa mak ke yon moun dwe relye evènman ki bay plis kè kontan nan istwa. Sepandan, evènman sa

yo bannou fanmi kòm reziltan nou menm ki konnen istwa nowèl la.

Petèt zanmitay sa ke li genyen pou nou an pèmèt nou wè gwo iwoni sityasyon an. Wòm t'ap maspinen Izrayèl.

Pèspektè kontribisyon yo t'ap touche plis kòb, anganyan pèp la. Pat genyen yon chanm kote Jozèf avèk Mari te kapab fè ladesant nan vwayaj long epi plen ak doulè sa pou soti Nazarèt pou ale nan lavil Bètleyèm. Men nan mitan doulè ak soufrans lan, Bondye t'ap travay. Jezi, Sovè mond lan te fèt.

Evènman tèlman enpòtan sa te mande yon gwo anons. Se te yon koutim nan gouvènman women an pou ke powèt ak adoratè yo te deklare lapè ak pwosperite avan nesans yon moun ki t'ap vin konvèti an anperè. Lè Jezi te fèt, zanj yo te anonse Bon nouvèl lapè ak lajwa a, se pat pou larive yon anperè, men se te pito pou nesans Sovè a, Kris la ki se Seyè a.

Sepandan, nou kapab siyale iwoni a yon lòt fwa ankò. Kimoun ki te resevwa mesaj la? Ni moun rich, ni branch fanmi moun k'ap viv nan palè yo, ni nan gwo ran politik, men se te pito gadò mouton enb ki te nan savann yo.

Mesye sa yo te twouve yo nan klas moun ki te pi pòv nan sosyete jwif la. Gadò mouton yo te toujou nan difikilte pou yo te asiste seremoni relijye yo paske yo pat kapab kite mouton yo poukont yo. Pèp la te konsidere yo kòm moun ki toujou sal. Yo te moun ki pòv nan sosyete a. Menm konsa, se te yo menm ke Bondye te chwazi pou bay bèl nouvèl sa.

Kisa mesaj zanj yo te ye? Se te pigwo mesaj ke limanite pat janm resevwa avan. Yon mesaj ki bay gwo kè kontan. Epi pou tout pèp la, menm pou gadò mouton yo. Sovè moun yo t'ap tann nan te rive vre!

Yon gwo foul zanj t'ap bay Bondye louwanj epi anonse lapè pou lèzòm.

Vini Kris la siyifi kè poze. Kè poze avèk Bondye pou moun sa yo ki mete konfyans yo epi resevwa Sovè a.

Kè poze sa vini nan lavi nou lè nou kòmanse yon relasyon avèk Seyè a epi viv nan tèt ansanm avèk lòt yo.

Kisa gadò mouton yo te fè? Yo te ale lavil Bètleyèm byen vit pou al chèche ti bebe Jezi. Mo grèk "Kris" egal ak mo ebre a ki se "Mesi".

Apre gadò mouton yo te fin jwenn ti bebe a, yo t'al rakonte moun sa yo te wè ak tandè. Yo te tèlman rakonte tout bagay yo avèk anpil kè kontan, sa te lakoz ke moun ki te tandè mesaj yo a pat kapab refize mesaj la. "Tout moun ki t'ap koute yo te sezi tandè sa yo t'ap rakonte a" (Lik 2:18).

Lè gadò yo te retounen vin jwenn mouton yo, yo

pat janm ka kontinye menm jan. Ni rès mond lan te kapab. Sovè a te vini!

Refleksyon pou ou antrenè: Reflechi sou kisa rive Sovè a te siyifi nan lavi w. Apre sa, imajine w pandan yon moman ke w fè pati gwoup kè adorasyon zanj yo. Ekri pawòl lajwa ak louwanj pou Sovè a.

DEVLOPMAN LESON AN

Revize ankò

Depi avan klas la kòmanse, prepare de fèy pou w mete nan katèl la. Divize yo chak nan mitan nan sans vètikal. Ekri nan bò goch la “Diven” (Bondye) epi nan bò dwat la “limanite”.

Repase siyifikasyon “pèsonifikasyon” avèk timoun primè yo nan klas la (Nan moman ke Jezi, Pitit Bondye a, te tounen moun). Apre sa, divize klas la fè de ekip.

Remèt yo chak youn nan fèy sa yo avèk yon makè. Eksplike ke lè w bay siyal la, chak ekip dwe fè yon lis sou bò goch la avèk pigwo kantite sètitud ki posib pou montre kòman Jezi se Bondye.

Lè w endike yo, elèv yo ap sispann ekri. Pou dezyèm siyal la, yo dwe fè yon lis nan bò dwat la kote y’ap bay pigwo kantite sètitud ki posib pou montre ke Jezi te tounen moun. Lè w tounen endike yo, y’ap sispann ekri.

Apre sa, chak ekip ap li lis li a avèk karakteristik ki konfime divinite Jezi (Papa li se Bondye, Li te toujou avèk Bondye, li te la nan kreyasyon an, li te fèt pa pouvwa Sentepri a, elatriye.).

Obsève kilès nan de ekip yo ki te ekri plis karakteristik.

Apre sa, mande pou yo li lis karakteristik ki konfime limanite Jezi yo. (Li te fèt atravè yon fanm, li te eksperimante emosyon moun, li te santi doulè, grangou, fatig, elatriye.). Yon lòt fwa ankò, gade kilès nan de ekip yo ki te ekri plis karakteristik.

Di konsa: “Jezi te moun epi Bondye tou. Se sèl moun nan nati a ki genyen tou de nati yo.

Sa te fè li pafè pou li transfòme kòm Sovè mond lan. Jodi a nou pral pale pi plis osijè de bèl nouvèl sa: ke Jezi se Sovè mond lan, men li se Sovè nou tou.

Gen plis benediksyon nan bay ke resevwa!

Dirije atansyon timoun primè yo nan premye aktivite liv Elèv la. Bay tan pou yo konplete li. Mande yo pou yo montre rès klas la youn oubyen de nan non yo te ekri yo, ak kado ke yo vle bay moun sa yo.

Di konsa: “Fè kado yo se yon pati ki enpòtan nan selebrasyon fèt nowèl la. Epi menm si anpil fwa ou kapab retire vrè selebrasyon an, nou pa dwe bliye ke fè yon kado te yon pati enpòtan nan premye Nowèl la. Kisa kado sa te ye? (Nesans Jezi, Sovè nou an). Nan

istwa bibliik nou an jodi a nou pral aprann plis sou kado tèlman espesyal sa.

ISTWA BIBLIK

Fè kè nou kontan, Sovè w la fèt!

Dirije timoun yo nan istwa bibliik jodi a ki nan liv Elèv la, sa y’ap kapab resite a.

Divize klas la fè de gwoup. Bay tan ki ase pou ke chak gwoup li byen pati pa yo a avèk “tout” lòt yo. Apre sa, mande pou yo li ankò epi li yo tout ansanm.

Kote ki di “Antrenè” w’ap li, answit, tout klas la ap reponn kote ki di “tout moun”, epi finalman kote ki endike ke se pou chak gwoup yo li, y’ap fè li pa relèv. Ankouraje elèv yo li dousman ak anpil ekspresyon.

Lè yo fin fè li, di de gwoup yo ke yo dwe reponn kesyon entèvyou yo ki nan pwochen fèy Liv aktivite Elèv yo.

Bay premye gwoup la twa premye kesyon yo, epi bay dezyèm nan twa dènye yo. Lè yo tout retounen vin rasanble, pèmèt ke dezyèm gwoup la vire pou vin tounen anketè epi poze premye gwoup la kesyon yo.

Chwazi kèk elèv nan premye gwoup la pou jwe wòl gadò yo epi reponn kesyon yo.

Apre sa, se pou premye gwoup la poze dezyèm gwoup la kesyon yo.

Mete fen ak etid bibliik la pandan w’ap poze kesyon:

- Ki nouvèl zanj yo te bay gadò mouton yo? (Ke Jezi, Sovè a te fèt; ke nouvèl sa se te pou tout pèp la; ke atravè Jezi, Bondye te bay kè poze).
- Dapre sa zanj yo te di, kisa ki te objektif nesans ak lavi Kris la? (Vin Sovè tout moun).
- Dapre opinyon pa w, kisa ki te fè ke nouvèl sa yo te “bon nouvèl”? (Aksepte pou elèv yo reponn: ke Jezi te vini pou sove tout moun; ke nou kapab gen kè poze nan lavi nou si nou aksepte Jezi kòm Sovè nou).

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ede timoun primè yo konekte verite bibliik la avèk lavi yo.

Zanj yo fè fèt

Chwazi yon kantik oubyen yon chan nowèl. Mande pou kèk mizisyen akonpanye w avèk enstriman, oubyen mete yon CD oubyen kasèt ki genyen tèm sa.

Ankouraje ti moun primè yo chante li si yo konnen li.

Apre yo fin chante, distribye fèy ak makè yo. Mande pou yo desine imaj ki demontre sa kantik la di. Yo kapab montre kote zanj yo te ranpli avèk kè kontan lè yo t’ap bay gadyen mouton yo nouvèl la, oubyen kèk lòt sèn ki mansyone nan kantik la. Ankouraje yo montre tout rès

klas la travay yo a epi rakonte sa yo te desine yo. si ou vle yo kapab mete imaj la nan tablo afich la.

Li pa kapab lave pwòp tèt li

Depi avan klas la kòmanse, prepare sa yo: yon vètman (rad) sal ak lòt pwòp, epi ou dwe sèten ke tach ou mete nan rad la pap soti ak dlo sèlman, men tou avèk pwodwi ke w'ap pote pou lave.

Nan klas la, montre elèv yo rad ki tache a.

Poze kesyon: “èske rad sa kapab lave pwòp tèt li? Ann imajine nou ke rad sa ta kapab panse ak pale. Kisa ki ta pase si li ta di pwòp tèt li: ‘mwen vle lave pwòp tèt mwen, mwen pral fè tout gwo efò mwen kapab pou m rete pwòp?’ èske li ta kapab fè li?” Rete tann yo reponn ou. “Kisa ki ta pase si m ta mete rad sa ansanm ak sa ki pwòp la?” Pèmèt yo obsève lè w mete li ak rad ki pwòp la. “èske rad pwòp la ta kapab fè rad ki sal la vin pwòp?”. Kite yo reponn. “Epi kisa ki ta rive si m ta mete li nan yon kivèt dlo pwòp? Kisa ki ta rive?” Kite yo obsève kòman rad la mouye nan dlo a pandan yon moman, epi mande pou yo reponn. Apre sa mete kèk pwodwi netwayaj sou rad la (fab oubyen likid) epi kòmanse fwote li. Montre klas la pwosesis ke tach la te dwe pase epi finalman li te vin pwòp.

Di yo konsa: “Rad sa reprezante lavi tounèf, ak tach peche ki te genyen ladan l. Nou menm nou pap kapab retire peche nou yo poukont nou pou nou panse ak bagay ki bon oubyen pou nou eseye vin pi bon.

Nou pa kapab retire peche nou yo senpleman paske nou fè zanmi ak moun ki bon (tankou lè m te mete rad pwòp la avèk sa ki sal la). Savon mwen te itilize a reprezante Kris la. Objektif Kris la se vini sou latè pou sove nou anba peche epi prezante nou devan Bondye san tach ni peche. Pa gen lòt fason nou kapab itilize pou nou resevwa padon pou peche nou yo epi restore relasyon nou avèk Bondye, se sèlman atravè Jezi.

Atravè nesans li a, lavi, lanmò ak rezireksyon, li te fè libète nou posib kont tout peche, menm jan savon an te fè li avèk rad sal la (montre li).

Memorizasyon

Jodi a nou pral travay avèk kèk pati nan vèsè pou aprann nan (Jan 1 :14). Se pou timoun primè yo kanpe, fòme yon semi sèk. Voye yon boul sou youn nan yo epi di premye pati nan vèsè a.

Elèv sa dwe repete li epi voye boul la tounen ba ou. Konsa, kontinye voye boul la sou tout rès elèv yo. Pa egzanp di youn nan yo: “Di pati ke mwen te di w la epi ajoute kèk pawòl anplis”, pou lòt moun: “Di nimewo vèsè a sèlman”, pou lòt: “Sèlman di pawòl enpòtan yo ki nan vèsè a”.

Kontinye konsa jiskaske yo tout rive di vèsè a

konplèt.

Eksplike: “Vèsè sa di ke lè Jezi te vini an nou te wè glwa li kòm premye...”

Kimoun ki premye a? (Jezi, se li menm ki se sèl Pitit Bondye a). Jezi te premye Pitit Papa a, epi li te konvèti kòm Sovè nou.

Pou fini

Delivrans: Pi bon kado nowèl la

Depi avan klas la kòmanse, prepare fason ke w pral fè envitasyon oubyen apèl pou timoun primè yo remèt Kris lavi yo.

Anchaje twa vèsè aktivite 4 nan liv Elèv la bay twa volontè. Depi avan klas la, mande pou kèk timoun ki te deja remèt Kris lavi yo prepare temwayaj yo pou rakonte rès klas la. Ou dwe prepare yon kote pou w priye avèk timoun ki reponn ak envitasyon an. Si li posib, palnifye avèk yon lòt moun ki pou rete avèk rès timoun yo pou w ka priye avèk lòt yo.

Nan klas la, dirije atansyon elèv yo nan dènye aktivite leson 50 nan liv Elèv la. Di konsa: “Jodi a nou pale osijè de bon nouvèl ke zanj yo te bay gadò mouton yo. Kisa bon nouvèl la te ye? (Ke Jezi, Sovè a yo te pwomèt la, te fèt). Zanj yo te ensiste ke bon nouvèl sa se te ‘pou tout moun’. Kisa tout moun nan gen ladan l? (Vye granmoun, jèn moun ak timoun ki soti nan tout ras, peyi ak lang). Tout moun sou latè kapab fè lapè avèk Bondye ak yon bon relasyon avèk li si yo aksepte Jezi kòm Sovè yo. Petèt genyen kèk nan nou ki te deja pran desizyon sa. Epi petèt gen lòt ki poko. Ann wè kòman nou chak kapab resevwa pi bon kado nowèl pandan toutan an”.

Li metòd ABC Sali a ki nan dènye aktivite liv Elèv la. Mande sa ki te chwazi pou li pasaj nan Bib ki kòresponn pou chak fraz. Apre lekti chak etap fini, mande yo si yo tout te konprann oubyen si yo gen dout oswa kesyon.

Answit, mande volontè ke w te prepare yo rakonte sa Jezi te fè nan lavi yo.

Di konsa: “Si gen kèk pami nou ki poko janm mande Jezi pou li vin Sovè nou, sa se yon bon opòtinite pou nou fè sa”. Mansyone ke w kontan pou w priye pou yo.

Priye avèk sa ki reponn ak apèl yo.

Mande pou rès manm klas yo priye ansilans nan moman sa. Oubyen di asitan w lan pou li rete ansanm avèk rès elèv yo pou reyalize lòt aktivite (tankou fèt kat nowèl). Si pa gen pèsòn ki fè priye konfesyon, mande pou yon volontè priye pou di Bondye mèsè dèskè li te voye Jezi kòm Sovè nou.

Nou kapab mete fen pandan n ap chante kantik yo te chante nan kòmansman ankò.

Ann selebre fidelite Bondye

Baz biblik: Lik 2: 21-40

Objektif lesan an: Se pou timoun primè yo toujou gen sètitud ke Bondye toujou akonpli pwomès li yo. Se pou yo konfye yo nan pwomès delivrans Bondye a, epi demontre li nan lavi yo chak jou.

Vèsè pou aprann: *Pawòl la tounen moun. Li te viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwa li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a (Jan 1:14).*

PREPARE W' POU W' ANSEYE!

Timoun primè yo ap viv nan yon mond ki plen ak chanjman vitès ki byen rapid. Anpil fwa, paran yo, malgre avèk bon entansyon, yo tonbe nan pyèj vitès la epi li vin difisil pou yo sonje pwomès ke yo te fè pitit yo. Gen kèk timoun ki fache kont paran oubyen zanmi yo lè moun sa yo echwe nan akonplisman pwomès yo.

Leson ankourajman verite sa se ke genyen yon moun ki te toujou epi rete fidèl. Depi nan moman trankil Ansyen Testaman yo pou rive nan moman boulvès Nouvo Testaman yo, e menm nan vitès enkwayab ke n'ap viv kounye a, Bondye toujou rete fidèl. Li pa janm bliye sa li di l'ap fè; li toujou akonpli pwomès li yo.

Lè nou etidye fidelite Bondye avèk Ana ak Simeyon, timoun yo ap santi ankourajman. Bondye te fè nou anpil pwomès: Sali a, viktwè sou tantasyon ak peche, ak yon plas nan syèl la pou toutan. Lis pwomès ke Bondye te akonpli atravè listwa rete san repwòch. Timoun yo jodi a kapab konfye yo ke Bondye ap fidèl avèk yo tou.

Kòm antrenè timoun primè yo, ou se yon moun ki enpòtan nan konstriksyon lafwa elèv yo. Kretyen fidèl yo se yon ekspresyon vizib osijè de fidelite Bondye. Mande li pou l ede w vin yon antrenè fidèl k'ap ede konstwi yon lafwa nan li ki solid nan elèv ou yo.

KÒMANTÈ BIBLIK

Fidelite a se pa yon kalite ki fasil pou moun jwenn nan tan n'ap viv la. Malerezman, menm moun sa yo ki toujou ap fè pwomès byen fasil yo se yo menm ankò k'ap vyole yo tou. Byen souvan,

timoun soti viktim de enfidelite sa yo. Gen yon manman ki te rakonte yon lè kijan ansyen mari l la ki te divòse avèk li a te toujou ap di timoun li yo ke l'ap vin chèche yo pou al jwe ansanm avèk li.

Sepandan detanzantan, li pat kenbe pawòl li, san okenn apèl nan telefòn ni eksplikasyon anyen!

Okontrè, tèks jodi a se yon istwa sou fidelite, ki gen pou wè ak Bondye epi lòm. Jan nou te wè nan lesan avan yo, Bondye toujou akonpli pwomès li yo. Nan lesan sa, nou pral wè ankò kijan Bondye te fidèl, ni avèk Jozèf ak Mari tankou Simeyon avèk Ana.

Jezi te fèt nan fanmi jwif. Jozèf ak Mari te konn viv dakò avèk lalwa Moyiz la avèk koutim relijye pèp Bondye a. Lalwa te rekòmande sikonsizyon ti gason yo sou wityèm jou ak sanntifikasyon manman an sou 40 jou apre pitit li a fin fèt. Jozèf avèk Mari te obeyi tou de koutim yo avèk fidelite.

Seremoni sikonsizyon an te senbolize separasyon ant jwif yo ak moun lòt nasyon yo, epi sa te make relasyon espesyal ke yo te genyen avèk Bondye.

Kòm yon pati nan evènman sa, Jozèf avèk Mari te bay timoun nan non Jezi, jan Bondye te endike yo a atravè zanj mesaj li yo.

Apre nesans yon ti gason, dapre lwa seremonyèl la, pandan 40 jou, yo te konsidere manman enpi epi li pat kapab antre nan tanp lan. Sou 40 jou paran yo te konn ale nan tanp lan pou prezante bay sakrifkatè a yon sakrifis ak yon ofrann pou peche. Moun ki te posede anpil bagay yo te pote yon mouton pou sakrifis, ak yon toutwèl oubyen pijon kòm ofrann pou peche a. Epi moun pòv yo, tankou Jozèf ak Mari, yo pat kapab pote de toutwèl oubyen de pijon. Yon fwa ankò nou wè fidelite yo nan fè sa lalwa te mande, san gade sa sakrifis la te kapab siyifi.

Jou sa, Bondye te konfime yo nesans Sovè a –kòm akonplisman pwomès li pou de moun espesyal: Simeyon avèk Ana.

Menm nan tan depravasyon moral ak espiyèl, Bondye genyen sèvitè ki rete fidèl. Simeyon te youn nan sèvitè sa yo. Sentespri a te déjà revele li ke li ta wè Sovè ki te pwomèt la avan li mouri. Jou sa, anba direksyon Sentespri a, Simeyon t'al nan tanp lan. Lè Jozèf avèk Mari te rive avèk ti bebe a, li te nan sanntye a.

Menm kote ke Simeyon te kenbe timoun nan sou ponyèt li a, pwovizyon pwofetik li te pèmèt li te wè nan li Moun sa ki ta pote delivrans nou an. Pwofesi li sou Jezi te gen verite sa yo ladan li:

- Ke Jezi se te Sovè mond lan, epi se pat sèlman pou jwif yo, tankou Lik, ekriyen moun lòt nasyon yo remake li avèk anpil atansyon.
- Si Jezi te pote delivrans lan pou tout mond lan, repons lòm nan te detèmine ki moun ki ta gen eksperyans Sali a.

Menm jan Simeyon, avèk Ana, ki te gen non yo ki siyifi “ranpli avèk gras”, se te yon bon fanm, li te gen anpil respè kòm pwofèt. Li menm tou li te wè nan Jezi, Sovè ki te pwomèt la. Akoz de laj ak repitasyon li, asireman rapò l la te gen plis kredibilite.

Reflech sou fidelite Bondye avèk ou pou yon moman. Nan ki fason li afekte lavi w? Nan ki fason ou te oubyen toujou rete fidèl ak Bondye? E pou klas timoun primè yo?

DEVLOPMAN LESON AN

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ede timoun primè yo santre atansyon yo epi prepare yo pou w aprann verite bibliik jodi a.

Senbòl zam yo

Avan klas la kòmanse, desine yon senbòl zam. Fè yon kopi byen laj pou chak elèv.

Di nan klas la: “Nan tan lontan, byen souvan fanmi yo te konn kreye yon imaj, nan estil yon anblèm oubyen drapo, avèk fòm senbòl ki montre kijan fanmi sa te ye oubyen sa ki te reprezante li. Jodi a n’ap kapab sèvi kòm yon senbòl zam pou Jezi”.

Se pou elèv yo chwazi kèk lide pou desen ki ta kapab nan senbòl zam Jezi a. (Senbòl tankou krèch, kwa a, yon kè ki reprezante lanmou, pawòl tankou “pwomès”, “Sovè”, oubyen “Emanyèl”, yon imaj Jezi, elatriye.).

Bay tan pou ke yo chak kapab desine li. Lè yo fini, mande yo pou yo montre ak eksplike rès klas la siyifikasyon ke li genyen. Finalman, koke oubyen kole diferan senbòl yo nan salòn klas yo.

Di konsa: “Pandan mwa sa nou t’ap pale osijè de ke Jezi se Bondye epi moun anmenm tan. Kòm li se Bondye, li menm jan ak Bondye nan tout bagay. Jodi a nou pral aprann osijè de yon youn nan kalite espesyal Bondye yo: fidelite li. Nou pral wè kisa sa siyifi, epi pou ki rezon fidelite Bondye a enpòtan pou nou.

Kisa nowèl la genyen ladan l ki espesyal?

Dirije atansyon elèv yo nan premye aktivite liv Elèv la (leson 51). Divize klas la fè twa gwoup epi bay yo chak youn yon kesyon osijè de nowèl. Timoun primè yo dwe debat kesyon an epi reponn li.

Aprè sa, mande pou yo kòmante repons yo a bay tout rès gwoup la.

Repons premye kesyon an: Jezi se rezon nowèl la. Si li pat fèt pou vin Sovè nou, jou sa ki tèlman espesyal pa t’ap egziste.

Repons dezyèm kesyon an: Yon lòt fwa ankò, siyifikasyon Nowèl la soti nan nesans Jezi, Sovè a.

Repons twazyèm kesyon an: Si byen ke Jezi te vin tounen moun, li te Bondye tou. Nan dat nowèl, nou selebre pèsònifikasyon, nan moman kote Bondye te tounen moun epi nan fason sa li te vin viv nan mitan nou epi li te Sovè nou. Se sa ki fè nowèl la diferan epi pi enpòtan.

Fè yo sonje: “Nan twa semèn sa yo nou te sonje kòman Bondye te pwomèt, prepare epi fè pèsònifikasyon an posib, sa vle di, nesans Sovè a. Nou te wè kòman Bondye te akonpli pwomès li yo. Jodi a nou pral aprann osijè de lòt pwomès ke li te akonpli”.

ISTWA BIBLIK

Fidelite enpresyonan Bondye a

Rakonte istwa bibliik la, pandan w ap itilize sa ki nan liv Elèv la. Kote yo rakonte pa simeyon an, montre yo imaj kote li kenbe ti bebe a sou ponyèt li.

Aprè istwa, di yo konsa: “Tit istwa bibliik jodi a se ‘Fidelite enpresyonan Bondye a’. Kisa fidelite siyifi?” Pèmèt timoun yo reponn. Mande timoun primè yo pou yo ba w kèk egzanz fidelite. (Sa yo ki obsève epi akonpli pwomès li yo. Bondye toujou fidèl epi vle pou pitit li yo fidèl. Moun ki prezante yo nan yon travay epi yo fè l byen, yo se moun ki fidèl. Sa yo ki antre nan yon legliz epi viv jan Bondye anseye yo a, yo se moun ki fidèl. Moun sa yo ki akonpli pwomès yo se moun ki fidèl).

Reflech sou kesyon sa yo:

- Kimoun ki te fidèl nan istwa sa? (Yo tout. Jozèf ak Mari te fidèl ak devwa relijye jwif yo. Simeyon ak Ana te sèvi Bondye avèk fidelite. Bondye te akonpli pwomès li a avèk fidelite lè li te voye yon Sovè epi pèmèt ke Simeyon te wè li avan l te mouri).
- Èske li enpòtan pou nou ke Bondye fidèl epi akonpli pwomès li yo? (wi, se vrèman enpòtan, paske nou pa t’ap kapab mete konfyans nou nan li si l vyole yo).
- Avèk pwòp pawòl pa w, rezime sa istwa bibliik sa anseye w. (Aksepte tout repons elèv yo. Ke Bondye fidèl, epi nou kapab mete konfyans nou nan li). Eklèsi nenpòt dout ke timoun yo genyen.

Si tan pèmèt li, endike elèv yo pou yo konplete vèsè ki pa konplèt ki nan liv Elèv la, anba istwa. Jan 1:14.

AKTIVITE YO

Chwazi kèk nan aktivite sa yo pou w ede timoun primè yo konekte verite biblik la avèk lavi yo.

Vokabilè enpòtan: Fidelite

Ekri vokabilè a epi kole li nan katèl la.

Sa vle di ke Bondye fidèl, paske li pa chanje, li pa janm sispann renmen ak ede nou, li te toujou e l'ap toujou, li ofri nou padon, kè poze, prezans li, fòs ak esperans. Li fidèl avèk nou chak.

“Gran nan fidelite li”

Depi avan klas la kòmanse, mande pou kèk manm gwoup kè adorasyon nan legliz ou a vin chante kèk kantik ki pale sou fidelite Bondye. Si l posib, mande pou yon mizisyen akonpanye yo avèk gita, pyano oubyen lòt enstriman.

Prezante vizitè w la nan klas la epi di konsa: “Jodi a (di non vizitè a) vin chante yon kantik pou klas nou an ki pale de fidelite Bondye”.

Aprè prezantasyon an, eksplike yo sa lèt chan di. Si yo bezwen li, eklèsi vokabilè yo pa konprann yo. Pèmèt timoun yo chante kantik la tou, ansanm avèk vizitè a.

Memorizasyon

Mande timoun primè yo pou yo mete zetwal yo avèk vèsè pou mwa a (Jan 1:14) “nan syèl la” (katèl/tablo afich) pou revize li ansanm. Retire zetwal yo ansanm ak mo vèsè a yo epi melanje yo byen. Aprè sa, rele kèk nan yo pou vin ranje yo nan fason pou vèsè a vin nan lòd kòrèk. Lè l fini, nou tout dwe repete vèsè a ansanm. Reyalize aktivite a ankò kote w'ap pèmèt ke chak elèv patisipe. Obsève kilès ki mete zetwal la pi rapid. Se moun sa ki genyen.

Siyale fraz la: “ranpli ak gras avèk verite a”.

Mande yo kisa yo panse fraz sa di osijè de Jezi. Di konsa: “Nan lang orijinal Bib la, mo sa yo siyifi ‘lanmou ak fidelite san limit’. Jezi ranpli ak lanmou e fidelite ki san mezi, paske li se Bondye”.

Pou fini

Di mès pou fidelite Bondye

Dirije elèv ou yo nan dènye aktivite liv Elèv la. Chwazi twa volontè ki pou li fraz ki nan tèt fèy la. Aprè sa, di yo konsa : “Li enpòtan pou nou konnen ke Bondye te akonpli pwomès ke li te fè Simeyon an. Men ki pwomès nou kapab espere pou Bondye akonpli pou nou jodi a?”

Òganize yon konpetisyon biblik pandan w'ap itilize tèks biblik ki parèt la yo.

Prepare! Timoun primè yo dwe kenbe Bib la tou fèmen nan men yo.

Pare! Di tèks yo dwe chèche a. Aprè sa, di: ya! Timoun primè yo dwe chèche tèks la.

Premye moun ki jwenn li an dwe li l.

- Jan 3:16
- Jan 6:37
- 1 Jan 1:9
- 1 Korentyen 10:13
- Ebre 2:18
- Jid 24

Pale sou pwomès ki fèt nan chak vèsè.

Aprè sa, di pasaj sa, epi li dwe kontinye konsa avèk tout moun.

Poze kesyon: “Kilès nan pwomès sa yo ki pi enpòtan pou ou?” Ankouraje timoun primè yo di sa yo panse. Rakonte yo kèk pwomès biblik ki enpòtan epi ki te akonpli nan kèk pati nan lavi w pandan w'ap mache avèk Seyè a.

Poze kesyon: “Ki valè pwomès sa yo t'ap genyen si nou pat konnen si Bondye fidèl? (Yon tikras oubyen okenn). Ann konfye nou ke Bondye ap toujou akonpli pwomès li yo”.

Bay tan pou yo ekri lèt remèsiman yo a. Aprè sa, ankouraje yo li l.

Mete fen pandan n ap priye ansanm youn pou lòt, mande Bondye pou yo kapab aprann mete konfyans yo nan li ki toujou akonpli pwomès li yo, epi kwè ke malgre lèzòm ka twonpe nou, Bondye pap janm twonpe nou.

Nòt mwen yo:



pawòl ki bay LAVIA

Konpliman dèske w chwazi Pawòl ki bay lavi a pou timoun primè w yo!

W ap jwenn plizyè bèl kòmantè nan koleksyon liv sa yo ki pral rann ansèyman ke w ap bay elèv ou yo pi fasil. Anplis de sa, ou pral jwenn anpil leson pratik tou, leson ki ilistre avèk kreyativite ak èd pedagojik dapre laj timoun ou yo.

Liv sa a se yon bon èd pou klas lekòl dominikal yo, moman kè kontan yo, klèb timoun yo, klas edikasyon kretyèn chak semèn yo, ak nenpòt ki kalite modalite ke ou vle adapte.

Ekip MEDFDI priye pou w kapab santi w enspire lè w ap anseye Istwa bibliik yo ki ankouraje nou mennen yon lavi kretyèn an viktwa.